# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

СЕНТЯБРЬ • 2025 • ОКТЯБРЬ

5



5
ІУАЩХЬЭМАХУЭ
2025

# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокІ**

**сентябрь 5 октябрь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ
ІуэхущІапІэм къыдегъэкІ

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакІуу Хъанджэрий, БищІо Борис,
Гъут Іэдэм, Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь),
Тэтрокъуэ Астемыр, Тхьэгъэзит Юрэ,
ТІымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ

НАЛШЫК
2025

# Псалъащхьэхэр

## ЖьантIэ


*ЩIэныгъэлI БакIуу Хъанджэрий илъэс 85-рэ ирокъу*

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** ЩIыхь зыпылъ гъуэгуанэ................................ 3
**ТIымыжь Хьэмыщэ.** ФIыщIэ зыхуэфащэ................................ 10
**БищIо Борис.** Ди нэхъыжьыфI................................ 13
**Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ.** Щыпкъагъэм и щапхъэ................................ 15

*ЩIэныгъэлI, жылагъуэ лэжьакIуэ Къущхьэ Амырхъан илъэс 80 ирокъу*

**Мыз Ахьмэд.** Шэ хьэлэл ефа цIыху................................ 17
**Мыкъуэжь Анатолэ.** ЦIыхугъэр ныпу къыщхьэщыту................................ 24
**ФиIэпщэ Залымджэрий.** Зэи дигъэгъуащэркъым................................ 27
**Абазэ Владимир.** Удэлэжьэну тынш................................ 27

*Еджагъэшхуэ Хьэмыз Руслан илъэс 70 ирокъу*

**Истэпан Залинэ.** Хьэмыз Руслан: «Дэнэ сыщымыIэми, Къармэхьэблэ сызэрыщыщыр жызоIэ»................................ 29
**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Хьэмыз Руслан и зэфIэкIхэр: «Евгений Онегин»-р зэрызэридзэкIам теухуауэ................................ 42

*ЩIэныгъэлI ТIымыжь Хьэмыщэ илъэс 70 ирокъу*

**БищIо Борис.** ГуащIафIэ................................ 51
**Къардэн Мусэдин.** Куэд зыхузэфIэкIа................................ 62
**Бозий Наимэ.** Еш зымыщIэ................................ 63
**Езауэ Мадинэ.** Адыгагъэр зи гъуазэ................................ 64
**ТIымыжь Хьэмыщэ.** Зи нэхэм уафэхъуэпскI къыщIих сультIан. *Повесть*................................ 68


## Прозэ


**МэшбащIэ Исхьэкъ.** Уафэнэ. *Роман*................................ 99


## Усыгъэ


**Мыкъуэжь Анатолэ.** *Усэхэр*................................ 129


## Публицистикэ


**Дэбагъуэ Хьэтызэ.** Япэ литературэ альманах................................ 146


## Сабийхэм папщIэ


**Сихьэ Светланэ.** *Таурыхъхэр*................................ 154

**Хьэкъун Барэсбий.** Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр................................ 165
**Мыкъуэжь Людмилэ.** Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз................................ 166

*ЩӀэныгъэлI БакIуу Хъанджэрий илъэс 85-рэ ирокъу*





## ЩIЫХЬ ЗЫПЫЛЪ ГЪУЭГУАНЭ

Егъэджэныгъэ, щIэныгъэ, узэщIыныгъэ Iуэху и лъэныкъуэкIэ адыгэ лъэпкъым зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ здынэса лъагапIэхэмрэ я гугъу щыпщIкIэ ар зи фIыгъэу зи цIэ къиIуапхъэхэр мащIэкъым. Абыхэм ящыщщ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, адыгэ щыпсэу хэгъэгу нэхъыщхьищым – Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгэ Республикэм – щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Урысейм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къандур Иззэт и цIэкIэ ягъэувауэ щыта дунейпсо саугъэтым и лауреат, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и академик, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым къэбэрдей-шэрджэс литературэмкIэ и секторым и щIэныгъэ лэжьакIуэ пажэ БакIуу Хъанджэрий Ильяс и къуэр.

БакIуу Хъанджэрий Къэрэшей-Шэрджэс республикэм и Хьэбэз щIыналъэм хыхьэ Жьакуэ къуажэм 1940 гъэм сентябрым и 17-м къыщалъхуащ. И сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыдэри, гугъу ехьу къэтэджащ. Дызэрыщыгъуазэщи, гугъуехьхэм япсыхьа цIыхум гъащIэм ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэригъэхьэ хабзэщ. Абы и щыхьэт наIуэщ зауэ зэманым, зауэ нэужь лъэхъэнэ гуащIэм къыхэхъукIахэу МэшбащIэ Исхьэкъ, Къуиикъуэ Налбий, ШащIэ Къазбэч, Щхьэлахъуэ Iэбу, Бырсыр Батырбий, Хъунэгу Рашид, Джарым Аслъэн,

ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий, Тхьэгъэзит Зубер, Гъубжокъуэ Лиуан, IутIыж Борис, Бещтокъуэ Хьэбас, Нало Заур, ХьэкIуащэ Андрей, Гъут Iэдэм, Къумахуэ Мухьэдин, Бэчыжь Лейла, Хъупсырокъуэ Хъызыр, Темыр Умар сымэ, нэгъуэщI куэдми я гъащIэ гъуэгуанэр.

Зи гугъу тщIы щIэблэм ящыщщ 1942 гъэм и кIэуххэм Сталинград и деж зи адэр зауэм щыхэкIуэда БакIуу Хъанджэрий. Анэ закъуэм къыхуэна бынищым Хъанджэрий я нэхъыщIэт. Жьакуэ къуажэм дэт еджапIэм гъэ еджэгъуихыр къыщиуха нэужь, ар зауэм хэкIуэдахэм я бынхэм папщIэ Черкесск къалэм къыщызэIуаха курыт еджапIэ-интернатым щIагъэтIысхьащ. А еджапIэм къэралым и егъэджакIуэ нэхъыфI дыдэхэр кърагъэблэгъауэ щылажьэхэрти, абыхэм я фIыщIэкIэ еджакIуэ цIыкIухэм щIэныгъэ куу зрагъэгъуэту, иужькIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щеджэну икIи IэщIагъэ хъарзынэхэр яIэу къаухыну Iэмал ягъуэтауэ щытащ. Хъанджэрии еджапIэ-интернатым щигъуэта щIэныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэтIысхьэнымкIэ, апхуэдэуи А.М. Горькэм и цIэр зэрихьэу Москва дэт Дунейпсо литературэмкIэ институтым (ИМЛИ-м) и аспирантурэр къиухыу, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидату хэкум къигъэзэжынымкIэ сэбэп къыхуэхъуащ. ИужькIэ БакIуум и доктор диссертацэри ехъулIэныгъэ иIэу пхигъэкIащ.

БакIуу Хъанджэрий и лэжьыгъэ гъуэгуанэр Iыхьэ нэхъыщхьищу гуэшащ. 1959-1961 гъэхэм ар ухуакIуэ бригадэм хэтащ, 1973-2004 гъэхэм Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым щылэжьащ, 2004 гъэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къэбэрдей-шэрджэс литературэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэщ.



Хъанджэрий зэрыцIыкIу лъандэрэ бзэм хуищIа лъагъуныгъэм и къежьапIэр и анэрщ, «анэдэлъхубзэ» – «анэм къыдилъхуа бзэ» – псалъэм и мыхьэнэри абы и деж щынэрылъагъущ. Ар анэм и бзэ шэрыуэм, абы зыщIигъэдэIуу щыта уэрэд дахэхэм, усэхэм, таурыхъхэм, псалъэжьхэм, жыIэгъуэхэм къыщIэтэджащ. Ауэ щIэныгъэлIыр бзэмрэ литературэмрэ зэрыдихьэхыр псом хуэмыдэу нэхъ IупщI щыхъуар еджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьэу студент зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм жыджэру хэлэжьыхьу щIидза нэужьщ. А лъэхъэнэм «Хьэнфэн Алим и лирикэр» фIэщыгъэм щIэту абы итха диплом лэжьыгъэр еджакIуэхэр зэреджэн тхылъ щхьэхуэу къыдигъэкIыжыну чэнджэщ кърatауэ щытащ.

КъБКъУ-р къиуха нэужь, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэмрэ урыс литературэмкIэ кафедрэмрэ къызэдащта унафэмкIэ БакIуур Москва аспирантурэм ягъэкIуауэ щытащ икIи ар ехъулIэныгъэ иIэу къиухри къигъэзэжащ.

Хъанджэрий егъэджэныгъэми щIэныгъэми хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ, абы ехъулIэныгъэ нэхъыбэ щызыIэригъэхьа унэтIыныгъэри нобэкIэ зэхэгъэкIыгъуейщ. Ар егъэджакIуэ-гъэсакIуэ IэнатIэм илъэс щэщIым щIигъукIэ пэрытащ – Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым филологиемкIэ и къудамэм и егъэджакIуэ нэхъы-

жьу, доценту, профессору, а еджапIэ нэхъыщхьэм япэу къыщызэIуаха ФилологиемкIэ институтым и унафэщIу лэжьащ.

БакIуу Хъанджэрий и цIэр щIэныгъэлI цIэрыIуэу жыжьэ Iуами, щIэныгъэ тхыгъэ куэд, тхылъ щхьэхуэхэр дунейм къытригъэхьами, абы зы дакъикъи игу ихуркъым щылэжьа кафедрэхэр, урыс литературэмкIэ, хамэ лъэпкъ литературэхэмкIэ, литературэм и теориемкIэ къызэджа лекцэхэр, иригъэджа ныбжьыщIэхэр. Абыхэм ящыщ куэд филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, доктор, профессор, кафедрэхэм я унафэщI, проректор, адыгэ щыпсэу республикэхэм къыщыдэкI газетхэм я редактор нэхъыщхьэ хъуахэщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, КъШКъУ-м щIэныгъэмкIэ и проректор, профессор ПIаз С., кафедрэ зэхуэмыдэхэм я унафэщIхэу Иуан З., Батчаев А., усакIуэ, КъШР-м къыщыдэкI «Карачай» газетым и редактор нэхъыщхьэ Какушев Х., «Ногай Давысы» газетым и редактор нэхъыщхьэ Атуовэ А., нэгъуэщIхэри.

БакIуум и ехъулIэныгъэхэм ящыщщ КъШКъУ-м и ректор Койчуев А., абы и проректор ПIаз С. сымэ и гъусэу «Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэ» IэщIагъэмкIэ диссертацэхэр щыпхагъэкI совет къызэрагъэпэщауэ зэрыщытари. А лъэхъэнэм ар литературэдж Iэзэхэр гъэхьэзыра хъунымкIэ куэду сэбэп хъуащ. Советым и лэжьыгъэр ефIэкIуэн папщIэ абы къыхашат нэгъуэщI республикэхэм щыщ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэри – ШащIэ Къ. (Адыгей), ХьэкIуащэ А., Толгуров З. (КъБР), нэгъуэщIхэри.

ЩIэныгъэ гъуэгуанэ теува нэужь, БакIуу Хъанджэрий и IэдакъэщIэкI тхыгъэхэмрэ тхылъхэмрэ лъэпкъ литературэ щIэныгъэм зэIубз мыхъуауэ хэлъ Iуэхугъуэ куэд щызэпкърихащ, абыхэм езым и еплъыкIэкIэ жэуап зырызи къахуигъуэтын лъэкIащ.

БакIуум цIэрыIуагъ нэхъ ин дыдэ къыхуэзыхьар адыгэ литературэ щIэныгъэм щыщIэщыгъуэ Iуэхугъуэм – лъэпкъ зэхэщIыкIыр, дуней лъагъукIэр адыгэ усыгъэм къызэрыхэщым – елэжьу ар тхылъу къызэрыдигъэкIыжарщ, доктор диссертацэуи зэрыпхигъэкIарщ. 1994 гъэм щIэныгъэлIым Мейкъуапэ къыщыдигъэкIа «Национальное своеобразие и творческая индивидуальность в адыгской поэзии» тхылъым Къандур Иззэт и цIэкIэ щыIа дунейпсо саугъэтыр къыхуагъэфэщауэ щытащ.

2004 гъэм къыщыщIэдзауэ БакIуум и щIэныгъэ лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым нэхъ куу щыхъуащ икIи зыщиубгъуащ. Абы зэрыщылажьэ пIалъэм къриубыдэу щIэныгъэлIым нэхъ гупсэхуу иджахэм, убгъуауэ зэпкърихахэм ящыщщ усакIуэ, тхакIуэ, драматург, сурэтыщI IутIыж Борис и творчествэр. IутIыжым бгъэдэлъа зэчийм и инагъым щыгъуазэ пэтми, абы и гъащIэмрэ и творчествэмрэ теухуа къэхутэныгъэр щызэхиублэм, а лэжьыгъэм къарурэ зэману текIуэдэнур Хъанджэрий и гугъам къыщынэжыртэкъым. Апхуэдэу щытми, тхакIуэм и зэфIэкIхэм я лъэныкъуэ псори къыщызэщIэубыда «IутIыж Борис: усакIуэ, тхакIуэ, драматург» тхылъышхуэр 2010 гъэм урысыбзэкIэ дунейм къытригъэ-

хьащ. Абы къыкIэлъыкIуащ ауан, гушыIэ жанрхэм адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) усыгъэм, прозэм, драматургием щагъуэта зыужьыныгъэр къыщыхута «Адыгэ литературэ. ГушыIэмрэ ауанымрэ» (2013) тхылъыр.

БакIуу Хъанджэрий и къэхутэныгъэхэм я къыщхьэщыкIыныгъэщ абы художественнэ тхыгъэхэр кууэ зэриджыр, абыхэм я купщIэмрэ я фащэмрэ зэпэлъытауэ зэрызэпкърихыр, тхакIуэм и бзэ гъэшэрыуэкIэм гулъытэ хэха зэрыхуищIыр. ЩIэныгъэлIым нэхъапэкIэ гулъытэ зыхуамыщIа Iуэхугъуэхэр къетIэщI, адыгэ литературэм и хьэлщэнхэмрэ и зыужьыкIэмрэ щIэныгъэр и лъабжьэу едж. Абы и тхыгъэ щхьэхуэхэр щызэхуэхьэсауэ 2010 гъэм урысыбзэкIэ дунейм къытехьа «Национально-эстетические аспекты изучения адыгской словесности» тхылъри адыгэ литературэдж щIэныгъэмрэ критикэмрэ я хэлъхьэныгъэ хъуащ. Статья зырызурэ зэхэту абы лъэпкъ литературэм и зыужьыныгъэ гъуэгуанэр къыщызэщIэкъуэжащ.

А псом къищынэмыщIауэ, Хъанджэрий щIэныгъэлI гупым зэдагъэзэщIа проектышхуэхэми хэлэжьыхьащ. Апхуэдэхэщ: тхылъищу зэхэту къэбэрдей-шэрджэсыбзэкIэ дунейм къытехьа «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и тхыдэр» (2010, 2013, 2017/2021); «Народы и культуры» серие цIэрыIуэм хэту Москва къыщыдэкIа «Адыги: адыгейцы, кабардинцы, черкесы, шапсуги» (2022) лэжьыгъэшхуэр; Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я литературэр (щхьэхуэу прозэмрэ усыгъэмрэ) щызэхуэхьэса антологиехэр; тхылъищу зэхэт «Адыгэ (адыгей, къэбэрдей, шэрджэс) тхакIуэхэр. XIX–XXI лIэщIыгъуэхэр» биобиблиографие псалъалъэр (2021, 2022, 2023). Иужьрей лэжьыгъэм хыхьа статья 400-м щIигъум ящыщу 90-м нэсыр БакIуум и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Апхуэдэуи Хъанджэрийрэ сэрэ дызэгъусэу дызэрыт илъэсым къыдэкIыным хуэдгъэхьэзыращ адыгэ тхакIуэ зыбжанэм (IутIыж Борис, Дыгъужь Къурмэн, Бещтокъуэ Хьэбас, Бемырзэ Мухьэдин) ятеухуа очерк убгъуахэр зэрыт, абыхэм я гъащIэмрэ я творчествэмрэ къызэщIэкъуауэ щыдджа, я тхыгъэхэр щIэныгъэр и лъабжьэу щызэпкърытха «ТхакIуэм и зэфIэкIымрэ адыгэ литературэм и зыужьыныгъэмрэ» лэжьыгъэм и япэ Iыхьэр.

Егъэджэныгъэ, щIэныгъэ лэжьыгъэхэм къадэкIуэу, БакIуум 1995 гъэ лъандэрэ зыхэт ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием жылагъуэ Iуэху зэхуэмыдэхэр щызэфIех: абы тхыдэмрэ филологиемкIэ и къудамэм и академик-секретаршщ, адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ ехьэлIауэ къызэрагъэпэщ зэIущIэхэм жыджэру хэтщ, абыхэм ятеухуауэ радиомрэ телевиденэмкIэ щIэх-щIэхыурэ къопсалъэ. Апхуэдэуи абы адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ я ехъулIэныгъэхэм, щыщIэныгъэхэм, нобэкIэ зэIубз мыхъуауэ лъэпкъ щIэныгъэм къыдекIуэкI Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ иIэ еплъыкIэ гъэщIэгъуэнхэр Урысейми хамэ къэралхэми я къалэ зэхуэмыдэхэм (Москва, Бытырбыху, Налшык, Владикавказ, Мейкъуапэ, Карачаевск, Черкесск, Грозный, Магас, Ставрополь, Цхинвал, Анкара, Амман, н.) утыку къыщрихьащ.

И щIэныгъэм и кууагъым, зэрыгуащIафIэм къыдэкIуэу, Хъанджэрий цIыхугъэ лъаги хэлъщ. Хэти хуэмыдэжу, сэ ар згъэунэхуну Iэмал сиIащ, си насып къызэрихьщи, ноби сиIэщ: илъэс пщыкIутхум щIигъуауэ дызэрызэдэлажьэм нэмыщI, 2011 гъэм зы усэ тхылъ цIыкIу къыщыдэзгъэкIым, пэублэ псалъэр абы схуитхауэ щытащ. А гъэ дыдэм кандидат диссертацэр щыпхызгъэкIым, си оппоненту щытащ. Си доктор диссертацэр щыстхым икIи щыпхызгъэкIым щIэныгъэ чэнджэщэгъу (научный консультант) схуэхъуащ. А псом фIэкIыжауи, нобэр къыздэсым куэдкIэ зыкъысщIегъакъуэ, абы хеубыдэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым хыхьэ къэбэрдей-шэрджэс литературэмкIэ къудамэм и лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным и гуащIэ ин зэрыхилъхьэри.

БакIуур цIыху хэтыкIэ зыщIэ, нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми ядекIуэкIыф, ноби псэемыблэжу лажьэ, щIыхь зыпылъ гъуэгуанэ зыкIу цIыху гуащIафIэщ. ЕгъэджакIуэ Iэзэм, щIэныгъэлI цIэрыIуэм и цIэри, и пщIэри, и щIыхьри и IуэхущIафэрэ и зэчийкIэ къилэжьыжащ. Си щхьэкIэ сыхуэарэзыщ икIи сэ схуэдэу Хъанджэрий фIыщIэ гуапэ хуэзыщIхэр зэрымымащIэм сыщыгъуазэщ. Дызэрыт илъэсым абы и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъури, нобэ хуэдэу жыджэру иджыри илъэс куэдкIэ къытхэтыну, и унагъуэ дахэм узыншэу ящхьэщытыну дохъуэхъу!



**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор,*
*Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и*
*институтым къэбэрдей-шэрджэс литературэмкIэ и*
*къудамэм и унафэщI*



**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректор Къарэмырзэ Барэсбий, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Министрхэм я Советым и унафэщI Къардэн Алик, Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым филологиемкIэ и институтым и унафэщI БакIуу Хъанджэрий сымэ.** *1998*





**Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым щылажьэхэмрэ къахуеблэгъахэмрэ.** *2014*



**БакӀуу Хъанджэрийрэ и щхьэгъусэ Любэрэ.** *2007*





**Хъанджэрий и унагъуэм яхэсу.** *2025*

# ФIЫЩIЭ ЗЫХУЭФАЩЭ

Адыгэхэм игъащIэми жаIэ: цIыхур къызэрацIыхур и дуней тетыкIэмрэ и IуэхущIафэмрэщ. БакIуу Хъанджэрий хуэдэ цIыху къызэрымыкIуэм и лэжьыгъэ купщIафIэхэр зэбгъащIэрэ и дуней тетыкIэр абы хэплъхьэжкIэ, фIэщ щIыгъуейщ ар зыхуэдэр нэсу къыпхузэIухыну. Абы щхьэкIэ, илъэс бжыгъэхэр тригъэкIуадэурэ лъэпкъ литературэм и лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэр езым къызэрихутэжым, тхакIуэ щхьэхуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щIэныгъэм и мардэхэм тету зэрызэпкърихым хуэдэу, щIэныгъэлIым и лэжьыгъэхэри джыжын хуейщ. Си фIэщ мэхъу зэгуэр зэ апхуэдэ къэхутакIуи къызэрыкъуэкIынур. Мы тхыгъэ кIэщIыми и къалэныр а Iуэхум щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр еувэлIэну къыхуеджэнырщ. Абы илъэныкъуэкIэ сэбэп хъуну къытщохъу ди ныбжьэгъум, ди нэхъыжьыфIым хуэгъэза мы ди псалъэхэри.

Сабийр дунейм къыщIытехьэр насыпыфIэ хъун папщIэщ. Дэтхэнэ адэ-анэми я хъуэпсапIэр аращ. Ауэ езыхэм емылъыта щхьэусыгъуэкIэ быныр зэфэну насыпыпсыр нэгъуэщIыпIэкIэ цIыху гущIэгъуншэхэм щыдагъэуэх къохъу. Апхуэдэу ящIат блэкIа лIэщIыгъуэм икухэм ирихьэлIэу дунейпсо мафIэр зэщIэзыгъэста залымзехьэхэм. ЦIыкIу защIэу бынищ и щхьэгъусэ Шамхъаний къыхуигъанэри, Ильяс (Хъанджэрий и адэр) лыгъейм хыхьат, бий ерур къигъэувыIэу, лъахэр, унагъуэр ихъумэн мурад иIэу. И псэри тыхь яхуищIащ Хэкум и щхьэхуитыныгъэм, щIэблэм я къэкIуэнум. «Зауэм и бынхэр» псалъэхэр зыкIэрыпщIа лъэхъэнэ дыджым къыхэхъукIащ Хъанджэрий адэншэу, ныбэизыгъэм и пIэкIэ анэм и хъуэпсапIэхэмрэ и псалъэ IэфIхэмрэ и гъуэмылэу. Нобэ сэ сызоупщIыж: «Армырауэ пIэрэ дахагъэр зи лъабжьэ гъуазджэр абы IэщIагъэ щIыхуэхъужари?..» – жысIэу.



Дауэ щымытми, зауэм и мафIэ бзийхэм зи сабиигъуэр илыпщIа щIалэм и хьэл-щэнри абы ипсыхьащ, сыт хуэдэ гугъуехьми пэщIэтыфу иригъэсащ. Сэ сызэрыдэлажьэ илъэсхэм срихьэлIакъым ар зыгуэркIэ мыарэзыуэ тхьэусыхэу, къыхуагъэувхэмрэ къыпаубыдхэмрэ нэхъ ин, гугъу хъуху нэхъ ерыщу япэщIэувэ мыхъумэ. А ерыщагъымрэ и егугъуныгъэмрэщ БакIуур щIэныгъэм и щыгум дэзышари. Ахэращ жэуаплыныгъэ инхэр зыпылъ къулыкъухэм пэрызышари, гъащIэм и IэфIыр зыхозыгъащIэ унагъуэ насыпым хуэзышари. Езым зэрыжиIэмкIэ, зы лъэбакъуи игъащIэм ичакъым абы, зытеувэну щIы кIапIэр япэщIыкIэ имыгъэхьэзырауэ. Си щхьэм нэхъ ехьэлIами, абы теухуауэ мыр сигу къэзгъэкIыжынут. Хъанджэрий сэрэ зэрыдгъэхьышхуэ щымыIэу зы зэманым институтым дыкъэуват. IэнатIи сыпэрытурэ, лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэми сыщыгъуазэу сигугъэжу щIэныгъэлIхэм сакъыхэхуат, ауэ ныбжькIэ сынэхъыщIэт. Куэд дэмыкIыу гу лъыстащ си лэжьэгъу, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу Думэн Хьэсэн, БакIуу Хъанджэрий, Гъут Iэдэм, Бгъэжьнокъуэ Барэсбий, Хьэщхъуэжь Раисэ, Мэшыкъуэ Тэзал, БищIо Борис сымэ я нэIэ нэхъ къыстету, я ущие псалъэм щIэх-щIэхыурэ сыщIагъэдэIуу зэрыщытым. Псом хуэмыдэу

«сыкъэзыхъумэр» Хъанджэрийт. ИужькIэщ цIыху Iущхэм я гулъытэм къикIыр къыщызгурыIуар – «Нобэ щегъэжьауэ адыгэбзэми, IуэрыIуатэми, литературэми елэжьхэм я IуэхущIафэр зыунэтIынур уэращ», – жаIэу, къудамэм и унафэщI къалэным сыщрагъэувэлIаращ. ХуэмцIыкIуурэ лэжьыгъэ мытыншым сыхуагъэхьэзыру арат нэхъыжьхэм. Iуэхум сызэрыхуэмыIэижьымкIи, нэхъыфIу а къалэныр езыхэм ягъэзэщIэфыну зэрыщытымкIи сигурэ си щхьэрэ щIызэбгъэжын сагъэлъэгъуакъым а нэхъыжьыфIхэм. ЦIыху Iущ къыпхэтыныр зэрынасыпым ари и зы щыхьэтщ. Абы лъандэрэ Хъанджэрий и гулъытэ зылъысар, дауи, си закъуэкъым.

Мыри къыхэгъэщыпхъэу къызолъытэ: зы лъагапIи дэкIакъым БакIуур и гугъуехьрэ и зэфIэкIкIэ къимылэжьауэ. «ГъащIэм и гъукIэкIэ» зэджэхэм хуэдэщ ар. Езым и насып унэр и IэкIэ иухуэжу мэпсэу ди ныбжьэгъур. Илъэс 30-м щIигъукIэ Хъанджэрий Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым и кафедрэм и унафэщIу, декану, филологиемкIэ институтым и директору лэжьащ. Ар филологие щIэныгъэхэмкIэ докторщ, профессорщ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и академикщ, лъэпкъ литературэдж-къэхутакIуэ нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщ зыщ.

БакIуурщ япэу еувэлIар лъэпкъ нэщэнэхэмрэ усакIуэхэм я Iуэху еплъыкIэхэмрэ адыгэ усыгъэм щагъэзащIэ къалэныр къэхутэным. И доктор лэжьыгъэм абы къызэщIригъэубыдащ Адыгейм, Къэбэрдейм, Шэрджэсым я усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Уеблэмэ зэлъэпкъэгъуми, щхьэхуэ-щхьэхуэу зызыужьа а литературэхэм я къэухьым иIэбыкIри, БакIуум зэпкърихащ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыпсэу адыгэхэм къагъэщIа художественнэ дуней хьэлэмэтри. ЩIэныгъэлIхэм ящыщу аращ и щхьэ течауэ жызыIар ди лъэпкъэгъухэм къагъэщIауэ иджыри зы литературэ – хэхэс адыгэ литературэ – зэрыщыIэр. Хамэбзэр яIурылъу щытами, адыгэм и дуней еплъыкIэ хэхар, и шыфэлIыфэр зи тхыгъэхэм джэлэс яхуэхъуа тхакIуэхэу Хьэгъур Ахьмэд, Хьэтыкъуэ Умар, Къалэдахэ Хъалид, Рушди Расим, Шурдым Къундет, Кубэ Шэбан, Натхъуэ Къадыр, Къандур Мухьэдин, Хъунэгу Надия сымэ, нэгъуэщIхэми я художественнэ зэфIэкIыр къэзыхутари, абыхэм я лэжьыгъэхэм яхуэфащэ увыпIэ лъэпкъ щIэныгъэм щезыгъэгъуэтыжари а щIэныгъэлIырщ.

Абыхэм я закъуэкъым БакIуум фIыщIэ щIыхуэщIыпхъэр. Лъэпкъ литературэдж щIэныгъэр къызэрыунэхурэ и Iэ-и лъэ хунэмысауэ Iуэхугъуэ щхьэпитI зэфIигъэкIащ иужь илъэсхэм абы. Япэр гушыIэмрэ ауанымрэ адыгэ литературэм зэрызыщауужьар къиихутэу монографие зэпэщ дунейм къызэрытригъэхьарщ, етIуанэр сонетым и тхыдэмрэ абы лъэпкъ поэзием щиубыд увыпIэмрэ зэриубзыхуарщ. Мы IуэхугъуитIымкIи щIэныгъэлIым къихутахэр Iыхьэ щхьэхуэу хыхьэнущ «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и тхыдэ» ещанэ тхылъым. Мыбыхэм зделэжьым, зыкъыдигъахуэурэ, БакIуум кууэ къихутащ тхакIуэ, усакIуэ, драматург IутIыж Борис и творчествэри. Теунэ Хьэчим и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэхэмрэ ятеухуауэ

ХьэкIуащэ Андрей къыдигъэкIа лэжьыгъэр хыумыбжэмэ, нобэр къыздэсым зи творчествэр зэрыщыту щIэныгъэ IэмалхэмкIэ къэхута хъуауэ щыIэр ЩоджэнцIыкIу Алийрэ (зытхар ХьэкIуащэ А.) КIыщокъуэ Алимрэщ (Сокъур М.). А тIум ещанэу ябгъурыбгъэувэ хъунущ IутIыжым теухуауэ Хъанджэрий игъэхьэзырар.

Апхуэдэу къыхэгъэщыпхъэщ БакIуум пщIы бжыгъэкIэ и гъэсэнхэр щIэныгъэм къызэрыхишари. Абыхэм ящыщ куэд филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, кандидат хъуащ. Нобэ еджагъэшхуэр еджапIэ нэхъыщхьэ зыбжанэм я щIэныгъэ советхэм хэтщ, я Iуэхур ядиунэтIу, сыт и лъэныкъуэкIи защIигъакъуэу. Ари и щыхьэтщ пщIэ зыхуащI щIэныгъэлIу БакIуур зэрыщытым.

Хъанджэрий лэжьакIуэ емызэшыжщ, дзыхь зрагъэз ныбжьэгъуфIщ, чэнджэщэгъу Iущщ, гумащIэщ, гушыIэр зи щIасэ цIыхущ. И гушыIэкIэкIэ, и бзэ жанагъкIэ БакIуур зэщхьыр ди джэгуакIуэжь цIэрыIуэхэу Абазэ Къамбот, Агънокъуэ Лашэ, Сыжажэ Къылъшыкъуэ, Мыжей Сэхьид сымэщ. Абыхэм яхуэдэу Адыгейми, Шэрджэсми, ди дежи куэдрэ щызэхэпхынущ «Хъанджэрии зэрыжиIауэ», «Хъанджэрий и гушыIэкIэу» псалъэхэр. ЦIыхум фIыкIэ ягу укъэкIыныр, гуфIэгъуэхэм деж уи цIэр жаIэныр насыпым и зы лIэужьыгъуэуи къэплъытэ хъунущ. Дэращи, зы махуэ дыхуэмызэу дэкIамэ, дыхуозэш.

БакIуур и псэукIэкIи зэпэщщ. Ар адэ гумащIэщ, адэшхуэ Iущщ, щхьэгъусэ зэгъщ. ХъанджэрийрэЛюбэрэ быныт зэдапIащ. Езы тIуми хуэдэу, Джамили Зураби Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къаухащ: пщащэр дохутырщ, щIалэр экономистщ. ТIури унагъуэ хъужащ, IэнатIэ хьарзыни пэрытщ. Бын гъэсар адэ-анэм я дежкIэ дамэщ. Ди гуапэщ я бынхэм я быныжхэр БакIуу зэщхьэгъусэхэм дамэ тIуащIэ яхуэхъуну.

Лъэпкъ щIэныгъэм и шу пажэхэм ящыщ зым, хэкулI Iумахуэм дэри зыхуэдгъэзэну дыхуейт ди гум къыбгъэдэкI мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ: къэбэрдеищIым лъабжьэ куу БакIуухэ щывдзыну, фызыпэрыт IэнатIэхэр хьер хэкIыпIэ фхуэхъуну, цIыху зэхъуэхъунрэ цIыху щIэхъуэхъуэнрэ Тхьэм куэду къывитыну!

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*

# ДИ НЭХЪЫЖЬЫФI

БакIуу Хъанджэрий и дуней тетыкIэм укIэлъыплъмэ, абы и хьэлщэнхэм щыгъуазэ уахуэхъумэ, псом япэу гу зылъыптэр абы и гумызагъагъэрщ. «Гумызагъэ» псалъэм сэ къизгъэкIыр нэхъ гурыIуэгъуэ сщIынщ мыпхуэдэу.

Адыгэм псэлъафэу диIэщ «гу гъэтIылъа иIэщ» жыхуиIэр. Ар зыхужаIэр зы щхьэкIи мыгузавэ, къыхэщтыкI имыIэу, сыт къэхъуами къыфIэмыIуэхуу лъэныкъуэкIэ къыхукъуэплъ цIыхурщ. Мис апхуэдэу Хъанджэрий щытыфынкIэ Iэмал иIэкъым, псом хуэмыдэу Iуэху екIуэкIыр лъэпкъым, хэкум ехьэлIамэ. БакIуум езым и гъащIэр, и лэжьыгъэр ди лъэпкъым и къэкIуэнум триухуауэ ехь, абы и лъэныкъуэкIи зы лIым хуэмыгъэкъаруун хузэфIэкIащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ абы щIыхуэ зытримыгъэхуам къыщымынэу, дэ псоми абы и цIэр фIыкIэ къыщIитIуэн, фIыщIэрэ щытхъурэ щIыхуэтщIын IуэхущIафэ дахэ иIэу нобэрей юбилейм IуощIэ.

Хъанджэрий къыщалъхуари къызэринэкIа гъэхэм я нэхъыбэр щигъэкIуари Къэрэшей-Шэрджэсыращ, иджы зыкъом щIауэ ди институтым щылажьэхэм тщыщ хъуащи, «ярэби, Хъанджэрий къыщытхэмытым дауэ дыпсэуа» жытIэу дигури ди псэри кIэрыпщIащ, «гуп зыгъэгупыр гуп и уасэщ» жыхуаIэм хуэдэщ. Езыр литературэдж секторым щылажьэу арами, абы и нэIэ тетщ бзэми, IуэрыIуатэми, тхыдэми, этнографиеми.

Псом хуэмыдэу ар егъэпIейтей ди анэдэлъхубзэм нобэ и Iуэху зытетымрэ абы и къэкIуэнумрэ. БакIуур сытым дежи жыджэру хэтщ бзэм ехьэлIа зэIущIэшхуэхэм икIи абы къыщащтэ унафэхэм и гуащIэ хелъхьэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, адыгейхэмрэ къэбэрдейшэрджэсхэмрэ ди алфавитымрэ ди пэжырытхэмрэ, Iэмал зэриIэкIэ, нэхъ зэщхь щIыным теухуауэ Налшык щекIуэкIауэ щыта конференцыр, хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я бзэр яхъумэжынымкIэ щыIэ Iэмалхэм тепсэлъыхьу Амман (Иордание) 2008 гъэм къыщызэрагъэпэща дунейпсо зэIущIэшхуэр, нэгъуэщIхэри. Хъанджэрий ящыщщ ди лъэпкъым, абы и бзэм, и хабзэм я къэкIуэнум папщIэ зигу, зил уз ди щIэныгъэлIхэм. Бзэм и гугъу пщIымэ, БакIуум шэч къытрихьэркъым ди тхыбзэр зэпшалIэкIэ Iуэхур зэрызэфIэмыкIынум: адыгэбзэр дяпэкIи псэун щхьэкIэ, дэнэкIи щыIэ адыгэхэм я зэхуэдэу зы литературэбзэ Iэмал имыIэу зэгъэпэщыпхъэщ. Пэжщ, иджыкIэ куэд хъурkъым апхуэдэ зэфIэкI адыгэхэм къытлъыкъуэкIыну зи фIэщ хъур, ауэ а гупсысэр лъэпкъым хэпщэным Хъанджэрий къаруэ иIэр ирехьэлIэ икIи и фIэщ мэхъу ар зэрыгупсысэ узыншэр, яужь дихьэмэ, ар адыгэм зэрытхузэфIэкIынур.

Нэхъ иужьу бзэм ехьэлIауэ нэхъ мыхьэнэшхуэ иIэу къэхъуам и гугъу тщIынщи, Тыркум ис адыгэхэм, зэрыс къэралым мытырку лъэпкъхэм ират хуитыныгъэхэм тIэкIу зэрызрагъэубгъуар къагъэсэбэпу, я бзэр я щIэблэм ирагъэджыну яужь щихьам, абыхэм ящыщ гуэрхэм хэку-

жьым исхэр дызытет тхыбзэр къамыщтэу езым я алфавит латиницэм къытращIыкIыу зэхалъхьэну зрапщытат. «Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт абы кърикIуэнкIэ хъунур, – яжриIащ абыхэм БакIуум, – дэ иджы нэхъ дызэрыгъуэтыжащ, дызэрыщIэ, дызэкIэлъыкIуэф хъуащ жыдоIэри догуфIэ, фэ «алфавитыщIэ» фIэфщауэ бжыхь дякум къыдэвгъэувэжыну фыхэтщ». НэгъуэщIхэри къыхыхьащ псалъэмакъым, мыр къамыгъэхъуныр я гурылъу, ауэ Хъанджэрий хуэдэу и макъ къызэрихькIэ, къэхьэкI-нехьэкI хэмылъу абыхэм епсэлъэфа щыIэкъым. Хъанджэрий дапщэщи жьэнахуэщ, и псалъэм траукIэнуми, игу илъыр жимыIэу къигъэнэнукъым.

БакIуум и гумызагъагъэм мыри къешэ: Iуэху гуэр зэфIэгъэкIын хуейуэ къыпэщылъмэ, абы кIэ имыгъуэтауэ етIысэхынукъым. «ДыбогъэпIэщIэIуэ, Хъанджэрий, зэман диIэщ иджыри», – жытIэкIэ дыпэлъэщыркъым, зэрыжаIэу, щIопхъуэри дэри, дыхуей-дыхуэмейми, дыкIэлъымыжэу хъуркъым, абы щыгъуэми дауэрэ демыIами, дыщылъэщIэмыхьэр нэхъыбэщ. ДынэхъыщIэ пэтми, абы и жыджэрагъым дохъуапсэ.

И гугъу дымыщIу къэдгъанэ хъунукъым Хъанджэрий и гъащIэм увыпIэ хэха щызыубыд, зэманыфIи зытригъэкIуадэ Iуэхум – ар ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиер къызэрызэрагъэпэщ лъандэрэ абы зэрыхэтым, хэт къудейми къыщымынэу абы и унэтIыныгъэхэм ящыщ зым, сэ къызэрыслъытэмкIэ, нэхъ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэу щытын хуейм – гуманитар щIэныгъэхэмкIэ къудамэм – и Iуэхур илъэс куэд хъуауэ зэрызэригъакIуэрщ. Академием нэхъ жыджэру хэлэжьыхьхэм, и пашэхэм я цIэр къипIуэмэ, япэ дыдэ игъэщыпхъэхэм яхэтщ Хъанджэрий. АбыкIэ БакIуум хузэфIэкIыр тIукIэ, щыкIэ гъэбэгъуэн щIыхуейр, абы и къарури и зэфIэкIхэри, нэгъуэщI щIэныгъэ мыхъуу, и лъэпкъ къызыхэкIам хуэунэтIауэ зэрыщытырщ. Щы-Адыгэ академиекIэ, зэрыщытын хуейр апхуэдэукъэ? Хъанджэрий зи гугъу тщIа къулыкъур къызэрылъысрэ и хъуэпсапIэри зыщIэкъури апхуэдэу хъуныр аращ. Академием и иджырей унафэщIхэри – президентри, щIэныгъэ секретарри а гупсысэмкIэ акъылэгъущи, иджы нэрылъагъуу БакIуур и мурадым нэхъ лъэIэсыгъуафIэ хъуащ: нэхъ щIэхщIэхыурэ икIи нэхъ зыхуей хуэзауэ адыгэхэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр щызэпкърах зэIущIэхэр йокIуэкI, адыгэ проблемэхэмкIэ тхылъ бэлыхьхэр дунейм къытрагъэхьэ. Академием хэтхэм я лэжьыгъэр илъэс къэсыхукIэ къыщапщытэкIэ, Хъанджэрий лъоIэс дэтхэнэ адыгэдж щIэныгъэлIми, ахэр дэнэ щымылажьэми, дэнэ щымыпсэуми, икIи ди лъэпкъ щIэныгъэм зыIэригъэхьэфа дэтхэнэ ехъулIэныгъэри, ар инми цIыкIуми, утыку къещI, зыхунэмысахэри щIиуфэркъым, илъэс къакIуэ псом япэ игъэщауэ къэхутэн хуей Iуэхугъуэхэри еубзыху.

Аращи, Хъанджэрий, ныбжь здынэсамкIэ имызакъуэу, а къалэнышхуэ и пщэ дэлъымкIи адыгэм телажьэ щIэныгъэ лэжьакIуэ псоми ди гъуэгугъэлъагъуэщ, ди тхьэмадэщ жытIэмэ дыщыуэнукъым.

ЦӀыхур зэхъуэпсэн куэд хэлъщ БакӀуум и дуней тетыкӀэкӀи, и Ӏуэхущ Ӏафэк Ӏи. Адыгэр зыгуэрым щехъуэхъукӀэ, «ныбжьэгъухэр къохъуапсэу, жагъуэгъухэр къофыгъуэу Тхьэм уигъэпсэу» жраӀэ хабзэщ. Ар къызэхъулӀэхэм ящыщщ Хъанджэрий. Пэжщ, къефыгъуэну бий куэд иӀэн хуейкъым абы, сыту жыпӀэмэ жьэнахуагъэкӀэ зыгуэрым ехъурджэуами, ар зыцӀыхум уэим ищӀынукъым, и гум хьэрэмыгъэ зэримылъым щыгъуазэмэ, ауэ фӀы зигу илъ дэтхэнэри къыщӀехъуэпсэнрэ щапхъэ хуэхъуу къыщӀыдэплъеинрэ и мащӀэкъым.

Адыгэхэм юбилейхэм ящыщу нэхъ яфӀэлъапӀэр илъэсищэр е нэхъ дгъэщӀэращӀэмэ, лӀэщӀыгъуэр аращи, мис апхуэдэ гъащӀэ ныбжь узыншэу, гукъыдэжыр уи куэду унэсауэ лъэпкъ узыхуэлажьэм Тхьэм иригъэгъэлъапӀэ!

**БИЩӀО Борис,**
*филологие щӀэныгъэхэмкӀэ доктор*

## ЩЫПКЪАГЪЭМ И ЩАПХЪЭ



Псыжь, Инжыдж псыхъуэхэм щыпсэу адыгэхэм ди литературэм и гугъу тщӀыну дыхуежьэмэ, БакӀуу Хъанджэрий и цӀэр Ӏэмал имыӀэу утыкум езыр-езырурэ къохьэ, сыту жыпӀэмэ, япэрауэ, ар щӀэныгъэ куу зыбгъэдэлъ еджагъэшхуэщ, художественнэ тхыгъэм къэуату щӀэлъыр зыхэзыщӀэ, къыхэзыгъуатэ, авторым и гурыгъуазэр къэзыхутэф, ар зэпкърыхауэ тхылъеджэм и пащхьэм изылъхьэжыф литературэджщ, критикщ.

ЕтӀуанэрауэ, абы егъэгушхуэ мы беслъэней лъэныкъуэмкӀэ щыӀэ литературэм япэ лъэбакъуэ хэзычэ ныбжьыщӀэхэри, зыгуэр хузэфӀэкӀыу зызылъытэж нэхъыжьыӀуэхэри.

Ещанэрауэ, мы хэгъэгум щызэгъэпэща хъуа адыгэ литературэм набдзэгубдзаплъэу нобэ кӀэлъыплъын, абы къехъулӀэри зыгъэнэщхъейри сэтей къэзыщӀын апхуэдэ щӀэныгъэлӀ диӀэу, къэунэхуауэ сщӀэркъым, Хъанджэрий мыхъумэ.

А псоми къищынэмыщӀауэ, цӀыху гуапэщ, гу къабзэ-псэ хьэлэлщ, гушыӀэшхуэ хэлъщ, зэры-Жьакуэр имыгъэгъуащэу, гъащӀэм и щэху куэдым гупсысэ къабзэкӀэ лъэӀэсыфа адыгэлӀщ. Ӏуэху гуэр зэхэзэрыхьами, къитхъутхъукӀыу, зэрызимыщӀыпхъэу зищӀу плъагъунукъым, атӀэ зэтеубыдауэ зытегушыӀыхьын къыхигъуэтэнущи, къэлыдынкӀэ хъуну мафӀэр абыкӀэ игъэужьыхыжынущ. Апхуэдэу зыхузэфӀэкӀынур, шэч хэмылъу, гъащӀэр фӀыуэ зылъагъу, абы пхырыплъыф, дэгъуэгурыкӀуэф, угъурлыуэ дунейм тетыфыну хэлъэт зиӀэ цӀыху щыпкъэращ.

Си тхыгъэ кӀэщӀым дэщӀызгъуну сыхуейщ Хъанджэрий, сыдэгушыӀэ щӀыкӀэу, хуэстха мы усэ цӀыкӀур.

*   *   *

*ЛІыр-тІэ, илъэс тІощІиплІрэ тхурэ хъуамэ,*
*ФІелъхъэж арджэным кърихъэкІа къамэр.*
*Къытрехри уанэр, шыри бом щІешэж,*
*Зыхуэмеиж хъэпшыпу хъуар ещэж.*

*Къещэху укъищу лыду машинэфІ,*
*ЙотІысхъэ, къыщыхуащи Тхъэм и нэфІ.*
*Къежыхь, дридзейкъым, жьыи къыщІимыху,*
*АтІэ, япон машинэр мыхуэмыху.*

*Щыхуейм гъуэгу тохъэ, зыми емыупщІ,*
*ИкІи псыхъуиблыр льейуэ зэпеупщІ.*
*Нос дэни, умыщІэну иІэу ныбжь,*
*Къэсыжми, зыри зэи къыхуэмыгубжь.*

*Иджыри, Хъанджэрий, ухъуакъым лІыжь.*
*Ухъунщ зэгуэр, щэм нэпхуса нэужь.*
*Аращи, куэдрэ дяпэ уригъэт,*
*Бын и гуфІэгъуэ ену ухигъэт!..*

**ТХЬЭГЪЭПСЭУ Увжыкъуэ,**
*усакІуэ, КъШР-мрэ*
*Адыгэ Республикэмрэ щІыхь зиІэ я журналист*

*ЩIэныгъэлI, жылагъуэ лэжьакIуэ Къущхьэ Амырхъан илъэс 80 ирокъу*





# ШЭ ХЬЭЛЭЛ ЕФА ЦIЫХУ

Тхыдэ къулей зи бащэ Аушыджэр жылэжьым къыдэкIащ республикэр, адыгэр дызэрыгушхуэ цIыху телъыджэ куэд. Апхуэдэхэщ Совет Союзым и ЛIыхъужьхэу Къардэн зэшхэу Къубатийрэ Къэбардрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректору щытахэу Бэрбэч ХьэтIутIэ, Лъостэн Владимир, 1951-1957 гъэхэм Къэбэрдей АССР-м и Правительствэм и УнафэщIу щыта Лъостэн Чэлимэт, республикэм щэнхабзэмкIэ и министру илъэс 20-м щIигъукIэ лэжьа Ефэнды Джылахъстэн, еджагъэшхуэхэу Слъон Лудин, Ашэбокъуэ Леонид, Къардэн Чэлимэт, Шэрджэс Бэлэтокъуэ, Гъут Iэдэм, Къардэн Iэбубэ, Щхьэгъэпсэу Сэфарбий, нэ дохутыр Iэзэхэу ХьэцIыкIухэ Анатолэрэ Борисрэ, тхакIуэ-усакIуэхэу, ди республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэхэу Журт Биберд, Хьэх Сэфарбий, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэхэу Бицу Анатолэ, Мыкъуэжь Анатолэ, республикэм и цIыхубэ артист Жылокъуэ Мухьэмэдин сымэ, нэгъуэщIхэри. Аушыджэр къуажэм къыщыхъуахэм ящыщщ ди тхыгъэр зытеухуа лIы щэджащэри – мэкъумэш хозяйствэмкIэ министру щыта Къущхьэ Амырхъани.

... 1994 гъэр екIуэкIырт. Радиом и адыгэ къудамэм мэкъумэш Iуэхур сэрат зи пщэ щилъри, зы пщэдджыжь гуэрым сытегушхуэри, Правительствэм и унэм сыкIуащ министр Къущхьэ Амырхъан къэзгъэпсэлъэн хьисэпкIэ. СыздэкIуам унафэщIым и пэIущIэ пэшым цIыху зыхыбл щIэст. Министрым и бжэр дамэдазэу Iухати, псалъэ-

2 Заказ №2225

макъ къыщIэIукIри зэхэпхырт. ЗыкъомыфIрэ сыпэплъащ хуит къэхъумэ сыщIыхьэн си мураду. «Мы сэ слъагъур кIыхьлIыхь хъунущ», – жысIэри, зылI къыщIэкIыжауэ нэгъуэщI зы щыщIыхьэм иужь сиувэри зыщIэзгъэхуащ. «Мыри хэту пIэрэ» жыхуиIэу къыщызэплъым сыкъыздикIари сыкъэщIэкIуари гурызгъэIуащ. «Ар хъарзынэт, – жиIащ Амырхъан, – ауэ щIэх хуит сыкъэхъуну си фIэщ хъуркъым. Приемнэм щIэс къомыр плъагъуркъэ? Пщэдджыжь укъэкIуэфын?» «СыкъэкIуэнщ». «НтIэ, сыхьэтиблхэм укъэсу къекIуалIэ, цIыхур къызэхуэмыс щIыкIэ».

Абы щыгъуэ общежит сыщIэсу Искож хьэблэкIэрат сызыдэсыр, автобус зэхъуэкI сщIын хуей хъунут. А жыхуиIа пIалъэм сыкъимытIэсэнкIэ зэрыхъунур щыжесIэм: «НтIэ, ущыпсэур мыбы итхэ, пщэдджыжь лэжьапIэ сыкъыщыкIуэкIэ сыныIулъэдэнщи укъыздэсщтэнщ», – жери тхылъымпIэ кIапэ къызитащ. Пэжыр жысIэнщи, си фIэщ хъущакъым абы жиIар, «Ар дауэ, министрыр си деж ныIухьэу и машинэмкIэ сыкъыдришеинуи?»

Дауэ щымытми, етIуанэ пщэджыжьым балконым сыкъоувэ. Сыхьэтыр 7 хъуным дакъикъэ 20 иIэжу унэ бжэIупэм къыщоувыIэ УАЗ автомашинэри, Амырхъан къокI. ЗэрызгъэщIэгъуэнур сымыщIэу сожэхри, сотIысхьэ и машинэм...

Нобэ диIэ нэхъыжьхэм – зауэ зэманым, абы иужь илъэсхэм къалъхуахэм яхэтауэ къыщIэкIынкъым зи сабиигъуэр матэщIэдзауэ езыхьэкIа. Аушыджэр жылэжьым щыщ Къущхьэ Амырхъан къыдалъхуауэ зы шыпхъу закъуэт иIэри, ар гугъу иримыгъэхьын щхьэкIэ лэжьыгъэ нэхъ хьэлъэхэр – пхъэгъэсын зэгъэпэщынри, Iэщым я шхын къэугъуеинри, хадэм илэжьыхьынри и пщэ дилъхьэжырт.

А лъэхъэнэм, школым къыщаутIыпщ зэманхэм зэи Iуэхуншакъым щIалэщIэр: къуажэ губгъуэм хузэфIэкI ищIэу итащ илъэс къэс, уеблэмэ зы гъэ, класс нэхъыжьхэм щыкIуэ зэманым, зы гуп зэрыгъэхъущ, Ставрополь лъэныкъуэмкIэ яунэтIри, мазищкIэ абы гугъу зыщрагъэхьащ, еджапIэм зэрыкIуэну щыгъынхэр я пщIэнтIэпскIэ къалэжьыжащ.

Курыт еджапIэ нэужьым Амырхъан щIотIысхьэ инженерхэр щагъэхьэзыру ди университетым иIэ къудамэм. Абы щIэсу даш армэм. ИлъэсищкIэ къулыкъу ищIауэ къегъэзэжри, зыщIэса факультетым еджэн щыпещэж. И дуней тетыкIэкIэ, и жэрдэмкIэ, и жыджэрагъкIэ щIалэр къахэпэжыкIырт адрей студентхэм.

– Пэжыр жысIэнщи, школым сыщыщIэса лъэхъэнэм бэлыхьлажьэу седжакъым сэ, – игу къегъэкIыж Амырхъан, – 5-нэр къэзухыхукIэ «тху» защIэу сыкъекIуэкIри, адэкIэ зыщIезгъэхат, тIэкIу Iэпэдэгъэлэл сщIат. Университетым сыщIэтIысхьа нэужь си щхьэм къитIэсащ предметхэр кууэ зэзмыгъащIэу зэрымыхъунур. Курыт еджапIэм сызэмыгугъуа биологие, химие хуэдэхэр щIэрыщIэу зджыжын хуей хъуащ, псом хуэмыдэу сфIэгъэщIэгъуэну, сыдихэхыу сегугъуащ «сопромат» жыхуиIэм. Министр къулыкъур къысхуагъэфэща нэужь, зоотехник, ветеринар IэщIагъэхэм зыхэзгъэгъуэзащ, ухуэныгъэ Iуэхум пыщIа лэжьыгъэхэм я хьэрискхъуэрисхэр зэзгъэщIащ.

1972 гъэм КъБКъУ-р къеухри, IэщIагъэлI щIалэм инженеру лэжьэн щрегъажьэ Бахъсэн щыIэ «Лимб» заводым. Абы илъэситI нэхъ щымыIэу, мэув Налшык и межрайоннэ «Мэкъумэш техникэ» объединенэм. ЯпэщIыкIэ инженер къызэрыгуэкIыу. Абы и IуэхузехьэкIэр зылъэгъуа, республикэм техникэ IуэхумкIэ щыIэ IуэхущIапIэм и Iэтащхьэ Ахъмэт Мусэбий щIалэщIэр дрегъэкIуэтей: япэщIыкIэ инженер нэхъыжь мэхъу, ауэрэ автобазэм и тхьэмадэ, иужькIэ инженер нэхъыщхьэ, 1976 гъэм IэнатIэм и унафэщI ящI. Абы щыгъуэ нэхъри IупщI хъуат Къущхьэм зэфIэкIышхуэ зэрыбгъэдэлъыр.

Таучэлышхуэ зыхэлъ унафэщIым и IуэхущIапIэр сыт и лъэныкъуэкIи зэтригъэуват: колхоз-совхозхэр зыхуеину псори абы щыбгъуэтынут – автомашини, трактори, комбайни, пкъыгъуэ зэхуэмыдэхэри. ГъэувыпIэ имыIэжу, IуэхущIапIэм и пщIантIэри, техникэ щIэтыпIэхэри узэдат. Уеблэмэ ди гъунэгъу республикэхэм къикIыурэ зрагъэлъагъурт Iуэхур зехьэн зэрыхуейр.

– Сэ цIыху хъарзынэ куэдым, унафэщI зыкъомым садэлэжьащ, – жеIэ Амырхъан, – ауэ Ахъмэт Мусэбий псоми япэ изгъэувэнт. Хуабжьу лэжьакIуэшхуэт. И щхьэ Iуэхум япэ иригъэщырт къэрал Iуэхур. Сэ езым, Мусэбий ещхьу, цIыху лэжьакIуэр фIыуэ солъагъу – ар иреунафэщI, къызэрыгуэкI IэнатIэ бгъэдэтуи ирехъу. Зыгуэрым удэплъей хъунумэ, а лIыр апхуэдэт. АпхуэдизкIэ акъыл жан иIэти, си фIэщ хъуртэкъым абы зыхимыщIыкI Iуэху гуэри дунейм щызекIуэу. ПщIэ хуищIырт, фIыуэ илъагъурт лэжьакIуэ тэмэмыр. Псом хуэмыдэу и нэIэ ятетт щIалэгъуалэм. Абыхэм гъуэгу яритмэ, къулыкъу нэхъ лъагэIуэ яхуигъэфащэмэ, и бын дригъэкIуэтеяуэ къыщыхъурт. Техникэ IэнатIэм пыщIауэ Налшык щыIэ объединенэм и нэхъыжьу сигъэкIуа нэужь, Мусэбий Iуэху ящIауэ щытащ, «партым хэмыт цIыху апхуэдэ къулыкъу ептащ» жари.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, зы IэнатIи и Iуэху дэкIынукъым, абы IэщIагъэлI тэмэм унафэщIу имыIэмэ. Арауэ къыщIэкIынщ къызэгъэпэщакIуэфIу зыкъэзыгъэлъэгъуа Къущхьэ Амырхъан Лэскэн ЕтIуанэм дэт совхозым и нэхъыжьу щIагъэкIуари. А IэнатIэр пщэрылъ къыщыхуащIам хозяйствэм пхъэщхьэмыщхьэу къыщрахьэлIэр тонн миным нэсыртэкъым, гъэшу я жэмхэм къахущIэшри мащIэ дыдэт. Зэманышхуэ дэмыкIыу совхозым и Iуэхур ефIэкIуащ: пхъэщхьэмыщхьэу къайхъулIэр тонн мини 3-м щIигъуащ, зы жэмым къыщIашри центнер 30-м нахусащ. А бжыгъэхэр щыхьэт техъуэркъэ унафэщIым и Iэзагъэм, и жэрдэмым, цIыху лэжьакIуэр къызэрыдихьэхым, къызэригъэдэIуэфым, нэгъуэщIу жыпIэмэ, и Iуэху зехьэкIэм куэд зэрелъытам? А лэжьыгъэр абы зэрихьащ илъэс зытхухкIэ...

Сыт хуэдэ зэмани урихьэлIэнущ лэжьыгъэр щIагъуэу щызэкIэлъымыкIуэ IэнатIэ. Апхуэдэт езы Амырхъан и жылэжьым – Аушыджэр – щыIэ совхозри. Абы и Iуэхур зэтес ирагъэщIыжын хьисэпкIэ, 1986 гъэм Къущхьэр я къуажэм ягъэкIуэж хозяйствэ тхьэмадэу. Зы илъэс закъуэщ Амырхъан и жылэм зэрыщагъэIар. Ауэ а зэман кIэщIым совхозым и Iуэхур тэмэму зэтриублэжащ, къуажэдэсхэр зыщыгуфIыкIын Iуэху щхьэпэ зыбжанэ яхуищIащ. Къызэрызэра-

гъэпэщрэ хэщIыныгъэ фIэкIа зимыIэу къэгъуэгурыкIуа совхозым а илъэс закъуэм хэхъуэшхуэ зригъэхъулIащ, ятелъ щIыхуэр, сом мелуанрэ ныкъуэм щIигъур, япшынащ. Зэи а хозяйствэм къыщымыхъуауэ, а гъэм ахъшэ саугъэтышхуэ хуагуэшащ хозяйствэм и лэжьакIуэхэм. Амырхъан я жылэм дэт совхозым и нэхъыжьу щагъэкIуам пхъэщхьэмыщхьэу кърахьэлIэр ику иту тонн 900-т зэрыхъур. Ар и IэнатIэм зэрыпэрыта илъэс закъуэм а бжыгъэр тонн мини 4.500-м щхьэдэхащ. Апхуэдэу хэпщIыкIыу хагъэхъуащ хозяйствэм лыуэ, гъэшу къыщалэжьми.

Къыхэгъэщыпхъэщ социальнэ Iуэхугъуэхэми совхоз Iэтащхьэм и фIыгъэкIэ, и жэрдэмкIэ гулъытэ лей зэригъуэтар. Бын куэд зиIэ лэжьакIуэхэм я унагъуэхэм псэупIэ екIухэр хуащIащ, къуажэ гъуэгухэм щыщу километр зыбжанэм асфальт тралъхьащ, Шэрэдж псыежэхыр къиуурэ зэраныгъэшхуэ цIыхум къахуихьырти, а Iуэхури зэтес ищIащ, совхозым и Iэщ щIэтыпIэхэр зэрагъэпэщыжащ, канализацэ лажьэу ятIыпщыжащ, жылэм газыр щызэбграшащ.

1987 гъэм, езым фIэмыфIыщэу, Къущхьэр ягъакIуэ нэгъуэщI IэнатIэ: Къэбэрдей-Балъкъэр агропромышленнэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ къалэныр и пщэ къыдалъхьэ. Илъэс ныкъуэ докIри, комитетым и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ мэхъу. Ар илъэсиплIкIэ зэрихьауэ, пIалъэ кIэщIкIэ нэгъуэщI IуэхущIапIэ макIуэ. Ауэ зы илъэс нэхъ дэмыкIыу, республикэм и унафэщIхэм я лъэIукIэ, мэкъумэш хозяйствэмкIэ министру мэув. А зэманым, 90 гъэхэм я япэ илъэсхэм, республикэм и министерствэхэм яхэту къыщIэкIынтэкъым а IэнатIэм нэхърэ нэхъ гугъу.

Къущхьэр Мэкъумэш IуэхумкIэ министерствэм и нэхъыжьу щыщыта лъэхъэнэм IуэхуфIу, Iуэху щхьэпэу зэфIигъэкIар Iэджэ мэхъу. Къэралыр зытеува гъуэгур къимыгъэланджэу, зэманым къигъэув къалэнхэр къигъэIурыщIэу, лэжьэкIэщIэхэр IэнатIэхэм хэпщэным и акъылымрэ и зэфIэкIымрэ пэлъэщу игъэзэщIащ и пщэ дэлъ хьэкъыр. ИлъэсиплIкIэ а Iуэхур зэрихьа нэужь, Амырхъан и IэнатIэр ихъуэжри, къыхуагъэфэща лэжьыгъэ зыбжанэм пэрытащ. Ар щытащ къэрал Президентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэ уполномоченнэм и чэнджэщэгъуу, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым чэнджэщэгъу нэхъыщхьэ къалэнри щигъэзэщIащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и депутатуи хахащ.

«Мэкъумэш техникэ» объединенэм щыIутами, министру щылэжьа илъэсхэми, сыт хуэдизу зэманыр къемэщIэкIыу щымытами, Къущхьэм Iэмал къигъуэтырт жылагъуэ гъащIэм хэлIыфIыхьыну. Абы куэд зэфIигъэкIащ шы спортыр ди республикэм къыщыIэтыным, адыгэшым и пщIэр зэфIэгъэувэжыным теухуауэ. Псом хуэмыдэу Амырхъан лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ «Спартак» футбол командэ дэхуэхар зэрыхуа мащэм къишыжыным ехьэлIауэ. Правительствэм и унафэкIэ ар ягъэуващ ПФК-м – профессиональнэ футбол клуб «Спартак»-м и президенту. Ар къэгъэщIэрэщIэжыным текIуэдэну мылъкушхуэр къиугъуеин хузэфIэкIащ. ИкIи а къалэныр и пщэ дэлъащ илъэситхукIэ. Амырхъан зригъэхъулIащ ищхьэкIэ къыщыIэхэри,

футболыр фIыуэ зылъагъухэри къызэрыщыгугъыр: зыхэт 2-нэ лигэм бжьыпэр щиубыдри, ди командэм хуитыныгъэ игъуэтащ 1995 гъэм япэ лигэм щыджэгуну.

Къущхьэхэ адыгэм къыхэкIа нэхъ лъэпкъышхуэхэм ящыщщ. Дэнэ щIыпIи щыпсэу зэIыхьлы-зэунэкъуэщхэр зэрыгъэцIыхужыным, нэхъ гъунэгъуу зэшэлIэжыным теухуауэ Амырхъан лэжыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ. Я япэ зэхуэсышхуэр къызэрызэрагъэпэщрэ блэкIа илъэс 30-м къриубыдэу лъэпкъ зэгухьэныгъэр щIэгъэкъуэн зыхуэхъуахэм я бжыгъэр Iэджэ мэхъу: хуэмыщIахэм, хамэ къэрал къикIыжа я унэкъуэщхэм, еджапIэ ищхьэ щIэтIысхьэхэм, спорт зэхьэзэхуэ хэтыну гъуэгуанэ теувэхэм, – дэтхэнэр жыпIэн. А Iуэхухэм нэхъыбэу хэлIыфIыхьар Амырхъанщ жыпIэми ущыуэнукъым.

А лIыр къэухьышхуэ зиIэ цIыхуу зэрыщытым теухуауэ щапхъэ куэд къыпхуэхьынущ. Абы и щIасэщ литературэри, щэнхабзэри, философиери, адыгэм ди тхыдэри. Уеблэмэ зэджа тхылъхэм и гум нэхъ кIэрыпщIауэ хэт пычыгъуэхэр, сатырхэр къыхитхыкI и хабзэщ. Псалъэм папщIэ, абы и стIолым телъ тхылъымпIэхэм яхэлъщ Гамзатов Расул и усэм, урыс классик Васильев Борис и повестым къыхитхыкIа Iыхьэ, пасэрей философ цIэрыIуэ Конфуций и тхыгъэ щIэинхэм щыщ Iэрамэ, дзэзешэ цIэрыIуэ Македонский Александр, урыс усакIуэ А. Радищевым, тхыдэтх, тхакIуэ МафIэдз Сэрэбий сымэ, нэгъуэщIхэми я жыIэгъуэхэр. И лэжьапIэ пэшым тхылъ зэхуэмыдэхэр щIэзщ.



И лъым хэпщауэ, зэрысабийрэ Амырхъан къогъуэгурыкIуэ цIыху къызэрыгуэкIыу – чэнджэщкIи, IуэхукIи зыкъыхуэзыгъазэхэм защидзейуэ и хьэлкъым, зэрыхузэфIэкIкIэ защIегъакъуэ, лей къызытехьэм къыщхьэщож, къулыкъушхуэ щиIыгъа зэманми и дуней тетыкIэм зихъуэжакъым: «сыминистрщ» жиIэу къищтакъым имыхьэл. Хуэмыфащэу къилъытэмэ, къулыкъушхуэ иIыгъщ жиIэу, унафэщIышхуэм пщIэ хуищIынукъым, пцIыIуэпцIыши, мылъкум тегужьеикIа щхьэхуещи, цIыхугъэ, адыгагъэ зыхэмылъи хьэсэгъу хуэхъунукъым. Iыхьлыр, благъэр, ныбжьэгъуր зэи IэщIыб ищIыркъым. КIуэаракъэ, и гури и псэри фIы щIэным, дахагъэм, пэжыгъэм хузэIухауэ, «Ярэби, цIыхум хэлъыпхъэ хьэлыфI псори мыбы и деж щызэхуэмыхьэсауэ пIэрэ» жыпIэу, и гъащIэ Iыхьэр ирехьэкI ...

«Куэдщ сщIар» жиIэу тIысыжакъым Амырхъан. Ар ноби мэлажьэ. ЦIыхум я сэбэп зыхэлъ хьэрычэт Iуэхухэм яужь итщ. Мэкъумэш IэнатIэм, ди экономикэм зегъэужьыным хэлIыфIыхьа Къущхьэ Амырхъан къыхуагъэфэщащ ди республикэм и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр – «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр. Дунейпсо Адыгэ Академием щIыхь зиIэ и академикщ.

Къущхьэ Амырхъан и гъащIэ гъуэгуанэм уриплъэжрэ и лэжьыгъэр гукIэ зэбгъэзэхуэжмэ, узэгупсысыращ: ди республикэм и IэнатIэ псоми апхуэдэ цIыху щыпкъэхэр унафэщIу Iутамэ, тобэ ирехъуи, Къэбэрдей-Балъкъэрми цIыхубэми я псэукIэр куэдкIэ нэхъыфI хъунт.

**МЫЗ Ахьмэд,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист*



**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ, вице-президент Губин Геннадий, Къущхьэ Амырхъан сымэ «Спартак»-м и футболистхэм яхэсщ.**






*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **Залиханов Михаил, Примаков Евгений, Къущхьэ Амырхъан, Иванов Игорь сымэ.**



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **Къуэкъуей Мухьэмэд, Къущхьэ Амырхъан, Хьэнэ Анатолэ, Бесчокъуэ Борис сымэ.**





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **Тау Залым, Беслъэней Чэмал, Къущхьэ Амырхъан, Къэрал Думэм и депутат Кирий Пётр, КIасэ Чэмал, Щомахуэ Лев сымэ.**

# ЦIЫХУГЪЭР НЫПУ КЪЫЩХЬЭЩЫТУ

«ЦIыху Iей темыту мы дунейм ущыпсэуну сыт и уасэт!» – жиIащ усакIуэм. АрщхьэкIэ гъащIэр гъащIэщ. Емрэ фIымрэ щызэпэщытщ, щызопщэфыIэ, щызозауэ. Аращ дунейр къызэрыунэхурэ – мыхъумыщIагъэм и жылэр тезысэхэмрэ фIыр, дахагъэр зыгъэбагъуэхэмрэ зэныкъуэкъу зэпымыужыр ирагъэкIуэкI. Ауэ щыхъукIэ, зи гуращэр дахэ, зи акъылыр нэху цIыху щыпкъэхэр мынэхъыбамэ, дунейр кIыфIыгъэм щIэтIысыкIынт. Апхуэдэхэм къагуроIуэ гъащIэм нэхърэ нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэр, зы гъащIэ фIэкIа зримыта цIыхум ар насыпыфIэу, IэфIагъыу щыIэ псомкIи зигъэнщIу ирихьэкIын зэрыхуейр. Апхуэдэхэм яхузэфIэкIыркъым щIым щекIуэкI псори псэкIэ ямыгъэвын, хамэ гуауэр езым ейм ещхьу зыхамыщIэн. Аращ мы дунеижь нэмыщIысар зэтес щIыным, ар, сыт хуэдизкIи егъэфIэкIуауэ, щIэблэм къахуэгъэнэным я гуащIи щIэныгъи щIрахьэлIэр. Апхуэдэ цIыху щэджащэхэм ящыщ зыщ си къуажэгъу, си нэхъыжьыфI, и жылэгъухэм я мызакъуэу, республикэ псом пщIэрэ щIыхьрэ щызиIэ Къущхьэ Амырхъан.

Зауэ нэужь зэман гугъум зи сабиигъуэр хиубыдахэм къазэрыщхьэщыкI щыIэкъым Амырхъан и къекIуэкIыкIар. Ар 1945 гъэм Аушыджэр щыщ адыгэ мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщалъхуащ. 1964 гъэм, къуажэ школыр къиуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и инженерно-техническэ факультетым щIотIысхьэ. КъыщIашри, дзэм къулыкъу щищIэну ираджэ. Къегъэзэжри, еджэным пещэж. 1972 гъэм инженер-механик IэщIагъэр иIэу, университетыр къеух.

1972-1980 гъэхэм Къущхьэм IэнатIэ зыбжанэ ирихьэкIащ: Бахъсэн «Лимб» заводым, «Мэкъумэш техникэм» и Налшык объединенэм щолажьэ; иужьрейм и унафэщIу 1976 гъэм ягъэув. А илъэсхэм Амырхъан хузэфIэкIащ зи пашэ объединенэр Урысейм щынэхъыфIхэм яхригъэбжэн.

ЗэрыунафэщI IэкIуэлъакIуэр, мэкъумэш Iуэхум фIыуэ зэрыхищIыкIыр, и пащхьэ къиувэ къалэнхэр гъэзэщIэным къызэрыпимыкIуэтыр къалъытэри, 1980 гъэм «Лэскэн» совхозым унафэщIу ягъакIуэ. ИлъэсихкIэ абы щыIауэ, зыщалъхуа къуажэм 1986 гъэм къегъэзэж «Аушыджэр» экспериментальнэ хозяйствэм и директору. Зэман кIэщIым къриубыдэу Амырхъан хузэфIэкIащ къыкIэрыхуу щыта а хозяйствитIми я Iуэхухэр зэтриублэжын, пашэхэм ялъэщIигъэхьэжын.

Политикэм кууэ хэзыщIыкI, Iуэхум хуэерыщ, нэхъыжь и псалъэм фIэлIыкI, гъавэмрэ берычэтымрэ къызыпкърыкI щIым лъагъуныгъэшхуэ хузиIэ цIыху зэпIэзэрытщ Амырхъан. Шэч хэмылъу, а хьэл-щэныфIхэр къалъытащ 1987 гъэм КъБАССР-м и Къэрал Агропромышленэ комитетым и председателым и къуэдзэу, итIанэ и япэ къуэдзэу, иужькIэ ди республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и мини-

стру ар щагъэувым. А илъэсхэм сэ мызэ-мытIэу къысхуихуащ Къущхьэм и лэжьэгъухэм IуэхукIэ сахуэзэну. «УнафэщI IэкIуэлъакIуэщ, цIыхугъэшхуэ зыхэлъщ, и псалъэмрэ и Iуэхумрэ зэтохуэ, сыт хуэдэ жэрдэмыщIэри къыбдиIыгъынущ, ауэ уи IэнатIэм Iэпэдэгъэлэлу ухущыту къыпхуидэнукъым», – зэгурыIуам ещхьу, зыжьэу жаIэрт абыхэм. ГурыIуэгъуэщ апхуэдэ псалъэ дыгъэлхэр япэ къэсым зэрыхуамыгъэфащэр, ар уи Iуэху бгъэдыхьэкIэкIэ, уи хьэл-щэнкIэ, уи цIыху хэтыкIэкIэ къэблэжьыжауэ щытын зэрыхуейр.

И къулыкъу нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, Амырхъан цIыхум яхуэщхьэпэн нэгъуэщI лэжьыгъэхэри иригъэкIуэкIащ. И дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм защIигъакъуэрт, псом хуэмыдэу, сабийхэм, жыкIэфэкIэхэм, ныкъуэдыкъуэхэм яхуэгупцIанэт. Сигу ихужыркъым зэгуэрым дызэпсэлъылIэу абы къызжиIэгъар: «ЦIыхум сэбэп ухуэхъуну уи зэфIэкIым къитIасэмэ, сыт ущIыхуэмыхъунур? Сэ зыгуэрым сыдэIэпыкъумэ, гухэхъуэ согъуэт, абы щхьэкIэ фIыщIи щытхъуи сыхуейкъым». Апхуэдэу жызыIэфынур, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэ зиIэфынур, шэч хэмылъу, гушхуэ зыкIуэцIылъ цIыху щыпкъэрщ.

И дуней еплъыкIэм и гугъу пщIымэ, псом япэ игъэщыпхъэщ цIыхур зэхэгъэж зэримыщIыр. Зыщыщ лъэпкъым, и къулеягъым, и диным емылъытауэ, абы фIэлъапIэщ цIыху нэсым и хьэл-щэнхэр зыдэплъагъу дэтхэнэри. Захуагъэр, псэ къабзагъэр зыпищI щыIэкъым, гъэпцIагъэмрэ нэмыукIытагъэмрэ игу техуэркъым. Спортым, псом хуэмыдэу, шыгъажэмрэ футболымрэ фIыуэ елъагъу, тхылъ еджэну фIэфIщ, тхыдэм дехьэх, щIэныгъэм, искусствэм, культурэм я лэжьакIуэхэм, щIым и берычэтыр зыгъэбагъуэ мэкъумэшыщIэхэм пщIэшхуэ яхуещI.



Амырхъан ди республикэм и «Спартак» футбол клубым и президенту зэрыщытам, спорт Iуэхухэр егъэфIэкIуэным, ди футболым и щIыхьыр къэIэтыжыным теухуауэ куэд зэрызэфIигъэкIам псори щыгъуазэщ. Абы имызакъуэу, Къущхьэм и фIыщIэшхуэ хэлъщ ди шууейхэм, бэнакIуэхэм, боксёрхэм илъэс зэхуэмыдэхэм ехъулIэныгъэшхуэхэр къызэрахьам.

ПсалъитI-щы жысIэнут и адэ-анэм ятеухуауэ. Зи нэгур гуапэу зэлъыIуха фызыжь угъурлыт Къентат, хьэблэми жылэми чэнджэщ щхьэпэ зыщагъуэт лIы зэпIэзэрытт ТIутIэ. Адрей Iэджэми ещхьу, я гуащIэ емыблэжу ахэр хэлэжьыхьащ колхозым, гугъуехь куэд ягъэващ зауэ нэужьым. Ауэ, сыт хуэдизу зэманыр мыхьэлъами, я бынхэр – Амырхъанрэ Мариерэ – зыхуей хуагъэзэн, адыгэ хабзэм щIапIыкIын, ирагъэджэн, гъуэгу тэмэм трагъэувэн яхузэфIэкIащ.

«И анэм и гумащIагъэмрэ и адэм и зышыIэмрэ хэлъщ, хузэфIэкIымкIэ хэти дэIэпыкъуну хьэзырщ, зы дыуэщIи къанэркъым ар къэмыкIуэжу. Дыхуэарэзыщ», – апхуэдэ псалъэ гуапэхэр Амырхъан хужаIэ и къуажэгъу аушыджэрдэсхэм.

Езыр къапщтэмэ, и къуажэжьыр зыпищI щыIэкъым. Уи адэ и пщIантIэжь нэхърэ нэхъ хуит, уи анэ и жьэгу пащхьэ нэхърэ нэхъ хуабэ зэрыщымыIэр кууэ зыхещIэ. Арауэ къыщIэкIынщ, къулыкъуш-

хуэ щызэрихьа илъэсхэм, Налшык псэупIэ имыщIу, кIуэ-къэкIуэжу щIэлэжьар, и адэжь щIапIэр щIимыбгынар.

Къуэпсыбэу щIым хэкIа жыгым а щIым и къэуат псор зыщIешэри, нэр пIэпихыу мэгъагъэ, пхъэщхьэмыщхьэ бэви къет. Ауэ жьуджалэр жьым зэрыхуейуэ губгъуэ нэщIым щызэрехьэ. Апхуэдэщ цIыхури. Зи адэжь лъапсэм, зи лъахэм, зи лъэпкъым, зи щIым гу къуэпскIэ епхарщ нэгъуэщIхэр фIыуэ зылъагъуфынур, цIыхум яхуэщхьэпэн Iуэхугъуэшхуэхэр зылэжьыфынур. Сэ Амырхъан изогъэщхь зи гугъу сщIа а жыг къуэпсыбэм.

ГъащIэм сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр къыщымыхъуами – къэрал ухуэкIэмрэ цIыхухэм я зэхущытыкIэхэмрэ зыщахъуэжами, лъапIэныгъэ нэпцIхэр утыкум къыщиужьгъами – Амырхъан и лъым хэлъ гъэсэныгъэм хуэпэжу къызэтенащ. Напэр игъэнэхъапэу, захуагъэм и телъхьэу, дахагъэм игу хузэIухауэ ноби къогъуэгурыкIуэ ар.

«Псым къегъуэтыж езым и жапIэ, нэсыху тенджызым емызэш». Амырхъан хузэфIэкIащ, цIыхугъэр ныпу къыщхьэщыту, езым и кхъухь гъащIэ-тенджызым тригъэхьэну. Ди гуапэщ, жьапщи борэни зэран къыхуэмыхъуу, псэм и хъугъуэфIыгъуэ псомкIи – адыгагъэкIэ, напэкIэ, лIыгъэкIэ, гуапагъэкIэ, гущIэгъукIэ – гъэнщIа а кхъухь телъыджэр, щIэблэм я гъуазэу, иджыри куэдрэ, куэдрэ тенджыз гъунапкъэншэм тетыну.

**МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ,**
*«Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ,*
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ*

## ЗЭИ ДИГЪЭГЪУАЩЭРКЪЫМ

Амырхъан сэ къыщысцIыхуар 1967 гъэрщ: зы факультет дыздыщIэсащ. Абы щыгъуэ тIури армэм дыкъикIыжат. Япэ махуэхэм щыщIэдзауэ гу лъыстащ абы таучэлышхуэ зэрыхэлъым, зэрыжыджэрым. Ди факультетым и профсоюзым и нэхъыжьу хахри, абдеж наIуэ хъуащ щIалэм цIыхугъэ, гущIэгъу зэрыхэлъыр – декан Чым Владимиррэ абырэ зэщIыгъуу псапэ зыпылъ Iуэху зыбжанэ зэфIагъэкIащ – мылъкукIэ ядэIэпыкъуащ унагъуэ хуэмыщIахэм къахэкIа студентхэм. ИужькIэ сэ Ставрополь дэт еджапIэ ищхьэм зезгъэдзри, зэпэIэщIэ дыхъуащ, ауэ ди зэпыщIэныгъэр зэи зэпыудакъым. ФIыуэ сощIэ Амырхъан сыт хуэдэ IэнатIэ Iутами, къехъулIами къемыхъулIами сыщыгъуазэщ. Псалъэм папщIэ ар я жылэм щагъэкIуэжам псом япэу зи ужь ихьар совхозым телъ щIыхуэр пшыныжынырщ. Абы къилъахъэу зыпхуегъэуэжьынутэкъым хозяйствэм. А Iуэхур зэтес ищIри, къуажэдэсыр къалэм щыпсэум емыхъуэпсэн щхьэкIэ, жылэм газ яхудишащ, я уэрам нэхъыщхьэм асфальт трыригъэлъхьащ. Мэкъумэш хозяйствэмкIэ министерствэм и IэтащхьэхъуанэужЬ, куэд игъэхъащ Амырхъан. Псом ящхьэу къыхэзгъэщыну сыхуейт: министр-реформатору щытащ. Апхуэдэ диIакъым нэхъапэм. А зэманым къэралым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм декIуу, и унафэ щIэт цIыхухэм я деж пщIэшхуэ щиIэу, езыри гуапэу абыхэм яхущыту зэрихьащ и къалэныр.

Адыгэм диIэщ мыпхуэдэ хъыбар: зы жылэ гуэрым дэст, жи, пщIэ зиIэ зылI, зы къуэ иIэу. «Зы щIалэ фIэкIа уимыIэу дауэ ухъун?» жаIэу и ныбжьэгъухэр къыщыхуэгузавэм жэуапу яритаращ: «ФIы хъумэ, а зы къуэми срикъунщ, Iей хъумэ зэрыжылэу дрикъунщ». Мы хъыбарыр сигу къыщIэзгъэкIыжыращи, Амырхъан и адэри и анэри зэи иригъэхъуэпсакъым къуэ зыбжанэ зиIэ унагъуэхэм.

Сыт хуэдэ IэнатIэ зэримыхьами, си ныбжьэгъум зэи зрипщытакъым и къарур зыпэмылъэщын, хуземыхьэн Iуэху. Дэнэ щымыIами къигъуэтырт а здэкIуар къызэриIэтын Iэмал. Амырхъан нэхъ хьэлыфI дыдэу хэлъхэм ящыщщ и сабиигъуэми, щеджа зэманми, щылажьэ зэманми къыдэгъуэгурыкIуахэр зэи зэримыгъэгъуащэр: пщIэ яхуищIу, езыми къыхуащIу дунейм тетщ. Сэ Тхьэм солъэIу си ныбжьэгъум и гъащIэр узыншэу, гукъеуэншэу ирихьэкIыну, и унагъуэ дахэм куэдрэ ящхьэщытыну.

**ФИIЭПЩЭ Залымджэрий,**
*фермер, Акъбащ Ипщэ къуажэ*

## УДЭЛЭЖЬЭНУ ТЫНШТ

Амырхъан ди унафэщIу къыщагъэкIуам зэхъуэкIыныгъэшхуэ игъуэтащ ди IэнатIэм. Сэ абы щыгъуэ министерствэм техникэ IуэхумкIэ щыIэ къудамэм сыщылажьэрт. Министру уври, куэд дэмыкIыу

щыхьэт дытехъуащ и акъылкIи, и щIэныгъэкIи а IэнатIэм ар зэрыхуэфащэм. Удэлэжьэну тыншт: зыгуэр къыбгурымыIуэмэ е Iуэху гуэрым иужь уихьэну дзыхь умыщIу абы и деж ущIыхьамэ, зэрыхъунур дахэу къыбгуригъаIуэрти, уигъэгушхуауэ укъыщIигъэкIыжырт. Зи ужь уихьар къохъулIамэ къыпщытхъунут, упэмылъэщамэ е къыпфIэмыIуэхуамэ къошхыдэнут – IэхъуэгъуэтегъэкIыу удэлэжьэнкIэ Iэмал иIэтэкъым, къыпхуидэнутэкъым. Министру щылэжьа лъэхъэнэм абы зэхъуэкIыныгъэфI зыкъом хилъхьащ ди Iуэхум. Къыхэбгъэщ хъунущ Iэщ лъэпкъыфI, жылапхъэфI зэгъэпэщыным къаруушхуэ зэрырихьэлIар. КъимыдэкIэ, техникэм гулъытэ лей хуищIащ. Амырхъан и жэрдэмкIэ механизированнэ-комплекс отрядкIэ зэджэхэр къызэрагъэпэщри, гъавэ сэгъуэми къехьэлIэжыгъуэми ар колхоз-совхозхэм хуабжьу щIэгъэкъуэнышхуэ яхуэхъуащ. Апхуэдэу, жыIапхъэщ ди жылэхэм газ шэным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIигъэкIар. Абы къуажэдэсхэр зэрыщыгуфIыкIам, я гъащIэр тынш зэращищIам хэти щыгъуазэщ.

Си щхьэкIэ си гуапэщ сыт щыгъуи щIэгъэкъуэн пэжу Амырхъан къыдэгъуэгурыкIуэ и щхьэгъусэ Тамарэрэ абырэ узыншэу илъэс куэд иджыри къызэдагъэщIэну, я бынхэм, абыхэм къащIэхъуэжахэм ящыгуфIыкIыу я гъащIэ Iыхьэр ирахьэкIыну.

**АБАЗЭ Владимир,**
*Мэкъумэш хозяйствэмкIэ министерствэм и IэщIагъэлIу щыта*

*Еджагъэшхуэ Хьэмыз Руслан илъэс 70 ирокъу*





## Хьэмыз Руслан: «Дэнэ сыщымыIэми, Къармэхьэблэ сызэрыщыщыр жызоIэ»

Хьэмыз Руслан Хьэжсет и къуэр зи лэжьыгъэхэмкIэ дунейм и щIыпIэ куэдым къыщацIыху еджагъэшхуэщ, химие щIэныгъэхэмкIэ докторщ, профессорщ, Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием (РАН) и член-корреспондентщ, Геохимиемрэ аналитикэ химиемкIэ институтым, Вернадский В. И. и цIэр зезыхьэм, и унафэщIщ, «Радий» щIэныгъэ-производственнэ IуэхущIапIэ» АО-м и унафэщIхэм я советым хэтщ.

Хьэмызыр КъБАССР-м хыхьэ Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыщ Къармэхьэблэ къуажэм 1955 гъэм августым и 3-м къыщалъхуащ. Ар гъунэгъуу зыцIыхухэм жаIэфынущ щIэныгъэлI, къэхутакIуэ нэс зэрыхъунум и нэщэнэхэр дэплъагъуу, гуманитар щIэныгъэм и хъуаскIи хэлъу щысабийми зэрыщытар. ИужькIэ ар наIуэ щыхъуащ и химик-органик IэщIагъэ нэхъыщхьэми, усакIуэ-зэдзэкIакIуэ IэкIуэлъакIуэу зыкъыщигъэлъэгъуа литературэми.

Курыт еджапIэр 1972 гъэм дыщэ медалкIэ, Ломоносов М. В. и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым и химие факультетыр 1977 гъэм диплом плъыжькIэ къиухащ Руслан. Абдежым къыщежьащ ди щхьэр лъагэу дэзыгъэлъагъуж щIэныгъэлI щыпкъэм, зи лъа-

хэри къызыхэкIа лъэпкъри фIыуэ зылъагъу адыгэлI нэсым и гъащIэ гъуэгуанэ бгъуфIэр. ХимиемкIэ зыхэта республикэ, союзпсо зэхьэзэхуэхэм сыт щыгъуи увыпIэфIхэр къыщихьу щытащ абы, иужькIэ зыщIэтIысхьа университетым и ещанэ курсым щегъэжьауэ къэхутэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр иригъэкIуэкIащ, жылагъуэ лэжьыгъэми жыджэру хэтащ, аспирантурэр ехъулIэныгъэкIэ къиухащ, кандидат, доктор диссертацэхэр гъуэзэджэу пхигъэкIащ. РАН-м и IуэхущIапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зы, Геохимиемрэ аналитикэ химиемкIэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэу лэжьэн щIидзэри, абы и унафэщI къулыкъум нэсащ.

Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэ 240-м щIигъу, США-м и закъуэ абы къыщыдигъэкIащ монографиеу 10, а къэралым дунейм къыщытехьа тхылъи 6-р зэхэзыгъэувахэм яхэтщ. Урысей щIэныгъэлIхэм ящыщу Руслан и закъуэщ ирагъэблэгъар 2024 гъэм Кембридж щызэхэта конференцэшхуэм къыщыпсэлъэну. Академие щIэныгъэлIу щыткIэрэ, къигупсысхэр гъащIэм къызэрыщыбгъэсэбэпынур наIуэ къызэрищIыфырщ Хьэмызыр адрей къэхутакIуэхэм къахэзыгъэщхьэхукIыр.

Къыхилъхьа IуэхугъуэщIэхэм папщIэ, и закъуэуи нэгъуэщI щIэныгъэлIхэм я гъусэуи, патент 50 иIэщ, США-м, Европей къэралхэм, Япониемрэ Израилымрэ къыщратахэри яхэту. Зи цIэ къитIуа къэралхэми, нэгъуэщI щIыналъэхэми Руслан щиIэщ и къэхутэныгъэ лабораториехэр. ЮНЕСКО-м «ПсэукIэр къызэзыгъэпэщ Iэмалхэр» и махуэгъэпсыр щагъэхьэзырым Хьэмызыр ирагъэблагъэри, а лэжьыгъэр зэпэщу дунейм къытехьэным абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. И гуащIэм къыпэкIуэу мызэ-мытIэу ягъэлъэпIащ щIэныгъэлIыр – абы дунейпсо, урысей дамыгъэхэр, щIыхь тхылъхэр иIэщ.

Хьэмыз Руслан ящыщщ физическэ химие щIэныгъэмкIэ, пкъыгъуэхэр зэкIэщIэхынымрэ Iуву зехьэнымрэ лъабжьэ яхуэхъу Iуэхугъуэхэр (зыщIэшэнымрэ налъэкIэ зэхъуэжэнымрэ) джынымкIэ, ахэр гъэлэжьэнымкIэ дунейм щынэхъ цIэрыIуэ щIэныгъэлIхэм. Хьэмызым иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэ купщIафIэхэм кърикIуахэм Iэмал къат химие технологием IэмалыщIэхэр къыщызэIуахынымкIэ, псалъэм папщIэ, XXI лIэщIыгъуэм къэув къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зым – щIыуэпсым емыгуауэ икIи хэщIыныгъэ къэзымыт лэжьэкIэр и лъабжьэу зэтеухуауэ, тенджызыпсыр гъэкъэбзэным, псы къабзэрэ цIыхум къигъэсэбэп хъуну нэгъуэщI пкъыгъуэ лъапIэхэмрэ абы къыхэхыным – хуэунэтIа лэжьыгъэхэр зэтеублэнымкIэ. Псыр цIыхухэм къагъэсэбэпыфын хуэдэу зыгъэкъабзэ Iэмэпсымэу Урысеймрэ СНГ-м хыхьэ къэралхэмрэ щылажьэхэм къагъэщхьэпэ Руслан и къигупсыса Iэмалхэр. ЩIэныгъэлIым и къэхутэныгъэхэр, и чэнджэщхэр я тегъэщIапIэу, мы зэманым Хьэрып Эмиратхэм щаухуэ хым и псы шыугъэр, кIэрыху лей хэмыту, зэрызэхах-зэрызэпкърах япэ Iэмэпсымэр, Ставрополь крайм – ткIуэпс зырызурэ псыр къэкIыгъэхэм щыщIагъэхьэкIэ, фейдэшхуэ къэзыт щIыгъэпшэрхэр абы щIыгъуу зэрыхалъхьэ Iэмэпсымэр къыщIэзыгъэкIыну япэ заводыр.

Хьэмызыр илъэс куэдкIэ хэтащ къэралым и аттестационнэ комиссэ нэхъыщхьэм (ВАК) химие технологиемкIэ и къэпщытакIуэ советым. Ар РАН-м и ЩIэныгъэ советым и унафэщIым физическэ химие унэтIыныгъэмкIэ и къуэдзэщ, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием аналитикэ химиемкIэ и ЩIэныгъэ советым хэтщ, РАН-мрэ Ломоносов М. В. и цIэр зезыхьэ МКъУ-мрэ я щIэныгъэ, диссертацэ советхэми щIэныгъэ журнал зыбжанэми я редколлегиехэм ядолажьэ. Абы «Eureka» Европей щIэныгъэ зэгухьэныгъэм и дыщэ медалыр, Урысейм и саугъэт нэхъ лъапIэ дыдэу къалъытэ «ЛIыгъэм и дамыгъэр» къыхуагъэфэщащ.

## ЗэрыжаIэу, лIэужьыр бжьиблкIэ мауэ

ЦIыкIуу къамылъху ин хъуркъым. Сабиигъуэ дахэ, гъэщIэгъуэн иIауэ къелъытэ Руслан. Пасэу щIэныгъэм дихьэхами, тхылъыр фIыуэ илъагъуми, ар джэгункIи ирикъуурт, и ныбжьэгъухэм я гъусэу топ къехуэкIынми хуэхейтэкъым.

Я сабийм далъагъу зэфIэкIым абы и адэ-анэр иригуфIэнрэ иригузэвэнрэ ящIэртэкъым, «вундеркинд» псалъэр абы щыгъуэ къагъэсэбэпыщэртэкъым.



И лъым хэлъу зэчиягъэ куэд Руслан къызэрыдалъхуар шэчыншэщ. Дзэлыкъуэ районым щыщу есэпымкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ япэу зэзыгъэгъуэтахэм языхэзт абы и адэ Хьэжсет. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Руслан илъэситху иримыкъуауэ и адэр дунейм ехыжащ. И анэ Хьэлимэт егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэт. И бынищри – щIалитIымрэ зы хъыджэбзымрэ – зыхуей хуэзэу ипIащ абы, щIэныгъэ нэхъыщхьэ яригъэгъуэтащ, гъащIэм лъэ быдэкIэ хигъэувэн папщIэ хузэфIэкI къигъэнакъым.



Хьэмыз Руслан и адэ Хьэжсет



И анэ Хьэлимэт

Руслан и адэм и адэшхуэр жылэ зэхуэсым зэдэарэзыуэ щыхахри, къуажэ старшинауэ лэжьащ, и анэм и адэшхуэр КъурIэным хуеджауэ дин щIэныгъэлIт, Истамбыл илъэсипщIкIэ щыпсэуауэ, абы щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтауэ щытащ, бзибл уэр-сэру ищIэрт.

## Зыми ещхьтэкъым

– Зы бэлыхь къызэрыхэкIынур къигъэлъагъуэртэкъэ щIалэ цIыкIур мазэ пщыкIуз фIэкIа мыхъуу зэрызекIуам, гущэм хэлъу зэрыпсэлъам. Зэрыпсэлъари дапхуэдэут: лъакъуэкIэ щIимыупскIэу IэкIэ щIиупскIэну унафэ зыхуищIа, хьэщIапIэ къытхуэкIуа ди благъэ цIыхубзыр шэнтым къехуэхыным зымащIэщ иIэжар! АпхуэдизкIэ набдзэгубдзаплъэт, щIэныгъэм хуэнэхъуеиншэти, илъэсих ныбжьым къыщыщIэдзауэ абы щIиджыкIащ унэ библиотекэ иным хэлъ тхылъ куэд. Зыгъэпсэхугъуэ мазэхэм абы щIипщытыкIырт учебникхэр, еджапIэм щIэтIысхьэжмэ зэджэнухэр фIэгъэщIэгъуэнти, – жеIэ и шыпхъу, культурологиемкIэ кандидат, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым и профессор ЩауэцIыкIу (Хьэмыз) Людмилэ. – Руслан си дэлъху нэхъыщIэщ, ауэ ди адэр дунейм ехыжа иужь, анэкъилъху нэхъыжьым и къалэнхэр и пщэ къыдэхуащ, а Iуэху мытыншими фIы дыдэу пэлъэщащ ар. Зы дакъикъи къэмынэу зыгуэрым егупсыс, и щхьэм куэд щызэзыгъэзахуэ цIыхуу зэрыщытыр сщIэми, слъэмыкIыу согъэщIагъуэ си унэтIыныгъэми сэ нэхърэ мынэхъ мащIэу зэрыхищIыкIыр. Шэч лъэпкъ къытезмыхьэу схужыIэнущ: хузэфIэкIар зэрыщыту, адыгэхэм нэхъыфIу яхэлъ хабзэхэр зы къэмынэу зэрызыщIишари, и адыгэбзэ къулейри абы щIыгъужу, емызэшу зэрылэжьаращ къызыпкърыкIар. Абы и гъащIэри, и ехъулIэныгъэхэри и закъуэкъым зейр, зэрылъэпкъыу зэдайщи, абыхэм иригушхуэ хъунущ дунейм и сыт хуэдэ щIыналъи щыпсэу адыгэхэр.



**И шыпхъу Людмилэ и гъусэу.** *1957*

## ЩIэнытъэм и къигъэхъуапIэр

ЦIыху къэс и гъащIэ гъуэгуанэм щыIуощIэ гъуэгугъэлъагъуэ, и зэфIэкIкIэ, дуней тетыкIэкIэ щапхъэ хуэхъу, икIэм-икIэжым щIэныгъэм гу хуезыгъэщI цIыху губзыгъэ гуэрым. Апхуэдэ унэтIакIуэ ирихьэлIам и насып къикIауэ къысщохъу сэ, и гум илъым IэкIэ теIэбэным щхьэусыгъуэ дахэ хуэхъун игъуэтащи. ЩIэныгъэм дезыгъэхьэхахэм я гугъу ищIыныр жыжьэу къыщыщIедзэ Руслан.

– Къармэхьэблэ дэт школым лэжьыгъэр фIыуэ плъагъуу, умыщхьэхыу уигъасэрт, абы къыщекIуэкI зэхущытыкIэ хуабэм хуэдэ нэгъуэщI зыщIыпIи щыбгъуэтынутэкъым. «Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр хуэфащэ дыдэу зезыхьэ Къамбий Мухьэб абы и унафэщIти, езым ещхьу гумызагъэрэ зыпэрыт Iуэхур къызэхъулIэ защIэт гуп зэхуишэсари. Зы махуэ къэмынэ жыхуаIэм хуэдэу ди дерсхэм щIэст районым ит школхэм щылажьэхэр, уеблэмэ зэгуэрым Владивосток къикIа хьэщIэ диIауэ зэрыщытар сощIэж.

ХимиемкIэ ди егъэджакIуэ щIалэ Бышэн Зэмахъшир хуэдэу зи Iуэхум хуэнэхъуеиншэ къэгъуэтыгъуейт. И зэфIэкI псори ди къэухьым зэрызригъэужьыным ирихьэлIэрт абы. ЩIымахуэм я нэхъ щIыIэм пщэдджыжьыр сыхьэти 6-7-хэм деж ар школым щыIэт, фIыуэ еджэхэм лейуэ ядэлэжьэн щхьэкIэ къакIуэурэ. Абы и гуп къыхэхам ухэхуэныр пщIэшхуэт, узэрымыеджакIуэ къызэрыгуэкIым и щыхьэтт ар. Апхуэдэ гулъытэ зыгъуэтахэм сащыщти, сыщыгуфIыкIыу жыIуэу еджапIэм секIуалIэрт. А зэманым олимпиадэ, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд къэралым иригъэкIуэкIырт, курыт еджапIэхэр абыхэм хэтт. Дэри абыхэм дыкIуэрт, химиемкIэ район зэхьэзэхуэхэм зэпымыууэ дыщытекIуэрт, республикэ теуэгъуэхэри зэзэмызэ къэтхырт. ИужькIэ есэпымкIи (ди егъэджакIуэр Мырзэкъан Iэубэчырт) увыпIэфIхэр дубыд хъуащ. Сэракъым япэу къэралпсо утыкум химиемкIэ ихьауэ щытар, ди гуапэ зэрыхъунщи, нэхъ пасэуи апхуэдэхэр щыIат. ХимиемкIэ союзпсо олимпиадэм япэу текIуэныгъэ къыщыщысхьам щыгъуэ, МГУ-м къикIыу сызэрырагъэблагъэ тхылъ къысхуэкIуауэ щытащ. Сызыхуеиххэр арати, сыгуфIэжу сыщIэтIысхьащ.

## ЛIыгъэм и дамыгъэр

МащIэ зыхузэфIэкIми куэд зи къару дэхуэми и къалэн игъэзащIэу дунейм зэрытетыр хьэкъщ. Ауэ куэдым я къэухьыр здынэмыса Iуэхум пэлъэщ цIыхум пщIэ хэха хубощI, уи лъэпкъым къыхэкIамэ, уи щхьэр лъагэу болъагъуж, абы «сыадыгэщ» зэрыжиIэ къудейм уегъэин. Апхуэдэ адыгэлI щыпкъэщ, цIыху гуащIафIэщ, акъыл жан зиIэ щIэныгъэлI телъыджэщ, нэхъыщхьэращи, ЦIыхущ Хьэмыз Руслан. И зэфIэкIыр къызэралъытахэм ящыщ зыщ къэралым «ЛIыгъэм и дамыгъэ» и саугъэт нэхъ лъапIэ дыдэр нэгъабэ къызэрыхуагъэфэщар. Гухэхъуэщ щIэныгъэрылажьэм и Iуэхур апхуэдэкIэ ялъытэныр. Езым дауэ къыщыхъуауэ пIэрэ ар?



3 Заказ №2225

– ПцӀы хэлъкъым сызэрыщыгуфӀыкӀам, Кремлым зэӀущӀэшхуэхэр щекӀуэкӀ и уардэунэм щызэхаша пшыхьри гукъинэжт. А дамыгъэр къыпхуагъэфэщэныр зэрыгуапэм къыдэкӀуэу, икӀи жэуаплыныгъэшхуэ уи пщэ къыдэзылъхьэщи, Тхьэм дыпигъэлъэщ, – жеӀэ Руслан.

## ЗэфӀэхын хуейри зэлэжьри куэдщ

ЩӀэныгъэлӀхэр Ӏуэхуншэу зы махуэ дэнэ къэгъэна, зы сыхьэти щыскъым, зыщагъэпсэхум дежи зыгуэрым йогупсыс. Дызэрыт лӀэщӀыгъуэм ехьэлӀауэ къахощхьэхукӀ нэхъыщхьэ дыдэхэр, икӀэщӀыпӀэкӀэ зэлэжьын, Ӏэпэдэгъэлэл пщӀынкӀэ Ӏэмал зимыӀэ, иджыпстукӀэ гуныкъуэгъуэ абыхэм нэхъ къезыт Ӏуэхухэр. Абыхэм къытхутепсэлъыхьыну дыщелъэӀукӀэ Руслан къыджеӀэ:

– Тыншкъым абы и гугъу пщӀыну, зы Ӏуэху-ӀуэхуитӀуи щыткъым ахэр. Ящыщ зым и гугъу фхуэсщӀынщ. ЦӀыхухэр зэфэ псыр нэхъ мащӀэ зэрыхъум къыхэкӀыу, абы ехьэлӀа лэжьыгъэшхуэ зэфӀэдмыхыу хъунукъым. Сыт хуэдэ псы лӀэужьыгъуи къащти, «водные растворы» жызмыӀэу псы зэхэлъ жысӀэнщи, цӀыхум ириф хъууэ пщӀын щхьэкӀэ абы хэлъхэр къыхэгъэкӀын, гъэкъэбзэн хуейщ. А хэлъыр лъапӀэ пщӀын папщӀэ абы хэткӀухьа шыгъу зэхэзэрыхьахэр зэхэхыпхъэщ. Ахэр псори щӀэныгъэ, Ӏэмал хуейщи, мис ахэращ иджыпсту зи ужь нэхъыбэу ситыр. Къэбгъэкъуалъэрэ, псыр бахъэ пщӀымэ, псыр сыт хуэдэ лӀэужьыгъуэу щымытами, бахъэр псы къабзэ мэхъу. «ЮНЕСКО»-м къыдигъэкӀащ тхылъ тӀощӀ, дызыхэт зэманым нэхъ дызыхуейхэм ятеухуауэ. Абыхэм ящыщ зы тхылъыр дызэфэ псыр гъуэтыгъуей зэрыхъунум теухуащ, лэжьыгъэм и зы Ӏыхьэщ «Кризис питьевой воды» си тхыгъэри. Куэд дэмыкӀыу, зы илъэс 20 – 30 хуэдэкӀэ, машинэхэр зэрызекӀуэ гъэсыныпхъэхэм нэхърэ псыр нэхъ лъапӀэ хъункӀэ хъунущ, – жеӀэ Руслан.

Фейдэшхуэ къэзыт щӀыгъэпшэрхэр къыщӀэгъэкӀынми йолэжь Руслан сымэ. «Псы зыщӀагъаткӀуэ жыг дэжей цӀыкӀухэр, «интенсивнэкӀэ» зэджэхэр, куэд хъуа иужьщ абыхэм яхуэкӀуэ щӀыгъэпшэрыфӀ къэдгупсысыну дигу къыщыкӀар. Псым псынщӀэу хэткӀухь щыгъэпшэрыр и фӀагъкӀэ къыщхьэщокӀщӀым халъхьэхэм – тхьэмпэмкӀэ, лъабжьэмкӀэ къэкӀыгъэм Ӏэрыхьэм пхъэщхьэмыщхьэу, хадэхэкӀыу къатыр нэхъыфӀ, нэхъыбэ ещӀ. Ауэ а химикатыр къабзащэу щытыпхъэщ, ткӀуэпс зырызурэ ткӀуаткӀуэр «зыбж» ӀэмэпсымэмВ и форсункэхэр имыкудэн хуэдэу. Аращ фосфор кислотам хэлъхэр къыхэдгъэкъэбзыкӀыу зыщӀедгъэсар», – къыхегъэщ Хьэмызым.

Руслан зи унафэщӀ институтыр, зэрыгурыӀуэгъуэщи, Ӏуэхушхуэхэм йолэжь, я нэхъыбэри къэхутэныгъэщ, анализщ. Абыхэм ящыщ гуэрхэр Кавказ Ищхъэрэм щрагъэкӀуэкӀыну я мурадщ. Псалъэм и хьэтыркӀэ, Дагъыстэным литий къыщыщӀахынущ, гуэл шыугъэхэм а пкъыгъуэр къыхахынущ. А Ӏуэхур зэрызэфӀахыну Ӏэмэпсымэхэр «Телемеханика» заводым и зы Ӏыхьэм щагъэхьэзырынущ, адрей и ныкъуэм батарей зэмылӀэужьыгъуэхэр щызэпкъралъхьэнущ.

– Ӏэпэ псынщӀэ зиӀэ бзылъхугъэ куэд дыхуеинущ а Ӏуэхум папщӀэ, – жеӀэ Руслан. – Нэхъ мащӀэрамэ, а ӀуэхущӀапӀэм цӀыху зы мин щылэжьэнущ. Къэралым къемэщӀэкӀ литийм хуэдэ дыдэщ бжьэхуцым и Ӏуэхури – аращ абыхэм яужь димыхьэныр щӀэӀэмалыншэр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди щӀыналъэм къыщыкӀыркъым бжьэхуцыр. Къуэн Мухьэмэд зи унафэщӀ «Радий» ӀуэхущӀапӀэ цӀэрыӀуэм и гъусэу дэ къэдгупсысащ субстратыщӀэ. Ар щӀыгулъ фӀыцӀэм теппхъа иужь, бжьэхуцыр абы фӀы дыдэу къыщокӀ. КъэдгъэкӀащ куэду, абы Ӏугъуэ зымыщӀ гын къыхэтщӀыкӀащ, ар ткӀуаткӀуэу Налшык къэтшауэ КъБКъУ-м иджы гын зэкӀэрыщэщ щагъэхьэзыр. Мис а Ӏугъуэншэ гыныр щытщӀкӀэ лей къэхъу кӀэрыхубжьэрыхум дыщелэжьыну аращ «Телемеханика» заводым. Бжьэхуцыр зэрыдимащӀэм и зэранкӀэ, Ӏугъуэ езымыгъэщӀ гыныр тхурикъуркъыми, ар къыщытхуэгъэкӀыну зы щӀыпӀи, зы Ӏэмали зыӀэщӀэдгъэкӀ хъунукъым. Къыхэзгъэщынщи, Украинэм щекӀуэкӀ дзэ Ӏуэху хэхам хэтхэм ди топхэр мэзхэм щыщагъэпщкӀу щхьэкӀэ, здэщыӀэр бийхэм къащӀэ къапих ӀугъуэмкӀэ.

ЗэзыгъакӀуэр имысу къэзылъэтыхь Ӏэмэпсымэхэм ехьэлӀа зы Ӏуэхуи щызэрахуэ Налшык. Ахэр къэплъагъун-къэпхутэныр нэхъ гугъу хъун щхьэкӀэ, РЭП (радиоэлектронное подавление) жыхуэтӀэр нэхъ мащӀэу фӀэкӀа мылажьэу ящӀащ. Сэ абыкӀэ сыӀэщӀагъэлӀкъым, ауэ сызэрыщыгъуазэмкӀэ, Къуэным къызэрыхигъэщымкӀэ, ахэр хьэзырщ, ягъэунэхунуи хунэсакӀэщ.



Налшык щедгъэкӀуэкӀ дэтхэнэ зы Ӏуэхуми мыхьэнэшхуэ щегъэзащӀэ КъБКъУ-м. Абы и ректор Алътуд Юрэ и фӀыгъэкӀэ еджапӀэ нэхъыщхьэр долажьэ «Радий»-м. Аспирантурэр къэзуха иужь, илъэс иримыкъукӀэ сыщылэжьауэ щыта ди университетыр къыпхуэмыщӀыхужыну ефӀэкӀуащ. Абы и лабораториер лъэщщ, дэри ӀэмэпсымэлъапӀэ куэд къыздэтшащ. Нэхъыщхьэр дэ тхузэфӀэкӀыу Налшык къетшэлӀар абы щылажьэ щӀалэгъуалэ губзыгъэхэм, зи Ӏуэхум фӀыуэ хэзыщӀыкӀхэм зэраӀэрыхьар аращ. Хьэшыр Светланэ зи унафэщӀ ӀэнатӀэм («Центр прогрессивных материалов и аддитивных технологий») зэрыхъукӀэ сылъогъуазэри, сыщогуфӀыкӀ нобэрей зэманым къезэгъ ӀэмэпсымэхэмкӀэ, щӀэныгъэфӀ зыбгъэдэлъ щӀалэгъуалэкӀэ ар зэрыкъулейм.

Мазэм и зэхэлъыкӀэ-зэхэтыкӀэми ехьэлӀа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэри ирегъэкӀуэкӀ Руслан. Абы ехьэлӀауэ мыращ абы жиӀэр:

– Ар Ӏуэху гъэщӀэгъуэнщ. Дыгъэм и системэм нэхъ мыхьэнэшхуэ дыдэ щызиӀэр мазэращ. Сыт ар апхуэдэу щӀыщытыр? Абы гелий-3 элемент хьэлэмэтыр хэтщ. Сыт ар зищӀысыр? Дыгъэр къэзыгъэплъыр дейтерий, тритий пкъыгъуэхэращ, ахэр щызэбгъэдыхьэм деж нейтрон къыхокӀ. ЦӀыхур зыхуэукӀыну а нейтронращ термоядернэ бомбэми термоядернэ реакторми (япэр къагупсысагъэхэщ, етӀуанэм хуэдэ иджыри ящӀакъым) хэтыр. Иджы а тритийм и пӀэкӀэ мы дуней псом сыт хуэдэ ӀуэхукӀи къыщыпхуэгъэсэбэпыну гелий-3-р хыхьэмэ, протонщ къыдитыр. А протоныр узыхуеймкӀэ пхуэгъэшынущ, нейтроным ещхькъым. Ар щӀэзджым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр аращ.

## Къэухь IэрыщIым теухуауэ

Иджыпсту къежьэ технологиещIэмрэ цIыхум и гупсысэмрэ зэкIуа зэрыхъунум, къэухь IэрыщIым цIыхур тригъэкIуэтынкIэ шынагъуэ щыIэ-щымыIэм куэд иризодауэ. Абы ехьэлIауэ и гупсысэр къищIэмэ фIэфIу, тележурналистыр еупщIат Руслан.

– ЦIыхур хуэмыхьэзырынкIэ хъунущ а Iуэхум. ЯщIынущ робот куэд, абыхэм ебгъэщIахэр зэрагъэзахуэурэ лэжьэнущ. Робот куэд къежьэмэ, цIыхум и лэжьыгъэр нэхъ пуд хъункIэ хъунущ. Ауэ роботхэм щыуагъэ яIэщIэкIын щIадзэмэ, зэбгъэзэхуэжынри Iуэху тыншкъым, – къитат жэуап щIэныгъэлIым.

## Зэрыгушхуэм и гугъу кIэщIу...

И унагъуэр щIыгъуу Москва щыпсэуми, дуней псор къызэхикIухьами, Руслан къызыхэкIа адыгэ лъэпкъым и блэкIам, и нобэм, и хабзэм, и лъахэм, и щIыуэпсым пщIэ хуэзыщI адыгэ щIалэщ.

– Дэнэ сыщымыIэми, сыт хуэдэ Iуэху сымылэжьми, сыт щыгъуи си гум илъщ сыкъыщалъхуа щIыналъэр, сыкъызыхэкIа лъэпкъыр, си анэдэлъхубзэр. Хэт дэнэ къыщызэупщIми, Къармэхьэблэ сызэрыщыщыр щыжызоIэ, иджыпсту къызэупщIIами сригушхуэу аращ жысIэнур, – къыхегъэщ Руслан.



## Адыгэ литературэмрэ анэдэлъхубзэмрэ

Иужьрей зэманхэм Руслан дахьэхащ лъэпкъ щэнхабзэм и Iуэхугъуэхэм, зэрыцIыкIу лъандэрэ фIэгъэщIэгъуэн адыгэбзэм и щэхухэм, псом хуэмыдэу зыпищI щыIэкъым адыгэ литературэмрэ и анэдэлъхубзэмрэ. Арауи къыщIэкIынщ, филологие щIэныгъэ имыIэми, зэдзэкIын Iуэхум зыщIритар.

И лэжьыгъэ нэхъыщхьэм зыкIи зэран хуимыгъэхъуу, абы адыгэбзэм къригъэтIэсащ Хэку зауэшхуэм и зэманым яуса урыс уэрэд цIэрыIуэхэм ящыщ зыбжанэ («Катюша», «Синий платочек», «В землянке», «Лизавета», «Вот кто–то с горочки спустился», «Враги сожгли родную хату», «В лесу прифронтовом», «Эх, дороги» жыхуиIэхэр), Пушкин Александр усэу гъэпса и «Евгений Онегин» романыр, Лермонтов Михаил и «Беглец» («КIуэсэжа») поэмэр. А лэжьыгъэхэр бзэр фIыуэ зыщIэхэм къалъытащ лъэпкъ щэнхабзэм и хэлъхьэныгъэшхуэу. Псалъэм и хьэтыркIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ Мыкъуэжь Анатолэ мыращ жиIэр Пушкин Александр и «Евгений Онегин» тхыгъэ цIэрыIуэр Руслан адыгэбзэм къызэрыригъэзэгъам теухуауэ: «Усэу тха романыр зэдзэкIыныр къызэрымыкIуэу гугъуехьышхуэ зыпылъ лэжьыгъэщ. Хьэмызым мы и лэжьыгъэм арэзы узытемыхъуэ сатыр гуэрхэм ущрихьэлIэми, нэхъыщхьэр аракъым. Нэхъыщхьэр – а тхыгъэшхуэр зэдзэкIыным адыгэ щIалэм зэрызрипщытарщ, анэ быдзы-

шэм щIыгъуу и лъым къыхыхьа и анэдэлъхубзэмкIэ ар къигъэпсэлъэну зэрытегушхуарщ. Адыгэбзэм и беягъэм иджыри зэ щыхьэт техъуэмы зэдзэкIыгъэр адыгэ лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэ нэс зэрыхуэхъуами шэч хэлъкъым. Ар филологие щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ дэтхэнэми, уеблэмэ нэхъ усакIуэшхуэ дыдэми, хузэфIэмыкIын Iуэхущ.

«Онегинская строфакIэ» зэджэр Пушкиным и романым къыхуигупсыса фащэщ. А жыпхъэм зы мэскъалкIэ имыкIыу, Руслан къехъулIащ романыр зэридзэкIыну. ИгъащIэкIэ адыгэбзэкIэ пхужымыIэну къыпщыхъу гупсысэхэр ди анэдэлъхубзэкIэ ятхам хуэдэу къигъэпсэлъэн, сатырхэм нэрымылъагъуу яхэлъ гурыщIэхэр ди деж къихьэсын абы хузэфIэкIащ».



**Хьэмыз Русланрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Мыкъуэжь Анатолэрэ.** *2025*

Езы Руслан зэрыжиIэмкIэ, Пушкиным и IэдакъэщIэкIыр щызэридзэкIым, адыгэбзэ зымыщIэхэм къахуеджэрт икIи занщIэу къацIыхурт тхыгъэр.

– Зэры-«Евгений Онегин»-р зыгуэркIэ къамыщIамэ, а Iыхьэр мыхъуауэ къэслъытэрти, зэфIэстхъыжырт, – жеIэ Руслан. – Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а тхыгъэ цIэрыIуэр зэрытха строфам укъытемыкIамэщ зэдзэкIыгъэр Пушкиным и макъкIэ щыIунур. Адыгэбзэм къибгъэзэгъэныр нэхъ гугъу зыщIыр ударенэр иужьрей пычыгъуэм щытехуэ псалъэхэр зэрытфIэкIуэдарщ. Апхуэдэу диIэм я нэхъыбэр глаголщ. ИтIанэ куэдым къызжаIэ урысыбзэкIэ тхар адыгэбзэм нэхърэ зэрынэхъ тыншыр. Ар гъэщIэгъуэнкъым: сэ сылъыхъуащ жьы хъуа псалъэхэм, жыпхъэм къизгъэзэгъэн папщIэ. Лермонтов Михаил и «Беглец» сэ «КIуэсэжа» зыфIэсщам и адыгэбзэр нэхъ гугъужщ, сэ къызэрысщыхъумкIэ, еджахэми къызэралъытэмкIэ. Иджыри зым гу лъывэзгъэтэнут: Iуэху щхьэхуэ гуэрым теухуауэ лъэпкъым щIэныгъэ нэхъыбэ бгъэдэлъмэ, псалъэм и хьэтыркIэ, шы гъэхъуным, хабзэм, нэгъуэщI-къинэмыщIым, зэдзэкIыгъэр ар къызытращIыкIым къыщхьэщыкIынущ.

АдыгэбзэкIэ дунейм къытехьа «Евгений Онегин» тхылъыр Руслан иригъэщакъым, библиотекэхэмрэ абы хуей и ныбжьэгъухэмрэ

яритмэ нэхъыфIу къилъытащ. И щхьэм илъ, и гум щигъафIэ фIыхэм, хъуэпсапIэхэм ящыщщ ди щIалэгъуалэм усыгъэм и теориер егъэджын хуейуэ къызэрилъытэр, Лермонтовым и тхыгъэхэу Кавказым и гугъу щыщIа адрейхэри зэридзэкIыну зэрыхуейр.

## Урыс уэрэд цIэрыIуэхэм ятеухуауэ

Тхыгъэ купщIафIэхэр адыгэбзэм къригъэзэгъэн лэжьыгъэ мытыншыр къызыпкърыкIар Руслан бзэр кууэ зэрищIэм и закъуэкъым. Макъамэм къыщыщIэдзауэ диным нэсыжу, тхыдэмрэ философиемрэ щегъэжьауэ политологием щыщIэкIыжу абы зыхимыщIыкI къэгъуэтыгъуейщ. Зэрыхуейм хуэдизрэ къыздэмыкIуэжыф и Хэку цIыкIум хуиIэ лъагъуныгъэр къапкърокI и къуэпсхэм, и псэм хэлъми химыхыну и бзэм. Пэжщ, иужь илъэсхэм адыгэбзэм гулъытэ хэха хуещI Руслан, сыту жыпIэмэ нэгъуэщI къэралыбзэхэр фIыуэ пщIэуэ ууейм зыгуэрурэ урипсэлъэн къудейр емыкIуу къелъытэ. Руслан егъэгузавэ щIалэгъуалэм къыщалъхуа я щIыналъэм хуаIэ лъагъуныгъэр, бзэр зэраIэщIэхум, зи бзэр зыIурылъыр адрейхэм зэрефIэкIыр къыгурыIуэн хуейуи къелъытэ.

ИщхьэкIэ къызэрыщыхэдгъэщащи, Руслан и зэдзэкIыгъэхэр зэман-зэманкIэрэ «Iуащхьэмахуэ» журналым къытеддзащ. Абыхэм ящыщ урыс уэрэд цIэрыIуэхэм ехьэлIауэ мыращ Руслан жиIэр.

– Ахэр ди къэралым и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыпIэхэми щыцIэрыIуэщ. Нэмыцэ фашизмэм кIэ езыта Совет къэралыгъуэм щыпсэуахэмрэ абыхэм я щIэблэхэмрэ я гъащIэм къыпхухэмыхыну хэтщ ахэр. Тхыдэм нэхъ гущIэгъуншэ дыдэу къыхэщыж а зауаем и фэбжь зылъэмыIэса зы унагъуи щыIэу къыщIэкIынкъым: хэт и адэр, хэти и адэшхуэр е и Iыхьлы хэкIуэдащ лъыпсрэ нэпскIэ гъэнщIауэ щыта а мафIэ лыгъэм. Пхужымыlэн хуэдизщ Хэку зауэшхуэм насыпыншагъэу къихьамрэ ди ТекIуэныгъэм къыдэкIуа насыпымрэ я инагъыр. Аращ зи гугъу тщIы уэрэдхэм я пщIэр ноби щIэлъагэр. Ахэр, уэрэджыIакIуэхэм нэмыщI, цIыху псоми псэкIэ къызэдащтащ, зэуапIэ IэнатIэхэм и мызакъуэу, къэралым и дэнэ щIыпIи щыжаIэу къекIуэкIащ, иджырей щIэблэхэми яфIэфIу ягъэзащIэ. А уэрэдхэр зэхуэдэкъым: гъыбзэм ещхьи, лъагъуныгъэм теухуаи, гушыIэ уэрэди яхэтщ. Ауэ а псори зэзышалIэ, зэзыпх щыIэщ. Ар пцIы, фэрыщIыгъэ зэрахэмытырщ, гумащIагъэрэ фIэщхъуныгъэкIэ ахэр зэрыгъэнщIарщ.

Апхуэдиз пщIэ зиIэ уэрэдхэр нэгъуэщIыбзэкIэ зэридзэкIын хуей хъумэ, усэ зэдзэкIыным е филологием фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIри зэрыпIейтеинум шэч хэлъкъым. «Сыт-тIэ уэ а «мыл цIэнтхъуэрыгъуэм» ущIытелъэдар?» – жиIэу зыгуэр къызэупщIмэ, си жэуапыр мыпхуэдэщ: сэ апхуэдизкIэ сыпэжыжьэщ а IэщIагъэхэми, япэхункIэ сщIэххакъым зи ужь сихьа Iуэхум и кууагъыр, абы бэлы-

хьу пыщIар зыхуэдизыр. Псори къыщежьар ди зэдауэрщ: Москва дэс адыгэ зэныбжьэгъухэр, зэлэжьэгъухэр дызэхуэза нэужь, Iуэхугъуэ куэдым я щхьэфэ дыщиIэби, зыгуэрхэм щхьэкIэ дыщызэдауи къохъу. Апхуэдэ Iуэхухэм, нэхъ дызыгъэпIейтей дыдэхэм ящыщщ ди анэдэлъхубзэр дызэрыхуейм хуэдэу къызэрыдмыгъэсэбэпыр, ди щIалэгъуалэм ар хуэм-хуэмурэ IэщIыб ящIынкIэ зэрыхъунур. Ди бзэр къулейсыз тфIэмыхъуу пIэрэ, тфIэмыкIуэду пIэрэ, сыт нобэ къэдгъэсэбэп адыгэбзэм и къарур? Ди зэдауэм мыпхуэдэ гупсысэм дыхуишащ: тхыгъэ гугъухэр, псалъэм папщIэ, усэ купщIафIэхэр адыгэбзэм къыдгъэтIэсэныр тхузэфIэкIыну, абы щыгъуэми, я щIагъщIэлъ гупсысэхэр, мытхауэ япкърылъ гурыщIэр, псантхуэр дымыгъэкIуэду? Сэ сщIэркъым зи ужь сихьа Iуэхур къызэрызэхъулIар, абы уасэ хуэзыщIыфынур тхыгъэхэм еджэхэрщ, ауэ егъэлеяуэ сыгуфIэнт, зызэспщыта уэрэдхэр, зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми, къызэхъулIатэмэ. Абы щыгъуэ мы си зэдзэкIыгъэхэр куэдым яхуэщхьэпэнт: урысыбзэр дахэдахэу зымыщIэ ди нэхъыжьхэми, нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщалъхуа ди лъэпкъэгъухэми а уэрэд цIэрыIуэхэр я анэдэлъхубзэкIэ зэхахынт.

## ЩIэныгъэлIым хуэгъэза псалъэхэм ящыщ



ЦIыхум и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ ехьэлIауэ сыт хуэдиз жыпIэми, абыхэм щIэщыгъуагъ халъхьэ, куэд зыщымыгъуазэ гуэрхэр къыпхуаIуатэ и Iыхьлыхэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ, и лэжьэгъухэмрэ и гуащIэм дихьэххэмрэ я псалъэм. Аращ Руслан хуэгъэзауэ сэ зэхэсхахэр лъэныкъуэ щIысхуемыгъэзыр.

**Дзэмыхь Къасболэт,** *тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и къэрал институтым и унафэщI, Руслан и анэ шыпхъум и къуэ:*

– Руслан сэрэ дыкъыщыхъуар Налшык пэмыгъунэгъу къуажэ пхыдзащ – Къармэхьэблэщ. ДыкъыщыдэкIуэтей зэманым щыIа жылагъуэр, псэукIэр зэрыщыту нэгъуэщIт. Дэтхэнэ зы къуажэ школми щылажьэхэр зи IэщIагъэм къыхуигъэщIа егъэджакIуэхэт, я гъэсэнхэм щIэныгъэшхуэ бгъэдалъхьэну хуейуэ икIи ар яхузэфIэкIыу. Ди школри абыхэм ящыщ зыт. Ди егъэджакIуэ нэхъыжьхэм яхэтт Хэку зауэшхуэм ипэ лъандэрэ къуажэр псэупIэ зыхуэхъуа урыс егъэджакIуэхэри. Къапщтэмэ, си адэ-анэри, Руслан и адэ-анэри, ди къуэш-шыпхъу зыбжанэм яйхэри щылэжьащ школым.

Зэгъусэу еджапIэм дыкъыщикIыжкIэ, Русланхэ я унэм япэ дыхуэзэрти, абы сыдыхьэрт. КъахуэкIуэ газет, журнал цIэрыIуэхэм я напэкIуэцIхэр зэригъэдзэкIыурэ, «Мы школыр къэзухыху псори къахутэнурэ зыри къысхуэнэнукъым», – жиIэу зэрыщытар сощIэж. И япэ ехъулIэныгъэшхуэт 9-нэ классым щIэсу Башкирием и Уфа къалэм щекIуэкIа союзпсо олимпиадэм япэ увыпIэр къызэрыщихьар.



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщI Дзэмыхь Къасболэт, Хьэмыз Руслан, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор БакIуу Хъанджэрий, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм и унафэщI Тэтрокъуэ Астемыр сымэ.** *2025*



Лэжьыгъэм цIыхур зэрипсыхьыр ищIэ къудейкъым Руслан, абы езым щIэныгъэ и лъэныкъуэкIи Iэпкълъэпкъ къарукIи гугъу зыхуогъэхь, аращ и зэфIэкIым и хэкIыпIэри. Псалъэм папщIэ, МКъУ-м щыщеджи иужькIэ аспирантурэм щыщIэси зы гъэмахуэ къанэртэкъым ар къэкIуэжу мэкъу емыуэу.

Руслан Геохимиемрэ аналитикэ химиемкIэ институтым и унафэщIу щыхахынум зыкIи зэрыхуэмейр, и узыншагъэр абы хилъхьэнкIэ зэрыхъунур жесIат. Ауэ пщIэшхуэ зиIэ академикхэр къызэрелъэIум къыхэкIыу, ахэр Руслан хуэгъэщIэхъуакъыми, и къарур пэлъэщу, узыншагъэ иIэу куэдрэ лэжьэну си гуапэщ. ЦIыху зэпIэзэрытщ си къуэшыр, дуней псом къыщацIыхуа ди лъэпкъэгъу адрейхэми хуэдэу, и зэфIэкIым дрогушхуэ, Тхьэм хущIигъэхьэ.

И зэдзэкIыгъэхэм зыубгъуауэ сытепсэлъэхьынкъым, ауэ къыхэзгъэщынци, Пушкиным и «Евгений Онегин»-р, Хэку зауэшхуэм и зэманым яуса урыс уэрэд цIэрыIуэхэр Руслан зэридзэкIауэ ди анэм и пащхьэм щислъхьам, адыгэбзэр апхуэдэу фIыуэ зэрищIэм езым и фIыщIи хилъэгъуащ, арат ар пэщIэдзэ классхэм щезыгъэджари.

**Бей Iэуес,** *Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым ЩIэныгъэ къэхутэныгъэхэмрэ инновационнэ лэжьыгъэмкIэ и управленэм (УНИИД) и профессор:*

– Сэ нэгъуэщI школ сыкъикIыжа иужь, Русланрэ сэрэ илъэсихкIэ зы партэм дыдэсу дызэдеджащ. Ди анэхэр зэныбжьэгъут. ФIы дыдэу еджэрт Руслан, ар физикэ, химие ирехъу, литературэуи щрет. А щIэныгъэхэм я дэтхэнэ зымкIи ар доктор хъуфынут. И IэщIагъэ нэхъыщхьэмкIэ Нобель и саугъэтыр хуэбгъэфащэ щIэхъун къэхутэныгъэхэр, зэфIэкIрэ щIэныгъэрэ иIэщ Руслан. Жэщ-махуэ симыIэу сопсалъэ си ныбжьэгъум и деж, си чэнджэщэгъуфIщ, зыгуэркIэ сыкъытехьэлъэуи игъащIэм зыкъызигъэщIакъым. Аспирантурэм дыщыщIэсым, Руслан Москва, сэ – Налшык дыщеджэрт, щIэхщIэхыурэ ди къэралым и къалащхьэм сыкIуэн хуей хъурт. Пэш зэв цIыкIум щIэс пэтрэ, зэпымыууэ сыкъыщыувыIэр абы и дежт.

**Хъурей Арсен,** *КъБКъУ-м и проректор:*

– Руслан и зэдзэкIыгъэ тхыгъэхэр гъэщIэгъуэнщ, и къэхутэныгъэхэр дунейм къыщымыхъуа телъыджэ гуэрщ. Абы хузэфIэкIа куэдыр мащIэу къытщызыгъэхъуну Iэджэ иджыри и къарумрэ и щIэныгъэмрэ къыихьыну дыщогугъ.

**ИСТЭПАН Залинэ**

# Хьэмыз Руслан и зэфIэкIхэр: «Евгений Онегин»-р зэрызэридзэкIам теухуауэ

Дунейр дахагъэм зэтриIыгъэну, абы къихъумэну апхуэдэ Iуэху еплъыкIэ щыIэщ. Мыбдежым, дауикI, щынэхъыщхьэр нэм къыIуидзэ дахагъэр аракъым, атIэ псэм и дахагъымрэ и къулеягъымрэщ. Гурэ псэкIэ къагъэщI дахагъэхэрщ зи пIалъэр имыкIыжын лъапIагъэу гъащIэм къыдекIуэкIыр, езы дунейри мыкъутэжу зэтезыIыгъэр. Апхуэдэ дахагъэр къызэрагъэщIын зэчийрэ къэухьрэ зыбгъэдэлъ цIыхухэр хуабжьу гугъуу, ауэ пщIэрэ щIыхьрэ, уеблэмэ псапэ зыпылъ къалэнышхуэхэр я пщэ дэлъу дунейм къытохьэ. Хэхауэ къэбгъэлъагъуэмэ, Пушкин Александр хуэдэ цIыхушхуэхэр илъэсищэ бжыгъэхэм зэ дунейм къытехьэнкIэ хъуну арaщ. *«Иджыри щIыр Дантесхэм къаущыхьыр, / Къальыхъуэ Пушкин, ауэ ямыгъуэт. <...> / ...КъыщамылъхужкIэ хейм я хеиж Пушкин, / Щхъэ къальхурэ мысэм я мысэж Дантес»,* – итхыгъат усакIуэ Тхьэгъэзит Зубер. Дызытет дунейр зэрынэмыщIысам и нэщэнэу, абы Дантесхэр щыкуэдщ, Пушкинхэр щызакъуэтIакъуэщ – арaщ игъащIэ лъандэрэ абы къыдекIуэкI хабзэр. Ауэ сыт щыгъуи фIыр Iейм и гущIыIу зэрыхъум и щыхьэту, Пушкин хуэдэхэм я Iэужьхэр лIэщIыгъуэхэм кIуэцIрокI, абыхэм я макъыр гъадэщIыдэхэм къыхоIукI, лъэхъэнэ зэпэжыжьэхэмрэ лъэпкъ зэхуэмыдэхэмрэ зэпащIэу. Апхуэдэ зы щапхъэщ лъэпкъыбзэ куэдкIэ зэрадзэкIа «Евгений Онегин» роман цIэрыIуэр.

Дэтхэнэ лъэпкъыбзэри литературэри щыIэн, мыкIуэдыжу къызэтенэн папщIэ ар зэпымычу гъэлэжьэн хуейщ. Абы щыгъуэми бзэм ирипсэлъэн е анэдэлъхубзэкIэ дунейм къытехьауэ щыIэ литературэ тхыгъэхэр щIэджыкIын къудейр мащIэщ: бзэм зиужьын папщIэ, абыкIэ нэхъыбэрэ тхэн, художественнэ, публицистикэ, щIэныгъэ тхыгъэхэр къэгъэщIын хуейщ. КъищынэмыщIауэ, бзэм зезыгъэужь Iэмал нэхъыщхьэхэм ящыщщ зэдзэкIыныгъэр.

Адыгэ литературэмрэ литературэ щIэныгъэмрэ я тхыдэм ухэплъэжмэ, зэдзэкIыныгъэр нэхъ гугъусыгъуу зэфIэувахэм икIи зызыужьахэм ящыщщ. Езы лъэпкъ литературэми хуэдэу, зэдзэкIыныгъэр гъуэгу нэшэкъашэкIэ къогъуэгурыкIуэ: абы и зыужьыныгъэр зы лъэхъэнэм къызэщIорыуэ, адрей лъэхъэнэм – нэхъ кIащхъэ мэхъу. ПIалъэ хэхакIэ къэбгъэлъагъуэмэ, адыгэ зэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэм нэхъ ин дыдэу зыщиубгъуар XX лIэщIыгъуэм и 50-60 гъэхэм къыщегъэжьауэ 80 гъэхэм я кIэуххэм къэсыхущ. А илъэсхэращ ди усакIуэ, тхакIуэ пажэхэм (КIыщокъуэ А., ЩоджэнцIыкIу I., Гъубжокъуэ Л., Тхьэгъэзит З. сымэ, н.) я тхыгъэ куэд урысыбзэкIэ, апхуэдэуи хамэ лъэпкъыбзэ зэхуэмыдэхэмкIэ зэдзэкIауэ дунейм къыщытехьар. Къэдгъэлъэгъуа лъэхъэнэхэм ди лъэпкъ усыгъэр урысыбзэм екIуу изыгъэзэгъа зэдзэкIакIуэ Iэзэхэу Гребнев Н., Козловский Я., Цыбин В., Петровых М., Звягинцевэ В., Лиснянская И., Скребов Н., Стрелковэ В., Твороговэ В., Топоров В., Алейников В. сымэ адыгэ усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр къэралпсо (языныкъуэхэм дежи дунейпсо) утыку ихьэнымкIэ къалэн ин ягъэзэщIащ.

Ди къэралым зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр щыщекIуэкIа 90 гъэхэм къыщегъэжьауэ зэдзэкIыныгъэм и Iуэхур нэхъ гугъу хъуащ. Абы и щхьэусыгъуэр зэхэгъэкIыгъуафIэкъым, ауэ зэдзэкIыныгъэм хэхауэ телажьэ цIыхухэм – зэдзэкIакIуэкIэ дызэджэхэм – я бжыгъэр нобэкIэ зэрымащIэ дыдэр хьэкъщ. Абы щыгъуэми я фIыщIэ бгъэкIуэдынкIэ Iэмал зимыIэщ Руставели Шота и «Къаплъэныфэ зыщыгъ зекIуэлI» («Витязь в тигровой шкуре») поэмэмрэ Пушкин Александр и «Евгений Онегин» усэу гъэпса романымрэ зэзыдзэкIа Тхьэгъэзит Зубер, Пушкин Александр и «Кавказым и гъэр» («Кавказский пленник») поэмэр зэзыдзэкIа Уэрэзей Афлик, Лермонтов Михаил и тхыгъэхэр адыгэбзэкIэ «къэзыгъэпсэлъа» Ацкъан Руслан, КIыщокъуэ Алим и «Лъапсэ» романыр, Къанкъул Заур и «Къалэм дэгъуэщыхьа» повестымрэ и рассказ зыбжанэрэ урысыбзэкIэ зэзыдзэкIа Мэремкъул Ларисэ, Къэшэж Иннэ и усэхэр адыгэбзэм къизыгъэзэгъахэу Бицу Анатолэрэ Къармэ Iэсиятрэ, Нало Заур и «Къру закъуэр» урысыбзэкIэ зэзыдзэкIа Джыназ Заремэ, Къаныкъуэ Заринэ и усэхэр Iэзэу урысыбзэм изыгъэзэгъа Яропольский Георгий, «Евгений Онегин»-р етIуанэу адыгэбзэкIэ «къэзыгъэпсэлъа» Щэуей Мидэ сымэ, нэгъуэщI куэдми. Абыхэм лъэпкъ зэдзэкIыныгъэр ипэкIэ зыгъэкIуэта Iуэху ин зэфIахащ.

2022 гъэм «Евгений Онегин» тхыгъэ цIэрыIуэр ещанэу адыгэбзэкIэ (къэбэрдей-шэрджэсыбзэкIэ) дунейм къытехьащ. Псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэныр икIи псалъэмакъым къызэрыщIэдзапхъэращи, ар зэзыдзэкIар зэ еплъыгъуэкIэ бзэми, литературэми, щалъхуа щIыналъэми зи лэжьыгъэрэ щыпсэу щIыпIэкIэ пэIэщIэ, ауэ гу къуэпскIэ и лъэпкъым къепха, къызыхэкIар зыщIэж икIи зыгъэпэжыф цIыхущ. АбыкIэ щыхьэту къоув Пушкиным и тхыгъэшхуэр анэдэлъхубзэкIэ ди пащхьэ къызэрырилъхьа къудейри.



Куэдыр зэрыщыгъуазэщи, «Евгений Онегин»-р, Пушкиным и дэтхэнэ IэдакъэщIэкIми хуэдэу, и зэхэлъыкIэкIи, сюжет ухуэкIэкIи, зэрытха бзэкIи тхыгъэ къызэрыгуэкIкъым, ауэ зэ тIысыгъуэкIэ тыншу пхузэдзэкIынухэм ящыщкъым. Апхуэдэу щытми, ищхьэкIэ къызэрыщыхэдгъэщащи, а Iуэху гугъум цIыхуищым (Тхьэгъэзит Зубер, Щэуей Мидэ, Хьэмыз Руслан сымэ) зрапщытащ икIи, къызэщIэкъуауэ къапщтэмэ, ар адыгэбзэм IэкIуэлъакIуэу кърагъэзэгъащ. Нэхъ Iэзэу зэдзэкIа хъуар, зэдзэкIакIуищым ящыщу урыс усакIуэшхуэм и дуней лъагъукIэмрэ и хъэтIым и щхьэхуэныгъэхэмрэ тхыгъэм нэхъыбэу щызыхъумэфар нобэкIэ зэхэгъэкIыгъуафIэкъым, сыту жыпIэмэ текстищыр зэгъэпщауэ, я фIагъхэмрэ щыщIэныгъэхэмрэ зэлъытауэ джыным къэхутэныгъэ щхьэхуэ тегъэпсыхьыпхъэщ. Ауэ абыхэм языхэзри лъэпкъ литературэмрэ щэнхабзэмрэ я хэлъхьэныгъэ нэс зэрыхъуар, зэдзэкIакIуэхэм фIыщIэ лей зэрахуэфащэр шэчыншэщ.

Хьэмыз Руслан Пушкин А. и тхыгъэр зэридзэкIын хуей щIэхъуам и щхьэусыгъуэр 2022 гъэм тхылъ щхьэхуэу Москва къыщыдигъэкIа «Евгений Онегин»-м и псалъэпэм урысыбзэкIи адыгэбзэкIи къыщиIуэтащ: «Сэ зызумысыжынщи, – етх абы, – дапщэрэ Пушкиным седжэжыну къысхуимыхуами, романым и зэдзэкIыным теухуа гупсы-

сэхэм сагъэпIейтейрт, псалъэм папщIэ: ди бзэм мыр къибгъэзэгъэфыну пIэрэ, зэхъуэкIыныгъэ гуэр хэлъу зы едзыгъуэ хэмыту, «онегинская строфа» жыхуаIэр дэни щыхъумауэ; нобэрей урысыбзэм къыхэха псалъэ куэд хэмыту; глаголкIэ зэхуэгъэкIуа рифмэ къызэрыгуэкIхэм я бжыгъэр мащIэу? <...> Адрей мурадхэм нэмыщI, ди адыгэбзэм и хъумэным, и гъэбэгъуэным схузэфIэкI гуэр хэслъхьэну гухэлъ сиIэти, аращ сэри мы Iуэху хьэлъэм зыщIестар».

ЗэдзэкIакIуэм пэжу гу зэрылъитащи, «онегинская строфа»-р усэ гъэпсыкIэм и формулэ гъуэзэджэщ, ар бжащ, абы тIэкIунитIэкIэ ущыуэмэ, и гъуазэм зы мэскъалкIэ ублэкIмэ, пфIэкIуэдынущ Пушкиным и псалъэхэм я макъамэ дахэр». «Онегинская строфа»-кIэ зэджэ ухуэкIэ хабзэхэм кууэ зэрыщыгъуазэм и щыхьэту, Хьэмызым ар зэридзэкIа тхыгъэм и кIыхьагъкIэ щихъумэфащ. Зи гугъу тщIыр щапхъэхэмкIэ щIэдгъэбыдэн папщIэ, «онегинская строфа»-м и щхьэхуэныгъэхэм къытеувыIэпхъэщ. Ар стопаиплIу зэхэт ямбкIэ тхащ, сатыр пщыкIуплIу зэхэлъщ, сатырхэр мыпхуэдэ рифмэ ухуэкIэмкIэ зэпхащ: *ababccddeffegg*. Зэрынэрылъагъуущи, зы строфам и кIуэцIкIэ рифмэ лIэужьыгъуэ нэхъыщхьищри «щолажьэ»: *abab* (рифмэ зэблэдза) + *ccdd* (рифмэ зэгуэгъу), *effe* (къызэщIэзыубыдэ е къызэщIэзыкъуэ рифмэ) + *gg* (рифмэ зэгуэгъу). КъищынэмыщIауэ, цIыхухъу рифмэхэмрэ цIыхубз рифмэхэмрэ я зэкIэлъыхьыкIэр щIыкIитIым тету щытыфынущ: япэр – *AbAbCCddEffEgg;* етIуанэр – *aBaBccDDeFFeGG* (цIыхубз рифмэр хьэрфышхуэкIэ, цIыхухъу рифмэр хьэрф цIыкIукIэ къэгъэлъэгъуащ). Псалъэм папщIэ, Пушкиным и «онегинская строфа»-мрэ Хьэмыз Р. зэридзэкIа тхыгъэм дызыщрихьэлIэмрэ етIуанэ Iыхьэм щыщ зы едзыгъуэм и щапхъэкIэ зэдгъэпщэнщ.

<u>Пушкин А. и текстыр:</u>

<table>
<tr><td>Всегда̀ скромна̀, всегда̀ послу̀шна,</td><td>A</td><td>U – | U – | U – | U – | U</td></tr>
<tr><td>Всегда̀ как у̀тро весела̀,</td><td>b</td><td>U – | U – | U U | U –</td></tr>
<tr><td>Как жѝзнь поэ̀та простоду̀шна,</td><td>A</td><td>U – | U – | U U | U – | U</td></tr>
<tr><td>Как поцелу̀й любвѝ мила̀,</td><td>b</td><td>U U | U – | U – | U –</td></tr>
<tr><td>Глаза̀ как нѐбо голубы̀е;</td><td>C</td><td>U – | U – | U U | U – | U</td></tr>
<tr><td>Улы̀бка, ло̀коны льняны̀е,</td><td>C</td><td>U – | U – | U U | U – | U</td></tr>
<tr><td>Движѐнья, го̀лос, лѐгкий ста̀н,</td><td>d</td><td>U – | U – | U – | U –</td></tr>
<tr><td>Все в О̀льге… но̀ любой рома̀н</td><td>d</td><td>U – | U – | U – | U –</td></tr>
<tr><td>Возьмѝте и найдѐте вѐрно</td><td>E</td><td>U – | U U | U – | U – | U</td></tr>
<tr><td>Еѐ портрѐт: он о̀чень мѝл,</td><td>f</td><td>U – | U – | U – | U –</td></tr>
<tr><td>Я прѐжде са̀м его̀ любѝл,</td><td>f</td><td>U – | U – | U – | U –</td></tr>
<tr><td>Но надоѐл он мнѐ безмѐрно.</td><td>E</td><td>U U | U – | U – | U – | U</td></tr>
<tr><td>Позво̀льте мнѐ, чита̀тель мо̀й,</td><td>g</td><td>U – | U – | U – | U –</td></tr>
<tr><td>Заня̀ться ста̀ршею сестро̀й.</td><td>g</td><td>U – | U – | U U | U –</td></tr>
</table>

<u>Хьэмыз Р. зэридзэкIа текстыр:</u>

<table>
<tr><td>Дгъэзэ̀жым пща̀щэм дѐж, Iуры̀щIэт,</td><td>A U – | U – | U – | U – | U</td></tr>
<tr><td>Сыт щы̀гъуи нэщхъыфIа̀гъэ хэ̀лъыт,</td><td>b U – | U U | U – | U –</td></tr>
<tr><td>Тетха̀т и нэ̀гум и гуры̀щIэр,</td><td>A U – | U – | U U | U – | U</td></tr>
</table>

| | |
|---|---|
| *Усàкӏуэм ѐщхьу гу хьэлэлт;* | **b** U – \| U – \| U U \| U – |
| *И нѝтIым уѐплъым – уафэ щхъуàнтIэт,* | **C** U – \| U – \| U U \| U – \| U |
| *Жуныгу щхьэц дàхэхэм заIуàнтIэт,* | **C** U U \| U – \| U U \| U – \| U |
| *Макъ гуàкIуэ къàщти ѐ Iэпкълъэпкъ,* | **d** U – \| U – \| U – \| U – |
| *Ѐйт О̀льгэм…, àуэ тхы̀лъ илъэ̀пкъ* | **d** – – \| U – \| U – \| U – |
| *Къыщыбгъуэты̀нкIи хъу̀нщ апхуэ̀дэ* | **E** U U \| U – \| U – \| U – \| U |
| *Хъыджэбз теплъàфIэм и сурэ̀т,* | **f** U U \| U – \| U U \| U – |
| *Ар япэху̀нкIэ сѝ гум хэ̀тт,* | **f** U U \| U – \| U – \| U – |
| *Иджы̀ къысщо̀хъу зэман гъэкIуэ̀ду.* | **E** U – \| U – \| U U \| U – \| U |
| *Уэ, си тхылъѐджэ, къысхуэгъэ̀гъу,* | **g** U U \| U – \| U U \| U – |
| *И шыпхъу нэхъы̀жьыр сщIы̀нщ гъунэ̀гъу.* | **g** U U \| U – \| U – \| U – |

Зэрынэрылъагъущи, къэтхьа щапхъэхэм деж Пушкиным и тхыгъэми Хьэмыз Р. зэридзэкIами я рифмэ ухуэкIэхэр зымащIэкIи зэщхьэщыкIыркъым: кIэух рифмэхэм я зэкIэлъыхьыкIэкIи, цIыхухъу/цIыхубз рифмэхэм я зэблэдзыкIэкIи зэтохуэ – *AbAbCCddEffEgg* гъэпсыкIэм тетщ. КъищынэмыщIауэ, урысыбзэ текстри, адыгэбзэкIэ зэдзэкIари стопаиплIу зэхэт ямбкIэ тхащ. Пэжщ, текститIми метрикэр «зыгъэлъэпэрэпэну» пфIэзыгъэщI пиррихий, спондейхэм уащрохьэлIэ, ауэ абыхэм усэ жыпхъэри зэтракъутэркъым (сатыр псори ямбкIэ тхащ), ритмикэри строфам и пэщIэдзэм зэрыщышэщIам тету и кIэухым нос. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Пушкиным и «онегинская строфа» цIэрыIуэр Хьэмыз Р. зэридзэкIа тхыгъэм и кIыхьагъкIэ хъума щыхъуащ. Ар зэдзэкIакIуэм и ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэщ. Абы къыкIэлъокIуэ тхыгъэм и бзэр.



Пушкиным и бзэми хуэдэу, зэдзэкIакIуэм ейри гугъусыгъущ, ауэ къулейщ икIи гъэщIэгъуэнщ. Абы жьы хъуауэ яIэщIэхужа псалъэхэри (архаизм, историзмхэр), мащIэу фIэкIа къамыгъэсэбэпхэри («малоупотребительная лексика» жыхуаIэр), езы зэдзэкIакIуэм къигъэщIыжа псалъэщIэхэри (неологизмхэр), жыIэкIэ щIэщыгъуэхэри куэду щызэхэухуэнащ. Тхылъым и псалъэпэм деж Хьэмыз Р. щетх: «Иджырей ди бзэм и щытыкIэр дощIэжри, ар хуэм-хуэмурэ къулейсыз дымыгъэхъун щхьэкIэ, псалъэу тфIэкIуэдахэр зэхуэтхьэсыжын хуейщ, ди литературэм иIэ псалъалъэм и къулеягъыр щиухын хуейкъым къытхуэна, дызэсэжа, нобэ къызэрыгуэкIыу дызэрыпсалъэ лексиконым и гъунапкъэхэм деж». Апхуэдэ еплъыкIэм тету зэдзэкIакIуэм псалъэщIэхэмрэ дызэмыса жыIэкIэхэмрэ тэрмэш ищIа текстым куэду къыщигъэсэбэпащ. Псалъэм папщIэ: *япэху* – «вначале», «первое время»; *зэман гугъэгъуэр* – «пора надежд»; *ехъурджэт (ехъурджауэт)* – «намеками выражать свое недовольство», «давать знать о своих претензиях»; *хуеджахэм* – «ученые»; *жыIэжыныгъэр* – «рассказ», «повествование»; *хъуэпсафэр* – «мечтательный», «цвета мечты»; *фIыкIейт (фIы ды-дэт)* – «очень хороший», «был очень хорош»; *хуимытхэр* – «подневольные», «рабы»; *гъуазджэ лъагэр* (калькэщ) – «высокое искусство»; *нэчыхьыкIэ зэпхыныгъэ* (калькэщ) – «узы брака»; *дэгъусэу (и гъусэу)* – «вместе»; *щысэгъухэм (зэгъусэу щысхэм)* – «сидящие вместе»; *хуэфIыгъэ* – «хорошее отношение»; *гъэвауэ пхъэщхьэмыщхьэ* – варенье; *хуэгъэфэщэныгъэ* – «предположение»; *щIэхъуэпсыныгъэ* – «мечта/меч-

танье»; *псэ яхилъхьэныгъэр* – «наделение душой»; *сабиипI* – «няня»; *къыфIэщIыныгъэ* – «воображение»; *зэхуэтхыныгъэ* – «письмо/написание друг другу»; *уафэгу ищхьэ* – «вышний свет»; *зылъагъухэм уафэр (псоми, зи лъэ вакъэ изылъхьэм)* – «все на свете белом»; *жьытэдж (жьырытэдж) къуалэбзу* – «ранняя пташка»; *щыуэныгъэ (щыуагъэ)* – ошибка; *бзэгухьхэм (бзэгузехьэхэм)* – сплетникам; *иутхъуэрт (игъэутхъуэрт) дыгъэр* – «затмевало солнце»; *ефыгъулIэныгъэ* – «ревность», *тхъэгуащэр, гъуазджэм ейр* – «муза», *уцэрэфащ (зэхэуфащ)* – «хмурый», «угрюмый»; *хъэзабшэчакIуэ* – «мученик»; *шэехух* – «шомпол»; *лъэхъуджэ* – мелкая рысь; н.

Адыгэбзэ текстым щыхъумащ хамэ лъэпкъыбзэхэм къыхихауэ, а бзэ дыдэхэмкIэ тхауэ (урыс транскрипцэм къимыгъэзэгъауэ) Пушкиным къигъэсэбэпа псалъэхэмрэ жыIэгъуэхэмрэ: *Madame, Monsieur, Monsieur l'Abbè, dandy, roast-beef, entrechat, Qu' ècrirez-vous sur ces tablettes, Du comme il faut, vulgar, Far niente, Sed alia tempora,* н. Апхуэдэуи Хьэмызым зэридзэкIа тхыгъэм урыс транскрипцэкIэ тха хамэ лъэпкъыбзэ лексикэми, урысыбзэм щыщ псалъэхэми уащрохьэлIэ: *боливар, сплин, хандра, дама, мазурка, картель, фарфор, маскарад,* н. Языныкъуэхэм деж абыхэм рифмэ къэгъэщIынымкIэ къалэн ин ягъэзащIэ:

*Узыфэ къыхыхьами **ину**,*
*Апхуэдэу фIэтщыр дэ <u>аращ</u>:*
*КъыфIэщIми инджылым мыр **сплину**,*
*Урысхэм жытIэмэ – <u>хандращ</u>.*
<...>
*Улъыхъуэрэ, ямыIэм **<u>дин</u>**,*
*Аращ дэ къыщIытхуэкIуэр **<u>сплин</u>**.*

Мыбдежым, зэрынэрылъагъуэщи, рифмэ зэблэдзауэ тIу хэтщ: *ину – сплину, аращ – хандращ*. Хамэбзэм щыщу *«сплин», «хандра»* жыхуиIэхэр адыгэбзэкIэ зэбдзэкIыныр гугъу хъунут, я мыхьэнэр зы псалъэкIэ къыпхуэIуэтэнукъым, аращ, дэ дызэреплъымкIэ, ахэр зэрыщытым хуэдэу адыгэбзэ текстым хъума щIыщыхъуари. Абыхэм къащхьэщыкIыу, *«дама»* псалъэр *«цIыхубз»/«бзылъхугъэ»* жиIэу зэбдзэкIыфынут, арщхьэкIэ ари зэрыщытым хуэдэу адыгэбзэ текстым хыхьащ. Мы щапхъэм дежи абы и щхьэусыгъуэр рифмэ ухуэныр аращ:

*Яхэти хъунт абыхэм <u>дама</u>*
*Тепсэлъыхьыфу Сей, <u>Бентамым</u>...*

ЗэдзэкIа текстым и бзэм иджыри щхьэхуэныгъэ куэд хыболъагъуэ. Абыхэм языхэзщ зы псалъэр зэхуэмыдэу тэрмэш щIауэ узэрырихьэлIэр. Псалъэм папщIэ, *«няня»*-р зэм *«сабиипI»*-у, зэм *«нанэ»*-у зэдзэкIащ:

| <u>Пушкин А. и текстыр:</u> | <u>Хьэмыз Р. зэридзэкIа текстыр:</u> |
| --- | --- |
| *Татьяна в темноте не спит* | *Татьянэ, ди хъыджэбз хьэлжейм* |
| *И тихо с **няней** говорит...* | *ЖыреIэ **сабиипI** мыжейм...* |

<...>
*А нынче все мне темно, Таня:*
*Что знала, то забыла. Да,*
*Пришла худая череда!*
*Зашибло... – «Расскажи мне, **няня,***
*Про ваши старые года:*
*Была ты влюблена тогда?»*

<...>
*СщIам щыщу сщIэжыркъым зы кIанэ,*
*Жьы ухъумэ, Таня, уохъу щхъэдыкъ,*
*Зэман къыпщысхъэ, уещI акъмыкъ...*
*«Сэ сызыхуейр аракъым, **нанэ,***
*КъызжепIэжын, ущыщIалам*
*Уэ фIыуэ плъагъу зыгуэр уиIам?»*

Мыбдежым зэдзэкIакIуэм ищхьэкIэ къыщигъэсэбэпа *«сабиипI»*-м и пIэкIэ *«нанэ»*-р къыщIыхигъэхьэр гурыIуэгъуэщ: *«кIанэ»* псалъэм *«нанэ»*-р рифмэкIэ гуэгъу хуищIащи аращ.

КъызэщIэкъуауэ къэбгъэлъагъуэмэ, Хьэмыз Р. зэридзэкIа тхыгъэр рифмэ къулейхэмкIэ гъэнщIащ, абыкIи зэдзэкIакIуэр усэ гъэпсыкIэм и хабзэхэм кууэ зэрыщыгъуазэр нэрылъагъущ. Зи гугъу тщIыр наIуэ хъун папщIэ Хьэмызым и рифмэ къэгъэщIыкIэм зы строфам и щапхъэкIэ дыкIэлъыплъынщ:

| | |
|---|---|
| *Къызэхуэса̀хэм <u>зэхуэфа̀щэу</u>* | **A** |
| *ЩIадза̀щ Iэу̀элъэуэн, **хъеѝн**:* | **b** |
| *Фыз щIа̀лэ хуэ̀кIуэрт <u>унэгуа̀щэм</u>,* | **A** |
| *КIэлъы̀кIуэрт генера̀л лIы **ѝн**.* | **b** |
| *ЦIыху̀бзыр умылъа̀гъут щхъэ <u>псы̀нщIэу</u>,* | **C** |
| *Жимы̀Iэт куэ̀д, жиIэ̀нур <u>ищIэ̀у</u>,* | **C** |
| *ЦIыху щIыIэ̀у, па̀гэу а̀р* **щымытт**, | **d** |
| *Зигъэлъэ̀гъуэнуи* **хэмытт**, | **d** |
| *КъыпхуэмыщIэ̀нт зыгуэ̀р **къыхуэ̀ту**,* | **E** |
| *ЩIэплъа̀гъуэрт и нэ̀м <u>гумащIа̀гъ</u>,* | **f** |
| *Къыумылъагъу̀нт зы <u>фэрыщIа̀гъ</u>,* | **f** |
| *Апху̀эдэр, жа̀Iэр, и **<u>сурэ̀ту</u>*** | **E** |
| *Du còmme il fàut** ... (Шишков, согу̀гъу:* | **g** |
| *И зэдзэкIы̀ныр Iейуэ гу̀гъущ).* | **g** |

Мы едзыгъуэр, адрейхэми хуэдэу, «онегинская строфа»-кIэ тхащ, абы и хабзэм тетуи сатырхэр мыпхуэдэ рифмэ ухуэкIэкIэ зэкIэлъыхьащ – *AbAbCCddEffEgg*. ИщхьэкIэ къызэрыщыхэдгъэщауэ, рифмэхэр къулейщ. Рифмэ зэблэдзахэр: *зэхуэфащэу – унэгуащэм, хъеин – ин;* рифмэ зэгуэгъухэр: *псынщIэу – ищIэу, щымытт – хэмытт, согугъу – гугъущ;* къызэщIэзыубыдэ рифмэр: *къыхуэту – сурэту,* абы къызэщIиубыдэ рифмэ зэгуэгъур: *гумащIагъ – фэрыщIагъ.*

«Онегинская строфа»-м зэрыщыхабзэу, къэтхьа едзыгъуэр стопаиплIу зэхэт ямбкIэ тхащ:

U U | U – | U U | U – | U
U – | U U | U – | U –
U – | U – | U U | U – | U
U – | U U | U – | U –

* Франджыбзэщ: «зэрыщытын хуейуэ...» е «гъуэгу пэж тету» къикIыу аращ. Пушкиным и лъэхъэнэм «щыпкъэ», «щыпкъагъэ», «ахъырзэман» мыхьэнэ иIэу щытащ.

U – | U U | U – | U – | U
U – | U – | U – | U – | U
U – | U – | U – | U –
U U | U – | U U | U –
U U | U – | U – | U – | U
U – | U – | U U | U –
U U | U – | U U | U –
U – | U – | U U | U – | U
U – | U – | U – | U –
U U | U – | U – | U –

«Евгений Онегин»-м узыщрихьэлIэ жыIэкIэ гъэщIэгъуэнхэр зэдзэкIа зэрыхъуами, тэрмэш щIа текстым зэдзэкIакIуэм и хъэтIымрэ и дуней лъагъукIэмрэ къызэрыхэщами щхьэхуэу къытеувыIэпхъэщ. Псалъэм папщIэ, Хьэмыз Р. нэхъыфI дыдэу къехъулIахэм ящыщщ япэ Iыхьэм и пэщIэдзэ строфар. Ар апхуэдизкIэ бзэ шэрыуэкIэ зэдзэкIа хъуащи, зэрыедзыгъуэу къэтхьмэ тфIэкъабылщ:

| Пушкин А. и текстыр: | Хьэмыз Р. зэридзэкIа текстыр: |
| --- | --- |
| *Мой дядя самых честных правил,* | Си адэ къуэшыр хъунут щапхъэ |
| *Когда не в шутку занемог,* | Лъэрымыхьу пIэм **къыщыхэнам**, |
| *Он уважать себя заставил* | Сигъэгъуэтащ, схуэмыхъуу, щIапхъэ – |
| *И лучше выдумать не мог.* | Хуэмейр-тIэ хэт щIэин **къэнам**? |
| *Его пример другим наука;* | Абы и щапхъэр тхуохъу *щIэныгъэ*, |
| *Но, боже мой, какая скука* | Пхуэшэчрэ, ауэ-тIэ, *умыгъыу*, |
| *С больным сидеть и день и ночь,* | Убгъэдэсыну жэщи ***махуи*** |
| *Не отходя ни шагу прочь!* | Мы кхъахэм, бжьыхьи кIуэху, ***щIымахуи***; |
| *Какое низкое коварство* | Ар хъун, умыщIу уэ *гурыщхъуэ*, |
| *Полуживого забавлять,* | ЛIыжь ныкъуэдыкъуэр ***тебгъэун***, |
| *Ему подушки поправлять,* | И щхьэнтэр ***хуэбгъэбырыбын***, |
| *Печально подносить лекарство,* | Нэщхъей пщIын нэгур, щепткIэ *хущхъуэ*, |
| *Вздыхать и думать про себя:* | Щэхуу убжэн: «Ешхыпэр **сил**, |
| *«Когда же черт возьмет тебя!»* | Зэ къыпхуэкIуащэрт **Iисрафил**!» |

Едзыгъуэм и кIэух сатырым деж Пушкиным къыщигъэсэбэпа *«черт»* псалъэр Хьэмызым *«Iисрафил»* жыхуиIэмкIэ зэридзэкIащ икIи абы и мыхьэнэр зыгъэнахуэ еIуэлIапхъэм мыр щитхащ: *«Iисрафил – (Азраил, Азраиль), ангел смерти (у иудеев и мусульман), переводящий в мир иной»*. Къэтхьа строфари адыгэбзэкIэ зэдзэкIа тхыгъэр зэрыщытуи апхуэдэ къэIуэтэкIэ щIэщыгъуэхэмкIэ гъэнщIащ. ЗэдзэкIакIуэм япэ Iыхьэм и эпиграфыр зэрызэридзэкIари къехъулIащ: *«И жить торопится и чувствовать спешит» (Кн. Вяземский)*. – «ЩIегъэIэ гъащIэри, гурыщIэр йопIэщIэкI» (Вяземский П.).

ИщхьэкIэ къыщыдгъэлъэгъуахэм нэмыщI, нэхъ гъэщIэгъуэну зэдзэкIахэм ящыщу иджыри щапхъэ зыбжанэ къэтхьынщ:

| Пушкин А. и текстыр: | Хьэмыз Р. зэридзэкIа текстыр: |
|---|---|
| *Так думал молодой повеса,* | КъыфIэщIт а псор щIалэ Iуэхуншэм, |
| *Летя в пыли на почтовых...* | Пощт шыгу сабалъэр пкIэху, дридзейм... |
| <...> | <...> |
| *Там некогда гулял и я:* | Ищхъэрэм хъуакъым сэ сесэн: |
| *Но вреден север для меня.* | Уэс цIынэ сфIэфIкъым къыстесэн. |
| <...> | <...> |
| *Я это потому пишу,* | Сужэгъури сэ гуэныхь къэсхьын, |
| *Что уж давно я не грешу.* | ЩызгъэтыжакIэщ къэскIухьын. |
| <...> | <...> |
| *Деревня, где скучал Евгений...* | Евгений здэIуэхуншэ къуажэр... |
| <...> | <...> |
| *Зато в углу своем надулся,* | ПщылI зиIэ и гъунэгъухэм, ауэ, |
| *Увидя в этом страшный вред,* | Ар Iуэху мыхъуну къалъытащ, |
| *Его расчетливый сосед.* | Зым IупщIэ ин ищIын пытащ, |
| *Другой лукаво улыбнулся,* | Адрейр пыгуфIыкIащ, зищIауэ |
| *И в голос все решили так,* | Мыбзаджэ. Хуэпсэлъами хэт, |
| *Что он опаснейший чудак.* | ЖиIащ: зэранщ икIи хухэтщ. |
| <...> | <...> |
| *И няня девушку с мольбой* | Фызыжь тхьэмыщкIэм сыт хуэщIэн, |
| *Крестила дряхлою рукой.* | Хъыджэбз къэплъам трищIащ чристэн. |
| <...> | <...> |
| *Вот как убил он восемь лет,* | Гухэхъуэ нэпцIу илъэсий |
| *Утратя жизни лучший цвет.* | КIуэдащ, къимыIэтауэ шхий. |
| <...> | <...> |
| *Зимы ждала, ждала природа.* | ЩIымахуэр щхьэхыурэ, къимыхьэу, |
| *Снег выпал только в январе* | Дежьащ щIышылэ мазэм нэс; |
| *На третье в ночь...* | МахуитI блэкIа хъунщ, жэщ ещанэр... |
| <...> | <...> |
| *Любви все возрасты покорны;* | ИмыщI ныбжь хэдэ лъагъуныгъэм, |
| *Но юным девственным сердцам* | ФIыщ, уи гур щIалэу къыптеуам |
| *Ее порывы благотворны,* | Абы и жьапщэр, уи накъыгъэм, |
| *Как бури вешние полям...* | Ещхьщ губгъуэм, гъавэ зытрасам... |
| <...> | <...> |
| *Но так и быть: я сам себе* | Апхуэдэу сызэзэуэжыну, |
| *Противиться не в силах боле;* | Къару сиIэжкъым афIэкIа. |
| *Все решено: я в вашей воле,* | Иджы уэ жыIэ: сыт сщIэжынур, |
| *И предаюсь моей судьбе.* | ПIэщIэлъщ си гъащIэ сIэщIэкIар. |

Мыпхуэдэ жыIэкIэ гъэщIэгъуэнхэр Хьэмыз Р. зэридзэкIа текстым гъунэжу хэбгъуэтэнущ. ЗэдзэкIакIуэм и хъэтIым, и къэIуэтэкIэм щIэщыгъуагъ хэлъщ, ауэ абы емыса лъэпкъ щIэджыкIакIуэм зэ еджэгъуэкIэ тхыгъэм и бзэр дыкъуакъуэу, мыгурыIуэгъуафIэу къыфIэщIынущ. АрщхьэкIэ етIуанэу укъыщеджэкIэ псалъэхэмрэ псалъэухахэмрэ я мыхьэнэр нэхъ IупщIу къызэрыбгурыIуэм нэмыщI, Пушкиным и тхыгъэм щишэщIа ритмикэри зэхэпхыу мэхъу. Нэхъ

4 Заказ №2225

гурыIуэгъуейуэ, зи мыхьэнэр гъэнэхуэн хуейуэ щыт псалъэхэр, псалъэ зэпхахэр, жыIэгъуэхэр тхыгъэм и Iыхьэ къэскIэ зэриух еIуэлIапхъэхэм къыщыхьащ. Ахэр зэрыгъэпсам теухуауэ зэдзэкIакIуэм етх: «Евгений Онегин»-р щIэрыщIэу къыдэзыгъэкIхэм куэдрэ къагъэсэбэп езы Пушкиным итха дэщIыгъуныгъэ кIэщIхэр. Ахэр нобэрей тхылъеджэ хуэмыхьэзырым къыгурымыIуэнкIи хъунущ. Хэхауэ улъыхъуэмэ, къэбгъуэтыфынущ еIуэлIапхъэ зыбжанэ, еджакIуэ къызэрыгуэкIым и дежкIэ егъэлеяуэ. <...> Сэ сыхуейт дэщIыгъуныгъэхэр мыкIыхь дыдэу, ауэ тхылъеджэ псоми ярикъуу зэпкърыхауэ стхыну, школакIуэми, студент еджакIуэми а стхар сэбэп яхуэхъуну. Нэхъ гурыIуэгъуэ сщIын щхьэкIэ, си еIуэлIапхъэ зэхуэсхьэсахэр, сэ зэхэслъхьахэр урысыбзэкIэ тхауэ къэзгъэнащ. ИужькIэ, дыхуей хъумэ, адыгэбзэкIэ ахэр зэддзэкIынщ».

Дызыхэплъахэр къызэщIэткъуэжмэ, Хьэмыз Руслан адыгэбзэкIэ дунейм къытригъэхьа «Евгений Онегин»-р адыгэ литературэм и ехъулIэныгъэу, и лъагапIэщIэу зэрыщытыр къыхэгъэщыпхъэщ. Ар лъэпкъ зэдзэкIыныгъэр ипэкIэ зыгъэкIуэта, абы и хэлъхьэныгъэ нэс хъуа лэжьыгъэшхуэщ, дяпэкIи къэхутэныгъэ щхьэхуэ зыхуэфащэщ. КъищынэмыщIауэ, ар ди бзэм и зэфIэкIыр зэрылъагэр, нобэкIэ дауэ дытемыгузэвыхьми, бзэри лъэпкъри зэрыдэмыхуэхар, атIэ абыхэм зэрызаужьыр икIи къэкIуэну дахэ зэраIэр зыгъэнахуэ тхыгъэщ. Ди анэдэлъхубзэкIэ екIуу гъэшэрыуа а зэдзэкIыгъэ хьэлэмэтыр курыт еджапIэхэми еджапIэ нэхъыщхьэхэми щIэс цIыкIухэм, студентхэм, аспирантхэм яфIэгъэщIэгъуэнынущ икIи яхуэщхьэпэнущ, я къэухьми я бзэми зригъэужьынущ. Къыхэдгъэща щхьэхуэныгъэхэм Хьэмыз Р. зэфIиха Iуэхум и мыхьэнэр зэрыиныр щIагъэбыдэ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*

*ЩIэныгъэлI ТIымыжь Хьэмыщэ илъэс 70 ирокъу*





## ГУАЩIАФIЭ

Зи илъэс блыщI юбилейр дгъэлъапIэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ТIымыжь Хьэмыщэ сэрэ цIыхугъэ, иужькIи ныбжьэгъу дызэрызэхуэхъурэ зэманыфI дэкIащ – абы и лъабжьэр къыщожьэ дыщыстудента 1970 гъэхэм.

Хьэмыщи сэри дызыщIэсар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым и адыгэ къудамэрщ. Сэ ар къэзухащ, Хьэмыщэ ещанэ курсу журналист IэщIагъэм хурагъэджэну Москва дэт университет цIэрыIуэм ягъэкIуауэ щытащ. ФIы дыдэу зэреджам и щыхьэт диплом плъыжьыр и жыпым илъу Налшык къигъэзэжа нэужь, журналистыгъэкIэ и зэфIэкIым и инагъыр ТIымыжьым къыщигъэлъэгъуар пIалъэ кIыхькIэ щылэжьа «Ленин гъуэгу», нэхъ иужькIэ «Адыгэ псалъэ» зыфIащыжа газетырщ. Зыпэрыхьа IэнатIэм зэман кIэщIым къриубыдэу фIы дыдэу хэзагъэри, Хьэмыщэ ящыщ зы хъуащ редакцэм щIэс журналист нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэм. ЖыпIэ хъунущ абы газетым псэщIэ хилъхьауэ, «адыгэмэ щигъэуауэ». Япэрауэ, тхыгъэ къытрадзэхэм я бзэр хэпщIыкIыу нэхъ къулей ищIащ, хамэбзэ псалъэу абыхэм къахэхуэм и бжыгъэр фIыуэ игъэмэщIащ. Хьэмыщэ щIэуэ къыхилъхьа фIэщыгъэхэм (терминхэм) ящыщ пщIы бжыгъэхэр газет напэкIуэцIхэм къикIри, цIыхухэм я бзэ-

ми къыхыхьащ. Апхуэдэу Хьэмыщэ къригъэжьа рубрикэхэр, яхэщIа щIагъуэ щымыIэу, ноби (езыр зэманыфI хъуауэ абы щымылэжьэж пэтрэ) «Адыгэ псалъэм» къегъэсэбэп.

ЛэжьакIуэ къызэрыгуэкIым къыщыщIидзэри, ар жэуапыхь секретарым нэсащ, абы къыфIэкIри, редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ хъуащ. Сыт хуэдэ жэуаплыныгъэ хэлъу IэнатIэм пэрытами къридгъэлъэгъуэну зы щапхъэ закъуэ къэтхьынщ, 1980 гъэхэм къэхъуауэ. ЗэрытщIэжщи, а гъэхэм «перестройкэ» фIащауэ къэралым зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр щекIуэкIырт. Прессэм и лэжьакIуэхэм я дежкIи тынштэкъым а зэман зэхэзэрыхьам газетыр унэтIыныгъэ пыухыкIам тету къыдэбгъэкIыныр. ЗэпэщIэува къарухэр псори арэзы щIыгъуейт. Псом хуэмыдэжу Iуэхур щызэIыхьэпар СССР-м и Президентыр трагъэкIыну ГКЧП жыхуаIэр къыщызэрагъэпэщам щыгъуэщ. ТекIуэнур хэтми гурыIуэгъуэтэкъым, зыгуэрым и лъэныкъуэр бубыдрэ адрейм бжьыпэр иубыдмэ, уагъэкъуэншэжынут, бэлыхь къыпхухэкIынкIэ шынагъуэт. Мис абы техуэу Хьэмыщэ (ар а зэманым жэуапыхь секретарт) и щхьэ къытет унафэщIхэр сымаджэ зэтехъуат. ЦIыху зыбжанэ зэуэ лъэрыщIыкI зыщIа «узым» гурыщхъуэ гуэрхэр уегъэщI, ауэ гуэныхь щхьэ къэтхьын хуей, пэж дыдэу, щытыкIэ гугъум укъриудынри хэлът. Арати, ТIымыжьым и пщэ къыдэхуат а махуэхэм «Адыгэ псалъэр». ДауикI, абыи дохутыр тхылъ зэригъэпэщу адэкIэ къэхъунум пэплъэу лъэныкъуэ зригъэзыфынут, арщхьэкIэ и Iэщхьэлъащхьэр дрихьейри, зы щхьэкIи мышынэу, езым зэрыфIэтэмэмым хуэдэу газетым унафэ хуищIащ, редакцэм и лэжьыгъэр къигъэувыIакъым, зы номери къыдимыгъэкIыу диутIыпщыкIакъым.

Жэщ-махуэ имыIэу газетым зэрелIалIэм нэмыщIыжкIэ, ТIымыжьым а илъэсхэм куэд илэжьащ щIэныгъэ и лъэныкъуэкIи. Редакцэм щыIута илъэсхэм игъэхьэзырри, Хьэмыщэ пхигъэкIащ и диссертацэр икIи филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат хъуащ. «СыттIэ абы гъэщIэгъуэну хэлъыр, кандидат Iэджэ мэхъу», – жаIэнкIэ хъунщ зыгуэрхэм. Ауэ хъуа-мыхъуами диссертацэ яуцIырхъыу цIэ къамылэжьа зыIэрызыгъэхьэхэм ящыщтэкъым Хьэмыщэ. Абы темэу къищтар и щыхьэтщ а жысIэм – лэжьыгъэр теухуат хэхэс адыгэхэм къахэкIа тхакIуэхэм. Иджы фи нэгу къыщIэвгъэхьэт абы зызрипщытам и гугъуагъыр. Япэрауэ, хэхэс адыгэ тхакIуэ-усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр бджауэ, кууэ ущыгъуазэу щытын хуейщ. Дауэ ахэр зэрыбджынур, тхыгъэхэр къанэ щIагъуэ щымыIэу дунейм къызэрытехьар икIи мыадыгэбзэу, икIи мыурысыбзэу, атIэ нэхъыбэр тыркубзэу, къэнэжар е хьэрыпыбзэу, е инджылызыбзэу щытмэ? Мыбдеж Хьэмыщэ сэбэп къыщыхуэхъуащ зи гугъу тщIы литературэм щыщ IыхьэфI, диаспорэм щыщхэр здигъэIэпыкъуурэ, езым и щхьэкIэ адыгэбзэкIэ зэрызэридзэкIар. Псоми ялейуэ Хьэмыщэ абы и лъэныкъуэкIэ фIыщIэшхуэ хуещI Тыркум къикIыжу Налшык къэIэпхъуэжа Едыдж Нихьаи. Езы Хьэмыщэ адыгэбзэм къригъэзэгъахэм нэгъуэщI зэдзэкIакIуэхэм яхузэфIэкIари ядыщIигъужщ, абы

къимыдэкIэ адыгэбзэкIэ тхэ закъуэтIакъуэхэри хигъэхьэри, а псори тхылъу къыдигъэкIащ, «Хэхэс дуней» и фIэщыгъэу (Налшык, «Эльбрус», 2004). Абы и фIыщIэкIэ адыгэ щIэджыкIакIуэм Iэмал игъуэтат хамэщI ис ди хэкуэгъухэм талант нэс яIэу къахэкIахэр япэ дыдэу убгъуауэ къицIыхунымкIэ. Езы Хьэмыщи абы иужькIэ тегушхуащ зи цIэ къитIуа лэжьыгъэм, икIи ехъулIэныгъэшхуэ иIэу зэфIигъэкIащ.

Диссертацэм щелэжьа илъэсхэр арагъэнщ Хьэмыщэ, журналист IэщIагъэр дапхуэдизу фIыуэ имылъэгъуами, ар къигъанэу щIэныгъэ Iуэхум хыхьэну мурад щищIар. Езым абыкIэ сеупщIакъым, ауэ хузогъэфащэ ар Iуэхум мыпхуэдэу егупсысауэ: дэнэ деж нэхъ сэбэп къыщысхьыфыну си лъэпкъым хуэгъэзауэ? Абдеж наукэр щытригъэкIуащ икIи Хьэмыщэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ хъуащ 2003 гъэм. IэнатIэщIэм есэгъуей хъуакъым, сыту жыпIэмэ абы хуэхьэзыру, сыткIи хуэщIауэ пэрыхьати. Мыбдежи япэ лъэхъэнэм Хьэмыщэ щыпищащ къригъэжьа темэм – адыгэ диаспорэм я литературэм елэжьыным. Мы Iуэхум и кIапэлъапэ гуэрхэр къагъэхъейм, абы теухуауэ статья закъуэтIакъуэ къытрадзэм фIэмыкIыурэ, Хьэмыщэ дежу жыпIэ хъунущ мыр ди литературэдж щIэныгъэм и унэтIыныгъэ щхьэхуэ щыхъуар. Аращ монографие зыбжанэ абы теухуауэ япэу зи Iэдакъэ къыщIэкIар икIи илъэситI-щым кърииубыдэу ахэр тхылъу къыдэзыгъэкIар: ХамэщI щыпсэу адыгэхэм къахэкIа тхакIуэхэр. Налшык, 2000 (Бакъ З. Хь. щIыгъуу); Хэхэс адыгэ литературэ (къызэрежьам, и зыужьыкIам ехьэлIа Iуэхугъуэхэр). Налшык, 2005; Историческая поэтика и стилевые особенности литературы адыгского зарубежья. Нальчик, 2006. Мы темэ дыдэмкIэ и доктор диссертацэри пхигъэкIащ 2006 гъэм.



Мы къэхъугъэм сыт хуэдэ увыпIэ щиубыдрэ адыгэ щэнхабзэм? – абы теухуауэ еплъыкIитI щыIэщ зэпэщIэуэу. Зы къэхутакIуэщIэныгъэлI гупым къалъытэ адыгэ щылъхуу зэрыщыт къудейм тыркубзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ, урысыбзэкIэ е нэгъуэщI хамэбзэ гуэркIэ тхэр адыгэ тхакIуэ имыщIу, апхуэдэхэм я IэдакъэщIэкIхэр зейр ахэр дунейм къызэрытехьа бзэр зи анэдэлъхубзэ лъэпкъыр арауэ. Мыдрей гупым ар ядэркъым – хамэбзэкIэ тха щхьэкIэ, апхуэдэ тхыгъэхэр адыгэ лъэпкъ гупсысэкIэм тету гъэпсащ, абыхэм адыгэ гъащIэм щыщ куэд къагъэлъагъуэ, ауэ щыхъукIэ, ахэр адыгэ литературэм хыубжэ хъунущ, хэбжэни хуейщ, жаIэ. ТIымыжьым мы зэдауэм зи лъэныкъуэр иIыгъыр дэтхэнэра? И тхылъхэм яфIища цIэ къудейхэми къагъэлъагъуэ Хьэмыщэ и Iуэху еплъыкIэм тIэкIу-тIэкIуурэ зэрызихъуэжар: япэрейм «хамэщI щыпсэу адыгэхэм къахэкIа тхакIуэхэр» жиIэу къыщыщIидзамэ, адэкIэ тегушхуауэ ар тохьэ «хэхэс адыгэ литературэ» терминым. Езы тхылъхэм уакIуэцIрыплъмэ, наIуэ мэхъу апхуэдэу къыщIэхъуар. Мис 2000 гъэм къыдэкIам авторым щыжиIэр: «ЗэрыгурыIуэгъуэщи, лъэпкъ литературэр щылъапIэри, ар уи литературэ щыхъури уи анэдэлъхубзэкIэ щытхам дежщ» (нап. 6). Ар жиIэ щхьэкIэ, мыбдеж дыдэм езым шэч къыщытрехьэж а псалъэхэм, мыпхуэдэу щитхкIэ: «гъэщIэгъуэнщ нэгъуэщI къэрал щыпсэу адыгэхэр зэ-

ман зэхуэмыдэхэм я художественнэ литературэм зэрелэжьар». 2005 гъэм мы проблемэр нэхъ кужуэ и тхылъым къыщеIэт ТIымыжьым. Абы пэжу къызэрыхигъэщщи, адыгэ лъэпкъ литературэкIэ дызэджэмрэ абы къызэщIиубыдэ мыхьэнэмрэ IупщIу зэхэгъэкIауэ щыткъым. Псалъэм папщIэ, дауэ убгъэдыхьэ зэрыхъунур я хэку исыж адыгэхэм литературищ – адыгей, къэбэрдей, шэрджэс – яIэу СССР къэралым щагъэувауэ къызэрекIуэкIам? Абы лъабжьэ хуэхъуар гурыIуэгъуэщ – езы адыгэхэри лъэпкъ (нацие) щхьэхуэ-щхьэхуэу щы щращIыкIакIэ, литературэри апхуэдэ гуэшыкIэм тетын хуейуэ къалъытауэ арат. Ар захуэт-тIэ? Литературэр къызэрыгъэщIа бзэм тепщIыхьыпэми, ар тIууэт зэрыгуэшыпхъэр – адыгей (кIахэ) литературэрэ къэбэрдей-шэрджэс литературэу – литературэбзэу адыгэхэм тIу щаIэкIэ. АтIэми, нобэр къыздэсым къэбэрдейхэмрэ Къэрэшей-Шэрджэсым ис адыгэхэмрэ я литературэр зэм зэхыхьэжу, зэми зэхэкIыжурэ дыкъокIуэкI, зыгуэрым дыкъытемыувыIэфу. ХамэбзэкIэ тхэхэм я Iуэхур нэхъеиж у зэхэзэрыхьащ, ищхьэкIэ зэрыщыжытIащи, ахэр здахьынур теубыдауэ ящIэркъым. Мыр проблемэ къызэрыгуэкIкъым, мыр тэмэму зэфIэхыным лъэпкъым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Аращ мыбы нэхъ жыджэру хэлэжьыхьым, мыбы нэхъ кууэ хэзыщIыкIым жиIэм нэхъ убгъуауэ къытеувыIапхъэу къыщIэслъытар. Сэ си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, литературэм ехьэлIауэ япэ изгъэщыр ар зэрытха бзэрщ. Апхуэдэу егупсысри си закъуэкъым – куэд дохъу. ТIымыжьыр нэгъуэщIущ абы зэреплъыр: «бзэр бгъэув хъунукъым тхыгъэр зыщыщ лъэпкъ литературэр зэрагъэбелджылы Iэмал закъуэу. Дэ дызэреплъымкIэ, бзэр, тхыбзэр тхакIуэр «зэрылъащэ Iэмэпсымэщ». НэгъуэщIу жыпIэмэ, тхыбзэ зимыIэ лъэпкъым и тхакIуэм къызыхэкIахэм я гупсысэр, я дуней тетыкIэр кърригъэлъэгъуэн щхьэкIэ, хамэбзэр, тхыбзэр хьэхуу къэщтэри иролажьэ», аращи, «бзэр зыIурылъ лъэпкъым ей хъуркъым абыкIэ тхакIуэм къигъэщI тхыгъэхэр, ар езы тхакIуэр зыщыщ лъэпкъым и дунейуэ, къэзыухъуреихьхэм яхуиIэ щытыкIэ хэхауэ щытмэ» (Хэхэс адыгэ литературэ, нап. 59).

ДауикI, си дежкIи гурыIуэгъуэщ хамэбзэкIэ тхэхэм я нэхъыбапIэр IэмалыншагъэкIэ абы ехулIа зэрыхъуар – псалъэм папщIэ, дэ тхыбзэ иджыри щыдимыIа лъэхъэнэм Урысейм урысыбзэкIэ къыщыдэкIыгъащ Къазджэрий СултIан, КIашэ Адэлджэрий, талант нэс зыбгъэдэлъ адрей адыгэ щIалэхэм я тхыгъэ купщIафIэхэр. Ардыдэращ яхужыпIэ хъунур Тыркум, хьэрып къэралхэм ис адыгэхэм къахэкIа тхакIуэхэми. Абы щхьэкIэ ахэр Iумпэм пщIыныр, абыхэм я лэжьыгъэр къыпфIэмыIуэхуныр захуагъэкъым. Тырку литературэм и зэхэублакIуэу, абы и классикыу къалъытэу а къэралым адыгэ зыбжанэм я цIэр щиIэткIэ, ахэр къызыхэкIа лъэпкъри абыхэм дригушхуапхъэщ. Ауэ абы и закъуэкъым абыхэм я творчествэр кууэ щIэдджыпхъэр, уеблэмэ, ди дежкIэ нэхъыщхьэр аракъым – тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм мымащIэу яхэтщ я лъэпкъым зэрыщыту теухуахэр, е зэрыс къэралхэм я гъащIэм нэхъ ехьэлIахэми, зэрыхабзэщи, адыгэ образ зыхэмытыр закъуэтIакъуэххэщ. Минрэ нэгъуэщIыбзэкIэ тха-

ми, адыгэм къахэкIа тхакIуэхэм я тхыгъэхэр адыгэ гупсысэкIэм тету гъэпсащ, Хьэмыщэ и псалъэхэмкIэ жытIэнщи, «ар урысыбзэкIэ тхэуэ щыта узэщIакIуэ ирехъу, е хьэрып, тырку, инджылыз бзэхэр къэзыгъэсэбэпа тхакIуэу къыщIрекIи – псоми тхыдэ щIыналъэм щыпсэу ди тхакIуэ-усакIуэхэм яхуэдэ пщIэ щIахуэпщIын къалэжь, я къалэмыпэм къыщIэкIахэм лъэпкъым и псэукIэр, и гурыгъу-гурыщIэр, и дуней тетыкIэр я купщIэу щытмэ» (Хэхэс адыгэ литературэ, нап. 57). Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэ телъыджэхэр къегъуэт ТIымыжьым – аращ абы и тхылъхэр щIэныгъэрылажьэми ямызакъуэу къызэрыгуэкI тхылъеджэ куэдми гъэщIэгъуэн къащIыщыхъур.

ГъэщIэгъуэныщэкъэ, псалъэм папщIэ, тырку адыгэ тхакIуэ Сейфеддин Омер адыгэбзэм фIэкIа нэгъуэщI зы бзэми узыщримыхьэлIэ «узэсэр сэгъейщ», «и жьафэ къехыркъым», «и фэм кIуэцIыхуэжыркъым», «и пыIэкур къриудащ», «ныбафэуз хъуащ» фразеологизмхэм хуэдэхэр тыркубзэм хигъэхьэу абыхэм адыгэхэм къраx мыхьэнэр тхылъеджэхэм къазэрыгуригъэIуар! Шэч хэмылъу, ахэращ «тхакIуэшхуэм и бзэм зыми емыщхь гъэщIэгъуэныгъэхэр хэлъу» тырку литературэ къэхутакIуэхэм жезыгъэIар. ТхакIуэ Хьэрэтокъу Самир и «Бгъэхэр» романым хьэрыпхэм я «Налмэс къащыкъым», тыркухэм я «Еди йылдызым» («Вагъуибл») я пIэкIэ къыщигъэсэбэпыр адыгэхэр вагъуэ зэрыбыным зэреджэ «Вагъуэзэшиблырщ», абы теухуауэ лъэпкъым къыдекIуэкI хъыбарырщ. Къандур Мухьэдин и инджылызыбзэ тхыгъэхэр адыгэхэм я набдзэгубдзаплъагъым къигъэщIа «сампIэимыхьэ», «сабэ дэпхъеин», «и джабэр хущIэудын», «и пэр щIым щыхъуэн», «щхьэм иригъэжэн», «Iэжьэкъур ичын» жыхуиIэхэм хуэдэ псэлъафэхэмкIэ гъэнщIащ...



Адыгэлъ зыщIэту нэгъуэщIыбзэкIэ тхэ псоми я IэдакъэщIэкIхэр куууэ иджа, абыхэм я хъэтIыр къихута нэужь, ТIымыжьым апхуэдэ тхакIуэ-усакIуэхэр гупитI ирещIыкI, адыгэ нэщэнэ яхэлъ-яхэмылъ и лъэныкъуэкIэ. Ар зэреплъымкIэ, хамэбзэкIэ тхами, художественнэ тхыгъэхэр адыгэ щэнхабзэм щыщу къэплъытэн папщIэ, мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр я лъабжьэу щытын хуейщ:

а) лъэпкъым и IуэрыIуатэ къулейр;

б) адыгэм и гупсысэкIэ, и художественнэ дуней еплъыкIэ щхьэхуэр;

в) лъэпкъым и хабзэхэр, и псэукIэ-зэхэтыкIэр, пщIэ хэха хуищIу игъащIэ лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ нэгъуэщI лъапIэныгъэхэр;

г) фIэщхъуныгъэр, диным хуиIэ щытыкIэр.

Апхуэдэ тхыгъэхэр зи къалэмыпэм къыщIэкIа тхакIуэр щытын хуейщ:

а) адыгэу;

б) адыгэ куей, жылэ, хьэблэ (къалэу щытмэ) къыщыхъуауэ;

в) адыгэм ипIауэ, лъэпкъ гъэсэныгъэ игъуэтауэ.

ТIымыжьым къызэрилъытэмкIэ, я лIакъуэр адыгэхэм я деж екIуэлIэжми, М. Сами аль-Баруди, Щэукъий Ахьмэд, Теймур Мухьэмэд, Юсеф ас-Сибаи, Сабри Исмэхьил сымэ хуэдэхэр адыгэ

тхакIуэу убжыныр тэмэм дыдэкъым, сыту жыпIэмэ диаспорэ хъуным хунэмысу лъэхъэнэмрэ зыхэс лъэпкъымрэ яхэткIухьыжа мамлюк зауэлIхэм я щIэблэ жыжьэм ягъуэтакъым лъэпкъ гъэсэныгъи гупсыси; щIапIыкIакъым абы я быныр зыми емыщхь лъэпкъ художественнэ дуней еплъыкIэм и лъабжьэ адыгэ IуэрыIуатэми; адэ хэкужьым къинахэми пыщIэныгъэ хуаIакъым.

Апхуэдэу щыт пэтми, мыбыхэми я цIэр нэхъ дгъэпуд хъунукъым, апхуэдэ цIыху цIэрыIуэхэр къызэрытхэкIам дригушхуапхъэщ.

Хэхэс адыгэхэм къахэкIа тхакIуэхэм ехьэлIауэ ТIымыжьым къитIэщIам дэ и щхьэфэ диIэба къудейуэ аращ, ауэ аркъудеймкIи гурыIуэгъуэ хъууэ къытфIощI абы хузэфIэкIам и куэдагъымрэ и мыхьэнэм и инагъымрэ.

Диаспорэм къыхэкIа тхакIуэхэм я закъуэкъым ар зэлэжьыр – мынэхъ мащIэу абы и нэIэ ятетщ адыгэ республикищми щылажьэ тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ. Абыхэмрэ ди литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэмрэ ятеухуа статья пщIы бжыгъэхэр журналхэм, сборникхэм къызэрытригъэдзам, а темэ дыдэхэмкIэ щIэныгъэ конференц куэдыкIейм доклад зэрыщищIам къадэкIуэу, Хьэмыщэ Тхьэгъэзит Юрэ и авторэгъуу иджыри зы монографие 2009 гъэм Налшык къыщыдигъэкIащ, «Адыгэ лъэпкъ роман (и тхыдэ гъуэгуанэмрэ художественнэ нэщэнэхэмрэ)» и фIэщыгъэу. Псом япэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ мы тхылъыр адыгэбзэкIэ зэрытхар – абы мыхьэнэшхуэ иIэщ. ТIымыжьыр хуабжьу хуэшэрыуэщ урысыбзэми, а бзэм и щIэныгъэ терминологием нэхъыфIу зэрызиужьам и фIыгъэкIэ, щIэныгъэм ехьэлIа лэжьыгъэхэри а бзэмкIэ птхыныр куэдкIэ нэхъ тыншщ. Апхуэдэу щыт пэтми, щIэныгъэ монографиеу и Iэдакъэ къыщIэкIаиплIым ящыщу щыр Хьэмыщэ адыгэбзэкIэщ дунейм къызэрытригъэхьар. АбыкIи щапхъэ мэхъу ар: лейуэ гугъу зедгъэхьынкъым жытIэурэ псори урысыбзэм дыхуэкIуэжмэ, адыгэбзэм и лъабжьэр щIэдуду аракъэ? Бзэр IэнатIэ нэхъыбэм къыщысэбэпыху, абы и къарум хохъуэ. Адыгэбзэм щIэныгъэ стиль хузэгъэпэщыным хуабжьу елIэлIащ ди филолог нэхъыфIхэу Елбэд Хьэсэн, Сокъур Мусэрбий, Нало Заур, Шэвлокъуэ Пётр, Къэжэр Хьэмид, Гъут Iэдэм сымэ, нэгъуэщIхэри. Псом хуэмыдэу абыкIэ я Iуэхур нэхъ кIуэтауэ жыпIэ хъунущ IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ джыным пэрытхэм. Абыхэм къырагъэжьа хабзэ дахэм тетщ, абыхэм яхуэпэжщ Хьэмыщэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджыпсту щIэныгъэм къыхыхьэ щIэблэм ящыщу закъуэтIакъуэххэщ анэдэлъхубзэр хуэшэрыуэу къэзыгъэсэбэпыфыр. Мис ахэр дреплъей ТIымыжьым – адыгэбзэр мэкIуэдыж, жыпIэу утхьэусыхэу ущымысу, ар зэрымыкIуэдыжын Iуэху пыухыкIахэр лэжьыпхъэщ.

Иджы монографием дежкIэ дгъэзэжынщи, абы и пэублэ псалъэм къызэрыщыгъэлъэгъуащи, лъэпкъым и зэхэщIыкIым лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм зэрызыдихъуэжыр щIэныгъэр и лъабжьэу къэзыхутэж лэжьыгъэщ мыр, ауэ щыхъукIи ар дунейм къызэрытехьар мыхьэнэ хэха зиIэ Iуэхугъуэщ. Апхуэдэу жыпIэну хуитыныгъэ къует тхылъыр

цIыхум и псэкупсэ дунейр узэщIыным хуэлажьэ, псалъэр зи лъабжьэ гъуазджэм зэрытеухуам.

Адыгэ романми, прозэ жанрым зэрыщытуи я зыужьыным теухуа тхыгъэхэр мыбы япэкIи мымащIэу ятхащ, ауэ мыр абыхэм къащхьэщызыгъэкI нэщэнэхэр иIэщ. Псом япэрауэ, совет лъэхъэнэм ди къэралым щытепщэу щыта большевик идеологием и къупхъэ зэвым уикI хъууэ щымытамэ, иджы демократие зэхъуэкIыныгъэхэм я фIыгъэкIэ хуиту упсалъэ, дунейпсо щIэныгъэр здынэса лъагапIэхэр тегъэщIапIэ пщIы мэхъу, нэгъуэщIу жыпIэмэ, иджырей литературэ щIэныгъэм къэхутэныгъэхэр зэрекIуэкIыпхъэ Iэмалыщ Iэхэу (методологие, теорие, тхыдэ литературэ я лъэныкъуэкIэ) къигъэувхэм тету адыгэбзэкIэ тха япэ лэжьыгъэщ мыр. ЕтIуанэрауэ, адыгэ республикищми я тхакIуэ-романистхэр къызэщIиубыдэм имызакъуэу, хэхэс адыгэ тхакIуэхэм къагъэщIа художественнэ дунейм гупсэхуу къытоувыIэ. Литературэм щыщу зэфIэкI нэхъыбэ зыбгъэдэлъ, лъэпкъ литературэхэм я зыужьыныгъэхэр зыхуэдэм и пщалъэу романым и ублапIэм къыщыщIадзэри, ди нобэм къэсу къикIуа гъуэгуанэм ириплъэжурэ авторхэм а гъуэгуанэр лъэхъэнэкIэрэ зэпагъэщхьэхукIащ, лъэпкъ поэтикэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр, IуэрыIуатэм абы къыхих гуащIэр ягъэбелджылащ, адыгэ литературэр къуэпскIэ зыпыщIа хамэ щэнхабзэхэр къыхагъэщхьэхукIащ.

Хьэмыщэ илъэс бжыгъэкIэ зэрихьащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и нэхъ къудамэшхуэ дыдэхэм ящыщу адыгэ литературэм телажьэм и унафэщI къалэныр. Уеблэмэ, абыи къыщымынэжу, пIалъэ гуэркIэ адыгэбзэмкIи, адыгэ IуэрыIуатэмкIи къудамэхэри и унафэм щIэтащ. Мыбы я лэжьакIуэ гупым Хьэмыщэ и жьауэ щIэту ягъэзэщIа лэжьыгъэшхуэм – Адыгэхэм я художественнэ литературэм и тхыдэ том зыбжанэ хъум икIи бзитIкIэ зэуэ – адыгэбзэкIи урысыбзэкIи – дунейм къытехьам щхьэхуэу икIи кууэ утепсэлъыхьыну хуэфащэщ, апхуэдизкIэ и мыхьэнэр инщи.

Дызытепсэлъыхьа къудейри мащIэкъым зы цIыхум хузэфIэкIыну. АрщхьэкIэ абы и IуэхущIафэхэр IэджэкIэ нэхъыбэщ. Абы и гуащIэ мымащIэу хэлъщ IуэрыIуатэмкIэ секторыр зэлэжьа Нарт эпосым, КъардэнгъущI Зырамыку и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъышхуэм, бзэмкIэ секторым дыкъэIэбэмэ, мыбы илъэс зыбжанэкIэ щызэхалъхьа Урыс-адыгэ псалъалъэ инми, ар и лъабжьэу дгъэхьэзыру 2013 гъэм къыдэдгъэкIа Урыс-адыгэ школ псалъалъэми я Iыхьэ щанэм нэблагъэр ТIымыжьым тхуищIащ. НэгъуэщI зы псалъалъи щхьэхуэу къытеувыIапхъэщ – ар Думэн Хьэсэн и «Адыгэхэм я дауэдапщэхэр» жыхуиIэ этнографие терминхэм я псалъалъэращ (Налшык, 2006). Хьэмыщэ и цIэр мыбы къызэрыхэщыр абы и редактору зэрыщытамрэ псалъапэр зэрыхуитхамрэщ. Ауэ шэчыншэу ар мы лэжьыгъэм авторэгъуу гуэбгъэувэ хъунущ. Ар сэ си еплъыкIэ къудейкъым – езы Думэным (и ахърэт нэху ухъу) мы псалъалъэр къыщыдэкIам цIыху гупышхуэм я пащхьэ щыжиIауэ щытащ мыр. Пэж дыдэу, Хьэмыщэ мыхъуамэ, мы лэжьыгъэр дунейм къытемыхьэнкIи хъунт. Ар инсти-

тутым къэувагъащIэу Хьэсэн ириджэри, Iэрытх Iэтэшхуэ и пащхьэ кърилъхьащ, «Мыр илъэс Iэджэ хъуауэ адэкIэ-мыдэкIэ щызэхузохьэс, адыгэхэм къадекIуэкI хабзэхэм ятеухуауэ. Мыбыхэм селэжьынущи сыхунэсыркъым, зыгуэр къыхэкIынумэ схуеплъ», – жиIэри. ТIымыжьыр еплъа къудейкъым, мыбы лэжьыгъэ щхьэпэ къыхэпщIыкI зэрыхъунур къыгурыIуэри, щхьэх имыщIэу Хьэсэн и Iэрытххэм къахэпх хъунур къахихащ, езым мы унэтIыныгъэмкIэ гъэтIылъыгъэ гуэрхэр иIэти, ахэри ядыщIигъуащ, термин 400-м нигъэсри, адыгэ тхыгъэхэр урысыбзэкIэ зэридзэкIащ, а псори псалъалъэр зэрагъэхьэзыр щIыкIэм хуигъэкIуащ, литературэбзэм кърigъэзагъэри, Хьэсэн иритыжыгъащ. Иджы мыр адыгэбзэм и псалъалъэу щыIэхэм ящыщу нэхъыбэ дыдэрэ къагъэсэбэпхэм яхыхьащ.

ИкъукIэ сэбэп мэхъу Хьэмыщэрэ ПщыхьэщIэ ЛатIифрэ зэщIыгъуу ягъэхьэзыра, адыгэбзэм къищта хьэрып псалъэхэм я мыхьэнэр къыбгурызыгъаIуэ псалъэгъэнахуэри (Налшык, 2006). Псом хуэмыдэу мыр щхьэпэщ муслъымэн диным ехьэлIа терминхэм я мыхьэнэр зэблэша мыхъуу мы зэман зэхэзэрыхьам тэмэму цIыхухэм, псом япэу щIалэгъуалэм, къагурыIуэнымкIэ.

НэгъуэщI псалъалъэ лIэужьыгъуи зэдэдгъэхьэзыращ Хьэмыщэ сэрэ, урысыбзэкIэ разговорник жыхуаIэм хуэдэ. Ди республикэм зыплъыхьакIуэ, зыгъэпсэхуакIуэ, зыгъэхъужакIуэ нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIыурэ къакIуэхэм мымащIэу къахокI республикэм ис лъэпкъхэм я бзэ, я хабзэ зрагъэщIэну зыфIэфIхэр. Мис апхуэдэхэм папщIэ урыс-адыгэ псалъэ зэпэдзыж къыдэдгъэкIауэ щытам щIэупщIэшхуэ иIэу къыщIэкIри, иужькIи тIэунейрэ дыхэлэжьыхьыжурэ, зедгъэубгъуурэ, едгъэфIакIуэурэ дунейм къытедгъэхьащ.

ТIымыжьым езым итххэм ямызакъуэу и лэжьэгъу нэхъыщIэхэм я дежкIи дэIэпыкъуэгъу нэсщ. Литературэм елэжьхэм я зы тхылъи статьяи Хьэмыщэ хэмыплъауэ, ар имыредактору къыдэкIыркъым жыпIэкIэ ущыуэнукъым. Язынысъуэхэм зэращIым хуэдэу, Iэрытх кърaтам Iэпэдэгъэлэлу ириплъэу зэфIигъэкIыркъым, зытхам къыхуэмыцIыхужыным нэсу щыхэлэжьыхьыр нэхъыбэщ, аращи, нэгъуэщIхэм я цIэ тету дунейм къытехьа лэжьыгъэ куэдым Хьэмыщэ и унэцIэри япэ иту тетыпхъэт, уеблэмэ тету жыхуэтIа а цIэхэр Iупхыу Хьэмыщэ и цIэр тептхэкIи гуэныхь къэпхьынутэкъым, хилъхьа гуащIэм и инагъымкIэ ар къелэжьри. Езым апхуэдэ игъащIэкIэ япимыубыдын дэнэ къэна, нэхъ зэхэщIыкI зиIэхэм «авторэгъу утщIынщ» къыщыжраIэкIи яхуидэркъым.

Хьэмыщэ и гуащIэшхуэ хелъхьэ адыгэ филологием ехьэлIа щIэныгъэ конференцхэр щрагъэкIуэкIкIи, икIи дапщэщи утемыукIытыхьын хуэдэу екIурэещхьу къызэрегъэпэщ. Къэбгъэлъэгъуэну ирикъунщ КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэсищэ, Нало Заур – илъэс 85-рэ щрикъум теухуауэ екIуэкIа зэIущIэхэр.

ТIымыжьыр къызэгъэпэщакIуэ Iэзэу икIи емызэшыжу зэрыщытыр хэIущIыIу мыхъункIэ Iэмал иIэтэкъым. Абы и хъыбар зэхахакIэт Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и унафэщIхэми. Арати,

Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я литературэхэмрэ я IуэрыIуатэхэмкIэ абы къыщызэIуахагъащIэ кафедрэр унафэщIыншэу къыщынэм, вузым и ректорымрэ филологиемкIэ институтым и директорымрэ езыхэм я щхьэкIэ Хьэмыщэ деж къакIуэри къелъэIуащ зи гугъу тщIа къулыкъум теувэну. Илэжьынур и щхьэм къэс пэтми, мо къэкIуахэр хуэгъэщIэхъуакъым, зэрызыщIищIэжыр къыгурыIуэж пэтми, мыпхуэдэ щIыкIэкIэкIэ ягурыIуащ: лэжьапIэ здыIутым къыIуонэ, ауэ абы къыдигъакIуэу кафедрэми увынщи, зэрыхузэфIэкIкIэ зы илъэсилъэситI хуэдэкIэ абы и лэжьыгъэр зэтригъэувэнщ. Апхуэдэуи ищIащ. ЗдэкIуар «щIапIэ нэщI ихьащ» жыхуаIэм хуэдэт: кафедрэр къыщызэIуахам абы и унафэщIу ягъэуват ЦIыпIынэ Аслъэни (и ахърэтыр нэху ухъу!), зыхунэсышхуаи щымыIэу гуузу дунейм ехыжат, иджы мы кафедрэр илъэс пщIы бжыгъэ хъуауэ лажьэ адрей кафедрэхэм ялъэщIэбгъэхьэн щхьэкIэ зэфIэгъэкIын хуейм гъунэрэ нэзрэ иIэтэкъым. Зыхэхуа щытыкIэм япэщIыкIэ тIэкIу къигъэIэнкунами, къикIуэт щыIэжтэкъыми, ректорыр къызэригъэгугъар игъэзэщIэным пэрыуващ. Къалэн гуэр къыщыппэщылъым деж щапхъэ, гъуэгугъэлъагъуэ пхуэхъун щыIэмэ, абы псынщIэ къыпщещI. Ауэ мыбдежым апхуэди щыIэтэкъым – Кавказым нэгъуэщI зы вузи щыбгъуэтынукъым зи гугъу тщIы кафедрэм хуэдэ иIэу. Литературэхэм ящыщу адыгэ, балъкъэр литературэхэм ятеухуауэ зыгуэр нэхъ щыIэт, ауэ абыхэми зэманыщIэм, къэралым къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэм езэгъыу щIэрыщIэу программэ яхузэхэлъхьэн хуейт, итIанэ а программэм тет лекцэхэмкIэ курсхэр гъэхьэзырыпхъэт. ПрограммэщIэр езы Хьэмыщэ и пщэ дилъхьэжри зэхилъхьащ, IуэрыIуатэм теухуа IыхьэмкIэ Гъут Iэдэм и авторэгъуу (Налшык, 2013), лекцэ курсхэм я нэхъ гугъури езым и щхьэм фIихакъым. Абы къыдэкIуэу, адрей Кавказ лъэпкъхэм я литературэмкIэ езыгъаджэ кафедрэхэм я егъэджакIуэхэми я Iуэхур ядигъэпсынщIащ. УнафэщIым и фIыгъэкIэ зэман кIэщIым къриубыдэу кафедрэр лъэ быдэкIэ уващ, нэхъ ныбжьышхуэ зиIэхэм ялъэщIыхьэжа къудейтэкъым, атIэ абыхэм ящыщ зыкъомым я дежкIэ щапхъэт. Мы кафедрэр адрейхэм къащхьэщызыгъэкI нэгъуэщI гуэри щыIэт – ар мыбы къегъэщIылIауэ университетым щылажьэ адыгэ, балъкъэр щэнхабзэхэмкIэ центрхэрщ. Мыхэри зэпхауэ щыта кафедрэм и ныбжьщ. Адыгэ щэнхабзэ центрыр ЦIыпIынэ Аслъэн и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщауэ щытащ, тIэкIу нэхъ иужьыIуэкIэ апхуэдэ центрхэр балъкъэрхэми къэзакъхэми яIэ хъуащ. ЖэрдэмщIакIуэр, ищхьэкIэ зэрыщыжытIащи, и мурадхэр гъащIэм хипщэну хунагъэсакъым, иджы центрым илэжьын хуеймрэ ар зэрилэжьыну щIыкIэмрэ убзыхуауэ гъуэгу тэмэм тегъэувэн хуейти, абыкIи Хьэмыщэ лъэкI къигъэнакъым. Нобэ псоми ялъагъу, адыгэм ехьэлIа Iуэху университетми, къалэми, республикэми – дэнэ къыщаIэтми, ар и курыкупсэм хэтщ, нэхъ хэлъхьэныгъэфI апхуэдэхэм хуэзыщI бгъуэтынкъым. Мыри къыжыIапхъэу къызолъытэ: Хьэмыщэ къыхилъхьэри, центрым ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр фIригъэщащ – ари ТIымыжьым и гулъытэм и инагъым и щапхъэщ.

Ауэрэ екIуэкIыуэ аргуэру кафедрэм и зэхэлъыкIэр якъутэжщ, адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ кафедрэ щхьэхуэу зэгуагъэхьэжри, абыи ТIымыжьыр и унафэщI ящIауэ щытащ икIи а къулыкъур ехъулIэныгъэшхуэ иIэу, кафедрэм и Iуэхур махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу иригъэфIакIуэ зэпыту игъэзэщIащ 2024 гъэм пенсэ тIысыжыху.

Школ егъэджэныгъэми хуэфэщэн хэлъхьэныгъэ хуищIащ Хьэмыщэ. Адыгэ литературэмкIэ программэщIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм ямызакъуэу школхэри хуэныкъуэт. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм а къалэныр я пщэ илъу гуп щызэхишэм, абы и унафэщIу ТIымыжьырщ къигъэлъэгъуар. Гупым хэтт иджыри къэс зэреджа программэр зэхэзылъхьахэри, нобэрей гъащIэм а программэр езэгъ щIын хуейуэ къэзыгъэувахэри. Ахэр зэгурыбгъаIуэу зы еплъыкIэ тепшэныр тынштэкъым. Лъэпощхьэпо хъурт «дэ тхуэфащэ увыпIэ щыдубыдын хуейщ программэм» жаIэу унажэу къахуэжэ языныкъуэ тхакIуэ-усакIуэхэри. А псом, адыгэ хабзэри  дипломатием и Iэмалхэри къигъэсэбэпурэ, пэлъэщри ТIымыжьым и гупым программэ хъарзынэ зэхалъхьащ, адэкIэ абы тету школым зэрыщеджэ тхылъхэр гъэхьэзырын хуейти, мыбдежым Хьэмыщэ къылъысу 7-нэ, 11-нэ  классхэм я хрестоматиехэр япэм зэрыщытам куэдкIэ ефIэкIыу къыдигъэкIащ, Балэ Людмилэ и авторэгъуу.

ТIымыжьыр литературэдж къудейкъым, атIэ езыри тхакIуэщ – абы и лъэныкъуэкIи зэфIэкI зэриIэр нэрылъагъу тщищIауэ щытащ «Зи нэм уафэхъуэпскI къыщIих сулътIан» повестымкIэ (Налшык, «Эльбрус», 2001). «Тхыдэ темэм щыщу куэдыр зытемыгушхуэщ икIи узыIэпызышэщ ТIымыжь Хьэмыщэ итха повестыр, – щыжеIэ Адыгэ литературэм и тхыдэм и етIуанэ тхылъым Гъут Iэдэм, – абыкIэ къэбэрдей литературэм темэщIэ икIи темэшхуэ и гъунэ щрилъауэ жыпIэ хъунущ абы» (нап. 197). ТIымыжьым и лIыхъужьыр (ар Мысырым тетыгъуэр япэу щызыубыда адыгэ сулътIан аз-Захир Сайф ад-дин Баркукщ, адыгэ жыIэкIэкIэ Бэрокъуэщ) щIалэ цIыкIуу и  хэкум ирашри, Мысырым къыщыхутат, зыпэщIэхуахэм зауэ хуэIухуэщIэм хуагъасэри, дзэзешэ ямылей къыхэкIат, иужькIэ мамлюк зауэлIхэм IэIэткIэ Мысыр къэрал лъэщым и сулътIану хахат. Абдежым наIуэ къыщыхъуащ адыгэ щIалэм Iэпщэ лъэщымрэ хахуагъэмрэ къадэкIуэу акъылышхуи, гущIэгъуи, къэрал зезыхьэм хэлъыпхъэ жыжьэрыплъэнри зэрыхэлъыр. Абы и щыхьэтщ тхыдэм къыхэнэжауэ зи хъыбар ди зэманым къэса мы къэхъугъэр: КъуэкIыпIэ псор къэзыгъэхыщIэу КъухьэпIэм зи цIэр нэIуса Темырлан (Тимур, Тамерлан) дунейр къизэуурэ МысырымкIэ зыщигъазэм и Iуэхур къэзыкъутэфар адыгэм къахэкIа мамлюк сулътIан Бэрокъуэщ. АбыкIэ хьэрып щIыналъэхэри Африкэм и ищхъэрэри хъума хъури, гущIэгъу жыхуаIэм хуэхей пащтыхьзэуакIуэ ябгэмрэ абы и бейгуэл хьэщхьэрыIуэхэмрэ зэрамыпхъуэу, зэбграмылъэфыжу къуэкIыпIэ цивилизацэм и хъугъуэфIыгъуэ Iэджи къызэтенащ.

Ахэр повестым адыгэбзэ дахэрэ шэрыуэкIэ къыщыIуэтэжа хъуащ. ТхакIуэм лъэпкъ литературэм темэщIэ къыхихьа къудейкъым, атIэ абы и гъусэу композицэм и Iэмалхэр Iэрыхуэу къызэригъэсэбэпыфыр къигъэлъэгъуащ, зэман жыжьэм и тхыдэмрэ хамэ щIыналъэм и хабзэмрэ нобэрей зэманым къригъэкIуащ.

Хьэмыщэ и мурадащ нэгъуэщI художественнэ тхыгъэхэри къыдигъэкIыну, и повестым псалъэпэ хуищIам щхьэтечауэ щыжеIэ «мы тхыгъэри абы къыкIэлъыкIуэнухэри» жеIэри (нап. 9). Езым мызэ-мытIэу игу къеуэу къыхигъэщу зэхэсхащ, Iэрытх зыбжанэ, нигъэсыну зэман имыгъуэту, зэрыщылъыр. ЩIимыгъуэтар ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа къалэн, IуэхущIафэ куэдыращ. Езым, гушыIэурэ, пенсэм сытIысыжмэ нэстхысыжынщ, жиIэрт.

Куэд щIакъым и ныбжьэгъухэм зыми дигу апхуэдэ къэдмыгъэкIыххэу зэуэ зыкъызэкъуихыу Хьэмыщэ пенсэ зэрытIысыжрэ. ЗэрыхуэдгъэфащэмкIэ, лэжьыгъэм зыкъыдигъахуэу яужь ихьэну хунэмысу зэтрихьауэ жыхуиIэ и гуращэ къомым «иджы адэкIэ фIэзгъэкIмэ, сыхунэмысу къэнэжынкIэ хъунущ» жиIэу тешыныхьу арагъэнщ ар къызыхэкIар. ИтIанэ, мо здыIукIа кафедрэм и лэжьыгъэр хьарзынэу зэтригъэуvауэ езыр яхэмытми къэнахэм тэмэму адэкIэ зэрырахьэкIыфынум шэч къытрихьэртэкъыми аращ апхуэдэ лъэбакъуэ щIичар, армыхъумэ зыгуэр утыку къизынэфын цIыхукъым ар. Унэм дэтIысхьэжа щхьэкIэ, абы дэзэшыхьынкIэ ущIытегузэвыхьын щыIэкъым: и пщIантIэ, лъапсэ екIум зэпэщэщын щыкуэдщ, жыг, къэкIыгъэ зэрихьэн фIэфI дыдэщ, и къуэрылъху цIыкIу «дадэ» жаIэу и кIэм итхэри гухэхъуэшхуэщ. А псом закъыдигъэхуэфрэ тхапIэ стIолым е компьютерым бгъэдэсыну Iэмал игъуэтмэ, творчествэ и лъэныкъуэкIэ ищIа а и гуращэхэми тIэкIу-тIэкIуурэ хигъэщIынщ.

Хьэмыщэ, тIэкIу тпэIэщIэ ухъуащи, дыпхуозэш, кхъыIэ, зэзэмызэ къытхыхьэурэ къыдбгъэдэс, къыддэуэршэр, унэм зыдумыубыдэжыпэ! Нобэ, уи юбилейм ирихьэлIэу, дэ дызэрыпхуэупсэр мыращ: узыншагъэрэ гукъыдэжрэ ущымыщIэу дяпэкIи илъэс куэдкIэ уи унагъуэ дахэм Тхьэм уащхьэщигъэт!

**БИЩIО Борис,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор,*
*Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ*
*и институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI,*
*КъБР-м, КъШР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ*

# КУЭД ЗЫХУЗЭФIЭКIА

ЩIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым илъэс зыбжанэкIэ, абы иужькIэ университетым илъэсипщIкIэ сыщыдэлэжьащ Хьэмыщэ. КъызэрысцIыху лъандэрэ зэпIэзэрыту, зэхэщIыкI иIэу, езыр унафэщIу щытми, и лэжьэгъухэм пэжу ябгъэдэту, и Iуэху зехьэкIэкIэ пщIэ къилэжьрэ и щIэныгъэкIэ щытхъу хуэфащэущ зэрыщытыр. И IэщIагъэр литературэм нэхъ епхами, бзэри и IэщIыбу зэрыщымытым и щапхъэщ псалъэгъэнахуэ зыбжанэм зэрыхэлэжьыхьар. ЛитературэмкIэ кафедрэр щыщхьэхуэми, бзэмрэ литературэмрэ зэхагъэхьэжауэ абы и унафэщIу щылэжьаи, Хьэмыщэ и къару псори ирихьэлIащ кафедрэм и цIэр фIыкIэ зэригъэIуным. И егъэджакIуэхэм зэрахуэсакъыным, ахэр зэриIэтыным, абы хуэдэуи студентхэр зэригъэгушхуэным, щIэныгъэм зэрыхишэным сытым дежи иужь итащ.

Кафедрэм щIэкI тхылъымпIэм и фэ къыдаплъынущ, – жиIэти, езыр абы итым хэмыплъэжауэ, зэримыгъэзэхуэжауэ утыку иригъэхьэртэкъым. Илъэс куэдкIэ кафедрэм и унафэщIу щыта Урыс Хьэталий и фэеплъ аудиторие къызэгъэпэща хъуным Хьэмыщэ и зэфIэкI куэду хилъхьащ. Иджыпсту абы и блынхэм кафедрэм и унафэщIу щытахэм я сурэтхэр кIэрылъщ, интерактивнэ доска ин ректорым и фIыгъэкIэ пэшым щIагъэуващ.

Тхылърэ щIэныгъэ лэжьыгъэ куэдрэ Хьэмыщэ и Iэдакъэ къыщIэкIащ, ахэр литературэ езыгъэджхэм, студентхэм къагъэсэбэп. Курыт еджапIэхэм адыгэ литературэр зэрыщегъэджыпхъэ программэ, тхылъхэр зыгъэхьэзырахэм я пашэу щытащ.

Куэд зыхузэфIэкIа, журналистикэми литературэдж щIэныгъэми лъэужь дахэ къыхэзына цIыхущ ТIымыжьыр.

Мы махуэхэм Хьэмыщэ илъэс 70 зэрырикъумкIэ дохъуэхъу: ныбжь гуэр зыгъуэтам нэхъ псалъэ дахэу хуаIэтыр жьыщхьэ махуэ хъунырщи, илъэс бжыгъэм емылъытауэ, и лъэ щIэкIыу, и бынхэм, и къуэрылъхухэм я гуфIэгъуэ куэд илъагъуу тхьэм тхуигъэпсэу!

**КЪАРДЭН Мусэдин,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат,*
*КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ*
*и кафедрэм и унафэщI*

# ЕШ ЗЫМЫЩІЭ

Адыгэу зызылъытэж дэтхэнэми и къалэн нэхъыщхьэщ лъэпкъым и бын пажэхэм я ІуэхущІафэм зэрыпищэным хущІэкъу зэпыту дунейм тетыныр. Апхуэдэ гъащІэ еплъыкІэ, щІэныгъэ куу, зэхэщІыкІ лъагэ, гурыщІэ къабзэ зиІэ адыгэхэм къахэлыдыкІыу мэпсэу икІи и гъащІэ гъуэгуанэр адэжь щІыналъэмрэ цІыхугъэ нэсымрэ щхьэузыхь яхуещІ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, Урысей Федерацэм и ТхакІуэхэм я союзымрэ Журналистхэм я союзымрэ хэт, ЩІДАА-м и академик, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ ТІымыжь Хьэмыщэ.

Лъэныкъуэ зыкъомкІэ абы хьилмышхуэ бгъэдэлъщ. Журналист, щІэныгъэлІ, егъэджакІуэ, тхакІуэ икІи зэдзэкІакІуэ ТІымыжь Хьэмыщэ цІэрыІуэ зыщІар а ІэнатІэ псоми фІыуэ зэрыхищІыкІырщ. Ар зыщымыгъуазэм зэи тепсэлъыхьынукъым, ауэ ищІэмкІэ хэти дэгуэшэну хьэзырщ.

Хьэмыщэ зэи зытемыкІ хабзэ иІэжщ: «Ари сэ схуэдэ цІыхущ. Абы щыхузэфІэкІкІэ, сэри схузэфІэкІын хуейщ». Абы сыт щыгъуи и гъуазэщ зыпэрыт ІэнатІэм – еджэнми, лэжьэнми – ехъулІэхэр. Арагъэнщ езым и мурадхэр къыщІехъулІэри.



Илъэс 13-м щІигъукІэ зи унафэм дыщІэта ТІымыжь Хьэмыщэ ди кафедрэм къытхуэкІуэным ипэжкІи сэ куэдрэ сыІущІэрт. Ар щылажьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым студентхэр практикэ сшэрт. Сызэрыдэлэжьа илъэсхэм къриубыдэу абы куэдым сыхуигъэсащ, гу лъызигъэтащ, статья зыкъоми, студентхэр зэреджэн тхылъ куэди зэдэттхащ.

Гулъытэ зыхэлъ унафэщІу къыщІэкІащ Хьэмыщэ. Сыт хуэдэ ІуэхукІи упщІэкІи хуиту убгъэдыхьэ хъурт, хузэфІэкІыххэуи уигъэщІэхъунутэкъым. Языныкъуэхэм деж, сэ езыр сызыщыхуэмыарэзыжхэм, сигъэгушхуэу псалъэ гуапэ къызжиІэрт. Абы пцІы хэмылъу, сэ дамэ къыстригъакІэрт, нэхъыфІыжу сызэрылэжьэнум сыхущІэкъурт. Апхуэдэу къыпхущыт цІыхур дауэт зэрумыгъэпэжынур!

И лэжьэгъухэр дриныбжьэгъуфІт, иригъаджэ ныбжьыщІэхэм я чэнджэщэгъут, я щхьэщыжакІуэт. Нэхъыжьым пщІэ хуищІыфу, нэхъыщІэр игъэгушхуэрэ гъуэгу захуэм хуиунэтІу дунейм тетщ ТІымыжьыр. МыпІащІэу, гурыІуэгъуэу, «гъэныщкІуауэ» студентхэм я пащхьэ ирилъхьэрт зытепсэлъыхь Іуэхугъуэр. ЯдэгушыІэу, я Іуэху зытетыр, дэзыхьэх Іуэхугъуэхэр зыхуэдэр зригъащІэу яхэтащ щІалэгъуалэм.

Зи лъэпкъым гукъуэпскІэ пыщІауэ зи гъащІэр къезыхьэкІ ТІымыжь Хьэмыщэ лэжьыгъэшхуэ зэфІегъэкІ, абы къыдигъэкІ тхылъхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ.

ФIыуэ укъэзылъагъу уи гъэсэнхэм я гум сыкъипсэлъыкIыу ди нэхъыфIыжьым сынохъуэхъуну сыхуейщ узыншагъэ быдэ уиIэну, уи зэфIэкIми уи ехъулIэныгъэхэми хэхъуэ зэпыту иджыри илъэс куэд къэбгъэщIэну.

**БОЗИЙ Наимэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат,*
*КъБКъУ-м и доцент*

## АДЫГАГЪЭР ЗИ ГЪУАЗЭ

Зы къуажэ дыщыщми, ТIымыжь Хьэмыщэ и цIэр сщIэуэ, и лэжьыгъэхэм сыщыгъуазэу, ауэ дызэрымыцIыхуурэ къекIуэкIащ. Кафедрэ лэжьыгъэм дызэхуишащ, илъэс 14-кIэ Хьэмыщэ си унафэщIу дылэжьащ. ЦIыху гъащIэм щыщу апхуэдизыр мащIэкъым узэрыцIыхуну...

Адыгэбзэмкlэ кафедрэр илъэс 85-м щIигъуауэ щыщыIэкIэ, дауикI, абы лэжьыгъи къыщекIуэкIырт, «адыгэ дунейм» зи цIэр щызыгъэIуа куэди щылэжьат, ауэ ТIымыжь Хьэмыщэ и лъэужь дахи къыщигъэнэфащ. Япэрауэ, мыпхуэдэ IуэхущIапIэхэм тхылъымпIэ куэд щызэрахьэ, зэхэхауэ зумыхьэмэ, щIэрыщIэу зэгъэпэщыжын хуей мэхъу. Мис мыбы и лэжьэгъухэр япэ дыдэу дыхуигъэсащ Хьэмыщэ. Кафедрэм и лэжьыгъэр къыщыгъэлъэгъуар документ зэIэпытххэрщ, «къыщIыхьэри щIэкIри» екIуу зэхэхауэ ди пэшым иджыпсту щIэтщ, илъэс куэдкIи адэкIэ абы кIэрыдмыгъэхуу дылэжьэфынущ.



АдэкIэ зи гугъу щIыпхъэр адыгэм «нэхъыжь-нэхъыщIэкIэ» ди зэхэтыкIэрщ. Пэжщ, мы хабзэр сыт щыгъуи кафедрэм щызэдэлажьэхэм я гъуазэу щытащ. Хьэмыщэ ар игъэткIияуэ фIэкIа кIэригъэхуакъым. Нобэ тхэмытыж ди нэхъыжьхэм я цIэр тхыдэм къызэрыхэнэжын Iуэхум езыри иужь итащ, кафедрэм и лэжьакIуэхэри дыхуиунэтIащ. Ар щынэрылъагъущ газетхэмрэ щIэныгъэ журналхэмрэ къытехуа статьяхэм, радиомрэ телевидениемрэ къыщызэрагъэпэща нэтынхэм, университет кIуэцIым кафедрэм щызэхиша Iуэхугъуэхэм.

Хьэмыщэ зыхэмыплъа тхылъымпIэ кафедрэм зэи зэрыщIэмыкIам хуэдэу, зы Iуэхугъуи къэтхьэжьакъым абы къыщыIуну псалъэ къэс езыр емыгупсысауэ. Ди тхыдэр, ди хабзэр хэмыкIуэдэжу щIэблэм щабэу, лъагъуныгъэ хэлъу зэрыбгъэдэлъхьэн хуейм хуэлэжьащ къызэрытхэта зэманым. Литературэмрэ IуэрыIуатэмрэ нэхъ Iэщэ жан зэрыщымыIэм, ар цIыхухэм зэралъэгъэIэсыпхъэ Iэмалхэм дыхуигъэсащ. Езыр редактор, литератор Iэзэу зэрыщытым къыхэкIыу, Хьэмыщэ мыпхуэдэ зэIущIэхэми, занятиехэм къыщыбгъэсэбэпынуи купщIэ нэхъ зиIэ тхыгъэхэм гу лъыдигъэтащ, нэхъ гъэщIэгъуэн къыдэхъулIахэр университет газетым, сайтым къръщигъэлъхьащ.

Псом ящхьэжыр цIыхуращи, ТIымыжь Хьэмыщэ зи нэхъыжьу игъэлажьэхэр и унагъуэм хуэдэу къилъытащ. Абы къокI дэтхэнэми ди узыншагъэкIэ, ди унагъуэкIэ, ди лэжьыгъэкIэ, дызыхыхьэ-дызыхэкI-кIэ и нэIэ къызэрыттетар. ГущIэгъу, дэIэпыкъуэгъу хуей къытхэтами, Хьэмыщэ и деж щигъуэтащ, щхьэщыж дыщылъыхъуэми – къыткъуэу-ващ. Ди кафедрэм хуэдэ дунейм зэрытемытыр, псори здэплъэ утыкум сыт щыгъуи дызэритыр зыхищIэущ Хьэмыщэ зэрылэжьар.

И гум фIэфIу зыхунэмыса лэжьыгъэ дахэ куэдым щыпэлъэ-щын ныбжьым нэсауэ аращи, Хьэмыщэ дыхуохъуахъуэ узыншэну, и щIэблэм ягъэгуфIэну, езыми и мурадыфIхэр къехъулIэу куэдрэ ди япэ итыну!

**ЕЗАУЭ Мадинэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат,*
*КъБКъУ-м и доцент*



5 Заказ №2225



**ЩIэныгъэ конференцэм къыщопсалъэ.** *2018*





**КъБКъУ-м и социально-гуманитар институтым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и кафедрэм и лэжьакIуэхэр.** *2022*



**ТIымыжь Хьэмыщэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Мыкъуэжь Анатолэрэ.** *2016*





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **зэныбжьэгъухэу жылагъуэ лэжьакIуэ ЩоджэнцIыкIу Леонид, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм и унафэщI Тэтрокъуэ Астемыр, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI БищIо Борис, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ Мыкъуэжь Анатолэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор ТIымыжь Хьэмыщэ сымэ.** *2016*

ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ

# ЗИ НЭХЭМ УАФЭХЪУЭПСКI КЪЫЩIИХ СУЛЪТIАН

*Повесть*

Дэ куэд тфIэкIуэдащ лъэпкъым тхыбзэ зэримыIам къыхэкIыу. Псом хуэмыдэу дыхуэныкъуэщ тхыдэ толъкъуным и щыгум адыгэ лъэпкъыр къытехутауэ щыщыта курыт лIэщIыгъуэхэм я пэжым. Ар сэбэп хуэхъунут лъэпкъым зыкъиужьыжыным, и гукъыдэжыр къэIэтыжыным, и щхьэм и уасэр къыгурыIуэжыным.

Автор

## Махуэ къэси щыблэ уэркъым

Нэху къекIат гум фIэфI уэшх щабэ кърипхъыхыу. Угъурлы нэщэнэу къалъытэ апхуэдэр хьэрыпхэм. Къыхыхьа псыIагъэм къигъэщIыта хьэуа Iувыр кууэ жьэдашэу цIыху куэд щызэрыугъуеят КъуэкIыпIэ Уардэ унэ инымрэ аз-Азхар мэжджыт-мыдрисэмрэ яку дэлъ утыкушхуэм. Къафурэ жыг хадэмрэ утыкумрэ зэпызыупщI кIэнауэм дэкIуэу зауэлIхэр егъэувэкIащ, дарииху пыIэ хъужауэ. Зэращымыгугъауэ цIыху Iув къызэхуэсу утыкур зэхуащI шыхъум, Бейн Iэл-Къэсрэн пащтыхь пщIантIэм и бжэр зэIужри, щыуэ зэбгъурыту зауэлIхэр къыдэкIыу хуежьащ. Абыхэм хуэм-хуэмурэ къызэхуэсахэр ирагъэкIуэтри, дэкIыпIэр хуит ящIыжащ, икIи сулътIан чомрэ мэжджытышхуэмрэ зэпащIэу уэрдыхъуныкъуэу иувыкIащ. Къалэр къызэрещIэкIа дэпкъ лъагэм икIи бгъуфIэм тет зауэлIхэм цIыхухэр драмыгъэкIуеину хэтат, ауэ пхуэубыдынт, псом хуэмыдэу сабийхэр. ИгъащIэм ямылъэгъуа гуэрым ежьэу къахирдэсхэр, бжьэ къэпщIауэ, къызэхуэсат.

Йожьэ а дакъикъэхэм Бэрыкъуи, къуэкIыпIэмкIи къухьэпIэмкIи нэзыншэу зыщызыукъуэдия Мысыр (Египет) къэралыгъуэжьым и дзэпщыр. Арат иджыпсту псори зыпэплъэ хабзэр – зэи щымыIауэ пащтыхьыр къэрал хасэм хихыу щIынри, абы мэжджытым тхьэ щегъэIуэнри – къыхэзылъхьар. Куэд зытемыгушхуэфыну мы гъуэгу цIэнтхъуэрыгъуэм фIэщхъуныгъэ хэлъу техьат щIалэр. Уеблэмэ, Iэмал згъуэтыхха жиIэу, сулътIан тахътэм Iэ зэрыдзакIэ зыкIэрищIатэкъым – ар ежьат муслъымэнхэр бзаджагъэкIэ, къарукIэ къыщыпэув мыхъуну рэмэзан мазэ лъапIэм, сулътIану щыувыну махуэри нэщэнэфIу къалъытэ вагъуэ зэблэкIыгъуэхэм ирыригъэхьэлIат. Дунейм и щэхухэм кIэлъыплъхэм жаIэр я фIэщ хъууэ мысыр цIыхухэр

игъащIэми къекIуэкIми, аратэкъым нэхъыщхьэр. Адыгэ щIалэ Iущым ари и сэбэп хэлъу игъэзащIэ къудейт. Нэхъыщхьэр абы нэхъапэIуэкIэ зэфIигъэкIат – щысхьырабгъу яхуимыIэу тригъэкъэбзыкIат сулътIан тахътэ лъагэм хуэкIуэ гъуэгум къыщыпэувахэр. Зы махуэм адрейр къыкIэлъыкIуэу абы гъунэгъу къищIат и хъуэпсапIэ иныр. КъищIат и IущагъкIэ, и къарукIэ, и ерыщагъкIэ. ПсэзэпылъхьэпIэ мащIи игъэунэхуа, бэлыхь мащIи игъэва абы, ауэ зэи къызэщIэкIуакъым...

Иджы, мис, хасэр йокIуэкI. КъухьэпIэ Уардэ унэ цIыкIум и мрамор пэшышхуэм къэрал тхьэмадэхэр щызэхэсщ. Абдж щхъуэкIэплъыкIэхэмрэ тхыпхъэщIыпхъэхэмкIэ гъэщIэрэщIа щхьэгъубжэ бгъузэ лъагэм и лъабжьэм къыщIэсу дзэпщыр къахоплъэ хэку унафэ зыщIхэм. Къэрал тхакIуэ нэхъыщхьэ (щIэныгъэ Iуэхухэр зезыгъакIуэ) Бадыр ад-дин ибн Фэдлалла къэтэджауэ ирекъутэкI, тхьэ щеIуэж сулътIану щытыну Бэрыкъуэ нэхъ зыхуэфащэ Мысыр псом имысу.

– Iуэхур кIыхьлIыхь пщIы хъунукъым, – жеIэ щIэныгъэлIхэм я тхьэмадэм, – Хышхуэм (Средиземнэ тенджызым) и Iуфэм Iус лъэпкъхэм сату ядэзыщI ди кхъухьхэм къапоув генуэз хьэ щэхурыпхъуэхэр, уэсмэнхэми я щхьэ къаIэт хъуащ, берберхэм джиззэ къыдатыжын ядэркъым, тенджыз Плъыжьым упщIэжи усэжи хэмыту къытохьэ португал кхъухьхэр, Йемэн щIыналъэри зэрапхъуэ. СулътIан зэкъуэшхэу Алийрэ Хьэжырэ щIалагъэ-делагъэм къыдэхуэркъым. Хэку унафэр сыт хуэдизкIи нэхъ псынщIэу Iэ лъэщым IэщIэмыхьэмэ, къэралыгъуэшхуэм и Iуэхур зэщIэкIуэнущ...

АдэкIэ Бэрыкъуэ зэхихыжакъым ибн Фэдлалла жиIэхэр, а псори япэIуэкIэ ягъэхьэзырати, икIи фIэгъэщIэгъуэныжтэкъым. Абы и гупсысэр нэгъуэщIыпIэ щыIэт: «Зэт, дэнэт е дапщэщыт сулътIан тахътэр хъуэпсапIэ Бэрыкъуэ щыхуэхъугъар? Адэжь лъахэрауэ пIэрэт – аддэ хы ФIыцIэ Iуфэм – щIалэ мыжь-мыщIэ цIыкIур Iэхъуэу щыщытым щыгъуэ?» ЗанщIэуи фэху щхъуантIэр зэрыхэдыкIа епэр бжыгъэншэхэм я мэр къыIурыуауэ къыщыхъуащ. Дзэпщыр мащIэу къыхэскIыкIри, гу къылъата къыфIэщIауэ, и пащхьэ къисхэм яхэплъащ. Къады нэхъыщхьэ Сирадж Iэл-дин Умар Iэл-Балъкъынии (Балъкъ Iуфэ щыщ жиIэу аращ и унэцIэм), хъалиф Iэл-Мутэуэкъили, вилайхэм (щIыналъэхэм) я эмирхэри, муслъымэн диным и шиит, хьэнафий, хьэнбалий къудамэхэм я муфтийхэри, хабзэзехьэхэм я тхьэмадэри, Къахир и тетри, ухуакIуэхэм я унафэщIри, мамырыгъэр къэрал кIуэцIым щыхъумэным кIэлъыплъхэм я Iэтащхьэри щымхэт – псори къэрал тхакIуэм едаIуэрт.

Езым и гупсысэхэм аргуэру и сабиигъуэм хахьэжат. Кавказым нэс игъакIуэу и деж кърилгъэшэжа и адэр нэгъабэ дунейм зэрехыжрэ дзэпщыр епщIыхьрей хъуат и хэгъэгу жыжьэм, и сабиигъуэм – игу къэкIат лъахэр. Ауэ ар иджыпсту къемыхъулIэнщ: мыдэ зэ къэралыр зэтес ищIыжынщи, итIанэ, тхьэм жиIэмэ... Хэт ищIэрэ, къыхуихуэнкIи

хъунщ езыр зи пашэ мысыр кхъухьхэм я хъурзэхэр шэрджэс лъахэм и тенджыз Iуфэм и деж щыщрадзых лъэхъэни!

Дауи, мэлыхъуэ щIалэжь цIыкIум игу къэкIыххэнкIи хъуну щытакъым зэгуэр пащтыхь хъуну, Ахынрэ (тенджыз ФIыцIэр) Псыжьрэ (Кубань) адэкIэ нэгъуэщI дуней щыIэххэуи ищIэртэкъым. Зэт, нтIэ зэхэзехуэн ящIауэ Щам къум псэншэм зыщигъэпщкIуу щитарауэ пIэрэ? Бэрыкъуэ и нэгу занщIэу къыщIыхьэжащ чэруанакIуэхэм ящIыгъу ажэгъафэхэм къаIэщIэкIыгъа аслъэныжьыр.

МэжэщIалIагъэм зи къарур щIиха Бэрыкъуэрэ и ныбжьэгъу, и хэкуэгъу Бырчытрэ Iэуэлъауэ макъ щызэхахым зыкъаIэтат. Плъэмэ, абыхэм занщIэу къахуэжэрт цIыху зыбжанэ кIий-гуоуэ зи ужь ит аслъэн абрагъуэр. Къару зимыIэж щIалитIыр я пIэм иумэзэхащ: Хьэлэб и тетым и блыгущIэтхэм къелар аслъэным Iус иджы хуэхъуат. Ауэ а напIэзыпIэм телъыджащэ къэхъуащ. Аслъэныр къэсри, Бэрыкъуэ и лъакъуэхэм деж щетIысэхащ. Абы и ужь итахэм ялъагъур пэжрэ я нэм къыфIэщIрэ къагурымыIуауэ, я пIэм ижыхьащ, итIанэ я Iэхэр уафэмкIэ яшийуэрэ «Субхьанэллахь», «Аллахьу акбар» псалъэхэр къажьэдэкIащ. ЧэруанакIуэхэрщ Бэрыкъуэ къыжезыIэгъар нобэрей Iуэхур Алыхь IэмыркIэ къызэрыхъуар, щIалэр пащтыхьышхуэ хъуну и натIэм къызэрыритхар къызэрыригъащIэ нэщэнэу ар зэрыщытыр. Абдеж сулътIаныгъэр къыIэрыхьэну Бэрыкъуэ и пщIыхь къыхэхуэххэртэкъым – абы и хъуэпсапIэр и ныбэ изу шхэнырт...

... Хасэр мэхасэ. Бэрыкъуэт ар зэхэзышари. Япэм, сулътIаныр лIамэ, абы и пIэ иувэнур наIуэт – и къуэрт. Иджы Iуэхур нэгъуэщIт. Къэрал тхакIуэм жиIэхэм егъэлея хэттэкъым: цIыхубэ зэщIэхъееныгъэм Хьэлэби (Алеппо) Щами зэщIищтат, Къахири щымамыр дыдэтэкъым, Хышхуэмрэ тенджыз Плъыжьымрэ я зэхуаку дэлъ щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэми щIэх-щIэхыурэ зыкъаIэт хъуат. Псом нэхърэ нэхъ шынагъуэращи, Тимур гущIэгъуншэм и дзэ бжыгъэншэр Мысырым и къуэкIыпIэ гъунапкъэм къызэрыIугуат. СулътIан щIалэ ас-Салихь Салахь ад-дин Хьэжы ибн Шэхьбан ЕтIуанэм а псор къызэрыфIэIуэху щыIэтэкъым – сабииныр иджыри къытекIуэрт.

Бэрыкъуэщ япэу демократ хабзэхэр Мысырым щызыгъэувауэ щытар – хасэр зэхыхьэрэ сулътIаныр хахыу. Пэжщ, иужькIэ езым и къуэм пащтыхь тахътэр къыхуигъэнэжауэ щытащ, ауэ иджы псыпэр ежьат. Хэку унафэр Iэ лъэщым IэщIэлъын хуейуэ къагъэувырт хасэм хэтхэм я нэхъыбэм. Езы Бэрыкъуи мащIэу зихъунщIэрт, Алий нэхърэ Хьэжы ЕтIуанэм цIыхухэр нэхъыфIу игъэпсэуфыну, унафэ тэмэми ищIыфыну, езыр зи атэлыкъыу щыта зэкъуэш цIыкIуитIым я хьэлхэм фIыуэ щыгъуазэу жиIэрт. Вилайхэм япщ зыбжани къэуват пащтыхьыр дунейм ехыжамэ, абы и къуэр и пIэм иувэу къадекIуэкI хабзэр ямыкъутэмэ нэхъ къащтэу. АтIэми, сулътIан ныбжьыщIэ Хьэжы ЕтIуанэм и цIэкIэ иджыпсту хэкум унафэр хуэзыщIыр абы и атэлыкъ, дзэпщ Бэрыкъуэщ. Iуэхум зэныкъуэкъу къишами, къэрал тхакIуэмрэ

къады нэхъыщхьэмрэ я псалъэр ищIыIу хъуащ. Абыхэм къакъуэуващ Къахир и тетри. Арати, 1382 гъэм рэмэзан мазэу, бэрэжьей махуэу, хасэм хэтхэм унафэ къащтэ сулътIан Хьэжы ибн Шэхьбан трагъэкIыу дзэпщ Iэл-Малик аз-Захир Абу Сэид Бэрыкъуэ Сайф ад-дин ибн Iэнэс Iэл-Джеркаси Iэл-Уэсмэни Iэл-Ялбугъави пащтыхь тахътэм трагъэтIысхьэну. Къады нэхъыщхьэм и жэрдэмкIэ Бэрыкъуэм и цIэм «щаджэ» псалъэр пагъэуващ, унафэ къыщащтар шэджагъуэ нэмэз щIыгъуэм ирихьэлIати.

... Аргуэру зэ Бейн Iэл-Къэсрэн куэбжэшхуэр зэIужащ. Сэлэдин сулътIаным иригъэщIыгъа чэщанэжьым и щхьэм къыщежьэурэ, дэкIуеипIэм ещхьу, и лъабжьэмкIэ къех блын задэм тет бжьамияпщэхэм ягъэIу макъамэр асыхьэтым къалэм тепщэ щыхъуащ. Абы ягъэIур Мысырым сулътIаныщIэ иIэ зэрыхъуам и хъыбарым и закъуэтэкъым, ар япэ шэрджэс къэралыгъуэ къызэрыунэхуами и макъамэт.

Накъырапщэхэмрэ бэрэбанауэхэмрэ къаIэта дунейкъутэжыр дэужьыхащ макъ IупщI лъагэкIэ аз-Азхарым ищхьэ дыдэм къиIукIыу щIэзыдэа «Аллахьу акбар, Аллахьу акбар...» псалъэхэм. Къызэхуэсахэр зэщIэхъеящ – азэн джэ макъым цIыхухэр хуриджэрт шэджагъуэ нэмэзым. Хасэм хэтахэри сулътIан чом къыдэкIри, мэжджытымкIэ яунэтIащ. ЦIыхухэри абыкIэ ежьат, ауэ псори зэрыщIэмыхуэнур къащыгурыIуэжым, къикIуэтыжащ икIи а здэщытым деж нэмэз щащIыну увыжащ.

Тэлай дэкIри, хэку тхьэмадэхэм яку дэту сулътIан Бэрыкъуэ мэжджытышхуэм къыщIашыжащ. Ар кIэнауэ лъэныкъуэмкIэ утыкум нэхъ ихауэ ягъэува теувапIэм, алэрыбгъукIэ щIэгъэнам, драшейри тахътэбаным ирагъэтIысхьащ. Асыхьэтым къагъэсащ пащтыхь фащэри. Ялъагъур зыфIэтелъыджэ цIыху минхэм я пащхьэ иту и щыгъыным ищIыIу Бэрыкъуэ сулътIан дарий джанэ фIыцIэ кIыхьыр трырагъэлъхьащ. Зи нэзыр дыщэ IуданэкIэ хэдыкIа файкание щэкI щабэм, Бэрыкъуэ и дамащхьэм къытеуэм, ищIыIукIэ къады нэхъыщхьэм сулътIан пыIэр адыгэ щIалэм къыщхьэритIэгъащ. Зэ еплъыгъуэкIэ егъэлеиныгъэ лъэпкъ кIэрылъу къыпщыхъуртэкъым абы. Уафэ къатиблым и дамыгъэу дарий хужьыбзэм къыхэщIыкIа пыIэр, зым зыр къытет хуэдэу, лэдэххэмкIэ блыуэ зэпыгъэщхьэхукIат. Адыгэ лъэпкъ пыIэм ещхьу, и щхьэмкIэ нэхъ зэв щыхъужырти, хужьыр къэдабэ удзыфабзэм хэкIуэдэжырт. Абдеж къыщежьэрти, налмэс лэрыпсыр и натIэм къытехьэу къеукъуэдиихат. ПыIэм и курыкупсэм хуэзэу ист налмэс мывэ щIыхушхуэр.

СулътIаныр къагъэтэджри, дыжьынрэ мывэ лъапIэхэмкIэ гъэщIэрэщIа и бгырыпхыр зыщIрагъэлъхьэжащ, и сэшхуэри и адэм хэкужьым къыхуздриха къамэри пщIыхалъхьэжащ. А псори иджы япэу ялъагъуу арат я нэгу щIэкIамрэ ямыгъэунэхуамрэ укIуэдыж зыхужаIэ египет цIыхухэм. СулътIаным пащтыхь фащэр щрагъэтIэгъа нэужь, къады нэхъыщхьэр тхьэ елъэIуащ унафэщIыщIэр яхуэузын-

шэну, Мысыр къэралыгъуэр зыужьыныгъэщIэхэм я щыгум хуишэну, Алыхьым и гуащIэмрэ гущIэгъумрэ хэна имыщIыну. Умар Iэл-Балъкъыни и псалъэхэр иухри, сулътIаным мащIэу зыхуигъэщхъащ. Апхуэдэу ящIащ адрей хэку тхьэмадэхэми, адэкIэ къызэхуэса псоми. Абы къикIырати, псоми къащтат адыгэ щIалэ Абу Сэид Бэрыкъуэ и тепщэныгъэр, япэ шэрджэс сулътIаным и унафэр.

Таурыхъ дунейм пIалъэкIэ къыхэхута цIыхухэм гу лъатакъым Ливие къумымкIэ къриху жьы гъущэм пшэхэр къалэм зэрытрихужами, дыгъэр къызэрыщIэкIыжами. Абы гу щылъатар хасэм хэтхэм сулътIаным зыхуагъэщхъыу, модрейм и щхьэр къыщиIэтам щыгъуэщ. Асыхьэтым дыгъэ бзийхэм дэхъуэпскIащ сулътIаным и пыIэкум хэлъ налмэсышхуэр. ЦIыхухэм къащыхъуащ мафIэ бзий Бэрыкъуэ и нэхэм къыщIихауэ. «Iистофриллахь, Iистофриллахь...» псалъэхэр урижащ зэхэт сатырхэм. Абдеж къыщыщIидзауэ жаIэ «зи нэхэм уафэхъуэпскI къыщIих сулътIанкIэ» Бэрыкъуэ еджэн.

Куэд дэмыкIыу бжьамияпщэхэм я макъ аргуэру къэIуащ, икIи гупым пащтыхь къэсрэнымкIэ иунэтIыжащ. СулътIаным и щхьэм щхьэщаIыгъэт дыщэ IуданэкIэ хэдыкIа шылэ жьауэ хужьыбзэр, дыщэпсрэ дыжьыныпскIэ лэжа бзу цIыкIур зи щыгу къытесыр.

Мэжджытышхуэм деж щызэхуэса цIыхухэм я гуфIэгъуэшхуэщ. «Аллахьу акбар», «Iэлъхьэм дулиллахьи ллэзи бинихьмэтихьи тэтиммуссалах» псалъэхэу тхьэм фIыщIэ зэрыхуащIыр дэнэкIи щаIэт.

Адыгэ дзэпщ Бэрыкъуэ сулътIан зэрыхъуам иращIэкIа гуфIэгъуэр махуиблкIэ Къахир щекIуэкIащ. А махуиблым и кIуэцIым усакIуэхэми ялъэкI къагъэнакъым. ГъэщIэгъуэнракъэ, хамэ лъахэм Шэрджэс къэралыгъуэ къыщызэзыгъэпэща Бэрыкъуэ хуэдэу хьэрып усакIуэхэм ягъэфIаи, тхыдэтххэр гуапэу зытетхыхьаи сулътIанхэм япэкIи яужькIи къахэкIакъым. Абы щхьэусыгъуэ иIэт...



## Къундэпсо гуащIэм кхъуэщынри зэрегъэкIуэкI

Бэрыкъуэ зэкъым икIи тIэукъым зэрылъэпэрэпар, уеблэмэ къыхуихуащ щIихуэу щыджэлаи. Ауэ зэи игу игъэкIуэдакъым: лъэпощхьэпохэр ерыщу къызэринэкIащ, гугъуехьхэм щIалэр пкъыкIи псэкIи япсыхьащ. Япэ дыдэу Бэрыкъуэ щыджэлар хъунщIэтеуэ гупым щрахьэжьам щыгъуэщ. Курыт лIэщIыгъуэхэм тенджыз ФIыцIэмрэ Iузэв тенджызымрэ я Iуфэхэр пщылIхэр щащэ-къыщащэхуу дунейм и щIыналъэ нэхъыщхьэ хъуат. ЦIыхукIэ сату щIын Iуэху напэтехым хуабжьу зыщиужьт генуэзхэм я къалэ Къафэ (Феодосие), Танэ (Азов), Себастополис (Сыхъум), Копэ (Славянск). Адыгэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ усэшхуэ яIэт. Илъэси 10-15-м ит ныбжьыщIэхэм аспрэ (дыжьын ахъшэ) 230-м къыщыщIэдзауэ 750-м нэс щIатырт. Псом хуэмыдэу лъапIэт мамлюк зауэлIу ягъэсэну щIалэ цIыкIухэр, илъэси 6-12 ныбжьым итхэр. Зауэ-банэм хэмыкI Мысыр пащтыхьхэми я

мыхьэмышхтэкъым мыпхуэдэ Iуэхур. Абыхэм я кхъухьхэр мычэму къесылIэрт Кърымым икIи гыз макъыр зыщхьэщымыкI «хьэпшып гуузыр», ауэ лъапIэр нагъэсырт Константинополь (Истамбыл), Трабзон, Александрие, нэгъуэщI кхъухь тедзапIэхэми. Лъэпкъым и куцIыр щIэзыхыу щыта мы Iуэху мыщхьэмыпэр хабзэ яхуэхъуат адыгэхэми. ЖытIэну дызыхуейращи, Бэрыкъуи сабийуэ ихуат кIэс ехьэжьэн хабзэжь мыхъумыщIэм и хъым.

Гъэрхэмкlэ сатуущI Уэсмэн щIалэ цIыкIур Къафэ къыщищэхури, Бэрыкъуэ Сиуас здишащ, абы и ныбжьым ит щIалэ цIыкIу гупым яхэту. Муслъымэн дунейм къыщыхута Бэрыкъуэ псынщIэу чыристан хьэлхэр зыхрагъэнащ, абы и ныбжьым ит щIалэ цIыкIухэм иращIэкI муслъымэн хабзэм иужькIэ, ислъам диныр кърагъэщтащ. ИужькIэ щIалэ цIыкIу гупыр зэщIакъуэри Щам яшащ, абы беижьхэм щращэжащ. Бэрыкъуэ пэщIэхуащ Хьэлэб и тет Iэл-Хьэсакъи Ялбугъави. Мысыр къэралыгъуэм Iэл-Ашрэф Шэхьбан сулътIаным иужькIэ нэхъ пщIэ ин дыдэ зыхуащIхэм ящыщт а эмирыр. Абы и закъуэ мамлюк минипщIым щIигъу иIэт. Мамлюк-зауэлIхэр щагъасэ и еджапIэри сулътIанатым щынэхъыфI дыдэт.

ЕджапIэм хабзэ ткIий щыIэт. Абы къыдагъэкIи дагъэхьи щыIэтэкъым. Сабийхэм ялъагъур я гъэсакIуэхэрт, нэхъ къыхэжаныкIхэм ящытхъун папщIэ эмирыр зэзэмызэ къакIуэрт. Нэхущым къыщыщIэдзауэ гъуэлъыжыгъуэ хъуху сабийхэм зыгъэпсэху яIэтэкъым: щеджэм еджэрт, щемыджэм деж шы тесыкIэм, сэшхуэ гъэбзэкIэм, шабзэм, бжым зыхурагъасэрт, псым щесхэрт. Шы тесыкIи, псы есыкIи, Iэщэ IыгъыкIи зыщIэ Бэрыкъуэ абыхэм гугъу дехьакъым, нэхъ къытехьэлъар еджэнырт, къызэралъхурэ зыщIапIыкIа хабзэхэр нэгъуэщIкIэ хъуэжа зэрыхъуарт.

Гъэсэнхэм я зэфIэкIыр, нэхъ дэзыхьэххэр, я хьэл-щэнхэр зратхэ тхылъхэр Iустазхэм яIэт. ЗэратхыжымкIэ, Iустаз псоми Бэрыкъуэ зыхэс гупым къыхагъэщырт: «егъэлеяуэ къаруүфIэщ, губзыгъагъэр и нитIым къыщIех, ауэ цIыху зэкIуэцIылъщ». ГъэщIэгъуэнракъэ, иужькIэ зэманыфI дэкIауэ, 1381 гъэм Бэрыкъуэ дзэпщ хъуауэ и адэр Мысырым щригъэшам щыгъуэ, лIыжьым щхьэкIэ ятхауэ щытащ «зы хьэрыпыбзэ псалъэ зымыщIэ шэрджэс зэкIуэцIылъщ» жаIэри. ЗэрыжаIэу, и адэ и къуэт Бэрыкъуэ.

ЩIалэ «зэкIуэцIылъыр» икIи ерыщт. Абы псынщIэу хьэрыпыбзэри къигъэIурыщIащ, нэхъыфI дыдэу КъурIэн еджэхэми ящыщ хъуащ. Бэрыкъуэ макъ IупщI лъагэ иIэт. Арагъэнщ, Iустазхэм ар КъурIэн кърагъэджэн яфIэфIу, нэмэз уахътыр къэсамэ, азэн джэн къалэнри абы щIэх-щIэхыурэ къылъагъэсу щIыщытар. Адыгэ щIалэ Iэчлъэчыр, акъылыфIэр еджэнымкIи зауэлI гъэсэныгъэмкIи и ныбжьэгъухэм щIэх ящхьэпрыкIащ икIи я пашэ хъуащ.

Мамлюк еджапIэм зэгъусэу щеджэхэм хушдашкIэ (зэкъуэшкIэ) еджэрт. Гупым хэтхэм зы дакъикъи я тхьэкIумэ ирагъэкIыртэкъым я

эмирым хуэпэжу, абы и псалъэр тIэужыIэ ямыщIу щытын зэрыхуейр. Къыщыхъу щыIэт санджакъхэм (щIыналъэхэм) я эмирхэр зыщыIеямэ, абыхэм я губжьхэр мамлюк хъыжьэхэм щапкърыкIыж. Эмирыр ежьэмэ, щакIуэ, нэгузегъэужьакIуэ кIуэмэ, мамлюк щхьэхуитхэр, иджыри апхуэдэ пщIэ зымыгъуэтахэр къыздищтэрт. Зыр адрейм ефIэкIыну хэтт и блыгущIэтхэмкIэ. Арат мамлюк еджапIэхэм щхьэхуитыныгъэ къыщыпхьыжын щхьэкIэ егъэлеяуэ уегугъуу зэуэкIэм зыхуэбгъэсэн, фIыуэ уеджэн щIыхуейр. Ахэр зыхузэфIэмыкIхэр – куттабиекIэ еджэу беижьхэм къахуэнэжырт. Сыт хуэдизкIи я эмирхэм хуэпэжыну мамлюкхэм я тхьэкIумэр ямыIуантIэми, еджапIэ-гъэсапIэхэм щыIэ хабзэ ткIийхэр ягу темыхуэу абыхэм зыкъыщаIэт щыIэт. Бэрыкъуэ мамлюк щхьэхуит хъуным нэсыпауэ апхуэдэ зэрызехьэм хохуэ. Пэмыплъэххауэ, абдеж Бэрыкъуэ етIуанэу щолъэпэрапэ, псэзэпылъхьэпIэм къыщохутэ.

Зэгуэрым Iэл-Хьэсакъи щакIуэ кIуауэ и блыгущIэт-мамлюкхэм, зэрыхуагъэфащэмкIэ, куттабиехэм ящыщхэм яукIыж. Хьэлэб зэрыхьзэрий ин къыщохъу, эмирым и хушдашхэр къызэроупщIэтэхыж. Арати, сулътIаным унафэ ещI къэхъуам хэпщIа псоми я щхьэр палъэну. Бэрыкъуи гурыщхъуэ зыхуащIхэм хохуэ. Мамлюк зыкъэзыIэтахэр холъэдэж. Бэрыкъуи яхэту. Абы гъусэ хуэхъуат Псыжь Iуфэ къыщалъхуа Бырчыт. Ар пщы лъэпкъым къыхэкIат, сабийуэ ядыгъуу ящами, и лIакъуэр фIыуэ ищIэжырт икIи абы ирипагэрт, ауэ тэмакъкIэщIт, къэгубжьамэ, IэубыдыпIэншэу еру хъурт.

ЗэныбжьэгъуитIым, зы къалэм икIым адрейм кIуэурэ, пIалъэ кIыхькIэ Сирием зыщагъэпщкIуащ. Абыхэм къахуихуащ къум пщтырым игъуэщыхьауэ щитаи, мывалъэ щIыпIэхэм щизэрыхьаи. Ауэ зи гъащIэр дэгъэзеигъуэ зэпытуи, егъэзыхыгъуэ защIэуи зыхь щыIэкъым, ямыщIэххэу Бэрыкъуэрэ Бырчытрэ я дыгъэр къэблэмкIэ къыщыщIэкIыжащ. Дамаск кIуэ чэруанакIуэхэм, аслъэныжьым щIалэхэр щигъэщтам щыгъуэ, къыжраIащ Iэл-Малик Iэл-Iэшраф Шэхьбан сулътIаным Хьэлэб и тетыр зыукIыжа мамлюкхэм ящIар къазэрыхуигъэгъуар, эмирыщIэм – Елыбгъа ибн Iэл-Хьэсакъи – щтапIэ ихьэжахэр зэрызришэлIэжым теухуа хъыбарыр. Пэж дыдэу, къэралыр зехьэным нэхърэ диным нэхъ пылъ сулътIан гу махэ-псэ щабэм и губжьыр щIэх текIыжащ. Куэд дэмыкIыу къэхъуар Алыхь Iэмыру къилъытэри, абы и унафэ гуащIэр икъутэжащ, тоби къихыжащ. Ар зэныбжьэгъуитIым дэнэ щащIэнт – я къарур гузэвэгъуэмрэ мэжэщIалIагъэмрэ щIахауэ Щам щIыналъэр зэщIагъэхьэрт.

ЧэруанакIуэхэм я хъыбарым ину щыгуфIыкIами, Бэрыкъуэрэ Бырчытрэ Хьэлэб ягъэзэжын ядакъым.

Зи псэр псэхужа, зи ныбэ из хъужа ныбжьыщIитIыр жэщым къэпIэтIэуакъым. ЕтIуанэ махуэми щIэх къызэщыуну къыщIэкIынтэкъым а тIур, гъуэгу техьэж чэруанакIуэхэм я зэрыгъэкIий макъыр мыхъуатэмэ. Бэрыкъуэ и нэр къызэтрихри зип-

лъыхьащ. Бырчыт иджыри жейрт, и щхьэр Бэрыкъуэ и плІэм къегъэкъуауэ. Бэрыкъуэ къызэфІэтІысхьэри, и ныбжьэгъури къигъэушащ. Гъуэгу теувэжыну чэруанакІуэхэр зэхэзежэрт: щІалэ цІыкІухэм зэрыгъэгуо-зэрыгъэгубжьу махъшэхэр къыщахурт, щІалэхэм хьэлъэхэр абыхэм трагъэзэгъэжырт, а псор къызыфІэмыІуэху зы гупми мыдэкІэ пщэдджыжьышхэ щащІырт.

Адыгэ щІалитІым гъуэгум бысым къащыхуэхъуахэм фІыщІэ хуащІри, къэблэмкІэ ягъэзащ, Дамаск хуэкІуэу. Дыгъэм и бзий псыгъуэхэр щІыгу къэбыфэм щыджэгурт. Япэхэм сабафэу къыщыхъуу щытар нобэ хъуэпсэгъуэу нурт, мыгурыІуэгъуэ щэху гуэрхэр къыпихыу. Бэрыкъуи и гум щызэпхидзырт а нурым, гугъапІэм и хъуаскІэр къызэщІиІэтэу. «СулътІан узэрыхъунум и дамыгъэщ аслъэным зэрызыкъыпхуигъэщхъар» – къоІущэщыкІ и гум хьэрып лІыжьым и псалъэхэр.

– СулътІанри зыгуэр хъунщ, ауэ сэ сиІэщ Алыхь ІэмыркІэ Іэпщэ быдэ, си лъэр щІаудмэ псынщІэу сыкъиІэтыжыну, абы сынимыгъэсынуи акъыл, – жиІащ Бэрыкъуэ, здэкІуэм къэувыІэри.

Къэхъуар къыгурымыІуэу Бырчыт хушдашым еплъащ.

... Ауэ Бэрыкъуэ зэтэкъым иджыри зэрыджэлэнур.



## Уи анэр къобэнми, зрумыгъэуд

### 1

И махуэ гъуэгуанэм махэ хъуа и Іэпэбзий кІыхьхэмкІэ дыгъэр телъэщІыхьыжырт, Бэрыкъуэрэ Бырчытрэ Дамаск щынэсам щыгъуэ. Махуэ енкІэ я занщІэр я гъуэгуу къыкІуэцІрыкІа щІалитІыр, ешаелІауэ, хъурмэ жыгыжьитІым я лъабжьэм нэсри, абдеж щетІысэхащ, плъэмэ къалэ быдапІэр ялъагъуу. Гъуаплъэ псылъэм ибэмпІыхьа псы гурымыхьыр ерагъкІэ ирикъухыурэ Бырчыт и ныбжьэгъум зыхуигъэзащ.

– Хушдаш, сыт нэхъри нэхъ къэпщтэнтэкъэ иджыпсту Псыжь Іуфэ укъыщыхутэжыну? – зэкІэлъигъэпІэщІащ абы, асыхьэтым игу къэкІар нэгъуэщІ зыгуэркІэ Бэрыкъуэ къызэпиудынкІэ шынэу.

– Псыжь сэ зэи слъэгъуакъым, хы Іуфэрщ сыкъыщыхъуар, дапщэрэ бжесІа ар?

Бэрыкъуэ къыгурыІуат ныбжьэгъум псалъэмакъыр зыхуишэнури, псынщІэу ар къызэпиудащ. Иужьрей зэманым Бырчыт тепсэлъыхьрей хъуат щалъхуа и лъахэм. Пщы щІалэм къытехьэлъэрт и гъащІэм апхуэдизу зэрызэридзэкІар, зыхэхуа псэукІэр, къэзыухъуреихь цІыхухэр – зэрыщыту хамэ щІыналъэр. «И гур фІэкІуэдыпэу сымаджэ мыхъуащэрэт мыр» жиІэу, Бэрыкъуэ и ныбжьэгъум тешыныхьырт, зэрылъэкІкІи тригъэуну хэтт, ауэ, хуэмеягъэххэу, мы псалъэхэр иджыпсту къыфІыжьэдэлъэтат.

– Уэ дэнэ щыпщIэн мы си гум щыщIэ псор, егъэлеяуэ си псэр зэрешар? – ныбжьэгъум и псалъэ щIыIэхэм и гукъыдэжыр нэхъри якъутауэ, ерагъкIэ къыдришеящ Бырчыт. – Дуней фIыгъуэм нэхърэ нэхъ къэсщтэнт салъкъыныр къыхихыу еукIуриех Псыжь иджыпсту сыIугъуалъхьэу си гум зигъэнщIыху сыхэфыну.

– Хушдаш, уэри сэри ди гум щыщIэр зыщ – ди сабиигъуэр, ди лъахэр зэрытфIадыгъуарщ. Къысхуэгъэгъу, уи жагъуэ сщIыну сыхуеякъым, – жиIащ Бэрыкъуэ, и Iэгу пхъашитIымкIэ Бырчыт и нэкIу зэщIэкIуар, дикъузэ щIыкIэу, къиIэтыжурэ. – Ауэ апхуэдизу думыгъэдзыхэ, ди къарур ткIунщи, итIанэ тфIадыгъуа лъахэр зэдгъэгъуэтыжыфынкъым. Дэ дыкъэсащ дунейм и курыпсэу куэдрэ къыджаIам, лъэныкъуэ псомкIи кIуэ гъуэгухэр щызэхыхьэ икIи щызэхэкIыж щIыпIэм. Хэт зыщIэр Тхьэшхуэм къытпигъаплъэр? Пщэдей дрихьэлIэнкIи мэхъу АхынкIэ зыунэтIа чэруаным. Ахын зэ дынэсмэ, уи Iэр ший закъуэ – ди къуршыжьхэм уатеIэбэнущ.

Бэрыкъуэ къэгумэха и ныбжьэгъур къызэщигъэу щIыкIэу, абы и дамэхэр игъэсысурэ, и Iэр къухьэпIэмкIэ ишийри и псалъэхэм пищащ.

– Еплъыт, Бырчыт, мы пщыхьэщхьэм и гъэщIэгъуэнагъым. Махуэ псом Щам къумым игъуэщыхьауэ ита нэхъей, дыгъэр сабэм икудащи, фагъуэщ, дэ дэщхьу гукъыдэжыншэщ. Иджы зигъэпсэхуну мэтIысыж, ауэ пщэдджыжь къыщIэкIыжынущ къабзэу, нуру блэуэ, умэзэха дунейм псэ къыхилъхьэжу. Дэ ди Iэпкълъэпкъыр ешакIэ щхьэ дыкъэдзыхэн хуей? Сэ си фIэщ мэхъу, пщэдджыжь дыгъэу, ди насыпри къызэрыкъуэкIыжынур!

Бэрыкъуэ и Iэпкълъэпкъ щIэлIам къару къыхыхьэжат. Иджы ар хуейт и ныбжьэгъуми фIэщхъуныгъэ хилъхьэжыну. Аддэ и гущIэ лъащIэм къыщежьэу и Iэпкълъэпкъ псор зэщIэзыIэтэ нурым, и хъуэпсапIэ нэхум и гугъу хуищIынут Бырчыт, ауэ псалъэхэр хузэкIэлъыгъэкIуэжыртэкъым, ар къызэщIэнат.

– Хушдаш, хушдаш, уи нэр... уи нэм... – зэкIэлъигъэпIэщIащ Бырчыт, къэщтауэ, – уи нэхэм мафIэ къыщIех, субхьэналлахь!

... ИужькIэ мы Iуэху гъэщIэгъуэным гу лъызытэнур Бырчыт и закъуэкъым. Бэрыкъуэ сулътIан хъуа нэужь, ар зыцIыхуу щыта тхыдэтх, тхакIуэ псори тетхыхьащ адыгэ щIалэм и нэ телъыджэхэм. Ар абджыпсым хуэдэу, зэплъым пхырыплъыфу къащыхъурт. Бэрыкъуэ и нэхэм щхьэкIэ хэт «нуру блэ», «хъуаскIэхэр къызыщIэлъэлъ», хэти «дыгъэ бзий, уафэхъуэпскI къызыщIих» жиIэнущ. «Бэркъукъу» псалъэр хьэрыпыбзэкIэ «уафэхъуэпскIщ». Бэрыкъуэ «Бэркъукъу» щIыфIащар и нитIым уафэхъуэпскI къащIихыу цIыхухэм яфIэщIырти аращ. ЦIыхухэм ягъэщIагъуэу ягу къагъэкIыжырт мысыр сулътIаным зыхуагъэщхъыну ауи зигу къэмыкIыххэ Темырлан ябгэм и лIыкIуэхэр Бэрыкъуэ зэрыIуплъэу, занщIэу щхьэщэ хуащIауэ зэрыщытар.

Бырчыт цIыху щабэт, къыдэхьэхыгъуафIэт, ауэ зэрысабийрэ дахэу псалъэрт, жьакIуэт. Мамлюк еджапIэм щыщIэсам, сохъустэхэм

я хьэл-щэныр, зэфIэкIыр къыщагъэлъагъуэ тхылъым абы щхьэкIэ Iустазхэм иратхат: «Бырчыт зауэлIым нэхърэ усакIуэ щэнхэр и хьэлым йобэкI», жаIэри. НэгъуэщI псэукIэм хапIыкIа Бэрыкъуэ и ныбжьэгъур къыщыгурымыIуэ щыIэт. Ауэ иджыпсту зи къарур кIуэщIа, зи гур зыфIэкIуэда и ныбжьэгъур фIэпсэкIуэд хъурт.

... Бэрыкъуэ къыпыгуфIыкIа фIэкIа, Бырчыт и псалъэхэм пэгъуэкI яритыжакъым. И пIэм ижыхьа и ныбжьэгъум и Iэблэр иубыдри иришэжьэжащ, пщыхьэщхьэ гъуэз мащIэр зыщхьэщыт быдапIэм хуэкIуэу.

2

Дамаск и уэлий МэнтIаш щакIуэ кIуэну зигъэхьэзырт, дыгъуэпшыхь къыхуэкIуа щIалитIым и хъыбар щыжраIам. Эмирым и блыгущIэтхэм унафэ яхуищIащ мамлюкхэр асыхьэтым къыхуашэну. ХъыбарыфIкIэ и махуэр къыхущIэзыдза Алыхьым шыкур хуищIурэ, МэнтIаш мрамор хьэплъыфэм къыхэщIыкIа дэкIуеипIэм къехри, чом къыдыхьащ. ЩIалэхэр къызэрашэм гу лъатэри, эмирым епщIэкIа гупыр зэлъыIукIуэтащ, хьэщIэхэм гъуэгу ирату. Дауи, эмирыр мамлюкхэм апхуэдэу яхущыттэкъым. Ауэ нобэ гукъыдэжыфI иIэт: пщIэищхьэи щIимыту зауэлIитI къыIэрыхьат, уеблэмэ езыхэр къыхуэкIуат.

МэнтIаш зэрыгуфIар къыхигъэщыну хуэмеярэ, хьэмэрэ и пащхьэ къраша щIалэ бэлэбанитIыр зэрыщыгугъауэ къыщIэмыкIарэ, сытми, зэIущIэр псынщIэу иухащ. Эмирыр щIэупщIащ щIалэхэр зейуэ щытам, зыщыщ лъэпкъым. ЖэуапхэмкIэ арэзы щыхъум, мамлюкхэм зыхуей хуащIэну, я эмирым хуэпэжыну тхьэ егъэIуэным хуагъэхьэзырыну унафэ ищIри, езыр ежьащ.

Хьэлэб и тет Елыбгъарэ МэнтIашрэ зэныбжьэгъут икIи зэныкъуэкъуэгъут – бжьыпэр яхузэрыгъэгуэшыртэкъым. Хьэрып хъалифатыр щызэхэщэщэжым, абы и щыхьэру щыта Дамаск бжьыпэр IэщIэкIри, Хьэлэб IэщIыхьат. Абы и эмирырт иджы Мысыр къэралыгъуэм и сулътIаным иужькIэ пщIэ нэхъ зыхуащIыр. МэнтIаш абы иризэгуэмыпу къанэртэкъым икIи сыт хуэдэ хьилэшыгъэри, уеблэмэ къаруи къигъэсэбэпыну хьэзырт, Дамаск пасэм иIа щIыхьыр игъуэтыжын щхьэкIэ. Лей къатехьэу къащыфIэщIхэм и деж зэныбжьэгъуитIыр зэкъуэлъэдэжми, мыпхуэдэ «Iуэху жыгъейхэмкIэ» зыр адрейм кIэщIэпIэскIуэну хьэзырт. Арат МэнтIаш, щыIэ хабзэмкIэ, мамлюкхэр зейм иритыжын хуеями, къызыфIимыгъэIуэху зищIу, мылъкушхуэ зи уасэ «хьэпшыпыр» езым щIызыкIэщIиупщIар.

Бэрыкъуэрэ Бырчытрэ мамлюк сэрейм яшэжри, эмирым и дамыгъэр зытет фащэкIэ зрагъэхуэпащ икIи пIалъэ лей къыхамыгъэкIыу я къалэным пэрагъэуващ. МэнтIаш и мамлюк еджапIэр Елыбгъа ейм хуэдэу къулейтэкъым, ауэ мыбыи хабзэр щыткIийт. Бэрыкъуэ нэгъуэщI зыми гу лъитат: Хьэлэб эмирым и мамлюкхэм я нэхъыбэр къыпчакърэ курдрэт, МэнтIаш ейхэм шэрджэсхэмрэ Iэрнаутхэмрэ ебэкIырт, цIыху фIыцIэхэри яхэтт.

Адыгэ щIалэхэр щIэх гупым хэзэгъащ, я къарури къэкIуэжащ. Куэд дэмыкIыу Бэрыкъуэ и зэфIэкIкIэ МэнтIаш и мамлюкхэм къахэщ хъуащ. Мэлыхъуэкъуэр аргуэру пашэныгъэм хуэкIуэрт. Абы сыт и лъэныкъуэкIи Бырчыт дэIэпыкъурт, езы Бэрыкъуи и ныбжьэгъум и нэIэ тригъэт зэпытт. Шэрджэс щIалэхэри абыхэм къакъуэуват. МэнтIаши гу лъитат Бэрыкъуэ еджапIэм бжьыпэр зэрыщиубыдым, мамлюк куэд иджы абы къигъэдэIуэфынкIэ зэрыхъунум. ИтIанэ Хьэлэб и уэлийр и мамлюкхэм зэраукIыжрэ куэд щIатэкъыми, зауэлIгъэрхэм я губжьым игъэщта эмирхэр иджы абыхэм нэгъуэщIынэкIэ еплъхэрт. Арат МэнтIаш и лъэныкъуэ Бэрыкъуэ къищIыну щIыхэтыр. Адрей мамлюкхэм хуамыдэ гуэрхэр Бэрыкъуэрэ и ныбжьэгъухэмрэ худачыхырт. Эмирми къалэн щхьэхуэхэр Бэрыкъуэ пщэрылъ къыхуищIырт.

Зым зэхихыр щэм зэхах жыхуаIэрати, хьэрып тхыдэтххэм «Бэрыкъуэ и щыхь къуданхэр» зыфIаща шэрджэс мамлюкхэм я хъыбар мысыр сулътIаным и деж нэсащ. А илъэс дыдэм – 1367 гъэм – сулътIан ал-Iэшраф Насир ад-дин Шэхьбан ЕтIуанэм унафэ ищIащ Хьэлэб и эмир яукIам и мамлюкхэр езым иратын хуейуэ.

МэнтIаш гуитIщхьитI хъуат. Зы лъэныкъуэкIэ, сулътIаным и унафэр игъэзэщIэн хуейт, арыншамэ и щхьэр хилъхьэнут, адрейуи игу пыкIыртэкъым пщIэншэу къыIэрыхьа «щыхьхэр». НэгъуэщIыпIэкIэ укъыщеплъмэ, Iуэхум къыхыумылъытэу къэнэнкIэ Iэмал иIэтэкъым Бэрыкъуэрэ Бырчытрэ мамлюк- зауэлI мини 4-м я пашэ хъууэ зэрыхуежьар. Арати, эмирым псори зэпилъытри, сулътIаным и унафэр гъэзэщIэныр къыхихащ, адыгэ щIалэхэр езым и деж къигъэнэфыну щытами.

Язынықъуэ тхыдэтххэм жаIэ МэнтIаш тыгъэ папщIэу адыгэ щIалэхэр сулътIаным иритауэ. Дэ мы Iуэху бгъэдыхьэкIэм и пэжагъым шэч къытыдохьэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ цIыхухъу тыгъэ ящIу а зэманым хабзэ щыIакъым. Яту щытар бзылъхугъэщ. Езы Бэрыкъуэ нэхъыфI дыдэу илъагъуу щыта и щхьэгъусэр, Фэрэдж и анэ Диамис – алыджхэм (грекхэм) ящыщыр – Мысырым и дзэзешэ щыхъуам тыгъэу къратауэ щытащ. НэгъуэщI Iуэху еплъыкIи щыIэщ – Бэрыкъуэ Шэхьбан сулътIаным и Iыхьлыуэ щытауэ. Мыпхуэдэу щIыжаIэми лъабжьэ иIэщ. Шэрджэс мамлюкхэм тетыгъуэр къаIэрыхьа нэужь, езыхэр къэзыухъуреихьхэр я благъэрэ Iыхьлыуэ къыхахырт. Пащтыхь тахътэр къызыIэрыхьа шэрджэс сулътIанхэм Кавказым кхъухь щхьэхуэхэр ягъакIуэу щытащ, я благъэхэр кърагъэшэн мурадкIэ. СатуущIхэри апхуэдэхэм ещакIуэ зэпытт. Мысырым къулыкъушхуэ щызыIыгъхэм я Iыхьлыхэр Кавказым къыщалъыхъуэрти, Iэмал псори къагъэсэбэпырт ар хым адрыщIкIэ щыIэ щIыналъэм нагъэсын щхьэкIэ. Ядыгъуфыр ядыгъурт, ямыдыгъуфыр «ящэхурт е трахырт». Апхуэдэхэр иужькIэ сулътIанхэмрэ эмирхэмрэ лъапсейуэ иращэжырт. Хамэ лъахэм нэсмэ, я хэкуэгъухэм хуэдэу, занщIэу къулыкъушхуэ кърaтынкIэ гугъэу

Мысырым кӀуэхэри мащӀэтэкъым. Уеблэмэ ауанышӀу ягъэхъыбарыж адыгэ лӀыжь цӀыкӀу гуэр Мысыр щӀыналъэм зэрынэсу: «СультӀан къулыкъур дапщэщ сэри къыщысльысынур?» – жиӀэу щӀэупщӀауэ зэрыщытар.

**Мыри гъэщӀэгъуэнщ.** Езы адыгэ сультӀанхэр благъагъэкӀэ зэпыщӀат, зым и пӀэ адрейр щиувэкӀэ, мащӀэу гуп щхьэхуэхэм я зэхуаку зэжьэхэуэныгъэ къыдэхъуэми, нэгъуэщӀ лъэпкъ тахътэм щебгъэрыкӀуэкӀэ зэкъуэлъэдэжхэрти, апхуэдэхэм удын гуащӀэхэр ирадзырт. А зэкъуэтыныгъэрщ шэрджэс мамлюк сультӀанхэм илъэси 135-м нэскӀэ Мысырым пащтыхьыгъуэр щӀыщаӀыгъыфар, тхыдэм къыщымыхъуауэ хамэ лъахэм шэрджэс къэралыгъуэ щӀыщаухуэфар.

Мы зи гугъу тщӀа етӀуанэ Ӏуэху еплъыкӀэр ирищӀэдгъэбыдэну дэ тегъэщӀапӀэ гуэри дгъуэтакъым. ФӀэщщӀыгъуейщ тхыдэтх псори «мэлыхъуэкъуэкӀэ» зэджэ Бэрыкъуэрэ сультӀан Шэхьбанрэ благъагъэкӀэ зэпыщӀауэ щытауэ. Ауэ къыхэгъэщын хуейщ Шэхьбан адыгэхэр егъэлеяуэ фӀыуэ илъагъуу зэрыщытар. Хэт ищӀэрэ... езы Шэхьбани сультӀану къалъхуагъэнтэкъым.

... Бэрыкъуэрэ Бырчытрэ зыхэт гупыр МэнтӀаш гуапэу иригъэжьащ. Игъэпэжыну, хьэлэлу хуэлӀыщӀэну псалъэ зрита и эмирыр къыщигъанэм, Бэрыкъуэ къэгумэщӀауэ жиӀащ зэгуэр къуэ иӀэ хъумэ, МэнтӀаш иригъэгъэсэну къритыну. МэнтӀаш Бэрыкъуэ къигъэгугъащ атэлыкъ пэж щӀалэм и къуэхэм яхуэхъуну. Мы хабзэм дэ жыдегъэӀэ МэнтӀаши шэрджэсу е адыгэ къану щытауэ, иужькӀэ Бэрыкъуэ сультӀан хъуа нэужь, абы и бийуэ къэувыжыгъами.

Бэрыкъуэ Къахир хуэдэу къалэ ини дахи зэи илъэгъуатэкъым. Хьэбзыпэу дэбзыкӀа дэпкъ лъагэм адэкӀэ мывэмрэ ятӀэмрэ къыхэщӀыкӀа унэхэм къыщыщӀадзэрт. ИтӀанэ абыхэм заӀэтурэ уэрам бгъузэхэмкӀэ уардэу лъагапӀэм къытет пащтыхь къэсрэнымрэ аз-Азхар мэжджыт-мыдрисэмрэ урашалӀэрт. ГъэщӀэгъуэнысщэт ӀэрыщӀ псыжапӀэхэмрэ абыхэм ятелъ лъэмыжхэмри. СультӀаным и псэупӀэр щӀэзыгъанэ хадэр-щэ? ЦӀыхухэри куэдыкӀейт, зэи имылъэгъуа щыгъынхэмкӀэ хуэпахэри яхэту. Дауи, ахэр нэгъуэщӀ хэку къикӀагъэнут.

Къахир зэрынэсу, Бэрыкъуэрэ Бырчытрэ сультӀаным и блыгущӀэтхэм хагъэхьащ, нэгъуэщӀу жыпӀэмэ Шэхьбан и къуэ, илъэсипщӀ зи ныбжь Алий «зэштегъэууэ» иратахэт. Шэхьбан сультӀаныр, гу щабэ-псэ махэр, диным итхьэкъуа цӀыхут. Дауи, апхуэдэ адэм быныр зыхуей дыдэр хуимыщӀэн лъэкӀынутэкъым. ИлъэсипщӀ фӀэкӀа мыхъуа пащтыхьыкъуэми, шэч хэмылъу, и «дзэм» хэтыну къыхихыр зауэлӀ нэхъ лъэрызехьэхэрт. Бэрыкъуи Бырчыти, абыхэм я ныбжьэгъу Шэрджэс Ӏэл-Хъалили пащтыхьыкъуэм и «зауэлӀхэм» яхэхуат.

ӀукӀейщӀыкӀейуэ, зы мыхьэнэншэри и щхьэм иригъажэу щымыт, теплъхьэр зи хьэлъэу езыхьэкӀ щӀалэ къызэрыгуэкӀым Шэхьбан

и къуэ нэхъыжь Алии нэхъыщIэ Хьэжыи псынщIэу къыдихьэхащ, фIыуэ закъригъэлъэгъуащ. Адыгэхэм зэрыжаIэу, быным уимыгъэщIэн щыIэ, щIалэ цIыкIуитIым я фIэфIыныгъэкIэ султIаным щIэх адыгэ щIалищым щхьэхуитыныгъэ яритащ, уеблэмэ абыи къыщынакъым – эмир ищIащ, ауэ Къахир дигъэкIакъым. Куэд дэмыкIыу Бэрыкъуэрэ Бырчытрэ султIан унагъуэм гъунэгъу яхуэхъуащ, пащтыхьыкъуэхэм я гъэсэныр, зауэлI къахэщIыкIыныр абыхэм дзыхь къыхуащIащ. Иджы Бэрыкъуи, Бырчыти, Хъалили хуитыныгъэ яIэ хъуат езыхэм мамлюкхэр зэрагъэпэщыжыну. Ауэ аратэкъым нэхъыщхьэр. Нэхъыщхьэр султIаныр къэзыухъуреихьхэм яхыхьэну абыхэм иджы Iэмал зэрагъуэтарт.

Эмирхэри лIэужьыгъуищу игуэшыжырт. Япэр цIыхуипщIым, адэкIэ дэIэбейрти 40-м, итIанэ щэм я тет хъурт. Эмир цIэ езытыр езы султIанырт, абы иужькIэ улахуи хуигъэувырт, адрейхэм къазэрыхэщыну фащэри (файкание) къырахьэкIыну хуит ищIырт. Щэм и тет ящIа эмирым щIы Iыхьи хупачырт, лъапсэ иухуэнуи мамлюк нэхъыбэ зэригъэпэщынуи хуитыныгъэ иIэ хъурт, мылъкукIэ хузэфIэкI закъуэмэ. Апхуэдэхэм я дамыгъи, ныпи, фащи яIэжт.

Бэрыкъуэ плIыщIым ятету мазитI фIэкIа щымытауэ щэм я эмир мэхъу. А илъэсыр имыкI щIыкIэ адыгэ щIалэм мамлюк минищ зэригъэпэщат. Иджы ар ящыщт султIан сэрейм зи лъэр быдэу щызыгъэувахэм, пщIэ нэхъ зыщыхуащIхэм. Пащтыхьыкъуэхэм я атэлыкъыр хэмыту мысыр султIаным зы хамэ къэрал хьэщIи къригъэблагъэртэкъым икIи иригъэжьэжыртэкъым.

Шэрджэсхэр фIыуэ зылъагъу Шэхьбан султIаным и пыхъуэпышэхэм а лъэпкъым щыщхэм кIуэ пэтми къэсрэным щаубыд увыпIэр зигу иримыхьхэр куэдыкIейт. Псом хуэмыдэу ныкъуакъуэхэрт тыркухэр, Iэрнаутхэр (албанхэр), алыджхэр, хьэрып лъэпкъхэм я гугъу умыщIыххи. ИрипIейтейрт а Iуэхум Мысырым и дзэпщ КъатIыл Iэл-Къатмэри. Махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, зи бжыгъэми лъэщагъми хэхъуэ шэрджэс зэрыгъуейм имыгъэжеиж хъуат Мысырым и етIуанэ лIыщхьэ, Щам щIыналъэм и уэлий Елыбгъаи. Мысырым къэмысу къанэртэкъым Азие ЦIыкIум зыщызыубгъу тырку бейлыкъхэм (пщыгъуэхэм) я къарум зэрыхэхъуэм теухуа хъыбархэри. А псом султIан Шэхьбан зэрагъэпIейтейр мащIэт. IэщIыб ищIа къэрал Iуэхур КъатIыл Iэл-Къатмэррэ Елыбгъарэ зэпатхъырт. КIэщIу жыпIэмэ, зэныкъуэкъур лъэпкъ зэрыукIым хуэкIуэжыным нэсат.

Хьэрыпхэм «насыпыншагъэми зыгуэрым ифI, имыщIэххэу, къыщыхэкI щыIэщ» жыхуаIэм хуэдэу Iуэхур хъуащ. Мысыр султIаным куэд щIауэ игу илът Чэбэр ихуэпэну – щэкI фIыцIэр, дыщэ, дыжьын IуданэкIэ КъурIэным щыщ Iэятхэр зытетхар, бегъымбар мэжджытым триубгъуэну – ЩIыхьышхуэ зыпылъ а Iуэхур мысыр султIанхэм нэмыщI нэгъуэщIхэм ягъэзащIэу хуадэртэкъым. Ар 1443 гъэм къызэхъулIар Темырлан и къуэ Шахрухъщ, илъэс куэдкIэ

а Iуэхум щIэлъэIуа, уеблэмэ шынагъэкIэ яужь ита нэужь. Арати, диным зигури зи псэри ета мысыр сулътIан Шэхьбан хьэж ищIыну гъуэгу теуващ, бегъымбар лъахэм хуэкIуэу. СулътIаным, дауи, цIыху гупышхуэ и гъусэт, ахэр зыхъумэхэри яхэтыжу. Апхуэдэхэм я пашэм «хьэж эмиркIэ» еджэрт, егъэлеяуи пщIэ хуащIырт. Шэхьбан и гупым ящIыгъут Бэрыкъуэ и цIыху, езым и мамлюкыу щыта МуIэеди.

Бэрыкъуэ дыжьын ахъшэ мини 3 щIитри, МуIэед шэрджэс сондэджэр гуэрым и деж къыщищэхугъат. А зэманым апхуэдиз мылъку зыщIатынкIэ хъунур сабийр пщы лъэпкъым къыхэкIамэ е къэзыщэхум и Iыхьлы гъунэгъуу щытмэт. МуIэед япэщIыкIэ Бэрыкъуэ и Iэщэзехьэу щытащ, итIанэ щхьэхуитыныгъэ иратри, эмири ящIащ. Куэд дэмыкIыу Бэрыкъуэ хузэфIэкIащ ар «хьэж эмирхэм» яхигъэхьэн. Фэрэдж и ужькIэ сулътIаныгъэр зыубыда, Мысыр шэрджэс къэралым и Iуэхухэр зэтес зыщIыжу и щэнхабзэмрэ щIэныгъэмрэ ину зезыгъэужьауэ щыта Къэрмокъуэ МуIэед щихъым Бэрыкъуэ дзыхь хуищIырт. Мыбдеж жытIэну дызыхуейр Бэрыкъуэ фIыуэ илъагъу МуIэедрэ нэгъуэщI и цIыху зыбжанэрэ Шэхьбан сулътIаным и гъусахэм зэрахэтарщ, адэкIэ къэхъуахэм ахэр хэпщIагъэнкIэ хъунуи зэрыщытарщ.

Пэжщ, абы щыхьэт техъуэ гуэрхэр Бэрыкъуэ «бзаджэу, пашэныгъэм хущIэкъу зэпыту щыта цIыхуу» къэзыгъэлъэгъуа итальян, француз къэкIухьакIуэхэм ятхыжахэм яхэтакъым. Ауэ Шэхьбан сулътIаныр Чэбэм здэкIуэм зэуэзэпсэу къытехуэу зэрылIами, абы и хъыбар япэу Бэрыкъуэ къызэрыIэрыхьами гурыщхъуэ уагъэщI мы Iуэхум зэкIэ дызыщымыгъуазэ гуэрхэр хэлъынкIэ хъуну зэрыщытам. Дызыщыгъуазэр зыщ: Шэхьбан лIауэ хъыбар къазэрыIэрыхьэу, Бэрыкъуэрэ Бырчытрэ псынщIэу я мамлюкхэм сулътIан быдапIэр къырагъэувыхьащ, езыхэм къапэщIэувэнкIэ хъуну дзэзешэхэм къалэн гуэрхэр пщэрылъ щащIри, Къахир дагъэкIащ. СулътIаныр зэрыщымыIэжыр хэIущIыIу щыхъуам, Бэрыкъуэрэ Бырчытрэ хуагъэхьэзыракIэт пащтыхьыкъуэ ныбжьыщIэ Iэл-Мансур Алааддин Алий тахътэм зэрытрагъэтIысхьэнум. Езы тIури абы и регенту увыжащ. КIэщIу жыпIэмэ, пащтыхьыкъуэм и цIэкIэ Мысыр къэралыгъуэжьым и унафэр иджы зыщIынур адыгэ щIалитIырт.

Iуэхур къаугъэ къимыкIыу зэфIэкIа хуэдэт. КъадекIуэкI хабзэм тету, дунейм ехыжа сулътIаным и пIэм и къуэ нэхъыжьыр иуват, и ныбжь ирикъуху щIалэщIэм чэнджэщэгъуу иIэнухэри убзыхуа хъуакIэт. Ауэ ар нэкъыфIэщI къудейт: пащтыхь чо щыгум пшэ гуэрэнхэр щызэхуикъусырт, щыблэр щыуэным пэплъэу. Апхуэдэу куэдрэ екIуэкIакъым. Гур зэрыгъум дыгъур ирожэ жыхуаIэм хуэдэу, Бэрыкъуэ и тIасхъэщIэххэм бзэгу къыхуахьыжащ дзэпщ КъатIыл Iэл-Къатмэм щэхуу зэпсэлъэныгъэхэр Щам и тетым зэрыдригъэкIуэкIым теухуауэ. Псом хуэмыдэу Бэрыкъуэ иригузавэрт и ныбжьэгъу Бырчыт и дуней тетыкIэ хъуам. Зыхуей зыгъуэтыжа пщы щIалэм къыфIэIуэхуж щыIэтэкъым: и махуэри и жэщри нэгу зегъэужьыным, щэкIуэным,



6 Заказ №2225

ефэным, цIыхубзхэм ятригъэкIуадэрт, пащтыхьыкъуэхэри абыхэм дригъэхьэх хъуат. Зэкъым икIи тIэукъым Бэрыкъуэ и ныбжьэгъум зэречэнджэщар, зэрелъэIуар, зыхэт Iуэху мыщхьэмыпэхэр къигъэнэну, ауэ къикIа щыIэкъым. Бырчыт «гъащIэ IэфIым» и лъащIэм щIэтIысыкIырт, и адэжь лъахэри игу иджы къэкIыжыххэртэкъым. НэхъыкIэжрати, зэныбжьэгъухэм яку щIыIагъэ къызэрыдэхъуам гу лъызыта жагъуэгъухэм Бырчыт зыкъыхуагъэбзэIэфIурэ Бэрыкъуэ пэIэщIэ ящIырт. «Мэлыхъуэкъуэм» зыкIи худичыхыну хэттэкъым Псыжь Iуфэ щалъхуа щIалэм.

Зэныбжьэгъухэр гуащIэу щызэжьэхэуар 1378 гъэрщ, Бэрыкъуэ Мысыр дзэпщ КъатIыл Iэл-Къатмэр тригъэкIыу езыр абы и пIэм иува нэужь. Бэрыкъуэ тепщэныгъэр къыIэрыхьат, Бырчыт ар IэщIэкIат. И ныбжьэгъу тэмакъкIэщIым кърипэсхэр Бэрыкъуэ и щхьэ иригъажэртэкъым, щыгугъырт хушдашым Iичрам къихьыжыну, ауэ апхуэдэу хъуакъым. Бэрыкъуэ нэхъ дэIэпыкъуэгъу лъэщу иIа Бырчыт, Псыжь Iуфэ къикIа пщы щIалэр, жагъуэгъухэр яку къыдыхьэри, фIагъэкIуэдат. Уеблэмэ, мамлюк «щыхь къуданхэм» Iэщэ къызэхурах хъуат.

Бэрыкъуэ дзэпщ къулыкъур къызэрыIэрыхьэу, занщIэу яужь ихьащ мысырыдзэр зэщIэузэдэным. Мароккэм щыпсэухэм шы бэлыхьхэр зэраIэр ищIэрти, лIыкIуэ игъэкIуащ, шы гуартэ кърашэну ягурыIуэну. Кипрус, алыдж, итальян сатуущIхэм я деж сэшхуэрэ бжырэ кърыригъэшащ. Ауэ Бэрыкъуэ къыгурыIуэрт ищхъэрэ щIыналъэмкIэ къех бийхэм абыхэмкIэ уазэрыпэщIэмытыжыфынур. Ахэм зауэм хуэгъэса пылхэр яIэт, гынымрэ мывэрыдзхэмрэ къагъэсэбэпырт. Мухьэфэзхэми Iуэхур щыщIагъуэтэкъым, сатуущIхэм ят налогым зэрыхагъэхъуар ямыдэу зыкъаIэтат. ЦIыхубэ зэщIэхъеенытъэм кърикIуэнкIэ хъунум игъэшына сулътIан сэрейм мурад ищIащ Алий и пIэ абы и къуэш нэхъыщIэ Хьэжы иригъэувэну. Ари Бэрыкъуэт зи жэрдэмыр. Ауэ зэрыщыгугъауэ Iуэхур къыщIэкIакъым. Абы нэхъри зэпэщIигъэуващ Бэрыкъуэрэ Бырчытрэ. Пащтыхьыкъуэхэм я регентхэм я зэныкъуэкъур зауэм хуэкIуэжыным нэсат. Щам губгъуэм игъуэщыхьауэ щитам щIалэхэм зыр адрейм хуэпэжыну зэратыгъа псалъэхэр IэщIыб хъуат. АдэкIэ Бырчыт худэчыхыныр шынагъуэу Бэрыкъуэ къилъытащ икIи унафэ ищIащ и ныбжьэгъур Александрей тутнакъэщым ирадзэну. Абыи къыщигъэнакъым: лъэхъуэщым и тетым гурыIуащ щэхуу Бырчыт иригъэукIыну. Зи нэхэм уафэхъуэпскI къыщIих дзэпщым и унафэм пIалъэ къыхагъэкIакъым. Бырчыт и мамлюк минитхум я эмирыр зэрыщымыIэжыр къыщащIэм, Iэщэм зрадзащ икIи Къахир хьэлэбэлыкъ ин къыщаIэтащ. Бэрыкъуэ мыбдежми нэхъ бзаджэу къыщIэкIащ: зыкъэзыIэта мамлюкхэм я фIэщ ищIыфащ къэхъуам езым и Iуэху хэмылъу, псори тутнакъэщым и тетым илэжьауэ икIи ар мамлюк губжьахэм яхуидзащ. Дыгъужь мэжэщIалIэхэм япэщIэхуа щынэм ещхь хъуат. Ауэ ялъ ящIэжауэ къызыщыхъужа мамлюкхэр аргуэру регент хьилэшым къигъэпцIат. Асы-

хьэтым езыми сулътIанми я зауэлIхэр зэщIэузэдауэ хьэзырыххэу пащтыхь быдапIэм дэтт. Бырчыт и мамлюкхэм тутнакъэщ тетым ягу трагъэзэгьати, гуп-гупурэ Къахир и уэрамхэм къыдэужьгъэжат. Арат Бэрыкъуэ зыхуеиххэри – абы унафэ ищIащ Бейн Iэл-Къэсрэным и куэбжэхэр зэIуахыу дзэр яутIыпщыну.

Куэд зи нэгу щIэкIа Къахир и уэрам зэвхэр аргуэру зэ дэгуIащ мамлюк хъыжьэхэм я зэжьэхэуэ гуащIэм. ЛъэныкъуитIымкIи зи нэхъыбэр шэрджэс зауэлIхэр зэрылIырт, къызэреупщIэтэхыжырт, хамэ лъахэр дэгызу. Я псэр пытыху я эмирым хуэпэжыну тхьэ зыIуа мамлюкхэм ягъэпэжат я псалъэр. Я эмирым къытехьа лейр ягу трагъахуэ нэхърэ, шэхьид хъумэ нэхъ къащтат.

Мы гузэвэгъуэ Iейр зи нэгу щIэкIахэм тхауэ къагъэнащ жэщми зэхэуэр зэрымыувыIар. А жэщым щэIу макъымрэ гызымрэ Къахир щхьэщытащ, мамлюк уIэгъэхэм дэIэпыкъуIауэ Бэрыкъуэ и зауэлIхэм ядэртэкъым, апхуэдэ унафэ хуащIагъэнт. Абыхэм щысхь хуаIэтэкъым уIэгъэхэми абыхэм къащхьэщыжхэми. Тхьэмахуэ енкIэ къалэм дагъэкъэбзыкIын яухакъым Бырчыт и блыгущIэтхэр.

Апхуэдэу иухащ адыгэ щIалитIым я зэныкъуэкъур. Бырчыт и щхьэзыфIэфIагъым текIуэдэжащ. Бэрыкъуи къигъэлъэгъуащ сулътIаныгъэм хуэкIуэ гъуэгум къыщыпэув дэтхэнэми щысхьырабгъу зэрыхуимыIэнур, ар и ныбжьэгъу нэхъыфI дыдэр арауэ къыщIрекIи. Иджы Къахир Бэрыкъуэ къыщыпэувыфын щыIэжтэкъым. Хуеямэ, а махуэ дыдэм ар сулътIан хъуфыну къыщIэкIынт, ауэ дзэпщыр зыгуэрым ежьэрт. Ежьэрт и унагъуэр къригъэшэжыну Кавказым игъэкIуа кхъухьым. Ар щригъажьэм, дзэпщыр хэтат Бырчыти хэкужьым игъэкIуэжыну, ауэ идатэкъым адрейм – и натIэ къритхагъэнт апхуэдэ щIыкIэкIэ кIуэдыжыну. ИтIанэ Бэрыкъуэ хуейтэкъым къарукIэ тепщэныгъэр яфIиубыдащ жригъэIэну. Ар зэрымыхабзэри, гуващIэхами, къызэрыхуамыгъэгъунури фIыуэ къыгурыIуэрт. ЯпэщIыкIэ абы и цIыхухэр мухьэфэзхэм я уэлий ищIу хуежьащ. ЩIыналъэхэм и лъэр зэ щигъэбыдэмэ, Iуэхум нэхъ тегушхуэгъуафIэ хъунут. Апхуэдэу ар яужь ихьащ пащтыхь хасэ (парламент) къызэгъэпэщыным. Тепщэныгъэр езым зыIэщIилъхьэ нэхърэ нэгъуэщIхэм къратмэ нэхъыфIт, иужькIэ къехъурджэуэжыни къедэуэжыни къыхэмыкIын хуэдэу. Арат Бэрыкъуэ и гупсысэр, и мурад нэхъыщхьэр, къэралым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ унафэхэр дызэчэнджэщурэ къэтщтэн щхьэкIэ хасэ дощI жиIэ щхьэкIэ.

Абы лъандэрэ илъэс 600-м щIигъу дэкIами, умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым, адыгэ щIалэм и къэрал хасэ гъэпсыкIэр. Феплъыт абы Бэрыкъуэ хигъэхьахэм. Къэралым тепщитI иIэт – сулътIанымрэ хъалифымрэ. СулътIаным хэкум илъ Iуэху псори зэригъакIуэрт, хъалифым – дин Iуэхухэр, къэрал унафэхэм хэмыIэбэу. Бэрыкъуэ и тхьэбзэми (гербым) а щытыкIэр къыщыгъэлъэгъуащ, лъэныкъуэ зырызымкIэ плъэ щхьитI зыфIэт бгъэ сурэту. Хасэм цIыхуибгъу хы-

хьэрт. Япэр пащтыхь къуэдзэрт, етIуанэр хасэм и тхьэмадэрт. АдэкIэ къакIуэрт: Iэщэзехьэр – хэкум и шынагъуэншагъэр зыхъумэр; тхакIуэр – щIэныгъэ Iуэхухэр, цIыхухэр егъэджэныр къызэзыгъэпэщыр; хабзэзехьэр – хьэтыуакIуэхэм (судыщIэхэм) я тхьэмадэр; дзэпщыр – къэралым и дзэзешэ нэхъыщхьэр; Къахир къалэм и тетыр – иджыпсту мэркIэ дызэджэм хуэдэр; ухуэныгъэхэм я тетыр (шадыр); къэрал кIуэцI, къэрал щIыб Iуэхухэр зезыгъакIуэр.

СулътIаным и унафэм щIэтт уэлийхэр. Ахэри тIууэ игуэшыжырт. Япэр пащтыхьым и лIыкIуэт, и унафэхэр хэкум и щIыналъэхэм щыпхигъэкIыу, адрейхэр сулътIаным нэгъуэщI къэралхэм игъакIуэрт.

**Мыри гъэщIэгъуэнщ.** Бэрыкъуэ и зэманым къэрал ахъшэр зэхуэхьэса зэрыхъуу щыта щIыкIэрщ зи гугъу тщIыр. Абы хэкIыпIитI иIэт: япэр къуаншагъэ зылэжьахэм тезыр папщIэу тралъхьэрт. Къуаншагъэр зыхуэдэм елъытат къуэдым и инагъри. Ар къэралым иубзыхурт. ЕтIуанэр сэджытырт. Мыри мардэ пыухыкIам тету къэралым игъэувырт. Ахъшэ зэхуэхьэсыным елэжьхэрт къэрал ахъшэ хъумапIэм и тхьэмадэр, ар къыхэзыххэм я пашэр, кIэлъыплъакIуэхэм я тетыр, хъумакIуэ нэхъыщхьэр, хъумакIуэхэр, Iэщэзехьэр. Мы IуэхущIапIэм адыгэхэр щымащIэт, ауэ дзэ къулыкъухэр адыгэхэм къызыхуагъэнэжат, нэгъуэщI лъэпкъ хыхьэну хуимыту. Дзэпщым зауэлI псори и IэмыщIэ илът, ар щIылъэм щызауэ е хым щызауэ ирехъуи. АдэкIэ къакIуэрт щэм я тетыр. Апхуэдэ эмирхэм я бжыгъэр сулътIан Къанщауэ Гъурым и зэманым 26-м нэсауэ щытащ. Абыхэм якIэлъыкIуэрт плIыщI, пщIы, тху тетхэр.

Бэрыкъуэ и къэрал гъэпсыкIэр и кIэм нимыгъэсауэ хъыбар къыIэрыхьащ и унагъуэр кърИгъэшэну хэкужьым игъэкIуахэр къызэрысыжам теухуауэ. Абы мурад ищIат Мысырым щиIэ зэфIэкIым и инагъыр и Iыхьлыхэм занщIэу хьэкъ ящищIыну. Дзэпщым унафэ ищIащ хьэщIэхэр ТекIуэныгъэм и куэбжэшхуэ Баб ан-НасрымкIэ кърагъэблэгъэну. АбыкIэ сулътIан щIалэри акъылэгъу къищIащ.

КъухьэпIэмкIэ къыщызэрыIэта пшэ Iэрамэхэм щIамыхъумэфа дыгъэр жьэражьэу Къахир къыщхьэщытт, хьэщIэхэр къыщысам щыгъуэ. ТхыпхъэщIыпхъэхэм зэпаупщIу щимэ дахэу дэбзыкIа быдапIэ лъагэм и лъабжьэм щыгъэуват къэралым и тхьэмадэхэр зытес тIысыпIэ зэпэплIимэр. Ар алэрыбгъукIэ щIэгъэнат. БыдапIэ дэпкъым и лъагагъым хуэдиз дыдэкIэ аргуэру абы къыщхьэщытыжу хэIэтыкIат ТекIуэныгъэм и куэбжэшхуэр. ИщхьэмкIэ уэрдыхъуныкъуэ щIыкIэу щызэхуэкIуэжу ар къищIыкIат зэпэбжу мрамор мывэ фIыцIабзэрэ хужькIэ. Блыным къыхэкI пкъоуитIым къытегъэщIат абы и щхьэр, зи лъабжьэм пащтыхь тхьэбзэхэр тещIыхьар. Зи щхьэхэм, пыIэ папщIэу, дарий щэкI хужь зэкIуэцIышыхьар зыщхьэрыгъ хэку тхьэмадэхэм я щIыб щиувыкIат зауэлIхэр, псори зрагъэлъагъуну щIэхъуэпс цIыхухэр зэтраIыгьэу.

ХьэщIэхэр къэсащ. Абыхэм япэ итт хъурыфэ пыIэ хужьышхуэрэ цей кIыхьрэ зыщыгъ лIыжьыр. И къамэ Iэпщэм баш папщIэу зытригъащIэурэ ар къэкIуатэрт. Асыхьэтым накъырапщэхэмрэ бэрэбанауэхэмрэ ящI макъ лъэщыр къэIуащ. Абы емыса лIыжьыр, къэхъуар къыгурымыIуауэ, къэувыIащ. КъэувыIащ абы и щIыбагъ къыдэтхэри. ЗанщIэу лIыжьым къыбгъэдэхутащ и къуитIыр, я къамэ Iэпщэхэр якъузу, зыгуэр къэхъу хъужыкъуэмэ, адэм къыщхьэщыжыну хьэзырхэу. Абы гу лъызыта Iэл-Хъэуаджэ Уэсмэн, гупыр къэзышар, псынщIэу лIыжьымрэ щIалэхэмрэ ябгъэдыхьащ, Iуэхур зыIутыр къагуригъэIуэну. Ауэ жиIэнIауэ хунэмыс щIыкIэ куэбжэм ищхьэмкIэ зиIэту хуежьащ. А псор зыфIэтелъыджэ хьэщIэхэм зыкъащIэжатэкъым, блын нэщI къэхъуам адэкIэ зэщIэлыдэрэ зэщIэпщIыпщIэу хуэпа цIыху гупышхуэ къыщыщыхутам щыгъуэ. Абыхэм япэ иту къакIуэрт зи щхьэм дариигъуэ жьауэр зыщхьэщаIыгъэ дзэпщыр.

Бэрыкъуэ и адэ Iэнэси, и къуэшхэми, и Iыхьлыхэми игъащIэм ялъэгъуатэкъым апхуэдэ хьэлэмэтыщэ, таурыхъхэм хэт къалэхэм хуэдэ! БыдапIэм къыдэкIа гупыр зы лъэбакъуи яхуэмычыжу я пIэм иумэзэха хьэщIэхэм я пащхьэ къихутащ. Бэрыкъуэ занщIэу къицIыхужащ и адэр. Жьыгъэмрэ гугъуехьымрэ зэрагъэлъа нэкIум, зэхэуплIэнщIа напIэм зыкIи зимыхъуэжауэ езы Бэрыкъуэ и нэ нащхъуэхэр къилыдыкIырт. Ар хуейт илъэс пщыкIутI ныбжьым щитам хуэдэу и адэм зридзу быдэу зрикъузылIэну, гущIэгъу зыхуригъэщIыну, къызыщхьэщигъэжыну. Дзэпщ ябгэм щыщу иджыпсту абы къыхэнэжар и зэпIэзэрытагъырт, арат и гурыщIэхэм гъуэгу езымытри. ХъуаскIэ къызыщIихыу щыта и нэхэр фагъуэ ящIат напIэм къыщIэува нэпсым, махуэ нурыр пшагъуэм хуагъакIуэу. Сыт хуэдизрэ ежьат ар мы махуэм, сыт хуэдизу игъэфIэну хуеят къэзылъхуахэмрэ къыдалъхуахэмрэ. Иджы, псори кIуэдыжри, къэнар сабий гукъанэрт: «Сэ згъэвамрэ хьэзабу сшэчамрэ фэ сыткIэ фыщыгъуазэ?!» И гум къытегъуэлъхьа гупсысэм иризэгуэпыжауэ, Бэрыкъуэ и Iэр и адэм хуишиящ, къыпыгуфIыкIыурэ:

– Сэращ ар, дядэ, сыкъэпцIыхужыркъэ?.. – Дыжьын таж лъагэм и лъабжьэм щIэлъ шылэ щэкI хужьыбзэр зи плIэм къытеуэ, афэ джанэ зыщыгъ щIалэ зыIэщIэлъыр Iэнэс къицIыхуакъым, ауэ макъ IупщI лъагэр и нэIуасэу къыщыхъуащ.

– Дядэ, мыр Бэрыкъуэщ, ди къуэшырщ, – къэпсэлъащ Iэнэс и щIыбагъ къыдэт и къуэ Анфокъуэ, лIыжьыр Iэнкун зэрыхъуам гу лъитауэ. « Аращ, а макъ дыдэрщ ипэIуэкIи зэхихар» адэм. Ар мащIэу кIуатэри, Бэрыкъуэ и Iэр иубыдащ икIи хуэсакъыпэурэ ар и бгъэм, и гущхьэм хуэзэу, хуихьащ, итIанэ абы кIэрикъузэурэ жиIащ:

– Си щIалэ, сыту куэдрэ дызэбгъэжьа...

... Iэнэс и къуэ къигъуэтыжам гу щихуэну хунэмыс, къызыхэхуа таурыхъ псэукIэр къыгурымыIуэ щIыкIэ дунейм ехыжащ. Адэр къызэрысу Бэрыкъуэ ар мамлюк минипщIым я тет ищIат, и къуэшхэри,

и Iыхьлыхэри IэнатIэфI Iуигъэуват, псоми муслъымэн диныр къаригъащтэри. Ауэ дуней фIыгъуэм хэсми, Iэнэс игу щигъэтIылъакъым хамэ лъахэм, адыгэ хабзэхэми текIын идакъым, ислъам диныр къабыл ищIами. Iэнэс 1382 гъэм дунейм ехыжащ, и къуэ Бэрыкъуэ сулътIан хъуным мазитI фIэкIа къэмынэжауэ. Iэнэс и Iыхьлыхэр, и щхьэгъусэр зыщIэлъ адэжь лъахэм зыщыщIригъэлъхьэжыну къехъулIакъым.

Адэм и лIэнытъэр Бэрыкъуэ хуабжьу зыхищIащ. Псом нэхърэ абы нэхъ къищтэнт «уей-уей» жезыгъэIэ Мысыр къэралыгъуэжьым, зи цIэ къудейм хамэ хэгъэгухэр игъэпIейтей лъахэм, и пащтыхь зэрыхъуар и адэм иригъэлъагъуну. Ауэ абы и закъуэтэкъым Iэнэс псэужатэмэ илъагъунур. Абы и нэгу щIэкIынут сулътIан тахътэ лъагэм Бэрыкъуэ хуищIэу къызэрыраутIыпщхьэхыжынури, Бырчыт ещхьу Кэрэк хьэпсым зэрыщIагъэфыхьынури, и гъащIэр псэзэпылъхьэпIэм мызэ-мытIэу къызэрихутэнури. Хэт ищIэрэ, лIыжьым нэхъыфIыныр къыхуищIэжагъэнкIи мэхъу, жьыгъэм махэ ищIа и гум темыхуэнри хэлът и къуэм ирагъэшэчыну хьэзабхэр.

Ауэ ар иужькIэт, иджы Бэрыкъуэ сулътIан хъуат икIи къызэIуихат япэ Мысыр шэрджэс къэралыгъуэм и бжэр.

## Благъэжь бий умыщI, псыжапIэжь унэ тумыщIыхь



1

Жэщыбг нэблэгъауэ сулътIан къэсэрым шу зыбжанэ къыдэкIри, ипщэкIэ драгъэзеящ. Куэд дэмыкIыу дадзыхыжри, Нил псыхъуэм къыдэхутащ. Нубие къумымкIэ къриху жьы гъущэм мащIэу дэуфафэ кипарис щхьэ баринэхэмрэ псы Iуфэм гуэрэн-гуэрэну щызэхэт папирус Iущащэрейхэмрэ я зэхуаку дэкI лъагъуэ бгъузэм тету кIуэ шухэр фирхьэун чэщанэжь зэтещэхэжам деж нэсри къэувыIащ. Асыхьэтым кIыфIым къыхэтэджыкIри, гупым и пащхьэ къихутащ щIалитI.

– Ас-сэламу алейкум, уэрэхьмэтуллахьи уэбэрэкату, – фIэхъускIэ къапежьащ япэ итыр, занщIэуи къэIэбэри, зиусхьэныр зытес шым и шхуэмылакIэмрэ лъэрыгъыпсымрэ иубыдащ.

– Хьэзыр? – щIэупщIащ шым тесыр, сэламым и пIэкIэ.

– Хьэзырщ, зи щIыхьыр ин, – жэуап къитыжащ щIалэм, мащIэу зигъэщхъыурэ.

Гупыр шым епсыхри, фIэхъус къезыха щIалэм и ужь иуващ. Псы Iуфэм абыхэм къащыпэплъэрт кхъуафэжьей гъэщIэрэщIар. Ар псыгъуэ кIыхьу шэщIат, ауэ и кIапитIым лъагэу зыкъаIэтыжырти, хъурей дахэу ищхьэмкIэ щызэхуэкIуэжырт. И курыкупсэм шэтыр хужьыбзэ цIыкIу итт, щэкI щабэ дыдэ зытебза тетIысхьэпIэ щIэтыжу. Шэтырым и пэмкIи и ужьымкIи цIыху тIурытI щыст, псыр зэрыщIатхъу хьэнцэхэр яIыгъыу.

Бэрыкъуэ зэрыкIуэм хуэдэурэ кхъуафэжьейм ибэкъуащ – и щыпэ итIысхьэ хъунтэкъым, дауи, ар мыбы. СулътIаным и ужь иуващ и Iэщэзехьэхэри.

– Елэ (неуэ)! – кIэщIт зиусхьэным и псалъэр.

Арат зыхуеиххэр хьэнцэхэр зыIыгъхэри, зэдэууэ лажьэу щIадзащ. СулътIаным и кхъуафэжьейм кIэлъежьащ адрей и блыгущIэтхэр зэрысри.

Мысыр къэралыгъуэжьым и «гъуэгу нэхъыщхьэр» мамырыжат. КъызыфIэгъэщIыгъуейт ерыскъыпхъэхэр, хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр хэт ипщэкIэ дэзышей, хэти ищхъэрэкIэ езышэх кхъухьхэмрэ кхъуафэхэмрэ я Iэуэлъауэмрэ бдзэжьеящэхэмрэ хьэлъэзехьэхэмрэ я кIий-гуомрэ махуэ псом зыщхьэщымыкI псы гъуэжьыжьыр мыпхуэдэу щым хъужыну. ПIалъэ-пIалъэкIэрэ къыкъуэуурэ зи кIапэхэр Iэта шэтырыр зыгъэбырыб къум жьы гъущэр кууэ жьэдишэрт Бэрыкъуэ. Япэм напэр зыпхъэх а жьы пщтырыр и гум нэмысу, щIалэр зэгуэудырт: сыт нэхъри нэхъ къиштэнут Iэпкълъэпкъым и дэтхэнэ налъэми щыз хъу хэкужь хьэуамкIэ зигъэнщIыху бэуэну. Ар нэхъапэIуэкIэт. Иджы... иджы мысыр хьэуа Iуври, уафэ фIыцIабзэм къыхэцIуукI вагъуэ бынри, зыхуэпIащIэ и рухьри (псэгъу) псом нэхърэ нэхъыфIт, ахэр зэрыпхуихъуэжын нэгъуэщI фIыгъуи щыIэтэкъым.

Зы мардэм тету хьэнцэхэм я щIэтхъу Iэуэлъауэ дэгур игъэувыIэу Бэрыкъуэ зэран хуимыгъэхъуну кхъуафэжьейр зытелъэт псы гущIыIум «щыщ-щ-щщ» макъыр кIыхьу ешэщI. Бэрыкъуи хуейтэкъым и гупсысэ пIейтейр зыгуэрым къызэпиудыну. Езыр гъуэгу тетми, и гупсысэр нэсакIэт Iэсэ (апхуэдэу еджэрт ар и щIасэ алыдж пщащэ Диамис) деж. Абы и макъ щабэр и тхьэкIумэм итт, и хуабэр зыхищIэрт, и бгъэгум къыщежьэу и Iэпкълъэпкъ псом толъкъун мардэншэу зизыгуашэ гурыщIэр къигъэщIу.

– Ессарэн (сэмэгумкIэ)! – Iэщэзехьэм и макъым Бэрыкъуэ и гупсысэхэм къыхашыжащ.

Кхъуафэжьейхэр IэрыщI кIэнауэ бгъузэм дыхьэри, къухьэпIэмкIэ ирагъэзыхащ. Куэд дэмыкIыу кIэнауэр иухащ. Кхъуафэжьейхэр техьащ зи хъуреягъыр къэкIыгъэм щIигъанэ гуэл дахащэм. Гъэми щIыми зи «бостей» бырыбхэр зыщызымых кипарисхэмрэ къегъых зэпыту зи гъащIэр зыхь дзэлхэмрэ хъумакIуэу къыщхьэщагъэува фIэкIа умыщIэну, адэ-мыдэкIэ къыщыхэпIиикIырт хъурмэ жыг лъагэжьхэр. Кхъуафэжьейхэм я хуабжьагъым кIэрагъэхуащ. Иджы ахэр хуэмурэ блэсыкIырт гуэл гущIыIур зысея псыдадий хужьыбзэхэм. «Вагъуэбэ уафэм зэрещхь мыр, – и щхьэ хужиIэж щIыкIэу къыжьэдэлъэтащ сулътIаным. – Хьэуэ, дыгъэ къутахуэ цIыкIухэщ, езыр щыкъухьэм, и фэеплъу жэщым къыхуигъэнауэ. Сэри си жэщ дыгъэм сыхуопIащIэ!» – къигуфIыкIащ и гур Бэрыкъуэ, къэрал Iуэхум къыдигъэхуэу, жыIурыхьэгъуэ къезыта Аллахьу тэхьэлам шыкур хуищIурэ. – Мысыр къэралыгъуэжьыр игъэсабыра хуэдэщ, пащтыхь тахътэр зи

пщIыхьэпIэ хэмыкIхэм дерс яхуэхъуащ Бырчыт и щапхъэр. Иджы и гур зэгъащи, зигъэпсэхуи хъунущ. Пащтыхьхэм я гъащIэр жэнэт жыг хадэм ису ягъакIуэу къызыфIэщIхэр сытым хуэдэу щыуэрэ...»

Къэрал унафэ щIыкIэм и щэху псори къэзыщIэну хунэмыса адыгэлIым къыфIэщIырт псори зэтес ищIауэ, ауэ ар нэкъыфIэщI къудейт. СультIан быдапIэм Бэрыкъуэ и щIыбагъкIэ хъэрэмэхъищэр щызэрашэрт, зэрыбэлэрыгъыу ирагъахуэу, Iэпхлъэпх иращIыну. Езыми, иджыпсту зыхуэпIащIэ алыдж щIасэм щхьэкIэ, и Iыхьлыхэр хьэрэм ищIат. Хэкужьым къикIахэм Бэрыкъуэ къыпаубыдырт бэзэрым къыщащэхуа цIыхубзыр пащтыхь гуащэ ищIыныр. Хъийм икIыпэр и къуэшхэрт. Адыгэм ар ди хабзэкъым жаIэри къыпэщIоувэ, дыгъуасэ езыхэр зэрыщытар ящыгъупщэжауэ.

«Абыхэм къагурыIуэркъым нэгъуэщI дунейм къызэрыщыхутахэри, мыбы щыхабзэр сультIаным жиIэр зэрыарари, – и Iупэхэр фIызэтежащ Бэрыкъуэ, ищIа мурадыр игу ирихьыжауэ. – Куэд мыщIэу псоми ялъагъунщ КъухьэпIэми КъуэкIыпIэми я тепщэм и лъэкIыныгъэр зыхуэдэр. Ялъагъунщ Къахир и куэбжэшхуэмкIэ пащтыхь гуащэ Диамис зэрыдишэр, нобэ къыпэувхэми щхьэщэ къыхуригъэщIурэ».

... Уи гугъэ псор къохъулIэтэмэ, Iуэху щыIэт. ЩIы хъурейм и джэлэсыр IэщIэлъу къыщыхъужми, политикэ хьилэшагъми, къэралыр зехьэнымкIэ гъащIэм къыуит Iущагъми зэкIэ хущыщIэрт сультIан щIалэр. Дзэзешэм дежкIэ фIэщхъуныгъэмрэ къарумрэ нэхъыщхьэмэ, пащтыхьым дежкIэ ахэр мащIэт. Дэнэ щищIэнт иджыпсту абы езыр псэуху а мурадым зэрыхущIэкъунур, ауэ зыри къызэримыкIынур! 

ГъэщIэгъуэнракъэ, адэм хузэфIэмыкIар къехъулIэнут Фэрэдж – Бэрыкъуэрэ Диамисрэ я къуэм. Адэр дунейм ехыжа нэужь, илъэс 13-м иту сультIан тахътэм трагъэтIысхьэнут Фэрэдж. Аращ дуней псом щыяпэу пщылIыгъэр тезыхыу, цIыхукIэ сату щIын хабзэ напэтехыр Мысырым щыщезыгъэгъэтынур. Ауэ ар къэкIуэну зэманырт...

... Псым къыхыхьэу къех дэкIуеипIэм еуалIэу кхъуафэжьейхэр къэувыIащ. Iэуэлъауэр зэхахагъэнти, цIыху зыбжанэ хьэщIэхэм къапежьащ. ЯхуэкIуар къыщацIыхум, зыкъыхуагъэщхъыурэ фIэхъус кърахри, унэмкIэ ирагъэблэгъащ.

Мывэ пкъо упсахэр зыщIэт унэ лъахъшэ кIыхьыр гуэл Iуфэм зэрыпэIэщIэр дэкIуеипIэ зыбжанэкIэт. Бэрыкъуэ дзэпщ хъуа нэужь, Шэхьбан сультIаным кърита щIыналъэм мыр и нэхъ дахэ дыдэт. Унэри алыдж унэ щIыкIэм зэрещхьыр арагъэнщ езым Диамис тыгъэ щIыхуищIар.

Зиусхьэныр къызэрыкIуар щыжраIэм, Диамис къыпежьэри, пэшымкIэ иригъэблэгъащ.

– Зи щIыхь иныр къызэрыкIуэнур сщIэрти, фирхьэун шей езгъэгъэват, – жиIэри абы сультIаным къыIэщIигъэуващ унэIут цIыхубзым къыщIихьа жэз фалъэ куур.

Бэрыкъуэ къэтэджри щабэу, фалъэм кIэрикъузэ щIыкIэу, Диамис и Iэхэр иубыдащ. Апхуэдэу зэриIыгъыу бахъэ мащIэ къызыщхьэщих фалъэр и Iупэм хуихьащ. Зи гуащIагъыр Iум къищIэ къудей шей гурыхьым ар мащIэу еIубащ. Игу зэрырихьар къигъэлъагъуэу, пыгуфIыкIыурэ ар шей плъыжьыбзэм аргуэру еIубащ. ИкIи къыфIэщIащ и Iэпкълъэпкъ псом абы зригуэшауэ. СулътIаныр нэкIэ епсалъэрт дунейм нэхъ гъунэгъу дыдэу, и гъащIэм и купщIэу къилъытэ цIыхум. Мысыр бжьэхуц пIащIабзэм къыхэщIыкIа бостей зэгуэхым, и бгъэ лъабжьэм хуэзэу дыщэ лэрыпс зыщIэужам, Диамис и Iэпкълъэпкъыр нэхъри дахэу уигъэлъагъурт. «Алъхьэмдуллилахь, мыпхуэдэ тыгъэ лъапIэ къысхуэзыщIа Тхьэшхуэм фIыщIэ мыухыжыр пхузощI», – игукIэ жиIащ Бэрыкъуэ, и щхьэр мащIэу иIэтри.

Асыхьэтым унэ щIыхьэпIэмкIэ Iэуэлъауэ макъ къыщыIуащ. ЦIыхухэр зэхэзежэ хъуащ. Iэщэзехьэр къагъэувыIагъэнти, и макъым зригъэIэтырт, сулътIаныр икIэщIыпIэкIэ илъагъун зэрыхуейр къытригъэзэжурэ жиIэрт. Диамис къэщтащ. Бэрыкъуи къэхъуар къыгурымыIуауэ, фирхьэун шей телъыджэр Iэсэ и Iэгум къринэри, бжэмкIэ иунэтIащ. Абы и бжэ къыIухыгъуэри Iэщэзехьэм и къэсыгъуэри зэрихьэлIащ.

– Сыт къэхъуар, Къэтмэс? – щIэупщIащ сулътIаныр, мафIэу къызэщIэна и Iэщэзехьэм и нэкIум иплъэурэ.



– Дзэпщ Инал пIалъэ къыхыумыгъэкIыу быдапIэм бгъэзэжыну къолъэIужащ, зи щIыхьыр ин!

ТIэкIу зэпигъэури, нэхъ щабэу дыщIигъужащ:

– Хъыбарзехьэм зэрыжиIэмкIэ, Щам щIыналъэм щыпсэухэм зыкъаIэтащ. Абы и тетхэм дзэшхуэ я гъусэу Александрей къотIысылIэ. Дзэзешэ Iэл-Къэтмэри фитIнэхэм ягухьащ.

– Хьэбыршыбырхэ, – къыжьэдэлъэтащ адыгэбзэкIэ сулътIаным, Инали яхэту Iуэхур къызэрыщабзыщIам къигъэлыбауэ. Ауэ пщым хуэмыфащэ псалъэ зэрыжиIам хущIегъуэжауэ псынщIэу зызэтриубыдэжри, «Лахьнату ллахьи хьэлейхьим» (Тхьэм и нэлатыр къатехуэнщ абыхэм) дыщIигъужащ. Абы къыфIигъэкIакъым. ИтIанэ къеплъэкIри, и Iэ ижьыр и дамэм нэсу къиIэтащ. Абы къикIыр къызыгурыIуа хъумакIуэхэм пащтыхьым и джатэр къыхуахьри зыкIэрагъэлъхьэжащ.

Диамис псалъэмакъыр зэхимыхами, къыгурыIуат зы бэлыхь къызэрыхъуар. Арыншамэ, пащтыхьыр къыдагъэкIыу занщIэу и ужь пхъэр кърау тIыпщхьэжынутэкъым. ГъэпцIагъэкIэ Бэрыкъуэ укIыпIэм ирашэнри зыхуэIуа зэрыщымыIэм игъэгужьея цIыхубзыр и пIэм идиихьат, фирхьэун шейр зэрыт гъуаплъэ фалъэ гъэщIэрэщIар а зэрыIэщIэту. Бэрыкъуэ щIэкIыжыпIэм хуэкIуэу ежьащ, ауэ занщIэу къэувыIэжащ, зыгуэр игу къэкIыжауэ. Пащтыхьыр къызэплъэкIыу пырхъуэ кIыхьым къытехьа цIыхубзыр щилъагъум, абыкIэ къигъэкIэрэхъуэжащ.

– Къысхуэгъэгъу, рухьи (си псэ), Алыхьым иухагъэнт мы жэщ телъыджэр апхуэдэу иухыну, – къэгумэщIат имыхабзэу сулътIаныр. – ШейтIаным игъэжэкъуахэм яхуэфащэр ялъысыжынщ.

ЦIыхубз и пащхьэ цIыхухъум зыщигъэлIыну зэрымыхабзэр фIыуэ къызыгурыIуэ Бэрыкъуэ и псалъэм адэкIэ пищакъым.

– Сэри Тхьэшхуэми, эллинхэм ди тхьэхэми сыпхуелъэIунщ укъахъумэну, зиусхьэн, ауэ... – къызэфIэнащ Диамис, – ауэ сынолъэIу губжьыр зытумыгъэкIуэну.

Диамис япэм зи щIыхь иным жриIэн иримыкуфыну щытахэм иджы тегушхуат. Абы къыфIэщIырт Бэрыкъуэ иужь дыдэу илъагъужу, и гум щызэтрихьа псори хуиIуэтэну хунэмысу ар ежьэжу. Апхуэдэу хъунуи къыщIэкIынт, ауэ мафIэу къызэщIэнауэ псалъэ, гущIэгъу лъыхъуэ цIыхубзыр Бэрыкъуэ фIэпсэкIуэд хъуат.

– Тхьэшхуэм тепщэныгъэр зритахэм къахэкIауэ иджыри ялъэгъуакъым цIыхубэм насып къахуэзыхьа. Тепщэныгъэр нэхъ иныху бэм и насыпыншагъэри нэхъыбэщ, зиусхьэн. Дунейр зыубыдыгъа алыдж, македон, урым, къэжэр дзэзешэ хъыжьэхэм я щIыхьыр зы налъэ хуэдизщ зэрыхъур, абыхэм къазэуа лъэпкъ куэдхэм къыхуахьа гуауэм елъытауэ. Фэ – зы хэгъэгу щыпсэухэр – фызэпэщIэувэжащ. Къахир ноби дохыщIэ Бырчытрэ и блыгущIэтхэмрэ къатепсыха гуауэм...

– Куэдщ, гурыIуэгъуэщ, – къызэпиудащ Диамис и псалъэхэр пащтыхьым, Бырчыт и цIэр зэрызэхихыу, абы хуиIэ гужьгъэжь псори къызэщIэнэжауэ.

– Зи щIыхьыр ин, сынолъэIу, щхьэлъащIэм пщIэ хуэпщIу, иджыри зымащIэкIэ укъызэдэIуэжыну, – лъэIуащ цIыхубзыр, – Аполлон тхьэм и чэщанэу Дельфэ щыIэм пасэрей алыдж цIыху Iущхэм къагъэнауэ тетщ чэнджэщ щхьэпэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщ зыщ «меден аган» (зыкIи иумыгъэлей) псалъэхэр. Губжьым губжьщ къиишэр, сынолъэIу иужькIэ узыхущIегъуэжын Iуэху умылэжьыну. ИтIанэ... итIанэ, – дыхьэрэну къызэщIэна и нэкIур Бэрыкъуэ щигъэпщкIуурэ Диамис хуэм дыдэу къыжьэдэкIащ, – сэ сыхуейкъым ди сабийр дунейм къытемыхьэ щIыкIэ адэншэ хъуну...



Бэрыкъуэ жиIэнури ищIэнури имыщIэжу кIэрэхъуащ. И псэм щигъафIэм и псалъэ Iущхэм и гум зыпхадзат. Зытэлай ипэкIэ и Iэпкълъэпкъ псор зэщIэзыIэта губжьу псыдзэ шынагъуэу ежьар Iэсэ и псалъэхэм къагъэIэсат. «Шыкур пхузощI щIылъэми къемэтми я тепщэм, сызыгъэгужьейуэ сызыгъэгуфIэжа Алыхь иным», – игукIэ Тхьэм фIыщIэ хуищIащ сулътIаным. – Сыту фIыт къызэрызгъэзэжар, ар мынэщэнэфIу къалъытэми». Ауэ Диамис зы псалъэ жриIэжакъым, пыгуфIыкIыурэ зрикъузылIа фIэкIа.

Пащтыхьым и ежьэжыныр кIыхьлIыхь зэрыхъуар къыгурагъаIуэу щIыхьэпIэм зыщызыгъэIэуэлъауэ Iэщэзехьэхэм ар псынщIэу къахэхутэжащ. Зи плIанэпэхэр гъущIкIэ къэIулIыхьыжа бжэ абрагъуэр зыгуэрым дэхыщIэ хуэдэу кIыргъри, зэIулъэдэжащ, адэкIэ къэхъунум пэплъэу...

2

Нэхулъэ къищIу щIидзат, Бэрыкъуэ быдапIэм къыщысыжам щыгъуэ. Инал дзэр сулътIан къэлхьэм кърofficial

мащIэт Къахир хуэдэ къалэшхуэр бийм ирищыпхъумэну. СултIаныр мызыгъуэгукIэ бэлэрыгъат е къэзыухъуреихьхэм ящIэу ягъэбэлэрыгъат...

Иужь зэманым Инд хым щызеуэрей хъуат португал кхъухьхэр. Ахэр тенджыз Плъыжьым къытехьэрти, Йемэн щIыналъэр зэрапхъуэрт, цIыхухэр гъэр ящIырт. Абыхэм пэгъуэкI ярыригъэтыну, сулътIаным и губжьыр зыхуэдэр яригъэщIэну и кхъухьхэр игъэкIуат. Мухьэфазхэм (щIыналъэхэм) и лъэр щигъэбыдэн, и тепщэныгъэр къаригъэщтэн щхьэкIэ игъакIуэ шэрджэс эмирхэми зауэлI миным нэс ящIимыгъуу хъуртэкъым. Мысыр сулътIаным и гугъакъым апхуэдэ къару зэуэ къэрал кIуэцIым къитэджыкIыфыну. ИтIанэ хэт и фIэщ хъунт и атэлыкъыу къилъытэ МэнтIаши, зэгуэр Бэрыкъуэ къуэ иIэ хъумэ, гъэсакIуэ хуэхъуну тхьэ къыхуэзыIуэгъар, и псалъэм епцIыжыну. Инал зы хъыбар гуауи къыжриIат сулътIаным. Бырчыт и мамлюкыу щытахэм нэгъуэщIхэри къагъэдэIуауэ афIэкIа и унафэ ямыгъэзэщIэжыну, я эмирым и лъыр ящIэжыну зыкъаIэтат.

Бэрыкъуэ къэрал хасэр зэхуашэсыну унафэ ищIащ. Ауэ абы кърихьэлIар Къахир и тетымрэ щIэныгъэ Iуэхухэм кIэлъыплъымрэщ. СулътIаныр къэлыбауэ дзэзешэм щIэкIиящ икIэщIыпIэкIэ къэрал хасэм хэтхэр къигъэсыну. Щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэр ящIурэ и лэжьэгъухэр къалэм дэкIуэсыкIауэ хъыбар къыщыIэрыхьэм, Бэрыкъуэ къыгурыIуащ и щIыбагъкIэ щэхуу мащэ къыхуатIауэ къызэрыщIэкIар. Пащтыхь тахътэр бубыдыныр зы Iуэхут, ауэ абы нэхърэ нэхъ тыншкъым ар пIыгъыныр. Мис абыкIэ бэлэрыгъат адыгэ щIалэр.

Бэрыкъуэ нэгъуэщI хэкIыпIэ иIэжтэкъым. Къахир къыхуэпэжу къыдэна зауэлIхэмкIэ Елыбгъа пэлъэщынутэкъым. Ар хьэкът. Зэман хуейт дзэр зэуIу щIыжынми. Арати, мухьэфазхэм я эмирхэм деж джэж иригъэхьу и цIыхухэр зэбгрегъэкI. Езыри Iэмал хуокIуэ: и джатэр ирегъэхьри, Елыбгъарэ МэнтIашрэ деж лIыкIуэ гуп еутIыпщ. Абы къикIырт сулътIаныр зауэ зэрыхуэмейр, мамыру зыгурыIуэмэ нэхъ къызэрищтэр. Ауэ Елыбгъа блэ зэраукIа башт, апхуэдэу къэгъэпцIэгъуафIэ хъунутэкъым. Зэманыр зыхуэлажьэр езырауэ зэрыщытыр къызыгурыIуа Хьэлэб эмирым пIалъэ къыхимыгъэкIыу и жэуапыр Бэрыкъуэ къыIэригъэхьащ. Ар кIэщIт: «ЩIылъэми ахърэтми щытепщэм и цIэкIэ къыщIызодзэ.

ПщIэ зыхуэтщI Бэрыкъуэ, дэ уэ удикъуэшщ, шынагъуэ плъыдгъэсыну дыхэтынкъым, ауэ цIыхубэ губжьам запэщIумыгъахуэ, мамырыжыху»...

ЗигъэбзэIэфIми, Елыбгъа хущIэхъумакъым Бэрыкъуэ къыхуимурадыр – «цIыхубэм запэщIимыгъэхуэн» щхьэкIэ зитын зэрыхуейр. Ар къызыгурыIуа сулътIаным и дзэпщ Инал Щам щIыналъэм иутIыпщащ, Син бгъуэщIыр зэпиупщIу, Бэрыкъуэ къыхуэпэжыну тхьэрыIуэ зыщIауэ щыта мидиянат, друз, амалыкъ лъэпкъхэм зауэлIхэр къаIихыу Къахир къришэлIэну. Хасэм хэтхэр мухьэфаз-

хэм игъэкIуащ, цIыхухэр къызэщIригъэIэтэну. Езыри, хэIущIыIу зимыщIын щхьэкIэ, шу зыбжанэ фIэкIа имыгъусэу, Къахир къыдэкIащ, хы Плъыжьым тригъэхьа и кхъухьхэм кърригъэгъэззэжын мурад иIэу.

1386 гъэм и мэкъуауэгъуэ (июнь) мазэм Елыбгъарэ МэнтIашрэ я дзэм Къахир и куэбжэшхуэр хузэIуахащ.

Зэрыщымыгугъауэ тыншу къылъыса утыкум Елыбгъа щыгуфIыкIакъым. Эмир хьилэшым фIыуэ къыгурыIуэрт «къэхь» жызыIэ псоми «мэхь» жаIэу, тепщэныгъэр зэрыхуамыдзыр. Нэхъри гурыщхъуэ ирагъэщIыртв къалэм Бэрыкъуи, абы и Iыхьлыхэри, и ныбжьэгъу-жэрэгъухэри зэрыдэбзэхыкIам. Иджы етIуанэу Бэрыкъуэ IэщIэкIат, нэхъыкIэжырти, и мурадхэр абы къызэхигъэщэщат. Бэрыкъуэ псэууэ абы и пIэ иувэн Елыбгъа ирикуакъым, и гум зишхыхьыжурэ, ас-Сэлихь Сэлахь ад-дин Хьэжы ЕтIуанэр, шэрджэс щIалэм сулътIаныгъэр къызытрихауэ щытар, кърригъэшэжри, пащтыхь тахътэм тригъэтIысхьэжащ. Ауэ сулътIан цIэр зэрихьэ мыхъумэ, унафи Iуэхущ Iафи лъигъэсакъым.

АбыкIи игу зэгъэнутэкъым Елыбгъа: ар хуейт и адэр зыукIахэм яхэтауэ къилъытэ, лъыкIэ и бий Бэрыкъуэ лъэгуажьэмыщхьэу и пащхьэ кърагъэувэну. АдэкIэ КъуэкIыпIэми КъухьэпIэми щытепщэ къэралыгъуэжьым и дзэпщ къулыкъур зылъызыгъэса Елыбгъа дежкIэ зырикIщ сулътIаныгъэр зыIэрыгъэхьэнри. Къэрал унафэ зэрищIын акъыл зимыIэ Хьэжы ЕтIуанэр зэрытригъэувам хуэдэу тридзыжынщи зэфIэкIащ. Арати, гъуохэр зэбгреутIыпщыкI къалэ-къалэкIэрэ зэлъагъэIэсу: «СулътIан Бэрыкъуэ щаджэ къэзыубыду пщыхэм я пщыж Елыбгъа къыхуэзышэм динар мин иратынущ. Пащтыхь щIэпхъуэжар зыубыдар зауэлIмэ – пщIы тет, пщIы тетмэ – щэ тет, щэ тетмэ – мин тет ящIынущ. СулътIаныр зыгъэпщкIум е зыщIэр занщIэу щIэзыуфэм къыпэплъэр щхьэпылъэщ».

Гъуохэмрэ абыхэм я гъусэ зауэлIхэмрэ уэрамхэм цIыхухэр щызэрамыгъэкIуэж хъуат. Елыбгъа и тырку зауэлIхэм гуп-гупурэ Къахир зыщахущыхьырт. ЦIыхухэр къащырт, яхъунщIэрт, цIыхубзхэм лей ирахырт, лажьи-хъати ямыIэу куэд яIэщIэкIуадэрт. А зэманырщ къыщежьар «Бэрыкъуэ и щыхьхэр дэкIри, Елыбгъа и былымхэр къэкIуащ» псэлъафэр. Абы щыгъуэ иIа мыхьэнэм темыхуэжми, мыгъэсахэмрэ щэныншэхэмрэ ехьэлIауэ мы псэлъафэр ноби щызэхапхынущ Египетым. Щыхь щыжаIэкIэ, кърагъэкIыр шэрджэс мамлюкхэрт, былымкIэ зэджэр Елыбгъа и зауэлI удэфахэрт.

Бэрыкъуи и мурадыр къехъулIакъым. Нилрэ хы Плъыжьымрэ яку дэлъ Хьэрып къумыр зэпаупщIауэ, Чермнэ псыдыхьэм ухуэзышэ арыкъ аузхэм ящыщ зым дэкI пэтрэ, къыздикIари къыздихуари ямыщIэу, мывалъэм къыхэтэджыкIри, дзэ къапэуващ. Шухэр къэувыIащ. Къэхъуар къагурыIуэну хунэмыс щIыкIэ, шабзэшэхэр къатезыубыда зауэлIхэм я уэрдыхъум Бэрыкъуэ и гупыр къихутащ. Мамлюк хабзэу, сулътIаным лей къызэрытрамыгъэхьэнур къагъэ-

лъагъуэу, мыдрейхэми Бэрыкъуэ къаувыхьащ. ЛъэныкъуитIымкIи зы псалъэ къыщыIуакъым, зауэлIхэм ящIэн хуейм ехьэлIауэ. Зэсэжа Iуэхум хуэдэу, псори напIэзыпIэм къэхъуащ. Бэрыкъуэ къыгурыIуащ епцIыжакIуэхэм я зэранкIэ иджыри зэ хуищIэу зэрылъэпэрэпар. СулътIаным гурыщхъуэ хуищIырт и дзэпщ Инал. Мы гъуэгуанэр щэхуу зыубзыхуахэм ари яхэтат, ауэ абы сыт и мыхьэнэжт иджы – сулътIаныр ихуат бий мэхъаджэм и хъым. Я фащэмкIэ Бэрыкъуэ къищIащ Iэл-хьэсакъиекIэ зэджэ мамлюк хьэщхьэрыIуэхэм зэрапэщIэхуар. Егъэлеяуэ гущIэгъуншэ икIи зи эмирым хуэпэж гупым тыншу уаIэщIэкIынутэкъым. Пащтыхьыр абы егупсысыху, и блыгущIэтхэр нащхьэIущхьэкIэ зэпсалъэу хуежьащ, зы лъэныкъуэкIэ уэрдыхъур зэпратхъыу Бэрыкъуэ гъуэгу хуащIыну. Мамлюкхэр псалъэншэу зэрызэпсэлъэфыр, зыхуей унафи зэращIыфыр ищIэу къыщIэкIащ къэзыухъуреихьахэм я пашэм. Ар гужьеяуэ кIиящ:

– Iихьзару (Фысакъ)!

Асыхьэтым лъэныкъуэ псомкIи къыщаутIыпща шабзэшэхэм Бэрыкъуэ и зауэлI зыбжанэ уанэгум ираудыхащ. Лейуэ цIыхупсэ гъэныным Iуэхур зэрыфIэмыкIынур зылъэгъуа сулътIаным, «дызэгурыIуэнщ» къригъэкIыу и Iэ ижьыр къиIэтащ...



... Бэрыкъуэ сулътIаныгъэр гъэпцIагъэкIэ иубыдауэ хасэщIэм унафэ къригъащтэу и щхьэр пригъэлъэну Елыбгъа хэта щхьэкIэ, хуадакъым. Iуэхум хэлIыфIыхьащ МэнтIаш. ИгъащIэ лъандэрэ и ныкъуэкъуэгъу Хьэлэб эмирыр егъэлеяуэ утыкуакIуэ зэрыхъуар МэнтIаш игу техуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. А тIум я зэныкъуэкъур тепщэныгъэмрэ мылъкумрэ гуэшыным нэхъри зэщIигъэстыжащ. МэнтIаш и лъэныкъуэхэм я текъузэныгъэкIэ Бэрыкъуэ щхьэпылъапIэм ирашэлIакъым, атIэ Кэрэк (иджырей Иорданием и щIыналъэм хиубыдэ къалэщ) и хьэпсым ирадзащ. Бэрыкъуэ пащтыхьхэмрэ дзэзешэхэмрэ хуагъэфащэ хабзэ Александрей лъэхъуэщым яшакъым. И щхьэр щыпрамыгъалъэм, сулътIаныр Къахир сыт хуэдизкIи нэхъ пэIэщIэ ищIмэ, Елыбгъа нэхъ къищтащ. Ауэ Хьэлэб и эмирри нэхъ делэтэкъым, Бэрыкъуэ лъэныкъуэ иригъэзмэ, абы и пIэ МэнтIаш къызэриувэнур къыгурымыIуэн хуэдизу. Арати, Кэрэк тутнакъэщым и тетым Елыбгъа тхылъ хуигъэхьащ Бэрыкъуэ ехьэлIауэ езым и унафэм фIэкIа нэгъуэщIым емыдэIуэну, Елыбгъарэ МэнтIашрэ яку къаугъэ къыдэхъуауэ зэрызэхихыу, сулътIаныр хуит къищIыжыну.

Гур зэрыгъум дыгъур ирожэ жыхуаIэм хуэдэу, Елыбгъа зэрыгугъа дыдэу Iуэхур хъуащ – тепщэныгъэр яхузэрымыгъэгуэшу Дамаскрэ Хьэлэбрэ я эмирхэм джатэ къихакIэ зызэрадзыжащ. Аргуэру Къахир и уэрам зэвхэр дэхыщIащ къызэреупщIэтэх зауэлIхэм я гыз макъым.

Елыбгъа и «былымхэм» зи щхьэр щIрагъэхьа къалэдэсхэри шэрджэс мамлюкхэри МэнтIаш и лъэныкъуэ хъури, Елыбгъа и тыркудзэр хагъэщIащ. Тепщэныгъэр къыIурыIэфIэну хунэмысауэ Елыбгъа щIопхъуэж, ауэ жыжьэ нагъэсыркъым. Дыгъуасэ дунейр зэрызып-

хъуэну хэта эмирыр Iэхъулъэхъук|э зэщIэIулIауэ Александрей тутнакъэщым ирагъашэ.

Мысырым и тепщэныгъэр МэнтIаш дзэпщым Iэрыхьат. Абы занщIэу сулътIан Хьэжы ЕтIуанэр тридзыну ирикуакъым – япэщIыкIэ Бэрыкъуэрэ Елыбгъарэ кIэ яритын хуейт. «Фыкъыздэзауэмэ, Бэрыкъуэ хуит къэсщIыжынущ», – зыжриIа шэрджэс мамлюкхэр МэнтIаш къигъэпцIат. АдэкIи и мурад фIейм пищащ МэнтIаш. Абы Бэрыкъуэ и Iыхьлыхэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ быдапIэм щызэхуригъэшэсащ: «СулътIаныр къокIуэжри къевгъэблэгъэж», – яжригъэIэурэ. Iэщэншэу зэхуэса гупыр быдапIэм дригъэубыдэри, шабзэкIэ цIыху щитIым щIигъу дригъэукIыхьащ. Бэрыкъуэ и лъабжьэр Къахир щигъэкIуэдауэ къыщилъытэм, зауэлI гупышхуэ Кэрэк къалэм иутIыпщащ, адыгэ сулътIаным и щхьэр къригъэхьыну.

Бэрыкъуэ и лIыкIуэу Щам щIыналъэм игъэкIуауэ щыта Чымшыбгъэ деж нэсащ Къахир къыщыхъуа хъыбар гуауэр. Бэрыкъуэ Кэрэк быдапIэм зэрыщаIыгъыр къыщыжраIэм, Чымшыбгъэ пIалъэ къыхимыгъэкIыу абы кIуащ. Бэрыкъуэ и бийуэ Елыбгъа зэгуэр ищIыгъа унафэм и сэбэп иджы адыгэ щIалэм къекIыжащ. Елыбгъа тридзу тепщэныгъэр МэнтIаш зэриубыдар Кэрэк и тетым Чымшыбгъэ щыжриIэм, Бэрыкъуэ хуит къищIыжащ. Абдежым къыщызэтеувыIакъым: къалэдэсхэр Мысыр дзэпщ гъэпцIакIуэм и бийуэ къызэрыIэтащ. МэнтIаш и дзэр Кэрэк быдапIэм къыщысым, мыдрейхэр хьэзырыххэти, теуэри зэхакъутащ.



3

Бэрыкъуэ и гуащIэр хьэпсым щIихат. Зэгуэр укъигъащтэу къарурэ фIэщхъуныгъэрэ къызыщIэлыдыкIыу щыта и нитIыр иджы фагъуэу и нэкIу жэщIам къытетщ. Хьэпс кIыфI псыIэм къупщхьэ уз хихати, ерагъыу и Iэпкълъэпкъыр зэщIихыф къудейт. Чымшыбгъэ иригузавэрт сулътIаным и щытыкIэм. Къупщхьэ узхэмкIэ Iэзэшхуэхэр Багъдад зэрыщыIэр ищIэрти, зауэлI гуп игъэкIуащ икIэщIыпIэкIэ ахэр Дамаск къагъэсыну. Бэрыкъуэ и гупми щIыналъэм и пасэрей къалащхьэмкIэ яунэтIащ.

Бэрыкъуэ фIыуэ къыгурыIуэрт сулътIан тахътэм иджыри зэрыпэIэщIэр, Кэрэк абы и щIэдзапIэ къудейуэ зэрыщытри, МэнтIаши и лIыкIуэхэр зэрызэтраукIар къызэрыхуимыгъэгъунури. ЗауэщIэм, псори зэлъытауэ щытыну зауэшхуэм, зыхуэгъэхьэзырын хуейт. Ауэ дауэ? ЗауэлI къищэхунущи, мылъку бгъэдэлъкъым. Адэжь лъахэм Iэбэнущи – лъэIэсынукъым. Абы къикIыну дэIэпыкъуныгъэр къэсыху, МэнтIаш и зауэлI Iэлхэм зэрапэщIэтын къару иIэкъым. Дамаск зыщигъэбыдэнущи, МэнтIаш эмиру здэщыIа быдапIэм абы и IупэфIэгъухэр дэмысынкIэ Iэмал иIэкъым. ЗыкъыпхуагъэбзэIэфIурэ бийр уи гущIыIу къррашэнкIэ тIэу еплъынукъым. Бэрыкъуэ гупсысэ хэхуат.

Ауэ дунейр шэрхъщи мэкIэрахъуэ жыхуаIэращ. ИмыщIэххэу Бэрыкъуэ и деж къэкIуащ адыгэпщ Ешбагъ Дыгъэ (Бырда), (ТыркубзэкIэ «быpдам» «дыгъэ» жиIэу аращ), зауэлI миным щIигъу и гъусэу. СултIаным и гугъу щызэхихым, Щам щIыналъэм и ищхъэрэ мыхьэфазхэм ящыщ зым и эмир Дыгъэ и лъэпкъэгъум дэIэпыкъуну къежьат. Ешбагъ Бэрыкъуэ и пащхьэ щрашам, сулътIаныр егъэлеяуэ къыщыгуфIыкIащ, адыгэцIэ зэрызэрихьэри и гуапэ хъуащ. Дыгъэ сулътIаным псалъэ быдэ иритащ хуэпэжыну, пащтыхьыгъуэр къыIэрыхьэжа хъунымкIэ лъэкI къимыгъэнэну. Бэрыкъуи адыгэпщ щIалэр къигъэгугъащ Къахир къызэрыIэрыхьэжу Дыгъэ зыхуей увыпIэр лъигъэсыну.

Апхуэдэу гъуэгу здытетым, Бэрыкъуэ гъусэ къыхуэхъуащ губгъуэрыс хьэрыпхэр, тыркухэр, эмир куэдым я зауэлI-мамлюкхэр. Iэпхъуэшапхъуэу зи гъащIэр зыхь бедуинхэм, друзхэм, хьэнаан лъэпкъхэм я пашэхэм Ешбагъ сулътIаным и цIэкIэ епсалъэрт, абыхэм зауэлIхэр къаIихырт. Апхуэдэурэ Бэрыкъуэ Дамаск щынэсам, дзэшхуэ и гъусэ хъуат.

Абы ирихьэлIэу Бэрыкъуэ нэгъуэщI зы хъыбар гуфIэгъуи зэхихащ. Елыбгъарэ МэнтIашрэ щагъэпщкIу Диамис щIалэ цIыкIу игъуэтащ. Апхуэдэу сулътIаным къыжраIащ сабийм Бэлыхьыкъуэ (Белгук ибн Беркук) зэрыфIащар. ГуфIэща сулътIаным зыхуэубыдыжакъым, абы занщIэу къыфIыжьэдэлъэтащ «фэрэдж» псалъэр («текIуэныгъэ», «зэIузэпэщ» къокI). ИужькIэ а псалъэр щIалэ цIыкIум цIэ хуэхъужащ икIи а цIэмкIэщ ар дунейпсо тхыдэм зэрыхыхьар. А хъыбарым Бэрыкъуэ фIэщхъуныгъэ къыхилъхьэжащ, ар Алыхьым и IэмыркIэ къэхъуауэ, текIуэныгъэм и нэщэнэу къилъытащ.

Къахири Бэрыкъуэ къыщысыжыным пэплъэу щысакъым. МэнтIаш хасэр зэхуишэсри, хъалиф Iэл Мутэукъил, ибн Хьэмэд, сулътIан Хьэжы сымэ и тегъэщIапIэу, унафэ къригъэщтащ Бэрыкъуэ зауэ иращIылIэну. Куэд дэмыкIыуи МэнтIашрэ сулътIан Хьэжы ЕтIуанэмрэ я кхъухьхэр Хышхуэм техьащ, Щам лъахэм хуэкIуэу.

Бэрыкъуэ Дамаск быдапIэм къыдэнэн дзыхь ищIакъым. МэнтIаш илъэс куэдкIэ эмиру здэщыIа къалэм жасусхэр (тIасхъэщIэххэр) къыдэкIынкIэ зэрыхъунур и тегъэщIапIэу, и дзэр абы къыдишыжащ икIи хы Iуфэ лъэныкъуэмкIэ хэщIапIэ ищIащ, Ярдан (Иордан) псым нэхъ пэгъунэгъуу.

Бэрыкъуэ ищIэрт IэщэкIэ зэщIэузэда, зэуэным хуэгъэса МэнтIаш и дзэм езым и зауэлI зэхэдзахэр зэрыпэмылъэщынур. Арати, адыгэлIым мурад ищIащ МэнтIаш зыщыгугъ губгъуэ зауэм зригъэхъуэжыну икIи унафэ ищIащ зэпэщIэту пирамидэ теплъэ зиIэ Iуащхьэжьхэр зэтралъхьэну. АбыкIэ хэкIыпIэфIт Ярдан лъагапIэхэр, зэрыщыту мывалъэр. Iуащхьэжьхэр зытралъхьа нэужь, шабзауэхэр шабзэрэ бжыкIэ зэщIэузэдауэ, абыхэм я щхьэм къытригъэтIысхьэжащ.

МэнтIаш и дзэр псы Iуфэм къыщесылIам, абыхэм япэплъэрт Ешбагъ зи пашэ зауэлIхэр. Махуэ ныкъуэкIэ Мысыр дзэзешэ нэхъыщхьэм и дзэр хы Iуфэм къытеувэну Iэмал иратакъым Дыгъэ и шабзауэхэм. ИкIэм-икIэжым хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтауэ, мэIухукIэ зызыгъэбыда лъэсырыкIуэдзэр хы Iуфэм къыщытезэрыгуэм, Дыгъэ и зауэлIхэр къикIуэту хуежьащ. Зэхэуэр зэщIэплъэрт. Бэрыкъуэ зыхуейр гъуэгуанэ тета биидзэм зыгъэпсэхупIэ иримыту занщIэу зауэм къыхэшэнырати, къехъулIащ. Мысыр лъэсырыкIуэдзэм и сатырхэр зэкIэщIэча хъуат, къару нэхъыщхьэр лъэныкъуитIымкIэ къыщызыхъумэн хуея шухэри абы хэзэрыхьыжауэ Дыгъэ и зауэлIхэм къебгъэрыкIуэрт. Дыгъи псынщIэу къикIуэтырт. Бэрыкъуэ нэгъуэщI къаруи зэригъэпэщыфыну зи пщIыхьэпIэ къэмыкIыхха лъэсырыкIуэдзэр кIыхьу зэпыкIа щыхъум, Чымшыбгъэ и шуудзэр лъэныкъуитIымкIи бийм ебгъэрыкIуащ икIи тынш дыдэу ар зэпиудащ. ТекIуэныгъэм зи нэ къыщипхъуа гупыр Iуащхьэжь зэхуакухэм дыхьэжа Дыгъэ и зауэлIхэм я ужь иту дэзэрыгуащ. Iуащхьэжьхэм я щхьэщыгухэм къис шабзауэхэр арат зыпэплъэр...

Чымшыбгъэ мыдрей къэнар лъэрыщIыкI ищIурэ хы Iуфэм иригулIыжащ. Зэрыщымыгугъауэ Iуэхур къыщыщIэкIым, МэнтIаш и гъусэхэр хыфIидзэри щIэпхъуэжащ. Чымшыбгъэ и зауэлIхэм гъэр къащIат ящIэнур ямыщIэжу утыку къина сулътIан Хьэжы ЕтIуанэмрэ хъалиф Iэл-Мутэукъилрэ. Мамлюк къэIэлахэм гъэрхэр асыхьэтым зэпкърачыну хьэзырт, ауэ Бэрыкъуэ яхуидакъым. Мыбдежым ищIыIу къэхъуащ Диамис и чэнджэщыр: «иумыгъэлей, губжьым къыхэпхыу зэгуэр узыхущIегъуэжынкIэ хъуну Iуэху умылэжь». Ажалыр гъунэгъу къызэрыхуэхъуам игъэгужьея сулътIан щIалэмрэ абы и IуэхутхьэбзащIэхэмрэ Бэрыкъуэ и унафэкIэ Хьамэ быдапIэм иригъэшащ. «Зэи зи акъылкIэ мыпсэуа сулътIан щIалэр мызыгъуэгукIи зэрыщагъэуам къикIыркъым абы и щхьэр пылъэн хуейуэ», – яжриIащ Бэрыкъуэ, зи плъэкIэ къудеймкIэ бийр зыгъэгулэз адыгэлI хъыжьэм гущIэгъушхуэ зыхэлъ и унафэр къагурымыIуауэ къеплъ зауэлIхэм. Мысырым и хъалифымрэ и къады нэхъыщхьэмри иутIыпщыжащ, псэуху хъалифыгъи къадыгъи зэрахуэну, дин IуэхукIи нэгъуэщIкIи цIыхухэм яхыхьэу яхэпсэлъыхьыну зэрыхуимытыр яжриIэри. Арыншамэ, «япэ зыхуэзэ бжэгъу щхьэкIэр» къазэрыпэплъэри якIэлъидзыжащ. Гъэр къащIа зауэлIхэр Iэщэншэ иригъэщIри Дамаск иригъэшащ, езым къыхуэпэжыну тхьэрыIуэ зыщIхэр и дзэпщхэм ярытын, адрейхэр нэгъуэщI щIыпIэ щаригъэщэн мурадкIэ.

Апхуэдэу иухащ 1388 гъэм Щам щекIуэкIа зы махуэ зауэр. Ар КъуэкIыпIэ Гъунэгъум и тхыдэм хыхьащ «Бэрыкъуэ и пирамидэ зауэкIэ» еджэу. АдыгэлIым щIыпIэм и теплъэм зэрызригъэхъуэжар, Iуащхьэжь иригъэщIу зауэр къалэм зэрыдихар курыт лIэщIыгъуэхэм я зауэ гъуазджэм япэу къыщагъэсэбэпа Iуэхугъуэт. Ар и щыхьэтт адыгэлIыр Iэпщэ къарум къыдэкIуэу дзэ псом текIуэныгъэ къыхуэзы-

хьыфыну Iуэхугъуэ гугъухэр зэзыгъэкIуэкIыф акъылрэ зэхэщIыкIрэ зэрыбгъэдэлъым, пащтыхь къудей мыхъуу икIи зэрыдзэзешэ лъэрызехьэм. Бэрыкъуэ и щапхъэр адрей адыгэ сулътIанхэми мызэ-мытIэу къагъэсэбэпыгъащ. Ди нобэми къэсащ адыгэ сулътIанхэм ирагъэщIауэ щыта апхуэдэ Iуащхьэжьхэр.

Щам зауэм иужькIэ Бэрыкъуэ занщIэу Къахир игъэзэжакъым. Нил Iуфэ Iуэхур зэтес щищIыжыну, сулътIаным игъэзэжмэ, хуэфащэу къызэрыIущIэнум къалэр хуигъэхьэзырыну унафэ хуищIри, Чымшыбгъэ иутIыпщыжащ. Езым мурад ищIащ Дыгъэ и гъусэу Щам щIыналъэр къызэхикIухьыну, и псалъэ дахэ къыдэIэпыкъуа къумырыс лъэпкъхэм захригъэхыну. Апхуэдэу адыгэ сулътIаныр хуейт и дзэр хыфIидзэу щIэпхъуэжа МэнтIашрэ Александрей хьэпсым кърагъэкIыжа Елыбгъарэ зэрыепцIыжакIуэхэр лъэпкъ тхьэмадэхэм ягуригъэIуэну, ахэр я деж щагъэпщкIу е ядэIэпыкъу зэрымыхъунур яжриIэну, «къэралыгъуэм и напэтех» цIэр къэзылэжьа цIыхуитIыр къаIэрыхьэмэ, занщIэу Бэрыкъуэ иратыну псалъэ къаIихыну...

... Бэрыкъуэ жэщ псом езэгъакъым. Нэхущым ирихьэлIэу тIэкIу хилъэфати, и псэм гугъуехьу ишэчар къыпхуэмылъытэнщ. Ар епщIыхьат и сабиигъуэм. ЩIалэ цIыкIур хы Iуфэм щхьэщыт нэпкъымирижэрт. Ар и макъым къызэрикIкIэ зыгуэрым кIэлъоджэ, зыкIэлъыджэри ищIэ хуэдэкъым. Зэт..., а-а, къигубзыгъыжащ иджы. Аддэ хым хохьэ и адэ-анэри и къуэшхэри зэрыс кхъуафэр. Езыр къащыгъупщащи, мэгуIэж, гужьеяуэ маджэ, ауэ зэхахыркъым. И тхьэ къызэрихькIи мажэ, ауэ нэпкъыр зыуфэбгъуа удз лъэнтхъуийхэм Iэпхлъэпх ящIри ягъэджалэ. И Iэхэри и лъакъуэхэри банэжьхэм зэхауIухьащи, егъэлеяуэ мэбжьыбжь. ГущIэгъу щIэлъэIуу, псы Iуфэм зэщыджэу гъыуэ къыIуна сабийм и къарур щIэкIауэ щехуэх дыдэм, и нэр къызэтрихащ Бэрыкъуэ. И щхьэ щIыбым щызэридза и IитIыр фIэундэрэбжьыкIати, хуэгъэхъеижыртэкъым. ЕлIэлIапэурэ ахэр зэрихыжри, сулътIаныр къызэфIэтIысхьащ. И сабиигъуэм епщIыхьыху Iуэхушхуэ гуэр къызэрылъыкъуэкIыр игу къэкIыжри, Бэрыкъуэ и нэгу зэIууащ, ауэ нэщэнэхэри Алыхь Iэмыру зэрыщытыр, Лъагэу Лъэщым узэрыфIэмыкIынур таучэл ищIыжри къызэфIэуващ. И гум жьы нэмысу къыщыфIэщIым, перс къэдабэ хъэлат кIыхьыр зытриубгъуэри, щхьэгъубжэмкIэ ежьащ.

Мывэ сэрей лъагэхэм деж щегъэжьауэ зи щхьэр зыгуэрым къриупсэхауэ фIэкIа умыщIэну пцIанэ къыр Iуащхьэжьхэм нэсу алэрыбгъу щхъуантIэр щыубгъуат. Адэ-мыдэкIэ абы къыхэпIиикI хъурмэ жыг лъэдий кIыхьхэмрэ мывэ зэтедзахэмрэ, дауи, цIыхухэм абы хагъэтIысхьэжат. Нэхулъэ къищIам къалэр къыдэушат. Бэрыкъуэ щхьэгъубжэм къыIуигъэзыкIыжри, шордакъым техьащ, абы и гум жьы нэхъ щигъуэтын и гугъэу. ПсыIагъэ къызыхыхьа хьэуа Iувыр кууэ жьэдишэ пэтми, и гум зэрынэмысым аргуэру и пщIыхьэпIэри, и хэкужьри и нэгу къыщIигъэхьэжащ. ИкIи зигъэзащ ищхъэрэ



7 Заказ №2225

лъэныкъуэмкIэ, адэжь щIыналъэр здэщыIэмкIэ. Тхьэм ищIэнщ тэлайкIэ абыкIэ плъэурэ щыта пащтыхьым игу къэкIа псор. Ар и гупсысэхэм къыхашыжащ зыкъыхуэзыгъэза щхьэхъумэм:

– Зиусхьэн, дынолъэIу пэшым ущIыхьэжыну, гъуэжькуийр къоблагъэ!

Бэрыкъуэ КъуэкIыпIэмкIэ зигъэзащ. Аддэ, уафэм щыхыхьэжым деж дыгъэ бзийм тхъуэплъу щхьэщилыкIа гъуэз Iувыр быдапIэм къыхуэкIуэрт. «Насыпыншагъэ гуэр къытхуимыхьащэрэт. Ярэби, си пщIыхьэпIэр зытехуэнур мырауэ пIэрэ-тIэ?» – зэупщIыжащ пащтыхьыр. ЗыкъригъэзэкIыжри, зыкъыхуэзыгъэщхъауэ щыт и щхьэхъумэм и лъэIур зэригъэзащIэр къикIыу и щхьэр ищIри, пэшым игъэзэжащ.

Пащтыхьым къыхущIахьа пщэдджыжьышхэм хэIэбэну хунэсатэкъым, Бэрыкъуэ и Iэщэзехьэр къыщыщIыхьам щыгъуэ. Абы иIыгът Мердин (иджырей Тырку щIыналъэм хеубыдэ) и эмирым къигъэхьа тхыгъэр. Ар ныжэбэ эмирым и лIыкIуэм Дамаск къигъэсат. Абы итт:

«ГуащIэрэ гущIэгъумрэ зиIэм, псори зи Iэрылъым и цIэкIэ!

Зи щIыхьыр ин сулътIан, пщыхэм я пщыж Бэрыкъуэ! Тхьэшхуэм и сэламыр зыхуэфащэ, дунеягъэкIи ахърэткIи зыхуэпсэун пщы уэлийм хъыбар удогъащIэ тэтэр зауэлI ябгэ, ТемурлэнгкIэ еджэу, къызэрытхуэкIуэмкIэ. ЗылъэгъуахэмкIэ зэрыжаIэжымкIэ, зэхэзыхахэм зэраIуэтэжымкIэ, абы лъэпкъ минхэр къуэуващ, и зауэлIхэм я бжыгъэр гъунэншэщ, быдапIэ щхьэкIэ къызэтеувыIэркъым, дзэ пэувмэ, ягъэбзэх, къуэкIыпIэмрэ къухьэпIэмрэ дэлъ щIыр яйуэ залъытэж, абы щытепщэну Тхьэшхуэм хихар Темурлэнгыуэ ягъэIу...»

Бэрыкъуэ къыIэрыхьа хъыбарым хигъэгупсысыхьащ. Къалэм къыхуэкIуэ гъуэжькуийр зырикIт, абы и ужь итым елъытауэ. СулътIаным абы ипэIуэкIи зэхихат Темырлан и хъыбар Тебриз, Сиуас, Диябакир къалэхэм я тетхэм къабгъэдэкIыу, ауэ апхуэдизу бийр благъэ къыхуэхъуауэ и гугъакъым. Езым и къэрал кIуэцI бийм иджыри кIэ иритакъым, мес, дунейр зэрызыпхъуэ къару шынагъуэр и куэбжэм къытоуIуэ. «Еплъ а си пщIыхьэпIэр зыхуэкIуам», – игукIэ жиIэри, сулътIаным Iэщэзехьэм унафэ хуищIащ.

– Дзэпщ Дыгъэ жеIэж сулътIаныр Къахир зэрыкIуэнум икIэщIыпIэкIэ хуигъэхьэзырыну!..

... СулътIаным ищIэртэкъым илъэситI енкIэ Къахир зэрынэмысыжынури, иджыри мызэ-мытIэу псэзэпылъхьэпIэ щытыкIэм къызэрихутэнури. Хэтыт жызыIар усулътIаныну тыншу?

*КъыкIэлъыкIуэнущ*

МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ

# УАФЭНЭ*

*Роман*

## Еханэ Iыхьэ

*Нэхульэр къыщызэкIэщIитхъым,*
*Пшагъуэ Iувыр Жылэжь къытегъуэлъхьащ.*

Кэтэринэ къыщытэджын хуей пIалъэр къэсами, иджыри унэр щIэщымыр къыгурымыIуэу тIэкIурэ дэIуащ. ИтIанэ къэтэджри, джанэ пцIанэу, лъапэпцIийуэ щхьэгъубжэм бгъэдыхьэри, дэплъащ, абы къыIулъ пшагъуэ Iувым зыкъригъэщIэжащ. Дэпкъым** кIэрыт пIэм илъ и дэлъху нэхъыщIэм и шхыIэныр хузэригъэзэхуэжри, гъуэлъыжащ. Дуней щымым щIэдэIукIыу иджыри хэлъащ Кэтэринэ. Зы макъи жылэм къыдэIукIыртэкъым. Пхъэпси емыжэхыж хуэдэт. Япэмыжыжьэу щыт хыри Iэуэлъэуэжыртэкъым. Хьэкъугъ, мэл Iуей, жэм бу макъи щыIэжкъым. Къычи и гъуэм зыщиущэхуащ. Адакъэхэри макъыншэт нышэдибэ. Кэтэринэ и щхьэ хужеIэж: «СыхэлъыIуащ, дунейм зыдэсщIурэ. Лу-Бланэ нэжэгужэу къэзгъэушынци, нэхъыфIщ. Лашын къытхуихьа мэлыкуэм лэпс IэфI къыхухэсщIыкIынци, сэри зыдэзгъэтхъэжынщ».



Ахэр зэхиха хуэдэ, Лу-Бланэ и шыпхъум къеупщIащ:

– Укъэтэджа, Кэтэринэ?

– Укъэуша, си дэлъху цIыкIу? – Кэтэрини макъ жанкIэ Лу-Бланэ щIэупщIащ: – МахуэщIэр къихьауэ, сыщылъщ, махуэфI пхуэхъуну сыпхуолъaIуэ. Хэлъ уэ, хэлъ.

– Сыхэлъщ... Жэпуэгъуэ пшагъуэм иужькIэ махуэфI мэхъу жаIэу щытащ ди адэ-анэм.

Я адэ-анэм я гугъу Лу-Бланэ зэрищIар Кэтэринэ и гуапэу, нэжэгужэу и дэлъхум бгъэдыхьащ: «Сыту си насып сэ мыпхуэдэ нэхъыщIэ Iущ сызэриIэмкIэ. ГъащIэ къыдэзыта ди адэ-анэр зыщигъэгъупщэркъым, сэри и нэIэ къыстетщ. Сэр папщIэ и псэ емыблэжыну, уеблэмэ итыну жеIэ. Тхьэм жимыIэкIэ апхуэдэ щытыкIэ сихуэну!..»

– Пэжщ, Лу-Бланэ, апхуэдэу жаIэу щытащ ди адэ-анэм, дэри аращ дызытетын хуейр. НасыпыфIэ ухъуну Тхьэм сыпхуолъэIу, сэри сызыхуолъэIуж.

Лу-Бланэ пIэм къитIысхьэри, щIэупщIащ:

– Сыт, Лашын «Алыхь» зэрыжиIэм хуэдэу уэри жумыIэу, «Тхьэ» щIыжыпIэр? Ди адэ-анэми «Алыхьщ» жаIэу щытар. Иджыри щыблэм ущошынэ, ара?..

Зыпэмыплъа упщIэу и дэлъхум къритам къыгъэуIэбжьами, зигъэгушыIэ нэпцIурэ занщIэу жэуап иритыжащ пщащэм:

* КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр еплIанэ номерым итщ.
** Дэпкъ – блын. /Стена.

– Хьэуэ, куэд зыщIэну зыфIэфI си дэлъху нэхъыщIэ, щыблэм къыдищIэну псор къыдищIащ, сыт иджыри дыщIыщышынэнур?

– Сэри аращ жысIэр. Ауэ щIыхъейми, псыдзэми, мафIэми...

Лу-Бланэ и псалъэр Кэтэринэ зэпиудащ:

– Адрей укъызыщIэупщIа «Алыхьри», «Тхьэри» сэркIэ зыщ, аращ апхуэдэу щIыжысIэр.

– Арамэ, хъарзынэщ, – жиIэри, къыпищащ Лу-Бланэ: – Ауэ уи чыристаныцIэр бгъэпэжынри Iейкъым.

– Си цIэр чыристаныцIэу жыпIэу ара?

– Сэракъым жызыIэр, жылэм щагъэхъыбар. Ауэ Бэчыр уи цIэр урымыцIэу жиIащ.

– Мыдэ мыбыхэм жаIэр... – Кэтэринэ къыпыгуфIыкIри, Лу-Бланэ еупщIащ: – Уи ныбжьэгъуми сыурыму жиIэрэ?

– ЖиIэркъым! ЖиIэми, хуэздэнукъым! Езыхэр адыгэу, дэ дымыадыгэуи?!

– Умыгузавэ, Лу-Бланэ. Хуэбдэнкъым, дауи. Бэчыри жиIэнукъым ар, жызыIэми хуидэнукъым. Ауэрэ дыгъэ бзийхэм пщэдджыжь пшагъуэр зэбграху. Уэ укъэтэджыху, сэ жьэгу мафIэр зэщIэзгъэнэнщ. – Жьэгум дэлъ яжьэм дыгъуэпшыхь хигъэпщкIуа дэпыр Кэтэринэ щимыгъуэтыжым, зэгиижащ: – Дэпыр хисхьэжауэ, дыкъэтэджащ. Лашынхэ я деж дэпыхьэ сыкIуэнщ.

Лу-Бланэ къыщылъэтри, зихуапэу хуежьащ:

– Сэ иджыпсту къыпхуэсхьынщ.

ГъущI мафIэхьыр зыIыгъ Лу-Бланэ хьэблэм щыдэплъэм, Къарэжьхэ я уэнжакъым нэмыщI Iугъуэ къызриху илъэгъуатэкъыми, абыкIэ игъэзащ. Я куэбжэпэм щыIухьэм, чы бжэгъуитIым я зэхуаку и щхьэ псыгъуэр къыдигъэжри, Гуащэхужь къэджащ:

– Сыт Джыраджэхэ я къуэр мы дуней пшагъуаем узыхуейр?

– Фи уэнжакъым Iугъуэ кърихурти, Гуащэхужь, – фызыжьыр нэхъ нэфIкIэ къеплъын щхьэкIэ, и цIэр кънриIуащ, – дэпыхьэ сыкъэкIуащ.

– Джыраджэхэ я мафIэ зэхэкIыжар сэ щIэзгъэнэжуи!.. – макъ гуихкIэ фызыжьыр къэгуоури, къыщыдыхьэшхыжащ. – Дэп уэстын сщIэркъыми, щыблэр иджыри зэ къывэуэжамэ, къэзгъэщIам хуэдиз къэзгъэщIэжыхукIэ сытхъэжынут. ЗыщIегъэх си нэгу.

Лу-Бланэ гъущI мафIэхьымкIэ Бэчыр и анэшхуэм еуэну игу къызэрыкIам ириукIытэжауэ къыздэкIуэжым, къыкIэлъыджэм хуеплъэкIащ.

– Уи жагъуэ умыщI. Абы нэхърэ нэхъ псалъэ Iей куэд къыдепэс ди анэшхуэм, дэнэ тхьыжын... Ауэ къыдоубзэж, дегъэфIэж, Тхьэ тхуолъэIу.

– Уи анэшхуэм и щхьэм зыгуэр и лажьэ?

– «ЗэIыхьа», – жыIи, къызэупщI. Джэш едз, жылэр къигъэдэIуэну хэтщ... Мы пIыгъыр сыт, дэпыхьэ укъытхуагъэкIуа?..

– Зыми сыкъигъэкIуакъым! Iэгъуэблагъэм зи уэнжакъ Iугъуэ кърихур фэрати, фи деж сыкъэкIуауэ арат.

Бэчыр Лу-Бланэ и щыпэлъагъу хуэдэу еплъри, еупщIащ:

– Щтауч уиIэкъэ?

Лу-Бланэ зэхихар фIэгъэщIэгъуэну, щIэупщIэжащ:

– «Щтауч» жыпIа?

– НтIэ, мафIэ къызыдидз мывэщ ар.

– СиIауэ щытащ... Си Iэр мыпхуэдэу щыхъум, Пхъэпс псыхъуэм дэздзэжат... Ауэ ди адэм мафIэ зэрыщIигъанэу щыта щтаучыр Кэтэринэ игъэтIылъауэ къысщохъу.

– НакIуэ-тIэ, сыт дыщIыщыбгъэтыр. Ар фиIэу, мафIэхьэ... Кэтэринэ хуэдэ шыпхъу уиIэу, уемыгупсыс абы... КъызгуроIуэ жыпIэну узыхуейр... IэлъэщI зытелъыр докIуэ, пыIэ зыщыгъым къешэ. Ди деж къыщежьакъым ар, ди дежи щиухыжынукъым. Лашын зэрыжиIэу, зыри къэхъуакъым. Иджыпсту узэгупсысыр бжесIэнщ, Лу-Бланэ: Лашынрэ си анэшхуэмрэ зыбогъапщэ.

– КъэпщIащ, – Лу-Бланэ къэуври, Бэчыр еупщIащ: – Дауэ къызэрыпщIар?

– УмыгъэщIагъуэ, – нэфIэгуфIэу къеплъащ Бэчыр, – си анэшхуэ Гуащэхужь джэшыдзым илъ тIэкIу сщIэтщи, аращ.

– Илъ тIэкIу пщIэтура, хьэмэрэ урещхь?

– Срещхь дыдэщ схужыIэнукъым... Абы жиIэ псомкIи сыарэзыуэ къыпщымыхъу. Къарэжь срещхьуи уи мыгугъэ. Абырэ сэрэ зы анэрэ зы адэрэ дыкъалъхуами, срещхьыну сыхуейкъым. Ауэ си анэшхуэм екIи фIыкIи дытемыпсэлъыхьмэ, нэхъ къызощтэ.

«Абы жылэр зэрегъакIуэ, ауэ дэ дыкъилъагъу хъуркъым», – Лу-Бланэ и щхьэ хужиIэжри, зыхуэарэзы Бэчыр къызэрыбгъэдэкIыжын щхьэусыгъуэ къигъуэтащ:

– Модэ, Лашын и уэнжакъым Iугъуэ къреху. Щтауч сыт жыдмыIэу, Лашын и мафIэ-дэпымкIэ зэщIэдгъэнэнщ.

– ЗэрынэхъыфIыр уэ бощIэ. Ди жьэгу мафIэм щыщ дэп дэ зыми еттыркъым, фигу къыдэвмыгъабгъэ. Си анэшхуэ гумызагъэм жиIар Кэтэринэ жепIэжу, и пщащэгур иумыуд. Сэ ар зэгуэр гурызгъэIуэнщ абы. Лашын и мафIэр фи жьэгум щыблэну Тхьэ сыфхуелъэIунщ. – Бэчыр Лу-Бланэ кIэлъыгуоуащ: – Бэрэчэтхэ я нысашэ ягъэIэпхъуауэ щытар нищхьэбэ къызэрыдахам фыщыгъуазэ?

Лу-Бланэ Бэчыр къызэреупщIам химыщIыкIIами, ищIэ хуэдэу и щхьэр ищIащ.

Лу-Бланэ унэм щыщIыхьэжам, мэлыкуэр зэIызых и шыпхъур губгъэн хэмылъу къеупщIащ:

– Сыту куэдрэ укъэта?

– Лашын жьэгу мафIэр зэщIигъэнэху сежьащ, – Бэчыр зэрыхуэзар Кэтэринэ жриIэжакъым.

МафIэ ищIыну пэрыхьа Лу-Бланэ гупсысэ мыфэмыцхэр и щхьэм къизэрыхьащ. Сыхьэт пIалъэ иримыкъум къыщыщIахэр зэригъэзахуэурэ жьэгу мафIэр зэщIигъэнащ. Хьэкум деж щылъ пхъэ гъур къутахэр имылъагъуу, щIэкIри, пхъэ тыкъыр IэплIакIуэ и Iэ лъэныкъуэмкIэ къыщIихьащ. Ахэри мыдрей щылъахэри зэтрилъхьащ. МафIэ бзийхэр зэрыдалъэм еплъу тIэкIурэ щысри, уэрамымкIэ гъэза щхьэгъубжэм

кIэрытIысхьащ. И нэгум къыщIыхьэжащ зи нитIыр къицIуукIыу чы бжэгъу зэхуакум къыдэплъа Гуащэхужь. И щхьэр игъэсысри, аргуэру и нэгу къыщIидзащ Бэчыр. Къешхыдэркъым, къыщIэгубжьэркъым, псалъэ щабэхэмкIэ къыщIоупщIэ, щтауч гугъу къыхуещI, къегъэгугъэ. Ауэрэ абы и шынэхъыжьым деж и щхьэр мажэ. «И анэшхуэ джэшыдз уду зигу дытемыхуэм хуэдэ фызыжь жылэм дэскъым... Ар жызыIэр, и шынэхъыжь Къарэжь пеуэжу, си шыпхъум къыхуоплъэкI, къахуэмыIуатэу, сэри арэзы сыкъищIын папщIэ Iейуэ къысхущыткъым... «УмыщIэм гухэщI къыует» щIыжиIэр арат си анэм. ЗыгуэркIэ Бэчыр кIэрымылъ кIэрыслъхьэмэ-щэ?.. Ауэ фIыуэ сщIащ ар ди деж мафIэзэщIэгъэнакIуэ къызэрызмышар...»

– А-а, Лу-Бланэ, ущIэс унэм? – Кэтэринэ и дэлъхум щеджэм, гупсысэхэм къахишыжащ.

– Плъагъуркъэ, Кэтэринэ, сызэрыщIэсыр?

– УщIэс-ущIэмыс хуэдэу къысщыхъуати, аращ. Зыгуэрым укъегъэгузавэ уэ, къызжеIэ, сщумыбзыщI.

– Апхуэдэ лъэпкъ сыхэткъым... ди жьэгу мафIэм уигъэпщэфIэнущ, пшагъуэри щхьэщыкIащ, дыгъэри уафэ джабэм къыдокIуей...

– Арамэ, уIущщ, си дэлъху цIыкIу, Iэнэм къетIысылIэ, пщэдджыжьышхэ Iэфl уэзгъэщIынщ.

– Апхуэдэу псынщIэуи?.. Уэ-щэ?

– Щынэлым сыт и гъэхьэзыр. Сэ пшхыр си дзажэ дыхьэу сытхъэнущ. Лашын и щынэлым, и дэп мафIэм щхьэкIэ куэдрэ узыншэну, езым зэрыжиIэм хуэдэу, Алыхь лъапIэу лъагэм дыхуелъэIунщ.

– Лашын дызэрыхуелъэIун хуеймкIэ сыарэзыщ. Ауэ уи шхыным и IэфIагъыр укъыздэмышхэмэ, зыхэсщIэнукъым, Кэтэринэ.

– Пщыгъупщэжа, дунейм щызиIэ си псэ закъуэ, ди анэм ди адэр япэу зэригъашхэу щытар?

– СощIэж... ауэ, итIани...

– Хъунщ, зумыгъэгусэ. Ди адэ-анэм я хьэтыркIэ, Бэчыр къыпкIэлъымыкIуэ щIыкIэ, нобэризэм сыбдэшхэнщ.

Лу-Бланэ и шыпхъум и псалъэр къызэпиудащ:

– А зи цIэ къипIуар зыщыгъэгъупщэ!

– СыткIэ уигу ебгъа?

– СщIэркъым, и анэшхуэ удым и закъуи...

– Гуащэхужь къытхужиIэхэр уищыпэзэхэх? – Кэтэринэ и дэлъхум еупщIри, и нэгум Бэчыр къыщIыхьащ. «Мы тIум я зэхуаку зыгуэр къыдэхъуауэ пIэрэ? Дапщэщ ар къыщыхъуар?.. Къарэжьмэ-щэ?..»

## Ебланэ Iыхьэ

*Къоплъым лъашэ уещI,*

*Уимылажьэ къыптрелъхьэ.*

Жылэр зэщIэзыщтэ гъуом и макъыр къэIуащ:

– Уэ жылэ, жылэдэсхэ! Къаджэр сэращ, зэхэзыхыр фэращ. Насыпыншагъэ къэхъуу, ягъэIэпхъуа Бэрэчэтхэ я нысашэр нышхьэ-

бэ къыдахащ. ГуфIэгъуэр фи нэгуу, дэрэжэгъуэмрэ хьэлэлагъымрэ къывэбэкIыу, я гуфIэгъуэр ядэфIэтыну фрагъэблагъэ. Фи хэхъуэр нэхъыбэу, фи хэщIыр нэхъ мащIэу, фезыгъэблагъэхэм я цIэкIи, сэ си цIэкIи, цIыху лъэпкъыр къэзыгъэщIа Тхьэм солъэIу. Фыпсэу, фытхъэж, сэри сывдэтхъэжу!

Гъуом и хъыбарыфIым Кэтэринэ псалъэ гуапэкIэ пэджэжащ:

– Жылэм къыдэхъуа тхьэмыщкIагъэм щхьэкIэ зи насып зэпагъэуа ныбжьыщIитIыр Алыхьым насыпыфIэ ищI!

– Сэри аращ жысIэр, – Лу-Бланэ и шыпхъум хуэгуфIэри, щIигъужащ: – Ахэр насыпыфIэмэ, жылэри дэри насыпыфIэ дыхъунщ. АрщхьэкIэ къытщымыгуфIыкIхэр...

– Зэ, зэ, Лу-Бланэ, – Кэтэринэ къэгужьейри, и дэлъхум жиIэну зыхуеяр зэпиудащ, – ди псалъэ дахэхэр умыгъэкIуэдыжыт. Ди адэм зэрыжиIэти, бжэн хъушэр зэIызыгъыхьэр зы бжэн къуийщ. И цIэр къизмыIуэми, уэри бощIэ жыхуэсIэр.

– СощIэ! – Лу-Бланэ и шыпхъум кIэщIу жэуап иритащ. – ЖысIэну сызыхуейр пщIэрэ, Кэтэринэ... ди къуажэ гъуом сыщедаIуэм деж сотхъэ. «Къаджэр сэращ, зэхэзыхыр фэращ», – жеIэри кърегъажьэри, «Фыпсэу, фытхъэж, сэри сывдэтхъэжу!» – жеIэри, еухыж. И щхьэр фIыуэ илъагъужкъэ абы?



– Хьэуэ! – Кэтэринэ и жэуапри кIэщIт. – Уи IэдакъэщIэкIым уегъашхэ жаIэ цIыхухэм.

– Мыдэ мыбы жиIэр... – Лу-Бланэ и шыпхъум дэгушыIэри, и шхыныр зэрыIэфIым щхьэкIэ щытхъуащ: – Сыбгъэтхъащ, Iэлъхьэмдулиллэхь. Уэри утхъэу, сэри сыбдэтхъэу, дыпсэуну Тхьэм солъэIу.

– Уи хьэлэлщ, уи лъэIур Тхьэм къыбдигъэхъу. Иджы тщIэнур пщIэрэ? Хьэулейуэ, Iуэхуншэу куэдщ дызэрыщысар. Мэлыфэхэр дыгъэущэб накIуи. Генуэз-итальянхэм я къэкIуэгъуэщ, бостеяпхъэкIэ къэтхъуэжынщ.

Лу-Бланэ зэхихар игъэщIэгъуащ:

– Кэтэринэ, гъуом Бэрэчэтхэ я нысашэм дригъэблэгъакъэ!..

– Дригъэблэгъащ. Ауэ жылэ пщащэхэм зэрыкIэлъагъакIуэм хуэдэу, сэри къыскIэлъамыгъэкIуауэ, си щхьэ пщIэ хуэзмыщIыж нэхъей, сэ абы сыкIуэнукъым. Уэ ухъулъхугъэщ, къыпкIэлъамыгъакIуэми, укIуэну къыптохуэ.

– Уэ уздэщымыIэм сэ сыт щысщIэн?..

Къыч и банэ макъымрэ цIыхухъу макърэ щызэхихым, Лу-Бланэ унэм къыщIэкIащ. Мэлыфэ пыIэ бацэ хужьрэ фIыцIэрэ ящхьэрысу, Къарэжьрэ Нэпабэрэ шууэ куэбжэпэм къыIухьауэ, къыщхьэпроплъ.

Къарэжъ ней-нейуэ къаплъэри:

– Мы уи хьэ къуэлэныжь дыкъызэрилъагъуу банэр гъэбэяу. Иджы дыкъызытекIухьам кIыхь зезмыгъэщIу бжесIэнщ: Бэрэчэт лIакъуэм я нэхъыжьым и цIэкIэ, сэ си цIэкIэ, си гъусэ Нэпабэ и цIэкIэ, нысэишыжым уи шыпхъу Кэтэринэ зэрырагъэблагъэр тхужеIэж. УнагъуэщIэм фазэрыхуэкIуэн хуейр дэ вжедмыIэми, фщIэуэ щытын хуейщ.

– Мэлми, бжэнми е нэгъуэщI гуэрми хъунущ, – Къарэжь и щхьэ течауэ жимыIар, Нэпабэ IупщIу яжриIащ. ИтIанэ, щыдыхьэшх щIыкIэу, Лу-Бланэ и сэмэгурабгъум хуеплъэкIри, жриIащ: – Уэри, Iэгу уемыуэфми, удогъэблагъэ.

Кэтэринэ и дэлъху нэхъыщIэр къызэрыщIэмыхьэжым игъэгузавэри, кIэлъыщIэкIащ. Лу-Бланэ, и щхьэр къыфIэхуауэ, пхъэ дакъэжьым тест, и Iэ лъэныкъуэр и лъэгуажьэм телъу. И ныбжьэгъум еущий хуэдэу, Къычи и пащхьэ исщ. Кэтэринэ, гужьеяуэ, и дэлъхум бгъэдэлъэдащ:

– Сыт къыпщыщIар?.. Уигу хагъэщIа?..

– Сыт сигу щIыхагъэщIынур, нысэишыжым драгъэблэгъауэ...

– АтIэ, укъепэзэзэхыу щхьэ ущыс?

Лу-Бланэ и гукъеуэр къыфIыдрихьеящ:

– Сэращ ягу темыхуэр... «Iэгу уемыуэфми, уэри удогъэблагъэ», – къызжиIащ Нэпабэ...

– Ы-ы!.. Къарэжь лIо-тIэ жиIар?

– Сыт жиIэн, дыхьэшхащ.

– Абыхэм Iэджи жаIэнущ, уапымылъ... – Кэтэринэ и дэлъхум гуэтIысхьэри, зриубыдылIащ. – Уигу щыхагъэщIакIэ, нысэишыжым дыкIуэнукъым. – Лу-Бланэ, зэхихар игъэщIагъуэу, и шыпхъум щыхуеплъэкIым, Кэтэринэ жиIам хущIегъуэжауэ къыпещэ: – Пэжщ, Лу-Бланэ, пэжщ, къызгурыIуащ. Ахэр лIыкIуэ къудейуэ аращ. Бэрэчэтхэ я деж хъуэхъуакIуэ дыкIуэнщ. УнагъуэщIэм хуащIэ хабзэр яхуэтщIэнщ – мэл пшэр дэгъуи яхуэтшэнщи, я нысэишыж джэгуми Iэгу щыпхуеуэу укъыщагъэфэнкъэ.

Пщыхьэщхьэм зэманыр къыщысым, шитI зыщIэщIа гум Бэчыр ису, Бэрэчэтхэ я пщащэ нэхъыщIэм я гъунэгъури гуэсыжу, Джыраджэхэ я деж къыIухьэри, зылъагъум ягъэщIагъуэу, Кэтэринэрэ Лу-Бланэрэ нысэишыжым яшащ.

Джэгур джэгушхуэт. Бэрэчэтхэ я пщIантIэм цIыхур дэзщ. ЛIыжь, фызыжь зыкъизыххэр лъэныкъуэ зырызым щызэхэсщ. Щауэхэмрэ пщащэхэмрэ зэрылъагъухэу лъэныкъуитIым щеувэкIащ. ШыкIэпшынауищымрэ сыринэ епщитIымрэ, пхъэцIычауитIыр я гъусэжу, ялъэкI къагъанэркъым. ДжэгуакIуэри жьэрыIэзэщи, къигъафэхэм, я ныбжь елъытауэ, ящотхъу, пцIащхъуэм, вагъуэм яхуегъадэ, уафэгу мазэм нэхърэ нэхъ дахэу яжреIэ. Iэгу еуэнкIэ хуэмыхухэм йогие. «Iэгур, маржэ хъужынхэ, Iэгур», – жиIэурэ, джэгур зэщIегъаплъэ. Утыкум къилъадэурэ къофэ, зи чэзу къэсахэм я цIэр къреIуэ, къегъафэ, унагъуэщIэм къыхуащIа тыгъэхэри зыщимыгъэгъупщэу къребжэкI.

Зи къэфэгъуэ чэзур къэмыса Кэтэринэрэ Лу-Бланэрэ къызэдигъэфэну джэгуакIуэм я цIэр къреIуэ:

– Иджы гъэлъэхъур къезытам фыкъыщIэмыупщIэ, и цIэр къисIуэнукъым, щэхури зэгуэрым нахуэ хъужынщ, къэзытам и лъэIу хузогъэзащIэ. Джыраджэ Кэтэринэрэ Лу-Бланэрэ утыкум фыкъихьэ. Iэгур, маржэ, Iэгур! Фыщымысхь! Уафэгу мазэ нэгуху, уи вагъуэхэр Iэгу егъауэ, Джыраджэ Къэлэубатэ и къуэ Якъуб и пхъумрэ и къуэмрэщ

Бэрэчэт унагъуэ берычэтым я гуфIэгъуэм къыщызэдэфэр. Ди жылэми, нэгъуэщI къуажэхэми, хы щIыбми щыпсэу псоми махуэ тхурехъу!..

Кэтэринэрэ Лу-Бланэрэ жэщ ныкъуэм нэблэгъауэ къашэжащ я деж. Лу-Бланэ и шыпхъум еупщIащ:

– Хэт а джэгум дыкъыщызэдигъэфэну зигу къэкIар? Гъэлъэхъури тхуэзытар?

– «Зэгуэрым щэхур нахуэ хъужынщ», – жиIакъэ джэгуакIуэм...

– Хэтми, Тхьэм игъэпсэу, жылэр Iэгу тхуригъэуащ.

– Абыхэм Къарэжьрэ Нэпабэрэ яхэтакъым...

– Бэчыри ... – Кэтэринэ и дэлъху нэхъыщIэм жиIам къыпищащ. – Сыт ахэр хьэгъуэлIыгъуэм щIыхэкIыжар? Сыт хуэдэ Iуэху нобэ хуэдэ махуэм абыхэм яIэнкIэ хъунур?

## Еянэ Iыхьэ

*Нысэишыж нэужьым и пщэдджыжьыр.*

*Итальян кхъухьыр хы Iуфэм къыIухьащ.*

– Жылэдэсхэ! Къаджэр сэращ, зэхэзыхыр фэращ... – гъуом и джэ макъыр къэIуащ. Мывэ хъуреймкIэ мэлыфэр зыущэб Кэтэринэ къащтэри, и дэлъхум жриIащ:

– Жылэм гузэвэгъуэ гуэр къыдэмыхъуауэ пIэрэ...

– Генуэз-итальянхэм я сату кхъухьыр хы Iуфэм къыIухьащ. Хъуэжэн-щэхуэн щыIэмэ, къывожьэ...

Гъуом къыпища псалъэхэм и ужькIэ, Кэтэринэ игу къызэрыгъуэтыжащ:

– Арамэ, Iуэхукъым...

Лу-Бланэ и шыпхъум еупщIащ:

– АтIэ, уэ сыт уи гугъар?

– МащIэ щхьэм щызэблэкIыр... Къарэжьрэ Нэпабэрэ нысэишыжым щыслъагъужакъым... Бэчыри аращ...

– СыткIэ уахуэныкъуэ... – Лу-Бланэ гъумэтIымащ.

– Ари пэжщ... Лашын зэрыжиIэу, ущIэгузэвэн щыIэкъым. Иджы тщIэнур пщIэрэ: генуэз-итальянхэм ди мэлыфэ ущэбахэр щэкIхэмкIэ е нэгъуэщI хьэпшыпхэмкIэ къетхъуэжынущ.

Мэлыфэ пщыкIущыр шыплIэм далъхьэри, Кэтэринэрэ Лу-Бланэрэ хы Iуфэм кIуахэщ. Езыхэр псом япэ нэсын я гугъами, ини цIыкIуи Iутт сату зыщI кхъухь джабэм. Ауэ IэлъэщI зытелъу яхэтыр мащIэ дыдэт. Нэхъыбэр цIыхухъут.

Кэтэринэрэ Лу-Бланэрэ я мэлыфэ ущэбахэр итальян лIы гъур пащIэ псыгъуэм и пащхьэ иралъхьащ. Ауэ ар япэ зэплъын хуей мэлыфэм емыплъу, и пащхьэ къит пщащэм и дахагъым итхьэкъуащ:

– Мама мия!.. Черкази грацие... и нэхэри уафэнэу...

– Сыт мыбы жиIэхэр?.. – щэхуакIуэм и шыпхъум зэрызыкъыхуищIхэр Лу-Бланэ имыдэу, мыбыхэм еплъи нэхъыфIщ кърigъэкIыу, мэлыфэм и Iэпэр хуишийри, жриIащ: – ЩэкI зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ уэтхъуэжынущ. – Итальяным жраIэр кърі-

мыдзэу, и щытхъу псалъэхэр кърикIуту, Кэтэринэ и дамэм щытеIэбэм, Лу-Бланэ и къамэр кърипхъуэтащ: – УемыIусэ си шыпхъум! НакIуэ, цIыху щIагъуэкъым мыр...

– Зэ, зэ! – Къарэжь къабгъэдыхьащ.

– О, Карази!.. – итальян псэлъэрейм илъэгъуар игъэщIэгъуащ.

– Сэращ, Панучи, сэращ, – Къарэжь итальяным IэплIэ иришэкIри, Кэтэринэ жриIащ: – Си ныбжьэгъумрэ фэ тIумрэ фызэгурымыIуэу ара?

Кэтэринэ Къарэжь жреIэ:

– Дэ жытIэр зэхихыркъым, езым жиIэр къыдгурыIуэркъым.

– Апхуэди къохъу... – Къарэжь дыхьэшхри, Кэтэринэ хуеплъэкIащ. – ЖыфIэфызыхуейр, сэкъыгурызгъэIуэнщи, къыфхуезгъэщIэнщ.

– Дыдымей лъэпкъ дыхуейкъым! – Лу-Блани Къарэжь пэрыуащ, итIанэ нэхъ макъ щабэкIэ къыпищащ: – Ди мэлыфэхэр щэкIкIэ къэтхъуэжыну аращи, жеIэ.

Джыраджэ Кэтэринэ зыхуей щэкI лIэужьыгъуэхэр ищIэжырти, мэлыфэхэмкIэ къихъуэжащ. Панучи щэкIхэр къыхухихщ, и Iэпхъуамбэшхуэр Кэтэринэ къригъэлъагъуурэ къыхузэкIуэцIилъхьэри, шыплIэми къыхудилъхьэжащ.

– КъыпхуезгъэщIамкIэ уарэзы? – Къарэжь Кэтэринэ еупщIри, кърижыну жэуапым пымыплъэу, езым зритыжащ: – Уарэзыщ, дауи. Ы-ы! СщыгъупщэжатI... Дыгъуэпшыхь, Iуэху гуэрым и ужь дитати, фытлъэгъуакъым. Нысэишыжым фэ тIур фыкъызэрыщагъэфар пэж?

– Дыкъыщызэдагъэфащ, псори Iэгуи тхуеуащ, – Лу-Бланэ и гуапэу итащ жэуап, зыгъэгузавэри дыщIигъужащ, – ауэ гъэлъэхъур тхуэзытар тщIэркъым армыхъу.

– Умыгузавэ, ари зэгуэрым нахуэ хъужынщ.

Панучи зимыщIэжу шум кIэлъыплъу здэщытым, Къарэжь и ныбжьэгъу сатуущIэм ауан хэлъу еупщIащ:

– Пщащэр уигу ирихьа, хьэмэрэ?..

– О-о-о, Карази!..

Къарэжь къыпыгуфIыкIри, и щхьэм хужиIэжащ: «Дэри дигу ирохь ар... Шыбз хакIуэри хуэмыхъуу ягъасэ...»

## Ебгъуанэ Iыхьэ

*Жьыбгъэ пщэдджыжь.*

*Гуащэхужь и деж Кэтэринэ ирегъэблагъэ.*

Дыгъуасэрей дыгъэпсыр пщызыгъэгъупщэ пщэдджыжь жьыбгъэщ. Пшэ фIыцIафэхэр щес уэгу кIапэм дыгъэ бзийхэр ерагъыу къызэпхедз. Дунейр зыкъутэ жьыбгъэм ней-нейуэ къыхуоплъых. Шы щыщхэм я макъ фIэкIа умыщIэну, жьы къепщэм бжьыхьэ тхьэмпэхэр епхъэнкIыж. Абы хэту, Кэтэринэ Лашынрэ Бэчыррэ щхьэгъубжэмкIэ къелъагъури: «Дэнэ мы тIур зы щыхъуар?» – жиIэурэ япожьэ.

– Мы дунейкъутэжым, Лашын...

– НтIэ, Кэтэринэ, нтIэ, си пщащэ, зэрыбжесIэнури сщIэркъым...

Зи гуи, зи пси Тхьэм хуэзыгъэзэжа Гуащэхужь, фэ тIур филъагъумэ фIэигъуэу, дыкъыфкIэлъигъэкIуащ.

– Дыкъэзылъагъу мыхъур сыт къытхуей щIэхъуар?..

Лу-Блани и псалъэр кIэщт:

– ЗыщIыпIи дыкIуэнукъым!

– Хъун мыгъуэщ, хъун мыгъуэщ, – Лашын щабэу хуеплъэкIащ Лу-Бланэ, – уигу щыщIэр сощIэ мыгъуэ, си щIалэ... Ауэ, итIани... – IэлъэщI кIапэмкIэ и нэпсыр щIелъэщIыкI Лашын.

Бэчыр Кэтэринэрэ Лу-Бланэрэ йоубзэ:

– Си анэшхуэм фигу ебгъэми, и иужьрей лъэIур хуэвгъэзэщIэну сынывольэIу.

Лашыни зи фэр пыкIа Бэчыр дожьу:

– Бэчыр тхьэмыщкIэми, игу щыщIэр къызгуроIуэ.

Кэтэринэ Бэчыр еплъри, къэтэджащ:

– НакIуэ, Лу-Бланэ, накIуэ, мызыгъуэгуми «цIыхукъым ахэр» зыхужедгъэIэнкъым.

Лашын, Кэтэринэ, Лу-Бланэ, Бэчыр жиIэу Гуащэхужь деж щыщIыхьэм, Къарэжь зыбгъэдэс фызыжьым щэхуу жиIащ:

– Тхьэм фигъэпсэу, фыкъэмыкIуэн си гугъащ... Иджы, фэ гупыр фыщIэкI, Джыраджэхэ къысхуэвгъэани.

– Апхуэдэу щыжыпIэкIэ... – Лашын арэзы хъуащ, – дэ дыпщхьэщыкIынщ.

– Унэм уэ къыщIэнэ, – Гуащэхужь жиIэри, къригъэшахэм захуигъэзащ: – Сэ си дунейр нобэ-пщэдей схъуэжынущ, си Дыгъэ-Тхьэшхуэм сызришэлIэжыну къызжиIащ... Сыхуейщ мо Лашын закъуэм ищIэ щэхум фэри фыщызгъэгъуэзэну. Сыхуейщ сызэхэфщIыкIыну. Дауэ уеплърэ, Лашын, сызэхащIыкIыну?

– УзэхащIыкIынщ, Гуащэхужь. Уэ къыумыщтэ ди Алыхь лъапIэу лъагэми гущIэгъу къыпхуищIынщ. А зымахуэ къысхуэпIуэтэну ухуежьэу, «итIанэ» жыхуэпIэжарамэ, сынодэIуэнщ, сфIэфIу...

– Хъуни, цIыхухэм жамыIэ гуэр жыпIэ зэпытщ уэ... – Гуащэхужь Лашын кърикъэжьар зэпиудащ. – Уэри щэху гуэр уимыIэу щыт хъункъым. Ауэ сэ иджыри къэс си гум дэзгъахуэ хъыбарыр мыбыхэми ирыращIэ, итIанэ сытыншыжынщ. – Лу-Бланэ зэхихам игъэукIытауэ и щхьэр ирихьэхырти, жреIэ: – Уи щхьэр иумыхьэх, лъагъуныгъэр мафIэшхуэщ. Абы имыгъэхуабэрэ имыс-имыжьэрэ щыIэкъым. Фи адэшхуэ Джыраджэ Къэлэубат пагэр фIыуэ слъэгъуащ сэ. Иджыри къыздэсым, си лIэгъуэ махуэр къэблэгъами, фIыуэ слъагъуу дунейм сызэрехыжыр вжесIэну аращ фыкъыщIезджар. Иджы фэ тIум, Къэлэубат и уэркъ щIэблэм, лъэIу фхузиIэщ. Си щIалэхэм, Якъуб ипхъу, гу къыпхуащIауэ зэхэсхащ, уи адэшхуэм и хьэтыркIэ, сэ си хьэтыркIэ, тIум языхэзми гухэлъ хуумыщI. Сызэхэпхыну ухуэмей щхьэкIэ, уэ, Лу-Бланэ, Бэчыр бгъэныбжьэгъуну сынолъэIу, езыри апхуэдэу къыпхущытыну сыкъигъэгугъащ. Адрей псалъэ мыфэмыцу фхужысIахэри къысхуэвгъэгъуну сынывольэIу. Ар жылэм захригъэхыжыну Лашыни солъэIу. Иджы си тобэр щызэхэфхакIэ, «дыкIуэжынщ» жыфIэмэ,

фыхуитщ. АфIэкIа щыблэр къывэмыуэжыну Лашыни и Алыхьым фхурелъэIу. Сэ си Дыгъэ-Тхьэшхуэм: «ЩIылъэм ущезэшащ, си деж къэкIуэж», – къызжеIэ...

Къарэжьхэ я пщIантIэм къызэрыдэкIыжу, Лу-Бланэ и шыпхъум еупщIащ:

– Фызыжьым къыджиIахэр уи фIэщ хъуа?

– ЗыгъэгумэщIыр и лIэжыгъуэм къыджиIащ, си фIэщ хъункIи мэхъу...

– Къызэрыдэбгахэр хуэбгъэгъунуи?..

– АбыкIэ хуитыр Тхьэращ.

– Сэри аращ жысIэр.

– ЖыпIэмэ, хъарзынэщ, уигу фIы игъэлъ, Лу-Бланэ.

## ЕпщIанэ Iыхьэ

*Гугъэ жыжьэм узыпегъаплъэ,*
*Гулъытэ куэдым узэIегъэхьэ.*

Дунейр гъэщIэгъуэн защIэу зэрызэхэлъым хуэдэу, цIыхум и псэукIэри лъэныкъуэ куэду зэхэлъщ. А лъэныкъуэхэр гъэщIэгъуэн Iэджэу къызэрокI. «Зэмыщхь къызэдэфэркъым, зэхуэмыдэ зэдэуджыркъым», «Узыщытхъум тхъу тыбокIэ», «Щытхъу куэд жызыIэм убэни фIэфIщ», «ФIы зыщIэр фIы хуозэж», «МывэкIэ къоуэм, щIакхъуэкIэ еуэж» псалъэжьхэр дэнэу пIэрэ къыздрахар?

Абыхэми, нэгъуэщIхэми егупсысу, Къарэжь я пщIантIэм дэлъ дыгъэуапIэ пхъэдакъэжьым тесщ. И анэшхуэ Гуащэхужь зэрыщымыIэжрэ мазэ хъуами, къехьэлъэкIыу хэщэтыкIащ, и нэпси къекIуащ: «Аращ, дэри зэрыжылэуи, фIым дыхуэбгъасэурэ, дунейм уехыжащ. Иджы дэр нэмыщI зыми игу укъэкIыжыркъым. Хэт а нэгъуэщIыр? ХэтынкIэ хъуну? Си шынэхъыщIэ Бэчыр щэхурыкIуэра? ИтIани, мыукIытэу, унагъуэ щIы, къызжеIэ. Пщыгъупщэжа уи анэшхуэм и уэсятыр?.. Зэ, зэ, Iущабэ тхьэгъэпцI, сэ уэ бжесIэнур сощIэ...»

Илъэс щэщIыр езыхуэкI Къарэжь цIыху «щхьэншэкъым, гущIэгъуншэкъым, лIыгъэншэкъым» жыпIэфынущ. Ауэ губжьыр къытекIуэу залымыгъэ зэрызэрихьэм а псори егъэкIуэдыж.

Къарэжь и хьэлыр ящIэри, къеубзэурэ щагъэкIауэ, езым нэмыщI лIыгъэрэ гущIэгъурэ зыхэлъ жылэми дэмысу, Iэгъуэблагъэми имысу зыкъыщыхъужауэ, гу щхьэхуит, псэ щхьэхуиту мэпсэу, зыфIэдахэу, Iэпэ зыхуишийр къыхуэлIэу къыдэкIуэну къыщыхъуу. Абыхэм я закъуэкъым, пхъужьхэри яхэтщ абы. Абыхэм ящыщ гуэрым деж тхьэмахуэм зэ макIуэ. Къарэжь и щэхум щыгъуазэр ныбжьэгъу Нэпабэ и закъуэу и гугъэми, и анэшхуэм уэсят къыщыхуищIыжым, «Джыраджэхэ я пхъум унагъуэ дэпщI нэхърэ, а сэ сщIэ Хъаретхэ я пхъужьыр къапшэми нэхъ къэсщтэнущ» къыщыжриIэм, ар зэрымыщэхужыр Къарэжь къыгурыIуащ.

Къарэжь игу къэкIар зыгуэрым зэхиха и гугъэжу, къэщтащ, зиплъыхьщ, даIуэри, унэмкIэ джащ:

– Унэм зыщIэбубыдэжауэ, сыт ущIыщIэсыр, Бэчыр, къыщIэкI, махуэ дыгъэпсым зыхыумыгъэн. – И шынэхъыщIэм зыщимыгъэхъейм, игу къыхуэплъу, и макъым зригъэIэтащ: – «КъыщIэкI» жыхуэсIэр уэракъэ!

Бэчыр и нэпсым къызэпижыхьауэ къыщыщIэкIым, Къарэжь аргуэру щIэкIиящ:

– «Сыт унэм ущIэгуауэ ущIыщIэсыр?» – жызоIэ.

Къарэжь гупсэхуу зэрыщысымрэ щIэкIиймрэ хузэхуэмыгъэхъуу, Бэчыр жиIащ:

– Ди анэшхуэр дызэримыIэжрэ нобэ мазэ мэхъу...

Къарэжь псынщIэу зыкъызэблихъужащ:

– Ара сэ уэ унэм укъыщIыщIэсшар? Сыт тщIэн-тIэ, ди анэшхуэ тхьэмыщкIэм жиIэу щытащ: «Гущэ зыхуамыщIрэ мащэ зыхуамытI цIыхурэ дунейм къытехъуакъым икIи текIыжакъым». Дэри, си шынэхъыщIэ гу махэ, ар къытпэщылъщ, уигу умыгъэкIуэду къэтIыс. Мес, Джыраджэхэ я лъэпкъым къащыщIа тхьэмыщкIагъэм еплъ, итIани, ягу ямыгъэкIуэду, я щхьэр ягъэпсэуж, щыблэуапIэ пщIантIэм дэсщ.

АтIэ, аращ дунейр зэрызэхэлъыр. Нэпабэ аращ щIыжиIар: «Зыр мэунэхъу, адрейр хъуным ешх». Зыкъом щIаи бгъэныбжьэгъу Лу-Бланэ къызэрымылъагъуэрэ... и шыпхъу пагэри аращ.

– Ди анэшхуэм дыщыхуэщыгъуэ махуэм абыхэм датепсэлъыхьыну?..

– Абы щыгъуэм зыри жысIакъым, зыри зэхэпхакъым. ЗыгуэркIэ фызэIурыпхъуамэ, жызоIэри, аращ... – Шэджагъуэ нэмэзыр къыщысым, молэ Мачыхъу къаджэу щригъажьэм, Къарэжь гъумэтIымащ: – Аращ иджы, гупсэхуу уагъэпсэлъэнукъым. Мэжджытым нэмэзыщI дыкIуэн, къуэш?

– Ди анэшхуэм имыдэу щыта диныр...

Къарэжь зыри жимыIэу тIэкIурэ щыса нэужь, къэпсэлъащ:

– Абы теухуауэ сыт бжесIэн... Жылэдэс гуэр щыуэмэ, зэрыжылэу щыуэрэ?

– «Зы цIыху закъуэми жылэр игъэунэхъун лъэкIынущ», – жиIащ зымахуэ Лашын.

– Хэт жыхуиIар?.. – езым и гугъу ящIа хуэдэу къыщыхъуу, щIэупщIащ Къарэжь. – Ди анэшхуэра?

– Хьэуэ, зыгуэрым ехьэлIауэ жиIауэ аракъым.

– Арамэ, хъунщ. Жылэм и нэхъыбэм къащта ислъам диным дыхуэмыхьэзыр дыдэми, дэри ядэтщтэнщ. Ди жьэр Iурыхуауэ сыт дызыхущысыр, андез дыгъащтэ. Мо мэжджыт лъэныкъуэмкIэ кIуэр Нэпабэу пIэрэ, жызоIэ?..

– Аращ, Джыраджэ Лу-Блани и гъусэщ... – Бэчыри илъэгъуар игъэщIэгъуащ.

Къарэжь и нэм къыщипхъуауэ къэгубжьащ:

– Дэ мыбдеж хъун-мыхъун жытIэу дыкъавэу дыщысщ! Дапщэщ ар нэмэзыщI щыхъуар? Сэ зы къызжеIэ, езым ищIэр нэгъуэщIщ...

– АтIэ, нэмэз зыщIхэм захэбгъэпщкIуэфыну?..

– Сэри аракъэ жыхуэсIэр... – «Сэ сигу иримыхьыр мыбыхэм къыщысщабзыщIым деж сызэгуоуд...» – Къарэжь игукIэ жиIэри, зишхыжрэ-зилыгъуэжу, къыхэкIиикIащ: – Апхуэдэу хъунукъым ар, хъуми, сэ здэнукъым! Сэ молэ Мачыхъу андезыншэм хуэдэхэм я мэжджытым щысщIэн щыIэкъым, уэ кIуэ ухуеймэ! – макъ губжьакIэ и шынэхъыщIэм жриIэри, къэтэджащ, тIысыжащ, аргуэру къэтэджыжащ.

«Ди анэшхуэ тхьэмыщкIэр щыдгъей махуэм фIэмылIыкIыу къригъэжьащ иджы ...» – Бэчыр и щхьэ хужиIэжри, и къуэш нэхъыжьым зыхуигъэзащ:

– Апхуэдэу щыжыпIэкIэ, сэри сыкIуэнукъым.

– УкIуэнукъым-тIэ! – и шынэхъыщIэм пидзыжри, куэбжэ макъым къызэригъэплъэкIащ. Нэпабэ щилъагъум жиIащ: – Сыт, нэмэзыщI, уи андезыр къута?

Нэпаби гушыIэ нэпцIу жэуап къритыжащ:

– Зи ныбэ мыбыдэм апхуэдэ къыщощI, нэмэзыщIхэм уахэслъэгъуатэкъыми, сыкъыпхуэкIуащ.

Къарэжьи, игу имылъыр и Iупэ телъу, Нэпабэ щытхъуащ:

– Афэрым! МызыгъуэгукIэ укъыстекIуащ.

– Ауэ щыхъукIэ, лIыгъэ схэлъщ. Сыт уэ жыпIэр, Бэчыр?

– УзэупщIам ещIэ ар. ЖьэкIэ укъыстекIуащ. ПщIэрэ, джатэм иуIэр мэкIыжри, жьэм иуIэр кIыжыркъым.

– Сэ апхуэдэ къизгъэкIакъым, укъызэрызэупщIам и жэуап уэстыжа мыхъумэ.

Къарэжь и нитIыр шынагъуэу къригъэжри:

– КъыбжаIэм едаIуэ, уэ жыпIэм хэт хуейр!

– СынодаIуэ, сынодаIуэ. Си дагъуэр пщIэжкъэ уэ?.. – Нэпабэ зиумысыжащ: – Языныкъуэхэм деж сыпсэлъэрейщ...

Къарэжьрэ Нэпабэрэ зэпадзыж-къызэпадзыжхэр зыхуэмышэчыж Бэчыр къыщытэджым, и къуэш нэхъыжьыр къеупщIащ:

– Дэнэ уежьа иджы?

– Фызэпсалъэ фэ... сэ мэлым сахэплъэнщ.

– Куэд щIат ар зэрыпщIэн хуейрэ, дыгъужьхэм жэщ-махуэ яIэкъым.

Бэчыр пщIантIэм щыдэкIым, и псалъэхэм ятешыныхьурэ, Нэпабэ жиIащ:

– Уи шынэхъыщIэм тIэкIу ухуэпхъашэу къысщохъу, сыщыуэми сщIэркъым...

– Мора жыхуэпIэр?.. – жери, Къарэжь дыхьэшхащ. – Иджырей ныбжьыщIэхэр, уахуэгумащIэ щхьэкIэ, пщIэрэ зыхуэдэр? УеубзэкIи, уешхыдэкIи, уакъещхьэфауэкIи, езыхэм жаIэращ, армыхъумэ, уэ жыпIэр къагурыIуэркъым. Сыт укъыщIызэплъыр, мыхъун гуэр жысIауэ ара?

– Мыхъун жыпIэну уэ?!

– ЖысIэнукъым-тIэ! – Къарэжь зэресауэ макъ пхъашэкIэ жиIэри, и къуэш нэхъыщIэм игу щIэгъужри, дыщIигъужащ: – Си къуэшыр сэ зэрыжысIэ дыдэм хуэдэкъым, ауэ Джыраджэхэ ятеухуауэ ди анэшхуэ тхьэмыщкIэм и уэсятыр зэхимыхауэ къысщохъу.

– Дауэ зэхимыхынрэ зэрыжылэу ящIэр?! – ныбжьэгъум жиIар къыгурымыIуауэ къыщыхъури, къэгузэвэжащ Нэпабэ.

– Мыдэ мыбы жиIэр... Дапщэрэ бжесIа уемыгупсысауэ уи джатэр къыумыпхъуэт, жысIэу. Джыраджэхэ япхъуращ сэ зи гугъу сщIыр.

– Абы и Iуэхур куэд щIащ уи анэшхуэ Гуащэхужь ибзу-иду зэригъэтIылъыжрэ.

– СэркIэ ар гурыIуэгъуэщ, нэгъуэщI гуэрым дежкIэ гурыIуэгъуафIэ хъуа си гугъэкъым... – Къарэжь ар жиIэри, зыгъэгузавэр, и щхьэр течауэ, Нэпабэ хуиIуэтащ: – А укъызыщхьэщыжыр хьэщыкъ ищIащ абы.

Абы щыгъуазэ Нэпабэ дыгъурыгъуу зызыущэхуам хуэдэу заулрэ щысри, зэхихар къыфIэмыIуэху хуэдэу жиIащ:

– Апхуэдэ гуэрхэр зэхэсхащ сэри, ауэ си фIэщ хъуркъым.

Къарэжьи, Нэпабэ и макъым ещхь зищIри, щIэнэкIащ:

– Сэ куэд щIащ ар си фIэщ зэрыхъурэ, уэ уи фIэщ щIэмыхъуращ къызгурымыIуэр.

«Щхьэ къыскIэрыхъыжьа мыр?! – къэгубжьащ Нэпабэ. – Зэ и нэр къысхурегъэж, зэ къысхуогуфIэ. КъызопIэскIу, Iэ къызделъэж... Дуней хьэлъэм щызгъэныбжьэгъунщ, щэху, гуапагъэ щызэдэдгуэшынщ, жысIа щхьэкIэ, еплъ зэрызыкъысхуищIым, къыздэгушыIэ хуэдэурэ къысщIонакIэ, среудых. Дэр-дэру дыщыщытыр Iуэхукъым, ауэ сыкъэзыцIыхуи сыкъэзымыцIыхуи къысщегъэдыхьэшх. Сэращ псомкIи къуаншэр... Зыгъэ абэзэхэ пхъужь гуэр арэзы щызмыщIым, къызищIа щIэщхъур хуэсIуэтэн хуеякъым. «Бзылъхугъэхэм уеплъкъым», – къызжиIэ зэпытти, зызгъэлIу, сыкъэгубжьри, къысщыщIар жесIэжащ. Сэр-сэру си щхьэм уэрдыхьу ислъхьэжащ. «Дэнэ къикI лажьэ» щIыжаIар сэ схуэдэ гуэр хъунщ. Хэт дагъуэншэу дунейм иджы тетыр?.. БзылъхугъэкIэ сыIэмалыншэмэ, сылIыгъэншэ и гугъэрэ? Мыбы и жьэр зэрызэтрезгъэпIэн гуэр къэзгъуэтынщ, щIэщхъу къыщысщыщIа жылэм сымыкIуэжми, щIыпIэ щэху гуэр абэзэхэ щIыгум щызэзгъэгъуэтынщ. АрщхьэкIэ а лъэныкъуэр бзылъхугъэншэ?.. Аращ, бзылъхугъэхэращ псори зэхэзыгъэзэрыхьыр, ахэращ цIыхухъу натIэзэгъэудэкI зыхужаIэр. Хъулъхугъэхэр-щэ?.. Дэри дынэхъ щIагъуэкъым, пыIэ тщхьэрыгъщ жытIэурэ, IэлъэщI зытелъхэм зыхуейр дагъащIэ, закъыдогъэгъапцIэ. Мы си пащхьэ къис пхъэдакъэжь щхьэщытхъужьым зэрыжиIауэ, хьэщыкъ дащI...»

Къарэжь Нэпабэ хуеплъэкIри, щIэупщIащ:

– Уи пщэр зэрыпщхьэжауэ сыт ущIыщысыр? НэмэзыщIхэри зэбгрокIыж. Модэ, Джыраджэхэ япхъури зимыгъэIейуэ Лашын и гъусэщ, ауэ и дэлъху нэхъыщIэр слъагъуркъым... Чыристэн цIэр зэрезымыгъэхъуэкI Кэтэринэ ислъам диныр и фIэщ хъууэ жыпIэрэ?

– Мэжджытым щыкIуэкIэ, и фIэщ хъууэ къысщохъу.

– Дэри мэжджытым докIуэ, ауэ молэ Iурым жиIэр ди фIэщ хъуркъым. Ди анэшхуэм и уэсятыр мыхъуамэ, а нэмэзыщI фэрыщI пщащэ пагэм есщIэр плъагъунт. БзылъхугъэкIэ ухуэмыхущ, армыхъумэ си анэшхуэр къэзыгъэгугъэу къэзыгъэпцIэжа си шынэхъыщIэ мыдаIуэм игу щыкIын щхьэкIэ, уэ уезутIыпщынут.

– Къарэжь! – Нэпабэ къыщылъэтащ. – Сигу зыбогъабгъэ, уи псалъэхэр къэщтэж.

– Сыт жыпIа?

– Сыт жысIэн... – Нэпабэ зэресауэ, трилъэфэжащ. – Унэм сыкIуэжынщ, жызоIэ...

– Унэм сыт, ущытеужыну ара? КъэтIыс мыдэ!

– СынэтIысынщ, псалъэ жагъуэхэр къызумыутIыпщынумэ...

– Хъунщ, умыгузавэ абы щхьэкIэ... Си гугъэмкIэ, уэ къэбгъэдэIуэфынущ си къуэшыр.

– Сыт абы сэ жесIэн хуейр?

– Сэ сыкъыхыумыгъэщу, Джыраджэхэ я пхъум теухуауэ ди анэшхуэм къытхуищIа уэсятыр игъэзэщIэну еущий. Ар имыгъэзащIэмэ, жылэми езыми тхьэмыщкIагъэ къазэрылъысынур гурыгъаIуэ.

– ЖесIэнщ... Ауэ зыгуэркIэ къысхуэмыгъэдаIуэмэ-щэ?

– ЩIымахуэр щIэх икIынущ, хыри нэхъ мамыр хъужынущ, икIи ар хэплъэ-хэкIыж зыщIыфыну Панучи къытхуэкIуэнущ.

– Дзыхь къысхуэщI къудей, схузэфIэмыкIынури пхуэсщIэну укъызогъэгугъэ. Ауэ псом нэхърэ нэхъыфIыр... нэпсыр Iуэхукъым, лъыгъажэ къэмыхъуныр аращ.

– Ар, си ныбжьэгъуфI, зэлъытар дэракъым, езыхэращ.

– Сэри аращ жысIэр...

– ТIури дызытепсэлъыхьыр зыщ, – Къарэжь игукIэ пыгуфIыкIащ, – ауэ зыр адрейм зэхихыркъым.

«УмыпIащIэ, къэсынщ уэ сыщызэхэпхыну махуэри...» – гужьгъэжь хэлъу, егупсысащ Нэпабэ.

Къарэжь къыпыгуфIыкIыурэ Нэпабэ къоупщI:

– Зыгуэр жыпIэнут, хьэмэрэ...

– Хьэуэ, хьэуэ... НобэкIэ, уэ зэрыпщIэу, сыбзагуэщ, сыдэгущ... сыIэмалыншэщ, хэт ищIэрэ пщэдей къэхъунур...

– Нобэри пщэдейри зи Iэмыщ Iэ илъыр бжесIэнщ ухуеймэ. Дэращ!

– Пэжщ, Къарэжь.

– ЖысIэм фIэкIыр, – Къарэжь и Iэгушхуэхэмк Iэ и куафэм теуэри, Нэпабэ жриIащ, – и бзэри къиутIыпщыжынурэ тхьэкIумафIи хъужынущ.

– Си фIэщ мэхъу... – итыжащ жэуап Нэпабэ, ауэ игукIэ егупсысащ: «И шынэхъыщIэ Бэчыр елъытауэ, делэ дыдэщ мыр, зыгуэр ещIэн хуейщ мыбы».

## ЕпщыкIузанэ Iыхьэ

*Бжьыхьэ жыгхэм заупцIэн,*
*Махуэ нэхур ягъэукIытэ.*

Дыгъэм илыпщIа хъупIэм щыпэщащэ мэлхэм Лу-Бланэ ящхьэпрыплъурэ, илъагъур егъэщIагъуэ: «Бжьыхьэ жыгхэм къэблагъэ щIымахуэм зыхуахуэпэным и пIэкIэ сыт зыщIаупцIэныр? Дэ щIыIэм деубзэркъым: пхъэкIи щыгъын хуабэкIи дызэгугъужурэ, гъатхэ щIэращIэр, гъэмахуэ тхъэгъуэр къызэрытпэщылъым зыхудогъэхьэзыр. АрщхьэкIэ, Кэтэринэ зэрыжиIэу, а жыгхэращ хуабэми щIыIэми дыкъезыгъэлыр. Сыт хуэдэу щытыну пIэрэ мы щIымахуэр? ДунеймкIи дэркIи зэгъыу щытыну пIэрэ?..»

– Мэлхэр бгъэхъуура? – къыздикIари имыщIэу, Бэчыр Лу-Бланэ къыщхьэщыувэри, и гупсысэхэр зэпиудащ.

– Уэра мыр?.. – Лу-Бланэ Бэчыр пэджэжащ хуэмеищэурэ.

– Ди мэлхэм сахэплъэну сыкъэкIуащ.

– Мес, мэхъуакIуэхэ, зы дыгъужьи ихьакъым, фи дамыгъэхэр я тхыцIэм тетщ, хъарзынэу къатощ.

– Фэ фыфейхэр дамыгъэншэ?

– Дыдейхэр зейхэм ещхьу дамыгъэншэщ.

– Фэри фыдамыгъэншэкъым, фи уэркъ дамыгъэр ятевгъэувэн хуейщ.

– Ди дамыгъэр щыблэ мафIэм хисхьащи, зыхуэдэри тщIэжыркъым...

– ЗыщIэж дэс хъунщ Жылэжь, феупщI.

– Лашын ещIэж.

– ЕщIэж, си анэшхуэм жиIэу зэхихащи...

– Уи анэшхуэм Iэджи ищIэрт... Дэ ттеухуауэ къыфхуищIа уэсятыр зыщывмыгъэгъупщэ къудей.

– Сэ сщIэну-сымыщIэнумкIэ зыри къэзгъэгугъакъым, ауэ ар зыщымыгъупщэнур фэри фощIэ, – Бэчыр нэщхъейуэ Лу-Бланэ жриIэри, IукIыжащ.

Лу-Бланэ Бэчыр игу щIэгъуу тIэкIурэ кIэлъыплъри, тIысыжащ. Игу щыщIэм къис Бэчыри къызэмыплъэкIын хузэфIэкIакъым.

## ЕпщыкIутIанэ Iыхьэ

*1450 гъэ, щIышылэ мазэ.*
*ПыбупщIын ипэ, гупсысэ.*

ЩIымахуэ борэным Жылэжь уигъэлъагъужыркъым. Жьыбгъэ щIыIэм, шы Iэл щхьэрыутIыпщу, зеутхыпщI, къыпих шыцуэсыр жьы хужьым хуэдэу зэрехьэ: чы бжыхьхэм зыдадзэ, унащхьэхэм зытрадзэ, уэнжакъ Iугъуэм йобэн, лъэрыжэншэу, Пхъэпс щтам и гущIыIу къыщежыхь, хы уэр шыугъэм къылъысыр епхъуатэ.



8 Заказ №2225

Жьэгу мафIэр зи гурыфIыгъуэ Лу-Бланэ и шыпхъум жреIэ:

– ЩIымахуэшхуэщ. Гъэ кIуами мыпхуэдэу щытащ. Бжьыхьэ дыгъужьым ихьа мэл тхьэмыщкIэм щынитIкIэ дигъэгуфIат.

– Зы щынэр фIыцIэт, адрейр хужьт, – Кэтэринэ мафIэр зэIищIэурэ и дэлъхум жиIам арэзы техъуэжащ.

Лу-Бланэ илъагъум игъэгузавэри жиIащ:

– ЗэIыумыщIэ, мафIэ дэпхэр къолъей.

– ХьэщIэ къытхуэкIуэну ухуейкъэ? Ди адэмрэ ди анэмрэ хьэщIэкIэ зэрыфIу щытар пщIэжыркъэ?

– СощIэж... Ауэ сыт иджыпсту хьэщIэ зэрыдбгъэщIынур?

– Уадыгэкъэ? ХьэщIэ ухуэмеину...

– Сыадыгэщ, ауэ иджыпсту сыхуейкъым... – Лу-Бланэ ар жиIэри, щхьэусыгъуэ ищIащ: – Сыгъуэлъыжмэ, нэхъыфIщ сэ...

– Апхуэдэу жьыуи? Уэракъэ къуажэхь-къуажэшх дызэдэгъэджэгу жызыIар?

– Сэрат. Уезгъэзэшамэ, жызоIэри аращ.

– Дауэ себгъэзэшын, си нитIым яз... – Кэтэринэ и гур къызэфIэнащ, ауэ псынщIэу зытригъэужащ. – КъащIэ-тIэ иджы: «Къау-къау лъэрыжэ, жылэр къэзыжыхь».

– Дэ унагъуэкIэ димыIэ гуэгуш.

– Ари зэгуэр къэтщэхункъэ. Мыр-щэ: «ТеуэрыкIуэ-ебгъунлъэкI».

– Бабыщ.

– Мыр къэпщIэнукъым-тIэ: «АдакъэкIэу къэгъэша, къазшырыдзэ зыIут».

– Къызэребгъажьэу къэсщIащ: гъубжэ.

– Мыр къапщIэмэ, къуажипщI уэстынщ: «Бгы псыгъуэ цIыкIу, хуэдиз хьэлъэ зыхь».

– Ар уэ пхуэдэу лэжьакIуэшхуэ-псэуакIуэ хъумпIэцIэджщ.

– Мыдэ си дэлъху нэхъыщIэм сызыхуигъадэм еплъ...

– Тхьэр къызэмыуамэ, сэри а хъумпIэцIэджым ещхьу сылэжьэнут ... – Лу-Бланэ жиIэри, игу зэрыныкъуэр и шыпхъум къримыгъэщIэну хэту щыгуфIыкIащ: – Сыножьэ.

Кэтэрини и дэлъхум и гукъеуэр къыгурымыIуа хуэдэу жиIащ:

– Иджы чэзур ууейщ.

– Сэ къуажэхь-къуажэшхым нэхърэ, Кэтэринэ, Аргъуей, Аслъэн щхьэщытхъужьитIым ятеухуауэ ди адэм жиIэжу зэхэсхар къыпхуэсIуэтэжмэ, нэхъ къызощтэ, уэ пщIэжми, сызэпыумыуду къедаIуэ.

– Си гуапэу сынедэIуэнщ.

– ХьэкIэкхъуэкIэхэр я гъуэмбхэм ипщхьэжащ, бзухэри жыгхэм япытIысхьэжащ, цIыв, пкIауэ жыхуэпIэхэри удзым хэтIысхьэжащ. Аргъуейри тхьэрыкъуэф щIагъым щIэпщхьэжри, жеижащ. Жэщри щыму мэкIуатэ. КъыздикIар мыгурыIуэгъуэу, Аслъэным и къугъ макъ къэIуащ. ХьэкIэкхъуэкIэхэр щтауэ къыщолъэт, бзу цIыкIухэм жыг къудамэхэр къагъэсыс, хьэпIацIэхэри къежьащ.

Зи жейр къызэпауда Аргъуейр къэгубжьащ:

– Аслъэн бгъэкъэжьыр жэщыкум мэгъуэг. Сэ ар иджыпсту къыспэщIэхуамэ, хуэфащэр есщIэнт. – Аргъуейм и пэ дыдыр игъэжану щыхуежьэм, Аслъэн лъэбыцэр блэкIыу къилъагъури, еджащ: – Лъэбыцэжь! Сыт жэщ ныкъуэм дыщIумыгъэжейр?

Аслъэныр Аргъуейм къыхуэгубжьащ:

– Сыт укъыщIысщIэкIиер, сэ сызэрыпащтыхьым сыт хэпщIыкIрэ? Зэ зыгъэзэгъуэкIэ узгъэкIуэдынщ, ахьмакъ!

Аргъуейри нэхъ Iеижу къэгубжьащ:

– Хэт уэ удипащтыхьу къыбжезыIар? Ухэзыхар хэт? УсцIыхуркъым, усцIыхунуи сыхуейкъым. ЗыIуегъэх, зыIуегъэхи, гупсэхуу сыгъэжей.

Аслъэныр зэ плъыжь, зэ фIыцIэ мэхъу, зэ щIыIэм епхъуатэ, зэ гъуэзыр къыхеху, уафэм ит пшэ фIыцIэу щIым къыщхьэщогъуалъхьэ. Ауэ, зызэтриубыдэжри, Аргъуейм жриIащ:

– Сэ уэзгъэлъагъунщ иджыпсту!

– Деплъынкъэ, – жиIэщ Аргъуейми, и дамэхэр ишэщIри, уафэм дэлъэтеящ. ИужькIэ мывэ папцIэу зыкъридзыхри, Аслъэным и пэм зыхиукIащ. Аслъэн лъэбыцэм и тхыцIэ джафэр къыдигъэпщащ, и щхьэр щIиупскIащ, зигъэджэлащ, зигъэкIэрэхъуащ-зыкъигъэкIэрэхъуэжащ. Ауэ, дауэрэ зимыщIми, Аргъуейм зыри хуещIакъым. Хуэмышэчыжу, Аслъэныжьыр Аргъуейм елъэIуащ:

– СутIыпщ, уи IэмыщIэ зынызолъхьэ, – Аслъэныр гъуахъуэурэ ехуэхащ, ерагъыу къыщыпщыжащ.

Аргъуейм Аслъэным хупиупщIащ:

– Зыщумыгъэгъупщэ, уэ нэхърэ нэхъ къарууфIэхэри щыIэщ. Жэщ-уи махуэуи афIэкIа уи макъ зэхызумыгъэх!

Аслъэным и щхьэр къыфIэхуауэ, къепэзэзэхыурэ IукIыжащ.

– Аслъэным сытекIуащ! Сэ нэхърэ нэхъ къарурэ нэхъ къулейрэ мы мэзым щIэскъым! Сыту сыакъылыфIэ сэ! Сыту сыIущ! – жиIэурэ Аргъуей щхьэщытхъужьыр щхьэрыуэри, бэджыхъым хэлъэтащ. Къещэу щыс Бэджми ар зэщIиубыдащ.

И напэр зэрытекIар зыхуэмыхь Аслъэныр тхьэмахуи псэужакъым.

Кэтэринэ къыхуаIуэта хъыбарым кIэух хуищIыжащ:

– ТIуми уигу ящIэгъу хъунукъым, яхуэфащэр къащыщIащ.

Лу-Блани и шыпхъум жиIам дыщIигъужащ:

– Апхуэдэ цIыхуитI дэсщ ди жылэм, ещанэр кърамыдзэу.

– Абыхэм я унафэр Тхьэм ищIынщ.

– Зи цIэр къиизмыIуа ещанэри яхыубжа абыхэм?

– Уэ абы уекIужа?

– Хэт сызэкIужынур?.. – и шыпхъум и упщIэр къыгурымыIуанэпцI зищIащ Лу-Бланэ.

– Зи цIэ къыпхуимыIуэм.

– Дэ дызэфIэна-тIэ?

Кэтэринэ дыхьэшхри, зи щэхур нахуэ къэзыщIа Лу-Бланэ жриIащ:

– Уэ сэ слъагъур жьэгу мафIэм и хуабэм жей къыптригъэуащ... Уи пIэр пхуэсщIыжащ, кIуэи гъуэлъыж.

– ЖьыIуэкъэ?.. – жиIэри, щIэгузавэ Iуэхум и щхьэ тримычыщэу кърнгъэжьащ: – А уэ ущIэгузавэр...

– УщIэгузэвэн защIэу зэхэлъщ дунейр, дэтхэнэра жыхуэпIэр?

– Уэ узэгупсысым сэри согупсыс жысIатэкъэ... Абыхэми дэри дощIэж Гуащэхужь и уэсятыр...

– Си гуапэ хъуащ фызэрызэкIужар.

– Апхуэдэ дыдэу схужыIэнукъым, ауэ дигу Iей зэхуилъкъым.

– Дэгъуэщ, си дэлъху цIыкIу, дэгъуэщ, псалъэ жагъуэр уигу илъ зэпыту умыпсэумэ нэхъыфIщ.

– Абыхэм я анэшхуэр псалъэ дыдж къыжьэдэкI зэпыту псэуащ, къыдэбгыу щытащ... Езым къемыхъулIам щхьэкIэ, дэ дигъэбийрт. Сытыт дэ ди лажьэр?

– Апхуэдэ Iэджэ къыщохъу гъащIэм... Лашыни зэрыжиIэу, лъагъуныгъэр мафIэшхуэщ, уимыгъэщIэн щыIэкъым, ауэ щыхъукIи, ажалыр къыщыблагъэм игу илъыр къытхуиIуатэри, хуэдгъэгъуну къыдэлъэIужащ. Псоми я щыуагъэр къагурыIуэжу щытамэ, гъащIэр нэхъ тынш ящыхъунут.

Лу-Бланэ и шыпхъум пэрыуащ:

– СощIэ сэ абы къыщыщIар! Ди молэ Мачыхъу зэрыжиIэу, жыхьэнмэ лъэмыжым щышынауэ аращ.

Кэтэринэ дыхьэшхащ:

– Щышынамэ, цIыхухъу-цIыхубз Iуэху фигу къэвмыгъэкI жиIэнтэкъым... Лу-Бланэ, си дэлъху цIыкIу, куэдкъэ Iейм дызэрытепсэлъыхьар! ИIэ, зы псысэ-упщIэ гуэрым къедаIуи, жэуап къептыжыфмэ, дегъэплъ.

– ИIэ, Кэтэринэ. Уэс борэныр тебэяуэж хуэдэщ, нэхъ гупсэхуу сынодэIуэнщ, сыIущрэ сымыIущри къэпщIэнщ.

– Зэшищым зы вышхуэ яIащ, – Кэтэринэ кърнгъэжьащ псысэр. – Ар ин дыдэт. Зы щIыпIэм зимыгъэхьейуэ иту, къуршиблым ятет удзыр ихъуфырт. Абы зэуэ ирифащ псыкъежэхыу куэд: Щхьэгуащи, Псищи, Лаби, Псэкупси, Уарпи, Фарзи, Шэхураджи, ПщIащи. Зэкъуэшхэм зэгуэр унафэ ящIащ выр Псыжь псафэ яшэну.

Нэхъыжьыр выплIэм дэсу, курытыр тхыцIэм тесу, нэхъыщIэр и кIэм пысу ежьахэщ. КIуэм-кIуэурэ, шу гуэрым ирихьэлIати, нэхъыжьыр елъэIуащ:

– Уэ маржэ, вым и тхыцIэм тес си шынэхъыщIэм ухуэзэмэ, нэхъ къеуэну схужеIэж.

Шур вым и тхыцIэм тесым IущIэн щхьэкIэ, тхьэмахуэ гъуэгу икIуащ, нэхъыжьым и лъэIури хуигъэзэщIащ.

– Арамэ, – жиIащ курытым, – вым и кIэм тесым ущыхуэзэкIэ, мыбэлэрыгъыну схужеIэж.

Шур, иджыри тхьэмахуэкIэ кIуауэ, нэхъыщIэм щыхуэзэм, нэхъыжьитIым я унафэр жриIэжащ.

Зэшищыр вым тесхэу Псыжь щынэсым, зы ткIуэпс къимыгъанэу, вым ирифащ псыр.

– Ар сыт вы, Iэу! – Лу-Бланэ игъэщIэгъуащ.

И дэлъхум жиIар зэхимыха щIыкIэу, Кэтэринэ пищащ:

– Зэшищым шэджагъуашхэ ящIыну уафэгу хуэдиз хъу Iэнэм пэрытIысхьа къудейуэ, бгъэр къауэри, вышхуэр ирихьэжьащ.

Бгъэжьыр щIыпIэ гуэрым щетIысэхри, выр ишхащ. Шхужь гъуанэр къыхуэнати, ари ирихьэжьэжащ. Здэлъатэм, шхужь гъуанэр къыIэпыхури, абы худэплъейуэ щыт мэлыхъуэ лIыжьым и нэм къыщIэхуащ. Мэлхэр къихужу лIыжьыр унэм къыщыкIуэжым, и нысиблым яжриIащ:

– Мыдэ кхъуафэ зырыз фитIысхьи, кхъуафэ баш зырыз фIыгъыу си нэм фыкъыщIыхьэ. Зы тыкъыр гуэр си нэм къыщIэхуащи, тIэкIу сегъэщхьэжагъуэ.

Кхъуафиблым ярысхэу, кхъуафэ башиблыр яIыгъыу, лIыжьым и нысэхэр и нэкум щIыхьэри, лъыхъуэурэ, вы шхужь гъуанэр къагъуэтри, зэдеIэурэ къыщIагъэукIуриикIыжащ. Мэлыхъуэм ар зэпиплъыхьщ-къызэпиплъыхьыжри, унэм щIидзащ.

– Мэлыхъуэ лIыжьым и нэр Iуащхьэмахуэ хуэдизу ину, хы ФIыцIэм хуэдэу кууу арат?.. – Лу-Бланэ щIэмыупщIэн хузэфIэкIакъым.

Иджыри и дэлъхум жиIар зэхимых хуэдэу зищIри, Кэтэринэ къыпищащ:

– Унэм щIадза шхужьыр жьыбгъэм ятIэкIэ исеижри, удз щхъуантIэхэр къытекIэжащ, щIыпIэкIэ хъуэпсэгъуэти, жылагъуибл тетIысхьэжащ. А жылагъуиблым тIысыпIэ яхуэхъуа шхужь гъуанэм гукIэ шыгъушэ йохьэри, махуибл гъуэгу якIу. Гухэм шыгъу изу гъуанэм къокIыж. Махуэ гуэрым къупщхьэ гъуанэм къикIыжауэ шыгъушэ гуиблыр щыблэкIыжым, лэпс шыуан зыгъавэ фызым къилъэгъуащ, икIи и къуэрылъху цIыкIум жриIащ:

– А нану, лэпсым хэслъхьэну шыгъу тIэкIу схурикъуркъыми, мобыхэм къысхуеIыхыт.

Пщащэ цIыкIур гухэм япежьэри, и анэшхуэм и лъэIур яжриIащ, гуиблым ярылъ шыгъур сабийм и Iэбжьыгу къыхуракIута щхьэкIэ, лэпсым хурикъуакъым. И бынхэр, «мышыущ» жаIэу, лэпсым ефащ, лыри трашхыхьыжащ.

Апхуэдэу къуажиблыр псэууэ, бажэ гуэрым шхужь гъуанэр къыщIигъэщри, къупщхьэм егъуу иригъэжьащ. Жылагъуиблыр мэсыс, я унэхэр къызэтоуэ. Ар зи лажьэ бажэр лIы гуэрым къигъуэтри, иукIащ. НысащIэ гуэр псыхьэ кIуэуэ, бажафэ ныкъуэтехыр щилъагъум, си къуэм мыр пыIапхъэ хуэхъунщ, жиIэри, пэгунитIыр зы IэмкIэ иубыдщ, адрей IэмкIэ иIыгъ пхъэхьым бажэр къыфIигъэзагъэри, къихьащ. Бажафэ ныкъуэр и къуэм пыIэу щыхуримыкъум, къуажэ ныкъуэм хуэдиз хъун хъурыфэ пидэри, пыIэ дэгъуэ хуидащ.

Кэтэринэ жиIэж хъыбарыр зэпигъэури, гъэпцIагъэ зыхэлъ макъкIэ Лу-Бланэ къеупщIащ:

– Мы хъыбарым хэт е сыт нэхъ ин дыдэу хэтыр?

– КъысхуэпIуатэм сегупсысурэ си щхьэр игъэунэзащ ... Зым нэхърэ адрейр нэхъ инщ, нэхъ къарущ... НэгъуэщIым жиIэнур сщIэркъым, ауэ сэ бажафэ ныкъуэм хъурыфэр падэу пыIэ зыхуащIа щIалэ цIыкIур псом нэхърэ нэхъ ину къысщохъу. КъыдэкIуэтеихукIэ, ар иджыри хэхъунущ.

– Сэри аращ сызэрегупсысыр. Ауэ нэгъуэщIым нэгъуэщIу жиIэнкIэ мэхъу. Аращ щIыжаIэри: «НэгъуэщI еплъыкIи зэрыщыIэр пщIэуэ упсэун-упсэлъэн хуейщ». Зэхэпхкъэ, борэным зиущэхуж хуэдэщ, дэри дыгъуэлъыжынщ. НэхулъэфI укъикI, Лу-Бланэ!

– Уэри, Кэтэринэ, нэхулъэфI укъикI!

## ЕпщыкIущанэ Iыхьэ

*Хы губжьар мэдалъэ,*

*Кхъухь закъуэр зэредзэ.*

Махуэ нэхумрэ жэщ мазэхэмрэ щызэныкъуэкъу зэман. Хуэмурэ жэщри йокIуэсыкI. Жылэжь, зы Iэуэлъауи щызэхыумыхыу, щэхущ.

Джыраджэ Лу-Бланэ пщIыхь елъагъу: зытес уанэшым и зы щIэлъэныкъуэр хужьщ, адрейр фIыцIэщ. Шы сокур тхьэмбылыфэщ, шыкIэр гъуэжьщ. И пыIэбгъур дыгъужьыфэщ, адрей и бгъур бажафэщ. ШхуэмылакIитIри зэмыщхьщ – зыр щхъуантIэщ, адрейр плъыжьщ. Шы тхьэкIумитIри зэхуэмыдэ хужь-фIыцIафэщ. Уанэ лъэрыгъхэри дыжьынипс-дыщэпсщ. Мыщэ нэгу зэхэлъкIэ и хьэ къуэлэнри къоплъэ. Уэсыншэ къущхьэ къуабэбжьабэ папцIэхэми уафэгур ябз. Мэуэт хы нэпкъри IуокIуэт.

Хы губжьам и толъкъунхэр, тхъурымбэ къищIу, зэрызохьэ, итальян гужьеяхэр зэрыс кхъухь закъуэр щхьэхуитыншэ-Iэмалыншэу зэрадзэ, кIуэ пэтми нэпкъым пэжыжьэ хуэхъуу. А лъэныкъуэмкIэ Кэтэринэ и гуIэ макъ къоIукI. И шыпхъум дэIэпыкъуну, Лу-Бланэ и шым зыкъредзых... Ар къызэщоу, зимыщIэжу пIэкум къотIысхьэри, «Кэтэринэ» жиIэу маджэ.

– Сыт къэхъуар, Лу-Бланэ? – Кэтэринэ къыбгъэдэлъэдащ и дэлъхум.

– Итальян-генуэз кхъухьым укъикIиикIыу зэхэсхати аращ...

– А Лу-Бланэ, а си псэ закъуэ, – Кэтэринэ и бгъэгум и анэкъилъхур щIиубыдэри, жриIащ, – укъыстогузэвыхьыщэ. Зэрыплъагъущи, зыми сихьакъым икIи зыми ар хузэфIэкIынукъым. Умыгузавэ, сэ уэ уи нысашэ джэгум, зылъагъум ягъэщIагъуэу, сыкъыщыфэнущ, бжесIакъэ. Унэр упщIыIужащ. Уэ иджыри тIэкIурэ хэлъ, сэ жьэгу мафIэр зэщIэзгъэнэнщ.

– Апхуэдэ пщIыхьэпIэм иужькIэ, сыхэлъынуи сыхуейкъым. Нэхулъэри ди пщIантIэм къыдоплъэ. Былымхэм сахыхьэнщи, я хуэIухуэщIэхэр яхуэсщIэнщи нэхъыфIщ.

Лу-Бланэ псынщIэу зихуапэри, унэм щIэкIащ. Iэ ижь закъуэмкIэ пхъэ хьэнцэр иIыгъыу, бжэIупэ уэсыр итхъуу хуежьащ. Пщэдджыжьышхэ зыгъэхьэзыра Кэтэринэ гумызагъэри къыщIэкIыурэ, уэс тхъунымкIэ и дэлъхум доIэпыкъу. Апхуэдэу иджыри зэ унэм къыщIэкIауэ къелъагъу зыпэмыплъа хьэщIэ: Бэчыр Лу-Бланэ дэIэпыкъуу я пщIантIэм дэтщ. Кэтэринэ ар зыхуихьынур имыщIэу, игъэщIэгъуащ, ауэ щIэхыу зыкъищIэжри жиIащ:

– Уи махуэ фIыуэ, Бэчыр. Уи ныбжьэгъу нэхъыщIэм удэIэпыкъуну укъызэрыкIуар си гуапэщ.

Лу-Бланэ къэгузавэри, я деж Бэчыр къызэрыIухьа щIыкIэм и шыпхъур щигъэгъуэзащ:

– Лашын и пщIантIэр Бэчыр щитхъум, ди куэбжэпэми блэкIыфакъым. Си Iуэхур къыздигъэпсынщIащ, ауэ унэм нысхущIыхьэркъым.

– Къеблагъэ, Бэчыр. Лу-Бланэ пщэдджыжьышхэ дозгъэщIынщ.

– Сынеблагъэми хъунущ, ауэ мо къажэр флъагъурэ...

Къарэжь и шы фIыцIэмкIэ Джыраджэхэ я куэбжэпэм къыIулъэдащ, и шынэхъыщIэм щIопщ кIапэр хуигъэдалъэурэ щIэгубжьащ:

– Сыт мыбыхэм я пщIантIэм дэпщIыхьыр? Уи анэшхуэм и уэсятыр пщыгъупщэжауэ ара, жыIэмыдаIуэ?! Дэ мобыкIэ ди Iуэхур ди пщэм къос, езыр Джыраджэхэ яхуопщылI. Си япэ ниуви нэкIуэжыт иджыпступцIэ!

Бэчыр къыщхьэщыжыну хуеящ Лу-Бланэ, арщхьэкIэ Къарэжь игъэпсэлъакъым:

– Уи тхьэмыщкIапIэ ис уэри! – НэбгъузкIэ къахуеплъэкIыу щыт Кэтэрини щIопщыр хуигъэдэлъащ. – Уэри аращ! ПщIэнур уэзгъэщIэнщ сэ уэ... – Къарэжь шым елъэдэкъауэри, уэсыр къызэритхъуэкIыу, и къуэш нэхъыщIэм и ужь иувэжащ.

## ЕпщыкIуплIанэ Iыхьэ

*ЩIым джанэ хужьыр зыщетIагъэ,*
*ЩIымахуэми уафэр мэгъуагъуэ.*

ЗэшитIыр, зыр лъэсу, адрейр шууэ, унэм къыщысыжым, Къарэжь и шынэхъыщIэм жриIащ:

– Куэбжэр Iухи, сыдэгъэхьэж.

Зыри жимыIэу, Бэчыр куэбжэр Iуихри, и къуэш нэхъыжьыр пщIантIэм дигъэхьэжащ. Ар Къарэжь хуримыкъуу, иджыри и къуэшым жреIэ:

– Си шы IумпIэр убыди, сыкъегъэпсыхыж.

Бэчыр, къызэрыгубжьар къызыхимыгъэщу, хуищIащ и анэкъилъхур зыхуейр. ПщIантIэр къиплъыхьри, гу лъитащ уэсу дэлъыр зэрытхъуам.

– Сыт иджыри «ди пщэм къэсу диIэ Iуэхум» щыщу сщIэн хуейр? – еупщIащ и къуэшым.

– Мыдэ мыр къызэрызэпсалъэр!.. ПщIэн мащIэ, былымхэм Iус ет, псы егъафэ, пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм уэсыр къегъэщэщхэ. Сэ, Тхьэм къыстрилъхьащи, жьэгу мафIэр зэщIэзгъэнэнщ, ауэ бжызоIэ – нобэризэращ.

Былым хуэIухуэщIэхэр Бэчыр зэфIигъэкIщ, бжэIупэ кхъужьей, балиейхэм уэс щабэр къапигъэщэщри, унэм щIыхьэжащ, жьэгу яжьэр зэIищIэу щыс и шынэхъыжьым хуэсакъыурэ жриIащ:

– Дэп хэлъыж хъункъым...

– Хэлъыжккъым, дыгъуэпшыхь уегугъуатэкъыми! – Къарэжь, и къуэш нэхъыщIэм къыхуемыплъэкIыу, жэуап къритащ.

– АтIэ, иджыпсту ди гъунэгъум дэпыхьэ сыкIуэнщ.

– Дэнэ уздэкIуэнур? – Къарэжь нэщхъкIэ къеплъащ и шынэхъыщIэм, – Джыраджэхэ?

– НэгъуэщI гъунэгъухэми яIэщ дэп!

Къарэжь нэхъ щабэу Бэчыр жриIащ:

– И Iуэху зумыхуэ. Сэ иджыпсту щтаучымкIэ жьэгур зэщIэзгъэблэжынщ. Уэ пщIэнур бжесIэнщ: кIуэи, бжэныкуэр къэупщIатэ. Ди анэшхуэм зэрыжиIэу щытам хуэдэу, гуныкъуэгъуэ лъэпкъ диIэкъым, лылыбжьэфI дыдэ тщIынщ. Сэ сыкъуэш нэхъыжьщ, илъэсибгъу ди зэхуакущ, укъызэдаIуэмэ, ущыуэнукъым. Апхуэдизрэ зэжьари сыту пIэрэ ди адэ-анэр. Дауэ зэрыжаIэр нэхъыжьхэм?.. «Жэм лъакъуэ шкIэ иукIрэ?» Уэрэ сэрэ лъыкIи гукIи дызэшщ. ЗэшитIыр къамэбгъуитIщ. Мис а къамэ бгъуитIым хуэдэу дызэкъуэтыфмэ, зы цIыху къыттегушхуэнукъым, леи къыттехьэнукъым. Жылэдэсхэм ар ящIэри, аращ пщIэ къыщIытхуащIыр. Уи фIэщ хъуркъэ? Гъэхъу-тIэ. Сэращ ар бжезыIэр, уи шынэхъыжьырщ. Ауэ, къуэш нэхъыжь Iущрэ лъэщрэ сиIэщ жыпIэу, узыщымытхъуж, зыми лей иумых. Махуэ къэс уэгум иту къыткIэлъыплъ, къытхуэсакъ ди анэшхуэм къытхуидэнкъым ар, сэри пхуэздэнукъым. Сыноплъри, уэ уи мызакъуэу, сэри фейцейуэ сыхуэпащ, Панучи и кхъухьыр къэмыкIуэурэ, щыгъыныр длэжьащ. ЩIымахуэр иухрэ, къакIуэмэ, дэри къуажэдэсхэми зыкъэтхуэпэнщ.

Зэхиха псори Бэчыр игъэщIагъуэурэ, бжэныкуэр джатэ кIагуэмкIэ иупщIатэри, и къуэшым хуишиящ. Езым бжьын-бжьыныхухэр игъэхьэзыру здэщытым йогупсыс: «Кэтэринэрэ Лу-Бланэрэ я пащхьэм сыщриудыхащ, иджы, ифI зыкъришэжауэ, сыт мыхэр къыщIызжиIэр? Сэ узэрысцIыхум нэхърэ мынэхъ Iейуэ укъацIыху жылэми. Уи гупэр яхуэгъэзамэ, щхьэщэ къыпхуащIыр, уи щIыб къызэрыбгъазэу, къыпхужаIэр зэрызэхыумыхыр я насыпщ. Мыбы зыгуэр къызжиIэну хуейщ. Ауэ сыту пIэрэ къыхуэмыIуатэр?.. Кэтэринэрэ сэрэ ттеухуауэ пIэрэ?» – джатэ кIагуэр Бэчыр и Iэгум икъузауэ, и шынэхъыжьым и плIэм иплъащ. «И къуэшыр иукIыжащ зыхужезгъэIэнкъым», – жиIэри, джатэр игъэтIылъыжащ.

Бэчыр зыгъэгузавэр зэхиха хуэдэ, Къарэжь щIэупщIащ:

– АтIэ, си шынэхъыщIэ, зыри жыпIэркъыми?

– Бжьын-бжьыныхухэри супщIэтащ.

– Бжьын-бжьыныхухэр, шыбжий-шыгъухэр къызэрыбгъэхьэзырар фIыщ. Сэ сынызэроупщIар жылэ Iуэхухэращ. Сыт щагъэхъыбархэр, щалэжьхэр?

– Шэджэгъуэ нэмэзыр зыщIыну зэхуэсхэм жаIэхэм дедэIуэнщ.

– А нэмэзыщIхэм жаIэнур ящIэрэ сытми?! Къащтэ лыр, бжьыншыбжийхэр итIанэ.

Къарэжь и IэгъуапитIыр дэгъэджэрэзеяуэ пщэфIэху, Бэчыри Iуэхуншэу щысакъым: пIэхэр ищIыжащ, жыхафэр къипхъэнкIащ, Iэнэр къигъэуващ, пхъэ тепщэчхэр къытригъэуващ, гуахъуэхэр къыгуилъхьэжащ.

Бэчыр IэнэмкIэ плъэри, жиIащ:

– Дэтшхын диIэкъым.

– Дыгъуасэрей пIастэ фалъэр плъагъуркъэ? Iэнэм темытыр бжесIэнщ – ещанэ тепщэчыр. Ди анэшхуэм дыщигъашхэкIэ ещанэ тепщэчри къытригъэувэу щытащ. ПщIэжыркъэ, езыр къыддэшхэртэкъым, ауэ сывдэшхэ хуэдэу къызыщывгъэхъу, зыгуэр къакIуэмэ, и хьэлэлщ, къывдэшхэнщ, къыджиIэрт.

– ЕрыскъыкIэ ди анэшхуэр берычэту щытащ.



– Абы и закъуэтэкъым. Тхьэм къыхилъхьауэ, Iущт, цIыхуфIт. Джыраджэхи иужьрей махуэм екIужат. Ауэ и уэсятыр, зыгуэрым зыдедгъэхьэхыу, зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым... Сыт ущIыхэплъэр? Мыхъун жысIа?

– Ди анэшхуэм и уэсятыр дигу къэдгъэкIыжыныр мыхъун Iуэхукъым... Ауэ узэрыхуейуэ псори мы дунейм щыхъуу щытамэ...

– Дунейм сэ сызыхуэмей къызэрыщымыхъунур бжызоIэ. Сэ жысIэнур жысIащ, уэ укъызэдэIуэн хуейуэ аращ.

Ерагъыу Бэчыр зыхуигъэшэчри, и шынэхъыжьым еупщIащ:

– Зи цIэ къыумыIуэфым фIыкIэ и гум уилъу къыбжиIамэ, апхуэдэу жыпIэнтэкъым!..

– Хъунщ иджы! Абы нэхърэ нэхъыфIт Нэпабэ насыпыншэр ди лылыбжьэм къебгъэблэгъамэ. – Бэчыр къыпыгуфIыкIыурэ зихуапэри щIэкIащ. Къарэжь игукIэ кIэлъиутIыпщащ и шынэхъыщIэм: – А фIыуэ плъагъур умылъагъужу усщIынщ сэ уэ...

Нэпабэ и джэдыгу дыгъужьыфэ бэлацэр зыщитIагъэурэ, Бэчыр къыжриIащ:

– Апхуэдэ гулъытэ зэкъуэшхэм къыщысхуэфщIакIэ, ахьей, сынэкIуэн! – ТIэкIу дигъэкIри, дыщIигъужащ: – Сыт уи Iуэхухэр зытетыр?

– Сыт хуэдэ Iуэхухэр?.. – зи гугъу ищIым химыщIыкI нэхьей, щIэупщIащ Бэчыр.

– Мис а узытегузэвыхьу къызжепIауэ щытаращ жыхуэсIэр.

– Ар сэ нэхърэ нэхъыфIу си къуэш нэхъыжьым ещIэ... Фызэпсэлъакъэ абы теухуауэ?

– Iуэху сщIыуэ, къэсIэтакъым. ПщIэрэ ар зэрыщытыр, езыми дзыхь зыхуищIыжыркъым абы. Ауэ дызэрызэгурыIуам тету, ущIемыгъуэжамэ, уэри сэри хэдгъэзыхьынщи, ищIэIамэ, жедгъэIэнщ. Ауэ ар сэри си ныбжьэгъущ, уэри уи къуэш нэхъыжьщ, лъы хэмыту зэфIэдгъэгъэкI. АбыкIэ сэ дзыхь къысхуэпщI хъунущ, сыхэбгъэзыхьми, сэ апхуэдэ сщIэнукъым. Ярэби, махъсымэ тIэкIу иIэу пIэрэ си ныбжьэгъужьым?

– А лъэщIэудым щхьэкIэ умыгузавэ. Нэзым къэсу итщ пхъэ чейм... Шэджагъуэ нэмэзым фыкIуэнукъэ?

– Махъсымэр нэхъыбэрэ щытыху нэхъ гуащIэ мэхъу. Шэджагъуэ нэмэзым дыкъикIыжыху къыдэжьэнщ ар. НакIуэ псынщIэу, зи мэ IэфIыр къысщIихьэ лылыбжьэр дгъэупщIыIужынкъым.

Пшэ Iув щIыIэ щхъуантIафэхэм дыгъэр зыкIэщIаупщIауэ уафэм щумылъагъуми, махуэр шэджагъуэм нэсауэ, и гъуэгур екIу, джанэ хужькIэ хуэпа жыг къудамэхэр зыгъэсысын жьы щыIэкъым. Уэнжакъ закъуэтIакъуэхэм къариху Iугъуэм уафэм зыхуаIэт. Нэпабэ и джэдыгу къуапэхэм уэс лъагъуэр япхъэнкI, Бэчыр щыгъ джэдыгу кIагуэр бгырыпх псыгъуэкIэ щыкъузащ. И пыIэ бэлацэ хужьым зэрылъагэм нэхърэ нэхъ лъагэж щIохъукI ар. Лъахъстэн лъейр и лъэнкIапIэм къешэкIащ, жэмыфэ вакъэм уэс къурэр егъэкIыргъ.

Нэпабэ Бэчыр хуеплъэкIри, игукIэ жиIащ: «Мыхэр зы адэанэ къалъхуауэ уи фIэщ хъункъым. Мыр щIалэ нэгу зэлъыIуха гу къабзэщ, Къарэжь нэщхъыцэ-нэкIутIэщ. Нэхъ набдзэгубдзаплъэу акIэлъыплъмэ, зэщхь гуэрхэри яхэлъщ. Джыраджэхэ я пхъур мыбы блэIэбыкIыу, и къуэш нэкIутIэр къыхихыну... Къарэжь, езым и дагъуэр имыщIэжу, сэ къысщIонакIэ... Зэгуэрым уи щIэнэкIалъэр пхуэскъутэнщ сэ! Ауэ, а зэрыжысIауэ, лъы хэмытмэ нэхъыфIщ... Бэчыр сыкъызэригъэгугъар къысхуищIэмэ, сыкъэзыгъэувыIэн щыIэкъым ...»

ЩIыIэмэр къаIурихыу унэм къыщIыхьаитIым Къарэжь яжьэхэлъащ:

– Хы щIыбым фыщыIа, ерыскъыр вгъэупщIыIужащ! КъэтIыс, си ныбжьэгъужь. Згъэхьэзыра лылыбжьэр узимыгъусэу сшхымэ, къысхуищIэн щыIэкъым, жысIэри, укъезгъэшауэ аращи, уи хьэлэлщ.

– Уи ерыскъыр хьэлэл схуэзыщIын гуэр Iэнэм тетамэ, нэхъ хьэлэлыж схуэхъункIи хъунт. Ауэ уиIэжу къыщIэкIынкъым...

– Зыщумыгъауэ. Уэ уимыIэ Iэджи сэ сиIэщ. Модэ кIуэи, шынэхъыщIэ, махъсымэ фалъэ къытхуэхьыт.

– Къэсхьынт, шэджагъуэ нэмэзым игъуэу щымытамэ...

– Узахуэщ, Бэчыр. Зэхызох молэ Мачыхъу мызагъэр къызэрыджэр. Щыуагъэ къытIэщIэщIэ пэтащ, уэр мыхъуамэ. Махъсымэм зыри къыщыщIынукъым, лылыбжьэращ армыхъумэ. Мэжджытым дыкъикIыжмэ, дышхэми хъунут, ауэ гъэхуэбэжа псори зэрысфIэмыфIыр уэри бощIэ, си ныбжьэгъужь. Зэрыхъу хъунщ, дэ куэдым дыкъелащ, иджыри мы зым дыкъелыжынщ. ИIэ, дывгъашхэ иджы.

– Гуэныхьыр уэ къэпщтэнумэ, сыарэзыщ. Мэжджытым уэ кIуэтIэ, шынэхъыщIэ. Уи Алыхьым дызыхуейхэр къытхуищIэну, мы дызэфэ тIэкIури къытхуигъэгъуну тхуелъэIу ди цIэкIи, уи цIэкIи. ДызэхищIыкIмэ, ди гуапэ хъунщ, дызэхимыщIыкIми, ди жагъуэ хъункъым. Аракъэ, Нэпабэ?

Нэпабэ мыпIащIэурэ махъсымэ фалъэшхуэр ирифри, и Iупэр илъэщIыжурэ Къарэжь хуэгуфIащ:

– Арамэ уей, уэ сыт щыгъуи узахуэщ, гущIэгъу пхэлъщ. – А дакъикъэм пшэхэм щIихъума дыгъэр къыщыкъуэкIыжым, унэр къигъэнэхуати, Нэпабэ къызэкъуипхъуэтащ: – Дыгъэми къыддеIыгъ ар!

– УмыкIий, уафэгум къеплъыхэ ди анэшхуэм дызэхебгъэхынущ. Къытхуидэу щымыта махъсымэр едмыгъэлъагъумэ нэхъыфIщ, Iэнэ щIагъым щIэгъэувэ.

– ЩIэзгъэувэнщ, дыгъэр къухьэжыху дегъажьэ... – Нэпабэ Къарэжь Iуплъэри, игу къэкIар жриIащ: – Ауэ щыхъукIэ, уи анэшхуэ Гуащэхужь Iущым здигъэзэжа уафэгум щытыншыну, бегъымбархэм фIыуэ щалъагъуну, щагъэфIэну Тхьэ дыхуелъэIунщ. Хэт щытхъу зимыщIасэр?! Пanучи зэрыжиIэу, дэри «Iэмин» жытIэнщ. Ди гум илъыр щыжытIакIэ, иджы махъсымэ тIэкIу дытефыхьыжми ягъэ кIынкъым.



Къарэжь и гуапэу махъсымэм ефэурэ, жиIащ:

– Апхуэдэу жызыIэр итальян-генуэзхэм я закъуэкъым, дэри жыдоIэ. Абы къикIыр Мачыхъу ищIэркъым, дэри тщIэркъым.

– Дэри дыцIыхущ, абыхэм ещхьу... – Гуащэхужь «къазэрыкIэлъыплъыр» тIуми ящыгъупщэжауэ, иджыри тIэурэ-щэрэ махъсымэ ефэхэри, Нэпабэ зыхуигъэзащ: – Псори зэпэщ хуэдэщ, си ныбжьэгъуфI, уи Iуэхухэри хъарзынэу докI, зэрыжылэуи пщIэ къыпхуащI, хы щIыбым щыIэ къэрал нэгъунэ хьэщIэхэр къыпхуокI, ущIэщхьэзакъуэр сщIэркъым итIани.

Къарэжь зэхихар и гуапэ хъуами, Нэпабэ хуэгубжьащ:

– Уэ-щэ? Уэ сыт ущIэщхьэзакъуэр?

– Си ныбжьэгъуфI!.. – къыхэкIиикIащ Нэпабэ.

– Пэжщ, сэ уэ зослъыткъым... къызгурыIуащ, уигу хэзгъэщIыну сыхуеякъым. – Махъсымэ фалъэм Къарэжь и бзэр кърыгъэутIыпщащ: – ПщызбзыщIынкъым: Джыраджэхэ япхъу зыкъызыфIэщIыжам игу срихьыркъым... Панучи къызэрыкIуэу, сэ уэзгъэлъагъунщ абы есщIэр... Зыри схуемыщIэн уи гугъэ? Уэ сызэрыпхуэмыдэр пщIэркъэ?! – пыдыхьэшхыкIащ ар.

– СощIэ. – «Иджыри укъысщIэнакIэрэ?» – жиIэщ Нэпабэ игукIи, Къарэжь щытхъужащ: – Уэ пхуэщIэнущ! Ауэ... – Нэпабэ и «ауэр» и кIэм нимыгъэсу, махъсымэр къиIэтри хэфащ.

Къарэжь, губжьауэ, и нэхэр къилыдыкIащ.

– Си шынэхъыщIэ мыдаIуэра зи гугъу пщIыр?! – Къарэжь и макъым нэхъ щабэ зригъэщIыжри, Нэпабэ еупщIыжащ: – Абы уепсалъэу, къыгурыбгъэIуэну жыпIатэкъэ?

– ЖысIат, ауэ абы жиIэр нэгъуэщIщ...

– Ы-ы!.. – Къарэжь къэгубжьащ, уафэ гъуагъуэ жыжьэм и макъыр зэрызэхихыу, и щхьэр фIиубыдыкIыжащ: – Щыблэ макъ зэхэсхыр?..

– УмыгъэщIагъуэ, щIымахуэми щыблэ мауэ, – жриIащ Нэпабэ Къарэжь.

## ЕпщыкIутхуанэ Iыхьэ

*Гугъэ жыжьэм узрегъажьэ,*
*Мыухыж гугъэм уеух.*

Уи Iуэху зыхэмылъыр зэбгъэзэхуэну ухуежьэмэ, лажьэ къыпхухэкIынщ щIыжаIар Нэпабэ хуэдэхэра хъунт. ЩыцIыкIум Абэзэхэм къыщыфIаща «Нэпабэ» цIэр иджы шапсыгъ-жэней лъэныкъуэмкIэ щигъэпэжу щопсэу. Къыщыгубжьам деж Абэзэхэм игъэзэжыну жиIэ щхьэкIэ, хуэщIэнукъым. Абы къыщращIа мыгъуагъэр мы лъэныкъуэм щызыщIэр Къарэжь и закъуэщ, мобыкIэ абэзэхэхэми, кIэмыргуейхэми, мэхъуэшхэми ящIэ. ЦIыхубзхэм я жьэ зыжьэдэбгъахуэмэ, апхуэдэ Iэджэ къыпхужаIэнщ, жиIэми, Нэпабэ и теплъэ бжьыфIэмрэ и цIыхухъу дагъуэмрэ зэхуэкIуэркъым. Абы щыщщ зэрыпцIыIуэпцIышэри, хьэрэмагъ хэлъри. БжьыфIагъ закъуэкIэ цIыхум уазэрыхэмытыфынур Нэпабэ ещIэ, абы къыхэкIкIэ, зыми и Iуэху яхимылъхьэу, и дагъуэр зыщIэ Къарэжь жиIэр дыжеIэ, ищIэр дещIэ. Езым и ныбжьэгъу пхъужьхэми, зи дэкIуэгъуэ пщащэхэми ядогушыIэ, къегъэгугъэ, къыдехьэх...

«Мы зэшитIым дзыхь яхуэпщI хъуну пIэрэ, сыт хуэдэ цIыхуу къыщIэкIыну?! – Нэпабэ и щхьэ хужеIэж. – Бзылъхугъэ щхьэкIэ, бий зэхуэхъунущ, зэрыукIынущ. Бэчыр сыкъызэригъэгугъа дыщэ-дыжьын мылъкур къызитмэ, сыт фыхуейми зэфщIэж, сигу фщIэгъунукъым. Ар къысIэрыхьэмэ, сыт Панучи нэпсейм хуэдэхэр зэрысщIынур, зэры-Каффэу, кхъухь зыбжани щIыгъужу, къэсщэхуфынущ! Хы ФIыцIэмрэ Мэуэт хымрэ щызэхэлъадэ Iузэв щIыпIэми лъэмыж теслъхьэнщ! Си дагъуэри зыгъэхъужын Iэзэ къэзгъуэтынщи, си цIэ Iейри нэхъ дахэкIэ зэрезгъэхъуэкIыжынщ! Ей, Алыхь лъапIэу лъагэм и нэфI къызыщыхуэн Нэпабэ, а узыщIэхъуэпс мылъкур дэнэ щыIэ? Уи нитIкIэ плъэгъуа? Уи IэкIэ утеIэба? Псыхъуэм унэмысу, уи гъуэншэдж лъапэр умыIэт...»

Махуэ гуэрым, Къарэжь жылэм зэрыдэмысыр Нэпабэ зригъэащIэри, Бэчыр зыхуигъэзащ.

– ФыкъэлъагъуэркъыМ, сыт фи хъыбар?

– Дызэрызэпсалъэрэ уэращ зыри жызымыIэжыр. Къеблагъэ!

– Дапщэщ дыщызэIущIар, лылыбжьэ IэфIыр зэрытшхрэ?.. – Нэпабэ зигъэфIэрафIэу Бэчыр къеупщIри, езыр-езыру жэуап зрищыжащ: – Дауэ умыщIэжынрэ, уафэр къыщыгъуэгъуа махуэращ иужьу дыщызэхуэзар. Унэм сынышIыхьэми хъунут, ауэ си ныбжьэгъуфIыр щыщIэмыскIэ сыт щысщIэн. Дэнэ щыIэ уи шынэхъыжьыр?

– И лъапщэр къеузырти, къупщхьэм еIэзэу ди къуажэ гъунэгъум дэсым деж кIуащ. СынодаIуэ, Нэпабэ.

– ЖысIаи, ущIэгузэвэн узкъым ар.

Нэпабэ и мурадыр къызыгурыIуа Бэчыр, макъ зэтеубыдакIэ иджыри зэ жриIащ:

– СынодаIуэ.

– Уи шынэхъыжьымрэ уэрэ фыщIызэгурымыIуэ Iуэхура зи гугъу пхуэсщIыну узыхуейр?.. Абы теухуауэ сепсэлъащ, – Нэпабэ Къарэжь жриIа дыдэр иджы Бэчыри жреIэ: – Абы жиIэр нэгъуэщIщ. Ауэ, лIэныгъэм нэмыщI, зэфIэмыкIыжын Iуэху щыIэкъым... Зи ужь дихьам сытезыгъэгушхуэн мылъку сызэрыхуейр бжесIакIэщ.

– АбыкIэ дызэгурыIуатэкъэ?

– ДызэгурыIуат, ауэ апхуэдиз мылъку уэ дэнэ къипхыну? Си фIэщ хъунукъым уиIэу, си нитIкIэ сымылъэгъуауэ.

– Хъунщ. Унэм унышщIэмыхьэнуми, пщIантIэм къыдыхьэ...

– Абы хуэкIуэмэ, унэми сынышIыхьэнщ.

Бэчыр къэлътмакъыщхьэр итIатэри, илъыр Нэпабэ иригъэлъэгъуащ. Нэпабэ къызэщIипхъуэтащ:

– Я си Тхьэ, я си Алыхь лъапIэу лъагэ, мы слъагъур сыт!.. Мы къомыр Къарэжь дэнэ къриха? Зэ, къэлътмакъыщхьэр умыпхэж! Илъыр сумыгъэлъагъунуми, зы Iэпэ закъуэкIэ сылъэгъэIэс... И щхьэм телъым хуэдэ и лъабжьэм щIэлъри?..

– ДызэрызэгурыIуар зэфIэбгъэкIмэ, мыбы и Iыхьэ щанэр ууейщ.

– И ныкъуэр!

Бэчыр дыхьэшхащ:

– И ныкъуэмэ, и ныкъуэщ.

Нэпабэ и жэуапыр кIэщIт:

– Хы хуэмыр зэхудипIалъэщ. – ТIэкIу щыму щытри, жиIам къыпищащ: – Фэ тIум, уэрэ Кэтэринэрэ, апхуэдизу гу зэхуэфщIауэ сщIакъым...

## ЕпщыкIуханэ Iыхьэ

*Уи гупэкIэ дыгъэр мэдзакъэ,*

*Уи щIыбымкIэ щIымахуэ борэнщ.*

ЩIымахуэм и иужьрей мазэм и уэс нэпсхэр, «къысхуэгъэгъу» жраIэ хуэдэ, гъатхэпэ махуэхэм щIалъэщIыкI. Жыг гулъхэр жьы хуабэм щIохъуэпс. Бгы дыгъэуапIэ джабэхэр удзыпэ щхъуантIэхэм зэщIащтэ. Уафэгури гуфIэ нэгукIэ щIым къыщхьэщытщ. Ахэр зылъагъу хыри тебэяуэжащ. Къарэжьрэ Нэпабэрэ зэжьа Панучи и кхъухьыр нэпкъым кIэрытщ.

Нэпабэ, шым къемыпсыхыу, Къарэжь еджащ.

Бэчыр унэм къыщIэкIащ.

– Къарэжь щIэскъэ? ЩIэсмэ, къыщIэгъэкI, – Нэпабэ Бэчыр жриIэри, нэхъ макъ щэхукIэ еупщIыжащ: – Панучи къэкIуащ, жыхуэтIар къащти, хы Iуфэм накIуэ.

Къарэжь и нэм щIэIуэтыхьу къыщIэкIащ унэм:

– Сыт укъыщIыщIэмыхьэр?

– Сыт щхьэкIэ сынызщIыхьэн, Панучи къэкIуауэ.

– Ы-ы, си ныбжьэгъур къэкIуа?! Дэ дожейри унэм дыщIэлъщ. Модэ си шы-уанэр къысхузэтелъхьэт, Бэчыр. Уэри накIуэ, си ныбжьэгъум нэIуасэ ухуэсщIынущ. – Бэчыр шэщымкIэ зэрекIуэкIыу, Къарэжь Нэпабэ йоупщI: – Джыраджэхэ япхъу пагэр щыIэ?

– Ауэ щыIэ! И дэлъху нэхъыщIэ Iэшэри и гъусэу!

– Абы зыкIи дыхуейкъым.

– Аращ, ауэ ар и мыгъусэу лъэбакъуэ ичыркъым абы...

– Арамэ, иужьрей лъэбакъуэр хы Iуфэм щедгъэчынщ абы. – Бэчыр здэкIуа лъэныкъуэмкIэ Къарэжь плъэурэ, Нэпабэ гуригъэIуащ: – Мобы къищIэ хъунукъым зи Iуэху зетхуэр.

– КъищIэнукъым, къищIи хъунукъым! – Нэпабэ игукIэ дыхьэшхри, Къарэжь арэзы дэхъуащ.

Жылэм дэкIыхуи, къуажэ гъунэр къызэранэкIыхуи, Нэпабэ щтэIэщтаблэу къызэплъэкIыурэ кIуащ. Ар Къарэжь игу иримыхьу, жиIащ:

– Сыт къыпщыщIар, уи нитIыр уи щIыбагъымкIэ щыIи?

– Тхьэм жиIэмэ, псори тэмэмщ, дыпсэущ, дыузыншэщ, «Бэчыр къакIуэу пIэрэ?» – жысIэу, сызэплъэкIыу аращ.

– Гухэлъ зыхуэтщIар егъэлъагъуи, хьэдрыхэ лъэмыжми икIынщ ар... Панучи къызэрыкIуар яжриIэну Джыраджэхэ я деж жа хъунщ.

– Лейуэ жащ, жами... Куэд щIащ ахэр Панучи нэпсейм деж щыщахуэу зэрыщытрэ.

– Апхуэдэ псалъэхэр хужумыIэ, Нэпабэ, си ныбжьэгъу Панучи, – Къарэжь жиIэри, дэгушыIащ, – уэри уишри фызэрызэкIэрыщIауэ фищэхуну ухуэмеймэ.

– Уи нэр къаплъэу, си ныбжьэгъужь, хамэлIым ар ебгъэщIэнут уэ.

– Нобэ ди Iуэхур зэрызэфIэкIынум елъытащ ар... – ТIэкIу зэпигъэури, Къарэжь Нэпабэ жриIащ: – Умыгузавэ, пхуэдиз дыщэ си пащхьэ кърагъэувэми, ар сэ схуэщIэнукъым.

– Абы щыгъуэм дзыхь пхузощI. Апхуэдэ зыгуэр пщIэмэ, уафэгум къиплъыкI уи анэшхуэм къыпхуидэнкъым, уи шынэхъыщIэ Бэчыри аращ.

– Сыт мы зи гугъу тщIыхэр, догувэ... – Къарэжь и шым елъэдэкъауэри, щригъэлъым, къухьэпIэм зыщыхуэза шу лIыжьым еупщIащ: – Сыт, ди адэ, зыри къэпщэхуакъыми?

– Къэсщэхун, Панучи ищэу хъуар лъапсейщ...

– ЛъапIэу имыщэну жесIати абы.

– ДапщэщыжепIар?.. – лIыжьыр щIэупщIэри, жэуапи зрытыжащ: – Нэгъабэ бжьыхьэра хъунщ, иджы гъатхэр къэсащ...

– НакIуэ, ди адэ, узыхуейр къыпхуезгъэщIэнщ сэ абы. Сыт жыпIэр, Нэпабэ?

– Уей, ебгъэщIэфынум, гуфIэжу къодэIуэнум езыри, – упщIэм ежьа хуэдэ, жэуап къитащ Нэпабэ, – «уи щхьэр къыфIэхуауэ уамыгъэлъэIуэжмэ», – игукIэ къыпищащ.

– Хьэуэ, хьэуэ, зи псалъэ тетыж цIыхукъым ар, уи щхьэр хуумыгъэлъахъшэ.

«Мыдэ мыбы жиIэр, – Нэпабэ зэхихар игъэщIэгъуащ, – Панучи и щхьэр хуигъэщхъыркъым, фэри хуэвмыгъэщхъ къыджеIэ. ГъэщIэгъуэныр, мы си гъусэм щымышынэу, сатум арэзы къызэримыщIыр къызэрыжриIаращ. Жылэм щагъэхъыбархэращ мыбы жиIэ хабзэр. Сэ зэрысщIэмкIэ, Къарэжь ахэр фIэфIкъым, Панучири тхьэгъэпцI-гъэпцIакIуэщ. Зэхуэмыдэ къызэдэфэркъым, зэмыщхь зэдэуджыркъым, жи. Бэчыр сыкъимыгъэпцIэжтэмэ, сэ мы зэшитIыр къызэдэзгъэфэнт икIи къызэдэзгъэуджынт. АрщхьэкIэ, сыткIэ сщIэн ахэр къызэрыщIэкIыжынур, зэкъуэшщ, зы адэ-анэ къызэдалъхуауэ... Бэчыр къысхуэмыпэжу къыщIэкIмэ, зэшитIри зэдезгъэхьынщ. Мы никъусаныр* къысщымыщIамэ, а фызытелIэ Джыраджэхэ я пхъум куэд щIат фызэрыпызгъэкIрэ...»

Къарэжь и Iуэхур зэрызэфIэкIынум йогупсыс: «Сэ Джыраджэхэ я пхъум сыпыкIыфащ, ауэ абы лъэкIащ си къуэш нэхъыщIэм и щхьэр игъэунэзэн. Жылэр къытщигъэдыхьэшхыу, ди зэхуаку къыщIыдыхьар сыт ар? Си къуэш нэхъыщIэм сешхыдэми, секIужми, сыхуэгубжьми, и лыр згъэузынукъым, ауэ уэ тхьэIухудыр ухущIезгъэгъуэжынщ а къыдэпщIам, дэ тIур дыкъыщумылъагъун щIыпIэ, игъащIэкIэ укъыздимыкIыжыфын щIыпIэ, уезгъэшэнщ. Уи мызакъуэу, мы къысщыдыхьэшхыу си гъусэ делэри гъусэ ныпхуэсщIынщ. Зи мыхъуми, зы шы уасэ къыщIэсхынщ абы...»



– Сыноплъри, Нэпабэ, зыгуэрым ухегъаплъэ, узыгъэгузавэ щыIэмэ, къызжеIэ.

– Уэ пхуэдэ си гъусэу, си ныбжьэгъу, сыщIэгузэвэн дэнэ къикIын? Ди мурадхэр къыщыдэхъулIэну нобэрей махуэри дыгъэпсщ, хыри сабырщ.

– ДэнэкIи дыгъэпсщ икIи гупсэхугъуэщ. Ауэ уэ зэхэпхагъэнщ мы псалъэжьыр: «Уи нэгум къыщиплъэкIэ, дыгъэм хуэдэщи, къыпхуогуфIэ, уи щIыбыр къэбгъэзамэ, щIымахуэ борэнщ».

– Зэхэсхащ, ауэ сыт ар уигу къэзыгъэкIыжар?.. Дэ тIум дзыхь зэхуэдмыщIыжу ара?

– Хэт ищIэрэ, жызоIэри аращ.

Нэпабэ шхуэмылакIэмкIэ и шыр къыжьэдикъуащ:

– Дзыхь къысхуумыщIмэ, согъэзэж!

Къарэжь Нэпабэ жриIащ:

– «ЩхьэкIуэмыдэр кIуэдыгъуафIэщ», жаIэ.

* Никъусан – никъусаныгъэ; щIэщхъу.

– НакIуэ, ар дэ тIум къыдэхьэлIакъым.

– НакIуэмэ, накIуэ-тIэ, Пантучи къыдожьэ.

ШууитIыр кхъухь къэувыIэпIэм щыIухьам, Бэчырщ япэу къалъэгъуар. Къарэжь и къуэш нэхъыщIэм зыхуегъазэ:

– Дэ мащIэрэ дыножьа, уэ мыбдеж ущытщ. Дэнэ щыIэ уи ныбжьэгъу Лу-Блани и шыпхъури?

– ЩэкI гуэрхэр къаригъэлъагъуну Пантучи кхъухьым иришащ ахэр.

– Уэ-щэ?

– Ахъшэ сымыIыгъыу, кхъухьым сыт исщIыхьын...

Къарэжь бгъэжьым хуэдэу уанэм зыкърищзри, жиIащ:

– Иджыпсту къэзгъэзэжынщ сэ...

«Къэбгъэзэжынщ, къыуагъэгъэзэжмэ!..» – пыдыхьэшхыкIащ Нэпабэ, Къарэжь кIэлъыплъурэ.

– Джыраджэхэ кхъухьым къикIыжынщ, уэ абыхэм ежьэ. Сэ мы щIыпIэми, зэпытрыкIуэ хъун Жылэжьи афIэкIа сыщыфлъагъужынукъым! – Бэчыр къыIэщIитхъа дыщэ-дыжьын зэкIуэцIышыхьар и къэптал гуфIакIэм дикуэщ, шым елъэдэкъауэри, Нэпабэ къызэмыплъэкIыу щIэпхъуащ мэз лъэныкъуэмкIэ.

Абдежым Къарэжьи, Кэтэрини, Лу-Блани зэрыс кхъухьыр нэпкъым IусыкIыжу хуежьащ. Бэчыр, къэхъур къыгурымыIуэу, Iэпэлъапэсыс хъуарэ дэIэпыкъуэгъуншэу, къыIунащ хы Iуфэм.

МыпIащIэу IусыкIыж кхъухьым Лу-Бланэ кърадзауэ зэрилъагъуу, Бэчыр зэрыхуэпауэ хым зыхидзащ...

И псэр пыт къудейуэ, хы щIыIэм къыхалъэфыжа Лу-Бланэ зэрызыкъищIэжу щIэупщIащ:

– Кэтэринэ дэнэ щыIэ?..

*ЗэзыдзэкIар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ**
*КъыкIэлъыкIуэнущ*



*Усэхэр* МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ



# СОНЕТХЭР

1

Зеиншэу Пэжыр къыдэнащ уэрамым,
Iыхьлыи благъи къыхуэмынэжа.
Псапэшхуэ хъунт зыгуэрым щIигъэхьамэ,
АрщхьэкIэ цIыхухэр псапэм щыужащ.

Зыгуэрым бжэр ищIати дамэдазэ,
Ауан къыщащIым, игъэбыдэжащ.
Шынащ адрейри, Пэжыр схуэхъурэ гъусэ
СIэщIихмэ, жери, пцIы сызэсэжар.

Мы дунеижьым фIы щIэмылъ и нэгум,
ГъэпцIагъэрщ гъуазэ закъуэу къыхуэнар.
Зи гущIэм Пэжыр щызыгъафIэ тIэкIум
ЗемыкIуэж ахъшэу ар къаIэщIэнащ.

Мы дуней нэпцIым Пэжым гъуэгу щигъуэткъым.
Сытхэр щыхабзэ дуней пэж-ахърэтым?!

2

Изым никъуэр зэрызыхимыщIэм
Хэзмылъагъуэ сэ гъэщIэгъуэн гуэр.
ЩIакхъуэ бзыгъэ щхьэкIэ зыр мэлIыщIэ,
Адрейм дапщэщи изщ и гуэн.

ЯщIыгъат пхъэидзи, дыгъэмыхъуэр —
Арт и натIэр — никъуэм къыхихащ.
Къэнэжа дыгъафIэр, гугъу демыхьу,
Тхьэ Iэмырти, изым Iэрыхьащ.

Никъуэм игу щIэникъуэр мэхъу куэдыщэ.
Изыр — изщи, зыкIи игу мыуз.
Изрэ никъуэрэ щIызэрымыщIэр,
Тетхэщи аращ дуней зырыз.

ЗэрызгъэщIэгъуэнур къысхуэмыщIэ:
Никъуэм никъуэр сыт щIызыхимыщIэр?



3

Мэзышхуэм пэмыжыжьэу щыкI жыг закъуэм
Къэхъугъэр сыткIи нэхъ къыхуэлъэрейщ:
ЕфыщIыр жьыбгъэм, щIыIэм егъэдыкъыр,
НэщанэуапIэ щыблэм къиищIырейщ.

А жыгыр и лъэпкъэгъухэм хуеIэ щхьэкIэ,
Хуабагъ хуэникъуэм хамыбжэххэ ар.
ЗэлъоIэсыжри езыхэм я щхьэкIэр,
Жыг закъуэр ауи къащIыркъым хъымпIар.

Гукъеуэу иIэр фIыхуэкIуэжу губжьым
Мэз гуэрэнышхуэм хуодзэлашхэ ар...
Абы хуэдабзэщ закъуэныгъэ ткIыбжьым
И хьэлъэ псори цIыху къызытещIар.

Зи закъуэу гугъу ехьам зыпэщIумысэ,
Уи фочри пэлъэщынкъым абы и сэм.

4

Си жыгыр пхъэщхьэмыщхьэм къыщикъутэм,
И жьауэм уфIэфIыпсу ущIэсащ.
Уэ къехыу жыгыр щызэтрикъутэм,
УпIащIэу щхьэ лъэныкъуэ зебгъэза?

Уежажьэу уимылъадэ губгъуэ нэщIым,
Къуэладжэ умыцIыхухэми иумыку.
Дунейр къэхъуакъым щыуэлбанэ защIэ, —
КъещIыжыр уэшх нэужьми лэгъупыкъу.

Губгъэн пхуэсщIами, кIэншэу сыппэплъэнущ,
Ауэ бжесIэну мыри си къалэнщ:
Джабэплъу мыIэрысэм уаIуплъэнум,
Ар къызыпыкIэм хуейщ зебгъэлIэлIэн.

Къикъутэм жыгыр — щIэгъэкъуэн хуэщIыпхъэщ.
Щыгъужым дежи — псыкIэ ар гъэнщIыпхъэщ.



5

Уэ удахащэщ, ауэ щыхъукIэ
Дахагъэм щхьэ ухуэгунэф?
Мэз лъапэм щыкI удз дахэм нэхърэ
Гъэгъа IэрыщIыр щхьэ нэхъ пфIэфI?

Слъэгъуакъым зэи упIейтейуэ,
ГуфIэгъуэ нэпс е гуауэ нэпс
Си фIэщ схуэмыщI къыпфIыщIэкIауэ, —
Фэеплъ гъэжам урещхьыркъэпсщ.

ХуэпщIащи кIэншэу лъагъуныгъэ, —
Уи дыщэхэкIхэр уогъэпIий.
Сыныпхуэзамэ — уи дахагъэм
Къыхиху щIыIэбжьым сегъэдий.

Iэпкълъэпкъыр псэм и фащэщ — ар зэгъащIэ.
Къыпхуэтщ уэ псэ — зыщыптIэгъэн а фащэр.

6

«ЗэращIым ещхьу усакIуэшхуэ куэдым,
Щытхъупс си мыгъуэм къезмыгъэжэхын», —
Шекспир зэгуэрым жиIэгъащ апхуэдэу.
А Iуэху еплъыкIэр сэри дэсIыгъынщ.

И нитIыр вагъуэ лыдхэм езгъэпщэнкъым,
И Iупэр балий плъыфэу жызмыIэн.
Шабзэкъум и набдзитIыр езгъэщхьынкъым,
Си тхьэпэлъытэу ар сымыгъэIун.

И теплъэм ситхьэкъуами къэгъэзэншэу,
А щэхур зыми дзыхь сэ хуэзмыщIын.
Пщэдджыжь къэсыхукIэ зыбгъэдэс гъуджэшхуэм
Хуэдабзэу, сэри слъагъур фщызбзыщIынщ.

Си пщащэм и дахагъэм зы псалъи тезухуэнкъым, —
Сыхуейкъым си зэранкIэ нэ къытрагъэхуэну.



7

*Хьэмыкъуэ Маринэ и фэеплъу*

Хэт быным, хэти мылъкум зэпищIауэ
ФэрыщIу зэдэпсэухэр мэхъур куэд.
Уэ дэрэ гухэлъ къабзэ зэхуэтщIауэ
Дыпсэурт, ди гущIэм кърищу уэрэд.

ФэрыщIхэм дигу ящIэгъуэрт ди фIэщыпэу:
ЗэрощI я жагъуэ, тыншу зопцIыжыф.
Апхуэдэу щыхъукIи, и тезырым напэм,
Гугъу демыхьыщэу, ахэр IэщIокIыф.

...Зэман дэкIащ. Уи кхъащхьэм сыщхьэщыту,
БлэкIам сытегъэу, си гур соухыж.
Къэхъуакъым насып псори зым ириту,
Къыдет гуфIэгъуи — пIащIэу тIэщIехыж.

ФэрыщIхэри зыгуэркIэ насыпыфIэщ:
Зыр лIэкIэ, зым дунейр къытемыункIыфIэ.

## ФАДАФЭ

Пщэдджыжьым жьыуэ къызэщоури,
И нэ утхъуахэмкIэ зеплъыхь.
Шэнт къуапэм фIэлъ гъуэншэджым йоуэ —
ЩхьэщIыж къилъыхъуэу хэтщ бэлыхь.

ЗэщIэкIэзызэурэ зехуапэ,
Псы тIэкIу и нэкIум лъегъэIэс.
Ундэрэбжьарэ лъэпэрапэу
Кафе гъунэгъум псэр нехьэс.

Хупатхэ щIыхуэм — ирагъафэ,
Хуопсалъэ и щхьэ — хидзэжащ…
И нэкIущхьитIыр плъыжь-морафэщ,
И джанэ пщампIэр текIыжащ.



Пищэнут адэкIи — щымыкIуэ…
Я деж зебыршэурэ мэкIуэж.
ЩIалэжь цIыкIу джэгухэр: «Ей, Хьэмыкъэ!» —
КъыкIэлъокIийри, загъэпщкIуж.

Ауэ феплъыпэт а тхьэмыщкIэм —
БэкъуэхукIэ кууэ хощэтыкI,
И псэ ужьыхым щыщ зы хъуаскIэ,
Щэнауэу, къощыр и нэджыдж.

Щытат зэгуэрым лэжьакIуэшхуэу,
И щапхъэм щIэбли щIапIыкIат,
И лъахи лъэпкъи иригушхуэу,
Гуп псо и уасэу къекIуэкIат.

ЗэхъуэкIыныгъэм и псы уэрыр
Пэмыплъэххауэ къыщIэуащ.
ИгъэлъэпIари щIэпсэуари
IэщIихри — щIигъэмбрыуащ.

Зэпхъуэну шхийр къыхуэмыгъуэту
Бэлыхьу мащIэ ишэчар?!

И бампIэр фадэм ныхуиIуатэу
Къыдэнэжакъэ — зэфIэкIащ.

Ар IэщIагъэлIт, ар хуейт лэжьэну, —
И гугъэ IэфIхэм пагъэкIащ:
ФIыхаутащ щысхьыншэу и пщIэр,
И гущIэр къраунэщIыкIащ.

ЩыхузэфIэкI-щихьэмтетыгъуэм
ИIащ ныбжьэгъуу куэдыкIей,
Иджы, зыгуэркIэ ялъэгъуамэ,
Емынэ узу, зыщадзей.

Фэ, а фадафэр зи Iумпэмхэ,
ЗыпыIузыдзхэ, сывоупщI:
Хуэпэж зэпыту щIыхьым, напэм
Къыфхэтыр дапщэ? — СщыфщIыт IупщI.

Уэ, а фадафэм ныхуеплъэкIыу,
КIэлъыдыхьэшхыу ежьэжа,
Уигу къэгъэкIыжыт шагъыр абджым,
БунэщIу, ущытегъэжар.

Хуеякъым хъуну хьэкIэпыч ар,
ХьэрычэтыщIи мыхъуфа.
Зи гупкIэ исым и уэрэдым,
Фэ фэщхьу, демыжьууфа.

ЗыхуегъэкIуакъым зэманыщIэу
Зи напэр сомкIэ зыщэжам.
Зыхуегъэсакъым, сыт имыщIэм,
ГъэпцIагъэу фэ фызэсэжам.

Ар мыбзаджащIэ, мыдыгъуакIуэ,
Ар мыIужажэ, мыахьмакъ.
Щхьэхуещэ гупхэр узэщIакIуэу
ХущIэгъэхуакъым и тэмакъ.

Кафем хуэзышэ лъагъуэ закъуэм
Ар тетщ, хуэмыхъуу зым зэран.

Фэ, къэрал жыпыр зыунэщIахэ,
Фыхуиткъым фщIыну ар ауан.

Фэращ цIыхубэр гугъапIэншэу
Уэрамым дэзыутIыпщхьэжар.
Фэращ къэралыр зыгъэплъакъуэу,
ЩыхупIэ нэзым Iузышар.

Къылъывгъэсахэр пудыныгъэу
Хуэхъуащ абы уз мыхъужын…
Апхуэдэ дэсщ ди къалэ къэскIэ,
Ди къуажэ къэскIи къыдэпшынщ.

…Хэт жэуаптакIуэу къэувынур?
Хэт тезыщIэнур суд блэкIам?
Нэмысу игъуэ псэ хей минхэр,
КIакхъу щIамычауэ, яукIащ.
1993



* * *

Махуэ къэсыхункIэ — нэкIу фэрыщI,
Махуэ къэсыхункIэ — цIыху мыгъасэ…
Дунеижьыр екIакIуэу къысфIощI,
Тебгэжа къысфIощIыр и дыгъуасэм.

И дыгъуасэр псэкIэ нэхъ къулейт,
И дыгъуасэм напэр щынэхъ лъапIэт.
Иджы дэнкIи зыщыплъыхь — дунейм,
Мылъку фIэкIа, иIэжкъым нэгъуэщI плъапIэ…

Щхьэхуещэным дещIыр Iимансыз,
Тхьэми цIыхуми дафIэмылIыкIыжу.
Зыхэлъыжыр мащIэ хъуащ нэмыс,
МащIэ дыдэщ зи щIыхь зыIыгъыжыр.

Махуэ къэсыхункIэ — нэкIу фэрыщI,
Махуэ къэсыхункIэ — цIыху мыгъасэ…
Нэм къиплъыхьыр пщIыхь шынагъуэу сфIощI,
Сыкъэмыушыжури хокIасэ.

* * *

И IитIыр хьэлъэм иришэхыу,
Си япэ иту кIуэрт цIыхубз.
ХуэзанщIэ сэ сызэрыхъуххэу,
ЖесIащ: «Уи хьэлъэр нэзгъэхьэс».

КъыгурыIуакъым си гулъытэр,
Къызэплъщ ней-нейуи ежьэжащ.
СыкIэлъыплъыжу сыздэщытым,
Сэр-сэру сегупсысыжащ:

ГущIэгъу хуэхей мы ди лIэщIыгъуэм
КъыдищIэ псом я лейкъэ ар:
Дэтлъагъумэ цIыхум гумащIагъэ,
ДгъэщIагъуэу сыт дыкъыщIэнар?!

* * *



Удз дахэр мысэм IэщIолъхьэ,
Псэ хейм лъыбгъэсыр ежьужьщ…
Уи хабзэ пхэнжхэм щIэмычэу
СыкъагъэуIэбжь, дунеижь.

АкъылкIэ сыппэувынути,
Щхьэ лъынтхуэм а псор хуэхьынукъым.
Гу пцIанэр ппэзгъэувынути,
Гукъуэпсхэр пшэщIыщэ хъунукъым.

ЩIыкIафIэу зыбдезгъэкIунути,
Си напэм схутегъэхуэнукъым.
Си напэм сэ сещэжынути,
Напэншэу сыпсэуфынукъым.

Си хужьыр фIыцIэу жыбоIэ,
Си фIыцIэм фIыбощыр хужь.
Уэ дэрэ дыздемыкIуну
Иухагъэнщ, дунеижь.
1995

* * *

Си щхьэц фIыцIэр
Дыжьыным и фэгъуу
Слъагъуми гъэхэм
ЗэрыхадыкIар,
Къызихыжу сэлам
Си щIалэгъуэм
Нобэ фIэкI
Си гущхьэм къэмыкIа.

Сэ дыгъуасэ хуэди,
ЛъапцIэрыщэу,
Ди пщIантIэшхуэм
Къыщыщызжыхьар,
ЗгъэгуфIэныр бзухэр
Си гуращэу —
Бжэндэхъу абгъуи
Ахэм щахуэсщIар.



Дауэ ар,
Езым гу лъызмытэжу,
Сэ си ныбжьыр
ЗэрыхэкIуэтар?
Гъатхэ хадэм
Ситу си гугъэжу —
Бжьыхьэ мэзым
СыкъыщIэхутащ.

Насып фалъэу
Си щIалэгъуэм и бжьэм
Си гум щызу
СыхэмыфыкIа,
Ауэ солъагъужыр
Иджы Iупщlу
Си илъэс нэхъыфIхэр
ЗэрикIар.

Зэлъа хъархэр
Къытещынщ си нэкIум,

Пэлъэщын зэманым
Хэт лъэкӀа?
Си Ӏэпкълъэпкъми
ЩыупщӀыӀунщ тӀэкӀу-тӀэкӀуу
Гухэлъ мафӀэу
Лъыр къезыхуэкӀар.

Си щӀалэгъуэу
Сезыхьэжьа дамэ,
Си уэрэд жыгъырууэ
СӀэщӀэкӀа,
Уи фэеплъщ уэ
Сэ си нэпскъудамэу
Тхьэмпэ гъуэжьхэм
СфӀытелыдыкӀар.

Нэр зэтеспӀэм —
Бжьыхьэм и нэщэнэу,
Жьыбгъэ псынщӀэм
Уэрамхэр епхъэнкӀ.
Мес, зыгуэрым
ПщӀащэ игъэсынум
Хадэм и кум
МафӀэ щрещӀэкӀ.

Си щӀымахуэ,
УкъысхуэмыпӀащӀэ,
СынишэхукӀэ
Си бжьыхьэм уи дей.
Сэ мурад щызгъафӀэхэм
Си гущӀэм
Гъунэ ислъэу
КъыщӀэздза къудейщ.

Дауэ ар,
Езым гу лъызмытэжу,
Сэ си ныбжьыр
ЗэрыхэкӀуэтар?
Гъатхэ хадэм
Ситу си гугъэжу —

Бжьыхьэ мэзым
СыкъыщIэхуташ.

## ЕЗМЫГЪЭХЬА ПИСЬМО

Сэлам узох,
ЦIыхухъу сэлам,
Бгырыс сэлам,
Сэ фIыуэ слъагъум и щхьэгъусэ.
НыпхуэсIуэтэну си гупсысэр
Сыхигъэзыхьу сигу къэплъам
Аращ къэсщтауэ сэ къалэм.

НэчыхькIэ уэ пхуэхъуар щхьэгъусэ
СоцIыхур щIауэ илъэс куэд.
И гухэлъ мафIэм щэхуу сису,
Хуэзгъэфэщар мызы уэрэд.

Дэ мызы гъатхэ дызэщIыгъуу
ЩIалэгъуэ гъащIэм щетхьэкIар,
КъыпфIремыщI сэ сынофыгъуэу,
Ауэ уэращ зи кIэн къикIар.

Уэращ сэ си псэм и тIасхъапIэм
Хуигъадэу и псэм къыхихар.
Уэращ зи нитIым иджы гуапэу
Махуэ къэсыхукIэ щIэплъэ ар.

А зырт, насыпу сэ къэслъытэу,
ЩIым гурыфIыгъуэу щызиIар.
А зырт гухэлъкIэ япэ дыдэу
Сигу пцIанэр къысфIэзыуIар.

Зэманыр жаIэу си хущхъуэгъуэу,
Сэ илъэс дапщэ есхьэкIа?
Ауэ абыи и Iэзэгъуэ
Схэмылъу, мисыр, къыщIэкIащ.

КIэлъыпхъэрыжу блэкIа гъэхэм,
Псэм ноби сыкъыхегъэзыхь:

Лъэлъэжа гугъэм и щыкъуейхэр
КъысфIилъыхъуэжу хэтщ бэлыхь.

Хъуху нэхъ спэIэщIэ фIыуэ слъагъур,
ТIуащIэу мэхъу сигу пымыкIын:
Дунейр хужьыбзэу къыщыгъагъэм
Сабийуэ ар щыгуфIыкIынт.

Уэшх темыужым и макъамэм
Зиущэхуу дыхэщэтыкIынт,
Хуэмыубыдыжу нэпскъудамэ
Апхуэдэм деж къыфIыщIэкIынт.

ИIэжщ и хабзэ лъагъуныгъэм:
Акъылыр гум пэмыувыф,
Чэнджэщи псалъи хэмызагъэу,
Iэпхлъэпх гурыщIэхэм уащIыф.

Аращ си пщащэм гъащIэ гъусэ
УищIыныр уэ къызыхихар.
Аращ, себакъуэу сэ нэмысым,
Мы тхыгъэри ныщIыпхуэстхар.

Къезэгъкъым, дауи, бгырыс напэм
Удзыхэу пщIыныр цIыхубз гугъу,
Ауэ пфIищIам нэщанэуапIэ
Гухэлъым гур — щыIэн нэхъ гугъу?

ЗыхэщIэгъуейми хамэ гуауэр,
ПхузиIэщ кIэншэу сэ зы лъэIу:
Пхуэхъуам щхьэгъусэ, пхулъэкIынум,
ГуфIэгъуэр иумыгъэкI и нэгу.

Хуэсакъ, умыщI и жагъуэ, хъумэ,
Дапщэщи хуэщI гулъытэ лей.
Ар насыпыфIэ уэркIэ хъумэ,
НэгъуэщI сэ щIым сыщыхуэмей.

Ича лъэбакъуэм хущIегъуэжу,
Утыку ар къинэм, хъуау гуитIщхьитI,

Узэрыкъуаншэр умыщIэжу,
Уэ насыпыншэ пщIащ цIыхуитI.

Аракъым сэ уи лъагъуныгъэм
Къыстехьэу шэч — ар щIы уи фIэщ.
ГурыщIэм сытыр и куугъми,
Нэрымылъагъуущи, къыпхуэмыпщ.

Пэжщ, пэжщ, сэ псори къызгуроIуэ —
Сытопсэлъыхь сызыхуимыт.
Псэр зыгъэхыщIэр схуэмышыIэм
Абы къимыкI сэ усщIу пуд.

Уи цIыхухъу щIыхьыр сэ згъэлъахъшэу,
Е усщIу бий къыпфIремыщI.
ГуфIэгъуи гуауи къыбдегуэшри
ФIыуэ слъэгъуам — пщIэ лей пхузощI.

Гурыщхъуэ нэпцIкIэ уи щхьэгъусэм
Шэч къытепхьэну сыхуэмей:
Уэ уи Iэрылъ хъуа насып къабзэм
Сэ си гур щIэхъуэпса къудейщ.

Къуаншагъэщ, губжьыр пфIищу япэ,
Къыслъыбгъэсынри уи нэмыплъ.
Мэтхьэусыхэ къысхужыпIэу,
Сэ лIыгъэншафи къызумыплъ.

P.S. Мы тхыгъэр нызэрыпхуэстхамкIэ,
ПлъэкIынум, къысхуумыщI емыкIу.
Дэ тIури дылIщ — сыт ныбжесIами,
Ди щэхущ — къыдренэж ди яку.
1981

* * *

ДэкIауэ илъэс Iэджэ,
СымыщIэххэу,
ФIыуэ слъагъу пщащэм
Сэ сыхуэзэжащ.

Зэгуэр гурыщIэ IэфIу
ЗыхэсщIахэр
Аргуэру си бгъэм
Къыщыушыжащ.

ТIэу пкIэгъуэ
Дунеишхуэр схуримыкъуу,
Сэ сыкIуэрт хадэ кIуэцIкIэ
Абы деж.
Ди бжьэпэм дыкъыдэкIти,
Мазэ ныкъуэр
Гу зэщыдмыхуэу,
Уэгум икIуэдэжт.

Ди Iэпэр зэрыIыгъыу
Тхьэ зэхуэтIуэрт
Зы гъащIэ гъуэгу
Дэ щыздэткIуну щIым.
ЗэжетIэ щэхухэм
Шэрэдж къыщIэдэIуу,
Ди лъабжьэм щекIуэсэхт,
ЗищIауэ щым.

Иджы,
Iэнкуну дитщи уэрамыкум,
КIэщI дыдэу псалъэ тIущ
Зэпыдодзыж:
— Сыт уи псэукIэ?
Иджыри къэпшакъэ?
— Хъарзынэщ псори, —
Жэуап узотыж.

БжезмыIэ
Нобэ къэскIэ сыщхьэзакъуэу,
Сызэрытетыр гуфIэгъуэншэу щIым.
БжезмыIэ сэ,
Жэщ кIыхьхэр схуэмыгъакIуэу,
Бэлыхьу стелъхэр,
СыкъимыщIэу зым.

Уэращ, уэращ,
Семышу, псэкIэ згъафIэу,
Сэ махуэ къэсыхункIэ
Сызэжьар,
Уэращ, уэращ,
Си щхьэцхэр дыжьыныфэу,
Нэхъ пасэу бжьыхьэм
Сыпезыгъэжьар.

Уэращ,
Уэращ иджы си пащхьэм къитри,
ГумащIэу соплъыр
Уи щхьэц хэтхъукIам.
Ухэтми щIэбуфэну,
Гу лъызотэ
ГухэщI уи нитIым
ЗэрыщIэгъэпщкIуам.

Субыдри уи Iэр,
Зэрыхъуар сымыщIэу,
Дакъикъэ псокIэ
Зысщыгъупщэжащ.
Ди гъатхэ жыжьэм
И жьыбгъэ гуапащэр,
Псэм къехуэбылIэу,
Сэ къысщIихужащ.

Щыуагъэт,
Сыту икъукIэ щыуагъэшхуэт
Ди гъуэгу зырызу дызэрежьэжар.
Еддзат ди лъагъуныгъэм
Удынышхуэ —
Къытхуигъэгъуакъым тIуми
ГъащIэм ар.

ЖыпIауэ «фIыкIэ»,
СIэщIохыж хуэм дыдэу
Хамэ хъуа IитIри,
Уэ узбгъэдокIыж…

ЩІэгущІэгъуншэр гъащІэр
Сыт апхуэдэу? —
УІэгъэ птелъмэ,
ШыгъукІэ егъэхъуж.
1980

## ГЪЭМАХУЭ ЖЭЩУ

СурэтыщІми
Я нэхъ Іэзэ дыдэм
Мы теплъэгъуэр
ХуэмыщІын къыпфІощІ:
Жэщ вагъуэбэр,
УщызэкІэщІэплъу,
Гъуджэм хуэдэу,
Гуэл лъащІэншэм къощ.

Тхьэгъэлэджхэм
Зэпадзыж макъамэр,
Псэм къеубзэу,
Жэщым къыхоІукІ.
Зи ишэгъуэ нэблэгъа
Хъыджэбзым,
Зым къимыщІэу,
Гуэлым зыщегъэпскІ.

Іэпкълъэпкъ щІалэр
ЗэщІигъэхъаехукІэ,
Псыр, нэрынэ къищІу,
МэпІейтей.
Дзэл къегъыххэм
Псым традзэ ныбжьхэр,
Мэуфафэ,
Псэ яІут нэхъей.

Жьыбгъэ гуапэр,
Гуэлым хузэгуэпу,
Іуфэлъафэм
ЩолъэдэкъэщыкІ.
ТхьэІухудыр
Зэ къесылІэжатэм,

И щIыфэхум
ЗыкърищэкIынт.

Налкъут жьгъейуэ
Нурыр къарапхъыхыу,
Вагъуэ цIыкIухэм
Хэт зыхуащIыр джэгу?!
Пщащэм и пкъыр
Псым хигъэупщIыIуами,
И гурыщIэр
ЗикI хуэмыгъэупщIыIу.

Толъкъун уэру
И бгъэм зыкъиIэту,
Сыт телъыджэ
Ар зыгъэпIейтейр?
ГурыфIыгъуэ IэфIхэм
И псэ тIэкIур
ФIыхэткIухьыжыпэми
Ярейщ.

СощIэ фIыуэ
Сэ абы ибзыщIыр,
СощIэ гущIэм щигъафIэр
ЩэхуцIыкIуу:
Мазэ ныкъуэр,
Сабий къалъхуагъащIэ
Зыхэлъ гущэу,
ЩощIэ псы гущIыIум.
1985



10 Заказ №2225

# ЯПЭ ЛИТЕРАТУРЭ АЛЬМАНАХ




Дунейм къытехьащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса япэ литературэ альманах. Ар зигу къэкIари зэхэзыгъэувари хэгъэгум щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ, хъыбарегъащIэ Iэмалхэмрэ печатымкIэ и министрым и япэ къуэдзэ, КъШР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Хубиев Ислъамщ. Iуэхур диIыгъащ ЩэнхабзэмкIэ министерствэм.

КъыдэкIыгъуэм и редакторщ усакIуэ, тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, литературэ критик, журналист, Горький А. М. и цIэр зезыхьэ литературэ институтым и курсхэр къэзыуха Богатырёвэ Шахъризэ.



Альманахым и япэ къыдэкIыгъуэм и чэнджэщэгъухэщ республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и урыс, къэрэшей, адыгэ, абазэ, нэгъуей секцэхэм я унафэщIхэу Братковэ Татьянэ, Айбазов СулътIан, Абидокъуэ Люсанэ, Шыбзыхъуэ Ларисэ, Капаев Иссэ сымэ.

Тхыгъэ зэхуэхьэсахэр зэрыт тхылъым ихуащ Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я союзым хэт, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я IэдакъэщIэкIхэр. УрысыбзэкIэ дунейм къытехьа альманахым и къалэн нэхъыщхьэщ Къэрэшей-Шэрджэсым и иджырей тхакIуэ-усакIуэхэм я къалэмыпэм къыщIэкIахэм щIэджыкIакIуэхэр щыгъэгъуэзэныр.

Альманахым и япэ къыдэкIыгъуэм и щIэджыкIакIуэхэм фIэхъус псалъэкIэ зыхуагъэзащ Къэрэшей-Шэрджэсым и Iэтащхьэ Темрезов Рашидрэ Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ Иванов Николайрэ.

– ... КъызыхэкIа лъэпкъми и ныбжьми емылъытауэ, дэтхэнэ щIэджыкIакIуэм дежкIи мы тхылъыр зэрытыгъэ лъапIэр си фIэщ мэхъу. Альманахым ихуащ тхыгъэ зэхуэмыдэхэр – усыгъэм къыщегъэжьауэ прозэм щыщIэкIыжу. ТхакIуэхэм, усакIуэхэм утыкум кърахьэ я гупсысэр, я Iуэху бгъэдыхьэкIэр, къагъэлъагъуэ я хъэтI щхьэхуэр. Щэнхабзэ зэхуэмыдэхэр Къэрэшей-Шэрджэс лъэпкъыбэм зэрыщызэдэлажьэм лъэкIыныгъэ къыдет урысей литературэм и куупIэм дыхыхьэну, адрей лъэпкъхэм къадекIуэкI тхыдэ гъэпсыкIэхэр зэдгъэщIэну.

Шэч къытесхьэркъым Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым хэт ди хэкуэгъухэр зыхэлэжьыхьа альманахыр Къэрэшей-Шэрджэсым и ли-

тературэм и зыужьыныгъэмкIэ зэрыщхьэпэнум, зи IэдакъэщIэкIхэр щIэджыкIакIуэ нэхъыбэм я пащхьэ изылъхьэну хуей тхакIуэ ныбжьыщIэхэм ар дэрэжэгъуэм и къигъэхъуапIэрэ гъуэгугъэлъагъуэрэ зэрахуэхъунум, – жиIащ республикэм и УнафэщIым.

– ... Мы къыдэкIыгъуэр егъэлъапIэ республикэм и литературэр плъыфэбэу къызэригъэлъагъуэм. Альманахым и напэкIуэцIхэм къыщыхьащ республикэми Урысей Федерацэм и нэгъуэщI щIыпIэхэми щыцIэрыIуэхэм къинэмыщIауэ, зи цIэр иджыри жыжьэ мыIуа тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я IэдакъэщIэкIхэр. Къоунэху тхакIуэщIэхэмрэ усакIуэщIэхэмрэ. Ди республикэ хьэщIэгъафIэм щыпсэу тхакIуэхэм яхэтщ урысыбзэкIэ тхэхэр, лъэпкъыбзэкIэ дунейм къытехьа я IэдакъэщIэкIхэр щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ зэдзэкIауэ къизылъхьэхэр.

Тхылъым и литературэ къалэн нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, ар зэхэзыгъэувахэм я пщэ далъхьэж щIалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэтэджыныр, лъэпкъхэр зэкъуэгъэувэныр, лъахэм и тхыдэм цIыху щхьэхуэхэм хуащIа хэлъхьэныгъэхэм нэхъыбэ щыгъэгъуэзэныр. ТхакIуэ нэхъыжьхэм щIалэгъуалэм я мурадхэр даIыгъынущ, ахэр ягъэгушхуэнущ. Армырами, Урысейр сыт щыгъуи бейщ цIыху зэчиифIэхэмкIэ, – къыхигъэщащ Иванов Николай.



Альманахым жэуап зыхь и редактор Богатырёвэ Шэхъризэ къызэрызжиIамкIэ, мы лэжьыгъэр дунейм къызэрытехьар ехъулIэныгъэшхуэщ, узыщыгуфIыкIын, узэрыгушхуэн Iуэхущ. Псыежэх иныр псынэ цIыкIум къыщожьэ, сыт хуэдэ лэжьыгъэми и щIэдзэгъуэм гугъуехь пылъщ. Абы папщIэ, дагъуэ хуэтщIын иIэми, критикэр тIэкIу дгъэщабэми ягъэ кIыну къыщIэкIынкъым. Ауэ пцIым сыт и мыхьэнэ, альманахым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэхэр тхылъ тедзапIэм щIэтлъхьэн ипэ, тхыгъэхэр къыщыхэтхкIэ, нэхъ ткIийуэ Iуэхум дыбгъэдыхьапхъэщ, сыт и лъэныкъуэкIи тхыгъэфI, тхыгъэ купщIафIэ щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ итлъхьэну дыхуеймэ. АбыкIэ сэрэ Шэхъризэрэ акъылэгъу дызэдэхъуащ.

НэгъуэщIкIи зэтехуащ Богатырёвэмрэ сэрэ ди Iуэху еплъыкIэр. Ар ехьэлIащ лъэпкъхэм къахэкIа тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр куэду дунейм къызэрытемыхьэм, зэдзэкIакIуэхэр зэрымащIэм, тхыгъэхэр урысыбзэкIэ зэдзэкIыным гугъуехь зэхуэмыдэхэр зэрыпыщIам. ЗэдзэкIакIуэр фIыуэ щыгъуэзэн хуейщ лъэпкъыбзэми ар зипкъ иригъэхьэ урысыбзэми. Сатыр-сатыру зэдзэкIа «подстрочникхэр» зыубгъуауэ куэдым къагъэсэбэп, ауэ абыи щыщIагъэхэр иIэжщ. ЗэдзэкIакIуэм лъэпкъыбзэр къыгурымыIуэмэ, абы и зэхэлъыкIэр нэгъэсауэ имыщIэмэ, зэдзэкIыгъэмрэ ар къызытрищIыкIамрэ я мыхьэнэкIи, я художественнэ гъэпсыкIэкIи зэпэIэщIэ мэхъу.

Къэрэшей-Шэрджэс къэрал пединститутым (иджы университетым) дыщезыгъэджа профессор Лайпанов Къазий къыджиIэу щытащ: «Гъэхуауэ гупсысэр гъэхуауи мэпсалъэ...» Сэ абы арэзы сызэрытехъуэуи, мыпхуэдэу дыщIызгъужынт: «Гъэхуауэ гупсысэр гъэхуауи

мэпсалъэ икIи матхэ...» Ауэ, аргуэрыжьщи, «гупсысэм» щIыдгъун хуей мэхъу. IупщIу гупсысэрэ жьакIуэуи псалъэр апхуэдэ дыдэу къабзэу мытхэфынри хэлъщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, тхэныр сэнаушым, щIэныгъэмрэ гъащIэ зэхэщIыкIымрэ ятещIыхьыжа IэщIагъэщ. ТхакIуэр Тхьэм и нэфI зэкIа, абы и «мыхъурыр» зытет цIыхущ.

Мы альманахым тхакIуэ 80-м щIигъум я IэдакъэщIэкIхэр итщ, дэтхэнэми и гуащIэм тегъэчынауэ сыкъытеувыIэн схузэфIэкIынукъым, апхуэдэ къалэни зыхуэзгъэувыжыркъым. Зи тхыгъэ ихуа псоми я цIэр къипIуэну яхуэфащэщ, я зэфIэкI къалъытауэ Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я союзым хэтщи. Ауэ апхуэдэу сымыщIу, нэхъ купщIафIэу къысщыхъуа тхыгъэхэр къыхэсхынщи, абыхэм нэхъ убзыхуауэ сакъытепсэлъыхьынщ. АдэкIэ сыкъытеувыIэнщ ныкъусаныгъэу, щыщIэныгъэу къысщыхъуахэм. Апхуэдэу и щхьэ течауэ Iуэхум сыбгъэдыхьэну Хубиев Ислъамрэ сэрэ дызэгурыIуащ.

Тхыгъэхэр щызэхуэхьэса къыдэкIыгъуэр, алыфбей зэкIэлъыкIуэкIэм тету, къызэIуех Абдокъуэ Маталио. «Гуащэхэр насып зэрылъыхъуар» рассказ цIыкIур нэхъыбэу ещхьщ балигъхэм яхуэгъэза сабий таурыхъым. Абы сигу къегъэкIыж Джанни Родари и Чипполинэрэ Толстой Алексей и Буратинэрэ я къекIуэкIыкIар. Сигу къигъэкIыж къудей мыхъумэ, Абдокъуэм и хъыдан гуащэхэр абыхэм гъунэгъууи якIуалIэркъым. Абы нэхърэ адыгэ актер цIэрыIуэ, зи цIэр ди лъэпкъ театрым зэрихьэ Акъ Мухьэрбэч теухуауэ къыдигъэкIа тхылъым щыщ пычыгъуэ альманахым итами нэхъыфIт.

Абдокъуэ Маринэ и усэхэр урысыбзэ дахэкIэ тхащ. ЩIэныгъэ куу зиIэ, гъащIэ зэхэщIыкI бей зыбгъэдэлъ цIыхум ахэр зэриIэдакъэщIэкIыр сэркIэ нэрылъагъущ, хэткIи апхуэдэу къысщохъу.

Зэхэзехуэн ящIа ди лъэпкъэгъухэм, зи гъащIэр Сыбыр щIыналъэм къыщызынахэм, абыхэм я фэеплъыр Кавказми Сыбырми зэрыщахъумэм Абдокъуэ Люсанэ зэратетхыхьам мыхьэнэшхуэ иIэщ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ Абидокъуэ Люсанэ и щхьэкIэ Сыбырым зэрыщыIар, и нэкIэ зригъэлъэгъуащ бэлыхь хадза ди лъэпкъэгъухэм зэпача гъуэгу гугъур, жыжьэр, ахэр зыдэса къуажэхэр, я хьэдэхэр зыщIэлъ кхъэхэр. Ар зыщыдгъэгъупщэ мыхъуну тхыдэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ икIи абы теухуа тхылъым щыщ пычыгъуэр хуэфащэу альманахым иувауэ къызолъытэ. Ауэ а Iыхьэм къыдгуригъаIуэр мащIэщ, нэхъыбэ ихуамэ нэхъыфIт...

Уигу иримыхьыну щыткъым Ажийбэч Хьэжысмел и усэхэр. Езым урысыбзэкIэ зэридзэкIыжахэр къехъулIауэ къысщохъу, Галамагэ Андрей урысыбзэм кърigъэзэгъахэри Iейкъым.

Айбазов СулътIан и IэщIагъэ нэхъыщхьэмкIэ архитекторщ, абы дэщIыгъуу иIэщ тхакIуэ зэчии. Альманахым ихуа «Мыщэбз» рассказыр анэмрэ бынымрэ я лъагъуныгъэм, щхьэузыхьым я философиекIэ гъэнщIащ. Еджэри щIегъуэжынукъым.

Кавказым ирагъэкIа къэрэшей унагъуэр гугъу зэрехьам теухуа хъыбар гуузыр къиIуэтэжащ Акбаевэ Хьэлимэт. ЗэрыжаIэу, сытемэхауэ, си щхьэр къэзмыIэту седжащ абы.

Апсэ ФатIимэ и усэхэр Iэзэу хузэридзэкIащ Чекалов Георгий. Иджы мыпхуэдэ упщIэ зызотыж: ФатIимэ и усэхэм я дахагъэр, я купщIэр Георгий къызэтригъэна, хьэмэрэ нэхъри иригъэфIэкIуа? ЗэрадзэкIа тхыгъэхэм сыщеджэкIэ абы куэдрэ согупсыс. Псалъэм къыдэкIуэу къыхэзгъэщынщи, Iэджэрэ зэхызох Гамзатов Расул и IэдакъэщIэкIхэр Урысейми дуней псоми зэрыщызэлъащIысар и зэдзэкIакIуэхэм я фIыщIэ хуэдэу. СщIэркъым ар ди тхакIуэхэм къазэрыщыхъунур, ауэ абы пэж гуэр хэлъу къысщохъу.

Альманахым сыздеджэм си нэм къыфIэнащ Балэ Танзилэ и «ЛIакъуэм и къарур» («Сила рода») рассказ-эссе цIыкIур. Абы нэхъ тегъэчынауэ сыкъытемыувыIэн слъэкIкъым. Эссе жанрыр зы Iуэхум е зы цIыхум теухуащ, рассказми новеллэми ямыщхьу тхащ, мардэ ткIийхэм имыту, авторым и еплъыкIэ щхьэхуэхэр къыхэгъэщауэ. А жанрыр уигу иримыхьынкIэ Iэмал иIэкъыми, тхакIуэхэм ар нэхъыбэрэ къагъэсэбэпащэрэт! Балэм и тхыгъэр теухуащ езым и гъащIэм къыхыхьэу абы и Iыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщ хъуа цIыхум. 1980 гъэм и майм Танзилэ Къубинэ щыщ Балэхэ я унагъуэм нысэу ихьащ. Абы пщыжь (тхьэмадэ) къыхуэхъуа Балэ Къурмэнбийщ мы тхыгъэр зытриухуар. Мыбдежым къыщыхэдгъэщынщи, Къурмэнбий абазэ усакIуэ цIэрыIуэ Шыбзыхъуэ Ларисэ и адэщ. Танзилэ къызэригъэлъагъуэмкIэ, Балэ Къурмэнбий и гъащIэ гъуэгур къызэпичащ пщIэ пылъу, и унагъуэми, и лъэпкъми, и къэралми я тхыдэм лъэужь дахи къыхинащ. Узэрыгушхуэ хъун цIыхуу щытащ.



КъызэрымыкIуэу сигу ирихьащ а эссе цIыкIур.

Бемырзэ Зураб и адэ Мухьэдин усакIуэ зэчиифIэт икIи егъэджакIуэ-гъэсакIуэ Iэзэт. Абы сэ сыдэлэжьауэ фIы дыдэу сцIыхурт. Зураб абы щыгъуэм иджыри сабийт. Сэ сыкIэлъоплъ Бемырзэ Зураб и гуащIэм, соджэ и усэхэм. УсакIуэм и лъагъуэм и быныр щрикIуэр зэзэмызэ дыдэщ. Ауэ мыбдежым адэм и сэнаущыр къуэм лъысащ, шэч хэмылъу. АдыгэбзэкIэ тха и усэхэмкIэ ар и адэ и къуэщ. Ауэ урысыбзэкIэ тха и усэхэм абстракционизмэмрэ символизмэмрэ «яжь ящIихуа» хуэдэу фэ къатоуэ. Абыхэм Iейрэ мыхъумыщIагъэрэ яхэслъагъуэркъым, ауэ ахэр псоми зэхуэдэу ягу дыхьэркъым икIи я псэм къыщтэнукъым.

Богатырёвэ Шахъризэ и усэхэм сыщеджэкIэ, гукIи псэкIи зызогъэпсэху, апхуэдизкIэ ахэр гурыхьщ икIи гурыIуэгъуэщи. Шэч хэмылъу, абыхэм еджэнущ усэ дахэхэр, гукъыдэжыр къэзыIэтхэр фIыуэ зылъагъухэр. Яхуэфащэ дыдэу ахэр иуващ Къэрэшей-Шэрджэсым и тхакIуэхэм я япэ альманахым.

Братковэ Татьянэ тхакIуэ цIэрыIуэщ, тхылъ куэд къыдигъэкIащ ди хэгъэгум и цIыху цIэрыIуэхэм ятеухуауэ. Альманахым итщ абы и адэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Урысей Федерацэм и Суд Нэхъыщхьэм и цIыхубэ заседателу щыта, гупсысакIуэ, псыщIэгъэлъадэ (мелиоратор) Iэзэ Братков Николай Михаил и къуэм теухуа очерк цIыкIу.

Брат Мурат тхакIуэщ икIи усакIуэщ. Ауэ сэ сыдэзыхьэхыпар абы и сабий усэхэращ. Дэ къыдэмэщIэкI, сабийхэм яхуэлажьэ тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ ящыщ зыщ Братыр. Ауэ мы альманахым ихуакъым абы цIыкIухэм ятриухуа усэхэр, итамэ нэхъыфIт.

ГъукIэкъул Даут илъэс бжыгъэкIэ сыдэлэжьащ. СыгушыIэу: «Даут, гонорар къыуаут!» – жесIэмэ, «Уэри къыуаут», – къыздэгушыIэжт. Ауэ а лIы зэтеубыдар, псалъэ лей къызыжьэдэмыкIыр усакIуэу, тхакIуэу сцIыхуакъым. Абы и тхыгъи альманахым иуващи, сыщогуфIыкI икIи согъэщIагъуэ.

Дауловэ Насыпхъан итхауэ альманахым итщ Хэку зауэшхуэм и ветеран Джемалиев Ильяс теухуа очерк.

КъызэрымыкIуэу сигу ирихьащ Даур Жэхьфар и «Лъагъуныгъэ кIасэ» рассказыр. Абы и тхыгъэр псыхуэлIэм ихьым и псы фалъэу «искъумпIыкIащ».

Казаков Валерий урысей, нэгъуей тхакIуэщ, драматургщ, усакIуэуэрэдусщ, нэгъуей театрыр къызэригъэпэщащ. КъызыхэкIа лъэпкъым и пащхьэм фIыщIэ куэд щиIэщ. Альманахым итщ СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым и литературэ саугъэт къыщIыхуагъэфэща «Звезда Бабай» повестым щыщ пычыгъуэ.

«Къарачай» («Карачай») газетым и редактору щыта Какушев Хъусей и усэхэм яхухэхащ альманахым и напэкIуэцIхэм ящыщ, зэдзэкIакIуэ IэпщIэлъапщIэ Елисеев Игоррэ усакIуэ Кобзевэ Тамарэрэ урысыбзэкIэ зэрадзэкIауэ.



Альманахым итщ Къантемыр Тыркубий пIэтIрэжан къызэришамрэ Кулизар и хущхъуэмрэ ятеухуа хъыбар цIыкIухэр. Ахэри хъунущ уи зэш иритебгъэуну, ауэ щыусакIуэ-уэрэдускIэ, усэ гуэрхэри итамэ ягъэ кIынтэкъым.

Капаев Хьисэ тхакIуэ цIэрыIуэщ, и зэманым къиухащ Горький Максим и цIэр зезыхьэ литературэ институтыр, Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ тхакIуэщ, урысыбзэрэ нэгъуеибзэкIэ дунейм къытригъэхьащ тхылъ 40-м щIигъу, абыхэм ящыщу 15-р Москва къыщыдэкIащ. Альманахым иуващ абы и «Карабатыр» рассказыр. Ар езым хьэлэмэту урысыбзэкIэ зэридзэкIыжащ.

Чэнджэщауэ Артур зэфэну псыр иджыри къэжакъым жысIэнут, сфIэщIалэти, ауэ къэжащ а псыр. И IэдакъэщIэкIхэм уеплъмэ, тхакIуэ хъарзынэ къыхэкIыну уегъэгугъэ. Ауэ адыгэбзэкIэ зэрымытхэ закъуэр ди жагъуэ мэхъу.

Альманахым зи усэхэр ихуа Кечеруковэ Байдымат Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэщ, тхылъ 23-рэ итхащ. Ауэ нэхъ гъэщIэгъуэныжыр нэгъуэщIщ: Байдымат и IэщIагъэкIэ дохутыр-акушерщ: сабий 2000-м щIигъум ядэIэпыкъуащ дунейм къыщытехьэм. Абы и закъуэкIи фIыщIэрэ псапэу къиихьар мащIэкъым, ауэ тхэнми щехъулIащи, дыщогуфIыкI.

Койчуев Аскэрбий тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ докторщ, профессорщ, Урысейм щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ,

Урысей Федерацэм и школ нэхъыщхьэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, Карачаевск къалэм пщIэ зиIэ и цIыхущ. Алиев Умар и цIэр зезыхьэ Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым пщIэ зиIэ и гъэсакIуэщ икIи и чэнджэщэгъущ. УсакIуэ, публицист цIэрыIуэщ, абы и IэдакъэщIэкI куэдым макъамэ щIалъхьауэ уэрэду щыIэщ. Альманахым итщ Усовэ Галинэ зэридзэкIа и усэхэр.

Коркмазов Асчэр къэрэшеибзэкIэ матхэ, альманахым иува и усэхэмрэ сонетхэмрэ урысыбзэкIэ зэзыдзэкIар Чотчаевэ Аллэщ. Мы бзылъхугъэ зэчиифIэм урысыбзэкIэ итха и усэхэри итщ тхылъым.

АдэкIэ дыкъоджэ «Къарачай» газетым и редактор нэхъыщхьэ Коркмазовэ Салимэ Гловэ Мелекрэ Крымшамхалов Ислъамрэ ятриухуа тхыгъэхэм. Ахэр фIы дыдэу къехъулIауэ къызолъытэ.

ЩIэджыкIакIуэхэм мыбы къыщагъуэтынущ Горький Максим и цIэр зезыхьэ литературнэ институтыр къэзыуха Кхъуэхъу Хъаннэ и усэхэр. Ахэр езым урысыбзэкIэ итхащ, я мыхьэнэкIи, я дахагъэкIи арэзы уамыщIынкIэ Iэмал иIэкъым.

Печатым и унэми, редакцэхэми, тхылъ тедзапIэми я лэжьакIуэ нэхъыжьхэм ящыщщ Кубанов Мэхьмуд. Абыи къиухащ Горький Максим и цIэр зезыхьэ литературэ институтыр, тхылъ 14 къыдигъэкIащ. Альманахым ит и усэхэр урысыбзэкIэ зэрадзэкIащ Елисеев Е., Кузнецов Ю. сымэ.



Лайпанов Билал и тхыгъэхэр къалъытащ тхакIуэ цIэрыIуэхэу Айтматов Чингизрэ Сулейменов Олжасрэ. Мыбдежым ди пащхьэ къралъхьэр Тюрин Аркадий урысыбзэкIэ зэридзэкIа усэхэращ.

Альманахым итщ илъэс куэд хъуауэ «Къарачай» газетым щылажьэ усакIуэ цIэрыIуэ, тхылъ 33-рэ къыдэзыгъэкIа Лепшоков Хъусей и усэхэр, Макаренкэ Татьянэ урысыбзэм къригъэзэгъауэ.

Мэзукъуэбз Олег математикщ, футурологщ, философщ, усакIуэщ икIи прозаикщ. Ар зи щIэныгъэрэ дэзыхьэх IуэхухэмкIэ куэд къызэщIэзыубыдэ цIыху гъэщIэгъуэнщ. Альманахым ит и усэхэр гупсысэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ гъэнщIащ.

Мамчуев Хьисэ-Алий щIэныгъэ нэхъыщхьэу плIы иIэщ. Афганистаным къулыкъу щищIащ. Зауэ темэм теухуащ альманахым ит и усэхэри.

Къэрэшей усакIуэ цIэрыIуэ, зи гъащIэ псор «Къарачай» газетым щезыхьэкIа Мамчуевэ Динэ альманахым ит и усэхэр урысыбзэкIэ зэридзэкIащ Макаренкэ Татьянэ. Динэ и усэхэр, псом хуэмыдэу и поэмэхэр, къэрэшей-балъкъэр литературэм и классикэу къалъытэ.

Найманов Асэн нэгъуей тхакIуэ нэхъ щIалэхэм ящыщщ, ауэ тхылъитху дунейм къытригъэхьакIэщ. Мы щIалэ зэчиифIэм и тхыгъэхэри итщ альманахым.

Къэрэшей-Шэрджэсым и тхакIуэхэм я альманахым ихуащ Уэхъутэ Александр и цIэри. ХьэрычэтыщIэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, лъэпкъым куэд хуэзыщIа Александр игъэхьэзырауэ тхылъым итщ Уэхъутэ зэкъуэшиблым я къекIуэкIыкIам теухуа хъыбарым щыщ пычыгъуэ.

Техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Тохъутэмыщ Хъызыр зэрытворческэ цIыхум и щыхьэтщ абы «Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ» щIыхьыцIэр зэрызэрихьэр. Еджагъэшхуэхэм куэд къахэкIыркъым литературэ лэжьыгъэм дихьэхыу. Хъызыр тхэным дихьэх къудейкъым, абы хузэфIэкIащ тхылъхэр къыдигъэкIын, Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым хыхьэн. Абы нэхъыбэу къегъэсэбэп жанр цIыкIухэр: усэхэр, басняхэр, сатыриплI хъу едзыгъуэхэр. ЦIэрыIуэ зэрыхъуа а IэдакъэщIэкIхэр щIэджыкIакIуэхэми ягу иримыхьыну щыткъым.

Тут Тезадэ урысыбзэм кърigъэзэгъауэ альманахым итщ Уэхъутэ Абдулыхь и рассказ. ЗэрызэридзэкIар къехъулIауэ къэплъытэ хъунущ.

УсэфIхэр зиIэ Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ ейуэ альманахым итщ Жьакуэ къуажэм теухуа рассказрэ СВО-м щызауэхэм яхуигъэфэща усэрэ. Увжыкъуэ и рифмэхэр дапщэщи гъэщIэгъуэнщ икIи щIэщыгъуэщ. Абыхэм усэхэр ягъэдахэ къудейкъым, атIэ я мыхьэнэри нэхъ куу ящI.

Альманахым зи тхыгъэ итхэм ящыщ «Къарачай» газетым и редактор нэхъыщхьэу 2016 – 2023 гъэхэм лэжьа Узденов Альберт. Урысейм и ТхакIуэхэмрэ Журналистхэмрэ я союзхэм зэрыхэтым къинэмыщIауэ, ар педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидатщ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артистщ, Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэщ, Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ артистщ, Ингуш Республикэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, Къэрэшей-Шэрджэсым и Къэрал саугъэтым и лауреатщ. Езым иусыжауэ игъэзэщIащ уэрэд 800-м щIигъу. Тхылъыр къыдэзыгъэкIахэм ди пащхьэ кърралъхьэ абы Пряжников Александр урысыбзэкIэ хузэридзэкIа усэхэр.



Альманахым иуващ Хубиев Ислъам и тхыгъи. Ар Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я союзым хэтщ, Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ тхакIуэщ, и къалэмыр егъэлажьэ урысыбзэкIи къэрэшеибзэкIи. Абы и тхылъхэр къыщыдэкIащ ди щIыналъэми, хамэ къэралхэми. Урыс щэнхабзэмрэ литературэмрэ я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам къыпэкIуэу, абы къыхуагъэфэщащ «ЩIэин» дамыгъэ лъапIэр, лъэпкъ литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ кърратащ Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ медалыр, Къэрэшей-Шэрджэсым и Iэтащхьэм и саугъэтыр, нэгъуэщIхэр. Альманахым фыкъыщеджэфынущ Хубиев Ислъам и «ХыдзэлIхэр гъыркъым» рассказ гуузым. Сэ сызэрыцIыкIу лъандэрэ сфIэфIщ псэущхьэхэм ятеухуа рассказхэр. Хьэхэмрэ джэдухэмрэ си нэщ, си псэщ. Ислъам и рассказым хэт джэдур Сочэ кърашу Черкесск къыщыхутамэ, сэ Чехием къыщыхъуа джэду цIыкIур Прагэ кхъухьлъатэкIэ къисшри, Кавказым къэсшэжащ, Черкесск дежи аргуэру илъэс бжыгъэкIэ ди унагъуэм исыжащ. Псэущхьэхэр фIыуэ зымылъагъум цIыхухэри фIыуэ хуэлъагъунукъым. Ислъам и рассказми а лъагъуныгъэмрэ гущIэгъумрэщ дыкъызыхуриджэр.

Альманахыр зэхуащIыж Шыбзыхъуэ Ларисэ, Шорэ Ахьмэд, Щхъей Екатеринэ сымэ я тхыгъэхэмкIэ. Шыбзыхъуэ Ларисэрэ Шорэ

Ахьмэдрэ я гъащIэм, я творчествэм теухуа тхыгъэхэр ди газетым, зэман зэхуэмыдэхэм, тетащ, щIэджыкIакIуэхэр щыгъуазэщ абыхэм я къалэмым къыщIэкIа тхылъхэм. Щхъей Екатеринэ иджы нэIуасэ дыхуохъу.

ПцIым сыт и мыхьэнэ, альманахым ихуа тхыгъэ псори я фIагъкIэ зэхуэдэкъым. Ахэр зы гуп зыщIыр абы ит тхыгъэхэр зи IэдакъэщIэкIхэр Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым зэрыхэтращ. Булгаковым и «Мастер и Маргарита» романым къыхэщ гупсысэхэм сапэджэжу жысIэнщи, Достоевский Федор, Толстой Лев, Тургенев Иван, Чехов Антон сымэ, дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа нэгъуэщI тхакIуэхэр зы союзи хэтакъым. Ауэ абыхэм я творчествэр литературэ критикэ къызэрымыкIуэм – Белинский Виссарион, Одоевский Владимир, Чернышевский Николай, Писарев Дмитрий сымэ, нэгъуэщIхэм я «кхъузанэм» щIэкIащ. Аращ абыхэм я тхыгъэхэм я фIагъыр къэзыIэтар. Ди тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я жагъуэ ирамыщI, ауэ литературэ критикэ щымыIэу, абы ижь IэдакъэщIэкIхэм ящIимыхуауэ творческэ зыужьыныгъи щыIэнукъым. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэу, «щытхъу мащIэм убыр пыщIауэ щрет»...

**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ,**
*Урысейм и Журналистхэм я союзым хэт,*
*«Черкес хэку» газетым и къудамэм и редактор*

*Таурыхъхэр*

СИХЬЭ Светланэ

# Дэ хущхъуэ



Мадинэ и къуэ закъуэр адэншэу ипIат. Фызабэм и насыпти, Аслъэнбэч цIыкIур сабий жыIэщIэт, анэм хуэгумащIэт. Къуалэбзу, джэдкъаз, псэущхьэ фIэкIа Iуэху иIэтэкъыми, щIалэм и ныбжьыр илъэс пщыкIутхум щынэсым, Мадинэ ар игъэкIуащ езыр къыщалъхуа къуажэм дэс «Нажмудин Iэзэ» жыхуаIэм деж. Абы и гъэсэну илъэс зытIущкIэ щигъэIэмэ, Аслъэнбэч удз хущхъуэкIэ цIыхухэми псэущхьэхэми еIэзэфу къигъэзэжынут. Анэм и гум къыщIитхъырт и сабий закъуэр пэIэщIэ зэрыхъур, ауэ, итIани, тегушхуащ а Iуэхум.

Анэш къуажэр гъунэгъутэкъыми, мазитIым зэ и анэм деж къэкIуэжыфми арат щIалэр. КъыщыкIуэжын хуей зэманыр къыщыскIэ, анэм шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд хуипщэфIырт и къуэм.

Ауэрэ илъэсхэр ежэкIырт. Аслъэнбэч и гур етауэ зыхуигъасэрт Iэзэным. Нажмудин лIыжьым дэIэпыкъуурэ, куэдым хищIыкI хъуат. Бжьыхьэ мазэу щIалэм и псэр къезауэу щIидзащ, къэхъуар къыхуэмыщIэу. И гъэсакIуэ лIыжьым ар щыхуиIуатэм, и анэм деж кIуэжу плъэмэ зэрынэхъ фIэкъабылыр къыжриIащ.

Зыри къыщыпэплъэртэкъым абы куэбжэпэм. И гур къилъэту, унэм щIэлъадэмэ – и анэр пIэм хэлъщ, щхьэщыхьа и къуэри къицIыхужыркъым. Ар и щхьэм ихьауэ здэщысым, пэшым къыщIыхьащ я гъунэгъу фызыр – Iэминат.

– Хьэлъэщ уи анэр, – жиIащ цIыхубзым нэщхъейуэ. – Тхьэмахуэ мэхъури, хэлъщ. Удыращ ар зи IэщIагъэр. Куэд щIауэ къыдыхьэжатэкъым а угъурсызыр ди жылэми, кIуэдыпа ди гугъат. АрщхьэкIэ тхьэмахуэ кIуам дымыщIэххэу къыттеуащ. Ар къыпхуэкIуамэ, зикI, фIым ущымыгугъ. Удхэм сабий ядыгъу, балигъхэми зэран яхуохъуф. Мис иджыри зы щIалэ цIыкIу ихьыну щепхъуэм, Мадинэ къыIэщIитхъыжащ. Апхуэдэу щыхъум, удыжьыр уи анэм къебгащ. Абыхэм я гыбзэр гуащIэщ! Иджы, мис, укъимыщIэжу хэлъщ Мадинэ тхьэмыщкIэр. Сэ сыкIэлъоплъ. Хъыбари уэзгъэщIэфакъым, си щIалэ цIыкIу, уи гур сымыкъутэн щхьэкIэ.

Аслъэнбэч нэщхъейуэ хэплъэу щысащ зытэлайкIэ. ИужькIэ зэуэ зыкъызэщIипхъуэтри жиIащ:

– Умыгузавэ, Iэминат, сэ сощIэ си анэм и хущхъуэгъуэ здэщыIэр. Мэз жыжьэм хэт дэшхуей жыгыбэм илъэсищэ и ныбжьу зы яхэтщи, ар къэзгъуэтын хуейщ. Нажмудин Iэзэм къызжиIауэ щытащ а жыгым къыпыкIэ дэмкIэ зэхэлъхьа хущхъуэр дунейм гыбзэу тетым пэлъэщу.

– Ар хъарзынэт, Аслъэнбэч, ауэ уи закъуэ уемыжьэ. А жыгыбэр Иныжь шынагъуэм зэрихъумэр къыбжиIакъэ уи гъэсакIуэм? Укъилъагъумэ, псэууэ уIэщIэкIынукъым. Мыхъуми, си къуэрылъху Iэниуар здэшэ, зыгуэркIэ сэбэп къыпхуэхъунщ. Сэ мыдэ гъуэмылэ тIэкIу фхузэрыслъхьэнщ, чыржыни фхуэзгъэжьэнщ.

– Хъунщ, Iэминат. МахуихкIэ дыкъэтынущи, умыгузавэу къытпэплъэ. Къэдгъэзэжынщ тэмэму.

Апхуэдэу ежьащ щIалитIыр. Гъуэгу жыжьэт икIи шынагъуэт къапэщылъыр. Мэзым хьэкIэкхъуэкIэр щIэзт, щхъухь зыхэлъ къэкIыгъэхэми уащрихьэлIэрт, зыпэлъэщын хуей Иныжь шынагъуэм и гугъу умыщIыххи.

МахуищкIэ гъуэгу тетащ ахэр. Псынэ хуэзэмэ, къэувыIэурэ абдеж зыщагъэпсэхурт. Псы щIыIэм ефэрт, пхъэщхьэмыщхьэ ягъуэтмэ, яшхырти, Iэминат къарита чыржыныр трашхыхьыжырт. Ауэрэ ахэр нэсащ мэзыкум хэт дэшхуей жыгыбэм. Аслъэнбэч занщIэу къилъэгъуащ адрей жыгхэм къахэщ, илъэсищэ зи ныбжь дэшхуейр. Зэуэ зричат щIэпхъуэну, ауэ ар Iэниуар къигъэувыIащ, и Iэр жыгыжьымкIэ ишийуэрэ. Аслъэнбэч плъэмэ, жыг лъабжьэм, IэфIу жейуэ, Иныжьыр кIэщIэлът.



Иныжьым пэувыфу, абы текIуэфыну щыIар нарт лIыхъужь Сосрыкъуэ и закъуэщ. ЦIыху къызэрыгуэкIыр дауэ пэлъэщын? Хьилагъэ хуекIуэну мурад ящIащ зэныбжьэгъуитIым. Iэниуар Иныжьыр зыгуэркIэ игъэбэлэрыгъыу тригъэплъэкъукIыу, апщIондэху Аслъэнбэч дэр къыпичыну арат. ЗэрыжаIам тету, Iэниуар шынагъуэжьым хуэмурэ бгъэдыхьэри, и тхьэкIумэIупсыр иричу, щIэфиящ. Иныжьыр къызэщыури, гъуахъуэу къыхэкIиикIащ – Iэниуар и шабзэшэм Иныжьым и блыпкъым зыхисакIэт. ЩIалэм зригъэпщар и нэрат, ауэ блэукIащ. Шынагъуэжьыр IэлфIыцIэу къызэкIуэкIащ. И жейр зэпиуду, шабзэкIи къеуэжа щIалэжь цIыкIур хэт?! Аслъэнбэч мыхъуамэ, губжьауэ зыкъэзыдз Иныжьым къелынтэкъым Iэниуар. ЩIалэм япэу иутIыпщца шабзэшэр шынагъуэжьым и тхьэкIумэм блэлъэтащ, етIуанэр и нэ закъуэм техуэри ирищIащ. Узым игъэгуIэу, нэф хъуауэ, Иныжьым адэкIэ-мыдэкIэ зидзырт, къыпэщIэхуэр зэтрикъутэу, къеуахэри къыхуэмыубыду. АпщIондэху щIалитIыр жыгыжьым дэпщейщ, нэдым из дэ къыпачри къелъэжащ. Иныжьым зиукIыжу къижыхьурэ ешри тIысыжауэ щысти, зэныбжьэгъуитIыр щэхуу абы блэкIри ежьэжащ. Махуэ еханэм нэсыжащ ахэр унэм. Аслъэнбэч епIэщIэкIыу дэ хущхъуэр зэхилъхьэри, и анэм Iуигъэхуащ. Мадинэ хуэмурэ нэхъыфI къэхъуащ. ЗыкъызэрищIэжуи, занщIэу щIэупщIащ:

– Дэнэ щыIэ си къуэ цIыкIур? Къэсыжа си Аслъэнбэч?

– Сыкъэсыжащ, нанэ, мисри, сыббгъэдэси. Умыгузавэ, дяпэкIэ зэикI уи закъуэ укъэзгъэнэнукъым.

Абы къыщыщIэдзауэ, Аслъэнбэч зэикI ибгынакъым я жылэр. Куэд мыщIэу щIалэм и Iэзагъэм и хъыбар къуажэ гъунэгъухэм къыщащIащ. ДэнэкIи къикIыурэ сымаджэхэр къыхуэкIуэрт, сэбэп хуэмыхъууи зыри IуигъэкIыжыртэкъым.

Иджы цIыхухэр мэзыжьым мышынэу щIыхьэрт, пхъэщхьэмыщхьэ е пхъэхэкI къашэнумэ. Удри афIэкIа жылэм къыдыхьэжакъым. И удыгъэм пэлъэщын жылэм зэрыдэсыр ищIэрти, абы зыпыIуидзырт.

И чэзур къэсри, Аслъэнбэч и анэм нысэ къыхуишащ. Зэман дэкIри, Мадинэ и къуэрылъху цIыкIухэр дунейм къытехьащ. Иджы нанэ насыпыфIэр и къуэрылъхухэм гуфIэжу яхэсщ, псысэ яхуеIуатэри. Ауэ ар нэгъуэщI хъыбарщ...

## Болэт щхьэщытхъу

Болэт щIалэ бзаджэ цIыкIут, зэуэрейт, икъукIи щхьэщытхъут. Хэт къемышхыдэми къемыущиеми, зикI, а хьэлыр яхузыхинэртэкъым.

Хьэблэм зыгуэрым и щхьэгъубжэ къутами, мэлыIуэр зэIудзарэ мэлыр зэбгрыжами, джэджьей кIуэдами, – хэти ищIэрт ар зи IэщIагъэр. Болэт зэраншурат псори зэхэзыщIыхьыр.

Зы махуэ къэмынэу, гъунэгъухэр тхьэусыхакIуэ къахуэкIуэрти, адэ-анэми мыхьыр ирагъэхьырт щIалэжь цIыкIум, итIани, зыри яхуещIэртэкъым. ТIэкIу дэкIырти, аргуэру зэраныгъэ гуэр ищIэрт.

Зэгуэрым я гъунэгъу фыз Даухъан хуабжьу нэщхъейуэ къыдыхьащ.

– Мурат, – зыхуигъэзащ абы щIалэ цIыкIум и адэм, – нобэ Болэт фи хьэвшырым сыдэгъэджэгу жери лъэIуати, естащ, иджы псыр къыпыжу къихьыжащ. Дунейр уаещ, щIыIэ хэмыхьащэрэт хьэвшырым. ЖеIэ апхуэдэу пщIэ зэрымыхъунур, гуэныхькъэ а тхьэмыщкIэр. Сэ жесIэнути, къызэмыдаIуэу къыдэжыжащ.

Мурат икъукIэ къэгубжьащ. Езыми зигъэкъуэншэжырт. И щхьэгъусэ Мадинэрэ езымрэ ягъэсэхъуащ я къуэ закъуэр. Сыт хуэдэ зэраныгъэ имыщIэми, къызэрыхуэгъунур къыгурыIуэрти, Болэт нэхъри еIуящIэ хъурт. Иджыпстуи арагъэнщ и гугъэр.

Ауэ Мурат нэгъуэщIым триухуащ: и къуэш нэхъыжьыр зыщыпсэу къуажэм гъэкIуэн хуейщ, Мухьэб цIыху ткIийщ, и жыIэм щIигъэувэфынщ щIалэжь цIыкIур. ГъукIэ Iэзэщи, я къуажэм къыщымынэу, хамэ къуажэхэми къыщацIыху ар.

– Мыдэ къакIуэт, – къриджащ и къуэр адэм.

Болэт фIэмыфIурэ щIыхьэжащ унэм. Гъунэгъу фызыр тхьэусыхакIуэ къызэрыкIуар къищIати, иджы ар и адэм щышынэрт.

– Зыри сщIакъым сэ, – япэ зыкъригъэщащ Болэт. – Хьэвшырым есыкIэ езгъэщIэну арат...

– СощIэ сэ псори, – пиупщIащ адэм. – КIуэи, уи хьэпшыпыр зэщIэкъуэ, Мухьэбхэ дыкIуэнущ. МазэкIэ ущыIэнщ абы и деж, иужькIэ сэ сынэкIуэнщи укъэсшэжынщ.

Сытым хуэдэу и жагъуэт ар Болэт. И адэ къуэшыр зэрыткIийр ищIэжырти, щышынэрт, ауэ и адэ губжьам пэрыуэнуи дзыхь ищIакъым. ИтIани, елъэIуащ нэхъ щIэхыIуэу къишэжыну, афIэкIа мызэраныжынуи къигъэгугъащ. АрщхьэкIэ адэм зыри зэхихыртэкъым.

Мухьэб егъэлеяуэ къыщыгуфIыкIащ и къуэш нэхъыщIэмрэ къуэш бынымрэ. Унэгуащэм псынщIэу Iэнэ къахузэригъэпэщри, зэкъуэшитIым зызэщамыгъэнщIу зэбгъэдэсащ, зытемыпсэлъыхьаи щыIэкъым. И гукъеуэри нэхъыжьым хуиIуэтащ Мурат, мыдрейми игу фIы къыхуищIащ:

– Умыгузавэт, сэ абы цIыху къыхэзмыхумэ, тхьэр согъэпцI. Мазэ дэкIмэ, къыкъуэкI.

Абы траухуэри, Мурат игу зэгъауэ шэсыжри ежьэжащ.

Пщэдджыжь нэхущым Мухьэб къигъэушащ щIалэ цIыкIур. Болэт икъукIэ игъэщIэгъуащ ар, зэикI апхуэдэу жьыуэ къагъэтэджу есатэкъыми. Жей ирикъуху, зигъэзыжу пIэм хэлъ и хабзэт абы, щыхуейм дежт къыщытэджри. И анэ Мадинэ кIэртIоф зыдэлъ хьэлывэ игъэжьакIэу къыхутригъэувэрт, шатэ Iув щIыгъуу, шей пщтырри къыхурикIэрти, игъэтхъэжырт...

Ауэ и адэ къуэшым пэрыуэну шынащ Болэт. ПсынщIэу зихуапэри, Мухьэб и гъусэу кIыщым кIуащ. Апхуэдэу, махуэ къэс, пщэдджыжь нэмэзым щыщIэдзауэ шэджагъуэ хъуху, езым и Iэпыдзлъэпыдзу игъэлажьэрт. Шэджагъуэ нэужьым хуит къищIыжырт, ауэ щIалэ цIыкIур апхуэдизкIэ езэшырти, шэджагъуашхэ нэужьым щIэкIыну щхьэхырт, зэзэмызэххэ фIэкIаи псыхъуэм е мэзым кIуэртэкъым. Зэраныгъэ ищIэну игу къызэрымыкIыххэр езы дыдэми игъэщIэгъуэжырт. Е и адэ къуэшым щышынэрэт, е лэжьыгъэм и къарур щIихрэт, хэт ищIэн...

Ауэ щхьэщытхъун тIэкIур хэлът иджыри Болэт. Мухьэб лэжьыгъэшхуэ и пщэ къыщримылъхьэ къыхэхуэмэ, къуажэ сабийхэм захуигъэщIагъуэу дэтт.

– Фыкъеплъыт мы си пхъэшым и дахагъым. Хьэуэ, фыкъемыIусэ, ауэ сытми феплъ, – жиIэнт.

– Флъагъурэ си къамэм и жанагъыр? Мухьэб и кIыщым щысхуищIащ ар, – захуигъэщIэгъуэнт нэгъуэщI зы махуэм.

Зэгуэрым Болэт Iущ зыщIын гуэр къэхъуащ. ЩIалэ цIыкIухэр зыгъэпскIакIуэ щыIэт. Аргуэрыжьти, и уэрэдыр иришэжьащ Болэт:

– Мыпхуэдэ пыIэ хъар хэт иIэ, и щхьэр дыгъэм щихъумэну? Зыми фиIэкъым!

Пэж дыдэу, пыIэр дахэт икIи жьыщIэхут. Болэт, и щхьэм дыгъэ имыхьэу, Iулът псы Iуфэм. Ауэ абы дэнэ щищIэнт и псалъэхэр Псы Дадэм зэрызэхихар. Щхьэщытхъухэр илъагъу хъуртэкъым абы. «Мыдэ сэ сыпхурикъункъэ», – жиIащ псыхъуэр зейм.

Псым зыхидзэщ Болэти, шыдыкIэ къыпыкIауэ къыхэкIыжащ. ЩIалэ цIыкIухэр щIэдыхьэшхыр къыхуэщIэртэкъым. Нэхъ цIыкIу дыдэу яхэт Алий закъуэт къыщымыдыхьэшхри, къыжриIащ:

– Псы Дадэр къэбгъэгубжьа си гугъэщ.

– Делэ ухъуа, Алий? Сыт дадэ, сыт псы?

Псым хэплъэри, къызэрищыр къилъэгъуащ, ауэ зыри къыгурыIуакъым.

– Ухуейми уи фIэщ умыщI, ауэ Псы Дадэхэр щыIэщ. Къэбгъэгубжьащ уэ ди Псы Дадэр. Щхьэщытхъухэр яфIэфIкъым абыхэм. Зэплъыжыт.

Иджыщ Болэт къыщилъэгъуар шыдыкIэ къызэрыпыкIар. Ар дауэ?! Апхуэдэ щыIэ?! Ину гъуэгыу щIидзащи, зелIэж, ищIэнур къыхуэмыщIэу. Дауэ иджы ар цIыхум зэрахыхьэнур?

– Алий, кхъыIэ пщIэмэ къызжеIэ, сыт мы шыдыкIэм есщIэнур?

– ЗэрыжаIэмкIэ, IуэхуфIищ блэжьын хуейщ, итIанэщ Псы Дадэм и нэлатыр щыптрихыжынур.

ТIэкIу и гур къызэрыгъуэтыжауэ, ежьэжащ Болэт. ФIы гуэр зыхуищIэн дэнэ кърихыну? Хэт сэбэп хуэхъуфыну?

Гъуэгум здрикIуэм гу лъетэ бзу шырхэр зэрыс абгъуэм къашыргъэр ещэу. Хьэфэ мывэдзыр иIыгъыххэти, иригъапщэри еуащ бзаджащIэм. Къашыргъэр апхуэдизкIэ къэщтати, зэуэ зиIэтри бзэхыжащ. «Ар зы», – жиIащ щIалэ цIыкIум. ЗэплъэкIри – шыд кIапэр зэрыпытт.

Ежьэжащ адэкIэ. Плъэмэ, – я гъунэгъум я шкIэм зыкъыкIэритIэтыкIри щIэпхъуащи, къахуэубыдыжыркъым. Болэт кIэлъыжэщ шкIэ цIывами, къиубыдыжащ, зейми къахуишэжащ. Ыхьы, етIуанэу IуэхуфI илэжьащ. Ауэ кIапэм зыри хэмыщIауэ зэрыпытщ. 159

Ещанэу фIы щищIэн лъыхъуэурэ куэдрэ дэтащ щIалэ цIыкIур. ЦIыхуми псэущхьэми идэнут, зыгуэрым сэбэп хуэхъуфамэ. Зыри имыгъуэтарэ ар и гум щIыхьауэ, аргуэру псыхъуэм дыхьащ. Хьэблэ цIыхубзхэр жьыщIэу Iутт псы Iуфэм. Зы цIыхубз гуэрым и жьыщIыгъэр псым щыхиудынышIэм IэщIихри ирихьэжьащ. Болэт зыхидзэри, хьэпшып ирихьэхыр къыхихыжащ. КъыхэкIыжрэ зэплъыжмэ – кIапэр пытаи-пымытаи!

ГуфIащэри, дэлъейуэ щIидзащ Болэт. КъызэрыщIэкIымкIэ, гугъуехь лъэпкъ хэлъкъым абы – зыгуэр щытыкIэ гугъу ихуамэ, уи Iэ хуэпшиину, ар ирецIыху, ирепсэущхьэ е ирекъуалэбзу. «ФIы щIэи, псым хэдзэ», – жаIакъэ. ЦIыхухэм фIыкIэ ягу укъэкIыжынщ. Ауэ уэ абыкIэ зыщIэбгъэщIэгъуэн щыIэкъым. Сыту фIыщIэшхуэ хуищIрэт абы Алий губзыгъэ цIыкIум! Ар мыхъуамэ, шыдыкIэ пыту къэнатэкъэ...

Иджы Болэт абыикI, адрей щIалэ цIыкIухэми ныбжьэгъу яхуэхъуати, зыми я жагъуэ ищIыртэкъым икIи зыщытхъужыртэкъым.

Хэт и гугъэнт шыдыкIэм акъылрэ дерсрэ къыхэпх хъуну!..

Мазэ дэкIри, Мурат и къуэшым деж къэкIуащ, и къуэр ишэжыну. ЗэригъэщIэгъуэнур ищIэртэкъым и къуэм фIы и лъэныкъуэкIэ зэрызихъуэжар! Болэт иджы лэжьыгъэм хэгъуэзат икIи щхьэх жыхуэпIэр ищIэртэкъым, щIалэ цIыкIу къомри ныбжьэгъу къыхуэхъуауэ яхэтт. Адэм дэнэ щищIэнт а зэхъуэкIыныгъэр зи фIыщIэр, и къуэшым и мызакъуэу, Псы Дадэрауэ зэрыщытыр. Апхуэдэ шыпсэхэр Мурат и фIэщ хъуртэкъым.

Гъэхэр блэкIри, зэраншууэ щыта Болэтыр балигъ хъуащ, и адэ къуэшым къыкIэрымыхуу гъукIэ Iуэхуми хэзэгъауэ, щIалэ хъарзынэ къищIыкIащ.

## Гуащэ щхьэхынэ

Iэминат пасэу, илъэс пщыкIубл хъуа къудейуэ, унагъуэ ихьат. И насыпти, зыхэхуар унагъуэ хъарзынэт. Iэсхьэд фIыуэ къилъагъурт и щхьэгъусэр, гуащэ-тхьэмадэри къыхуэарэзыт я нысэ цIыкIум. Махуэ псом и Iэр увыIэртэкъым Iэминат. Пщэдджыжь нэмэзым жэмхэр къишынт, пщIантIэр ипхъэнкIынт, пщэдджыжьышхэ ипщэфIынт, щхьэгъусэр лэжьапIэм щIигъэкIынти, дэн-бзэным пэрытIысхьэнт. Ар зыуэ дахэу дэрти, псоми ягъэщIагъуэрт, къуажэ гъунэгъухэми къикIыурэ къелъэIухэрт щыгъын щIэращIэ яхуидыну. Гуащэ-тхьэмадэми зэрагъэгуфIэн къагъуэтырт сытым дежи: зым щэкIыщхьэ дахэ къалэм къыхуздрихынт, мыдрейм хьэлыуэ IэфI хуиубэнт, нысащIэм ар зэрыфIэфIыр ищIэрти.

Зы закъуэт гукъеуэу яIэр унагъуэм – Iэсхьэдрэ Iэминатрэ бын зэрамыIэрт. Гъунэгъу сабийхэр уэрамым дэту щилъагъукIэ, Iэсхьэд ящыгуфIыкIыу я щхьэм Iэ дилъэрт, езыми апхуэдэ насып щигъуэтынум щIэхъуэпсу. Iэминат нэщхъейт, зэпымыууэ тхьэм елъэIурт, и нэ къызыхуикI гуфIэгъуэр кърипэсыну.



Илъэсищкiэ зыпигъэплъами, насыпыр къихьащ я унэм. Гуащэ цIыкIум ещхьу тхьэIухуду, хъыджэбз цIыкIу къахэхъуащ. Псори зэдэарэзыуэ фIащари аращ – Гуащэ.

Сабийр узыншэ цIыкIуу къэхъурт. Адэшхуэ-анэшхуэми адэ-анэми я псэм хэлъмэ хамыхыну ялъагъурти, гъэфIарэ хуэмыхуу къызэрыхъум гу лъатэртэкъым. И анэм сытри хуищIэнут зэраншу цIыкIум, ауэ анэшхуэр нэхъ хуэхъущIэрт.

– Гуащэ, уи пIэр Iух, уэ хъыджэбзышхуэ ухъуащ иджы.

– Сыхуейкъым, нанэ. Мамэ къыщIыхьэжмэ, Iуихынщ.

Е хъыджэбз цIыкIум бабыщ ширхэр кърихуэкIыу пщIантIэм щыдэткIэ, анэшхуэм жриIэнт:

– Гуащэ, къакIуи, пщIантIэр къэдгъэпхъэнкI, уи анэр зэрыхущIэмыхьэр плъагъуркъэ, дэIэпыкъун хуейщ.

– Нанэ, сэ бабыщ ширхэр согъэджэгу!

Анэшхуэм и жагъуэт Гуащэ щхьэхынэрэ щхьэзыфIэфIу къызэрыхъур, итIани, зэригъэсэным и ужь итт. «Еплъыт, – жриIэрт, – уи анэм мыувыIэу Iуэху ещIэ, зэикI къыспэрыуэркъым, къызэдауэркъым, абы ещхь ухъужын хуейщ уэри».

Жэмыш здэкIуэм еджэрт и къуэрылъху цIыкIум:

– НакIуэт, Гуащэ, ди жэмым шэ къызэрыдитым уезгъэплъынти. Уэри къозгъэшынщ, ухуеймэ. Ущымышынэ, Iэсэ дыдэщ ди джэмыдэр.

– Сыхуейкъым, нанэ! Еплъыт мы си Iэхэр зэрыцIыкIунитIэм, сэ жэм къысхуэшыну? Таурыхъ къызжеIи нэхъыфIщ.

– Хъунщ-тIэ, къедаIуэ. Ауэ шыпсэкъым ар, пэж дыдэу къэхъуащ. Зы хъыджэбз цIыкIу щыпсэуащ ди гъунэгъу къуажэм. Хуэмыхут, зыкIи унэм сэбэп щыхъуртэкъым. Псыхъуэ Нанэм гу къылъитэщ, къыкIэлъыплъри, и псы щIагъым ихьащ. Нобэр къыздэсым къагъуэтыжакъым тхьэмыщкIэ цIыкIур.

– Шыпсэщ, шыпсэщ, сыкъэбгъапцIэу аращ. ЩыIэкъым Псыхъуэ Нанэ лъэпкъ.

Асыхьэтым Псыхъуэ Нанэр гъунэгъу дыдэу щыIэти, псалъэмакъыр щызэхихым, мурад ищIащ хъыджэбз хуэмыху цIыкIум хуэфащэр иришIэну.

Анэшхуэм пэгун къиищтэри жэмыш кIуащ, Гуащэ джэгуу ежьэжащ. Джэджьейхэр и Iэгум иригъэшхыкIырт, епсалъэрт, еIэзэрт. Шынакъыр къиищтэу псы къригъэхъуэну фэндырэм щыбгъэдэлъадэм, цIыхубз дахэ гуэрым и нэгу хелъагъуэ псым.

– КIэнфет ухуей, дахэ цIыкIу? – къоупщI псым къыхэщ цIыхубзыр. – Мэ, къащтэ, IэфI дыдэщ.

IэфI тIэкIур и жагъуэтэкъым хъыджэбз цIыкIум. КIэнфетым кIэлъыIэбащ, абдежым Псыхъуэ Нанэр и Iэм къепхъуэщ, зэщIиубыдэри, и деж ихьащ.

Къызыщыхута щIыпIэр игу ирихьат Гуащэ. ДэнэкIи жыг, удз гъэгъа дахэхэр къыщыкIырт, къудамэхэм кIэнфетхэр фIэблат, ауэ... зэреIусэу, бзэхыжырт псори. Псынэм бгъэдыхьэмэ – псытэкъым абы къыщIэжыр, пхъэщхьэмыщхьэпс IэфIт. Ауэ абыи ефэ хъуртэкъым. АдэкIэ плъэмэ, удзыпцIэм деж хъыджэбз цIыкIу, щIалэ цIыкIу Iэджи щызэдэджэгурт. ГуфIэу ябгъэдэлъэдат абыхэм Гуащэ, ауэ зыми гу къылъитакъым, щымыIэххэм хуэдэт езыр.

Хъыджэбз цIыкIур къэгъащ:

– СыкIуэжынущ... Мамэрэ папэрэ сигу къэкIащ! Ди унэ сыкIуэжынущ!

Псыхъуэ Нанэр къыбгъэдэхутащ Гуащэ, ауэ иджы, псым къызэрыхэщам емыщхьу, и фэ дыдэм итыжт – ар зи щхьэцыр тхъуа фызыжь цIыкIут. Нэ бзаджэкIэ къеплъри жиIащ:

– Гуащэ, сэ хуэмыхухэр фIыуэ слъагъуркъым, ар хъыджэбз цIыкIуми щIалэ цIыкIуми. Си деж узэрыщылажьэр сигу ирихьмэ, узутIыпщыжынщ. Мы жыхапхъэр къащти, пщIантIэр къэпхъэнкI, ауэ IэхъуэтегъэкIыу здэнукъым, къабзабзэу пхъэнкI.

Гуащэ нэхъ псынщIэIуэу кIуэжыну хуейти, жыхапхъэр къипхъуатэри, пхъэнкIэн щIидзащ. Иухри, Псыхъуэ Нанэм еджащ.

– Хъунщ. Иджы пщIэнуращ: си унэ лъэгухэр къэлъэс къабзэу, зыщIыпIэ зы сабэ щызмылъагъуу.

Сыт ищIэнт, хъыджэбз цIыкIур жыIэщIэу Iуэхум и ужь ихьащ. Псыхъуэ Нанэм и унэр инт, пэш куэду зэхэтти, зыкъомрэ елIэлIащ. Гуащэ пIащIэрт, и адэ-анэм ямыгъуэтыжу зэрыгузавэр ищIэрти. Псыхъуэ Нанэм и хэщIапIэм деж зэманыр куэдкIэ нэхъ хуэму зэрыщыкIуэм зыри хищIыкIыртэкъым абы. Зы сыхьэтыр зы дакъикъэ пэлъытэт.

Сытми, зэфIигъэкIащ мы лэжьыгъэри, Псыхъуэ Нанэми игу ирихьащ.

– НтIэ, иджыри зы Iуэху къысхуэщIэ. Мо псыутхыр къащти, пщIантIэм удз гъэгъауэ дэтым псы ящIэкIэ.

Гуащэ псыутхыр къипхъуатэри, гъэгъахэм псы ящIикIэу хуежьащ. Удз гъэгъа мащIэ иIэт Псыхъуэ Нанэм... МащIэрэ псы къригъэхъуа псыутхым. Я унагъуэм ар ямыгъуэтыжу зэрыгузавэр, гъуэгыу къызэражыхьыр и нэгу щIэтт хъыджэбз цIыкIум.

ИкIэм-икIэжым Iуэхур нигъэсащ. Псыхъуэ Нанэм псори къиплъыхьри жиIащ:

– БжесIауэ хъуар бгъэзэщIащи, узоутIыпщыж, Гуащэ. Ауэ дяпэкIэ щхьэхынэу ущыту здэнукъым, ядэIэпыкъу уи анэмрэ анэшхуэмрэ. ФIыуэ узэрылэжьам щхьэкIэ, мис, кIэнфет узот.

Гуащэ фызыжь цIыкIум фIыщIэ хуищIри, кIэнфет Iэбжьыбыр и бостей жыпхэм ирикIутащ. Ауэ дауэ иджы зэрыкIуэжынур?!

Псыхъуэ Нанэм хъыджэбз цIыкIур псынэм бгъэдишащ.

– Уи Iэ ижьымкIэ псым хэIэби, уи унэм укъыщыхутэжынщ.

И Iэр псым хищIэри, асыхьэтым хъыджэбз цIыкIур фэндырэм къыбгъэдэхутэжащ. Сыту насыпышхуэ уи унэ ущыIэжыну! Ауэ сыту зыми къамылъыхъуэрэ? Нанэ и макъ бэкхъымкIэ щызэхихри, гуфIэжу щIэлъэдащ. Анэшхуэм иджыри жэм къэшыныр иухатэкъым.



– Сэри къысхуэшым сегъэплъ, – елъэIуащ Гуащэ. Нанэ ар фIэхьэлэмэт хъуащ, зыхуихьынур имыщIэу.

И анэ Iэминат зыкIи игъэщIэгъуакъым и пхъум и жыпым кIэнфет изу къыщилъагъум. «Гуащэ цIыкIу фIыуэ къэзымылъагъу щыIэ, гъунэгъухэм къратауэ къыщIэкIынщ», – жиIащ абы игукIэ.

Абы лъандэрэ Гуащэ зихъуэжащ, Iуэху щIэным хуэмыщхьэхыу, нэхъыжьхэм ядэIэпыкъуу. Балигъ хъури, хъыджэбзыфI дыди къыхэкIащ.

## Пщыкъанрэ испыхэмрэ*

Бгырыс къуажэ гуэрым ПщыкъанкIэ еджэу щIалэ цIыкIу щыпсэурт. ЩIалэ жан цIыкIут, дыхьэшхрилэт, джэгун фIэкIа Iуэху иIэтэкъыми, жэщ хъуху уэрамым дэтт. И адэр мащIэрэ игъэшхыдэрэт абы щхьэкIэ. Адэр къэгубжьамэ, анэм ар ерагъкIэ тригъэужырт, и къуэ цIыкIум къытемыхуэн щхьэкIэ.

Сабийхэр щыджэгу хабзэр къуажэ гупэмкIэ щыIэ щIыIэнэщIырат. Езэшыху къажыхьынти, удзыпцIэм хэтIысхьэжынт, загъэпсэхуну. Жылэм я мэл хъушэр щагъэхъури абы пэжыжьэтэкъыми, щIалэ цIыкIухэр зэрехьэжьэрти, мэлыхъуэ лIыжьхэм ябгъэдэст, я хъыбархэм щIэдэIуу. Модрейхэми я жагъуэтэкъым ахэр къызэрыкIуэр. ГъащIэми куэд щалъэгъуати, яфIэфIыпсу цIыкIухэм хуаIуатэрт хъыбарыжьхэри шыпсэхэри. Хъыбарыжьу абыхэм ящIэр зыхуэдизым ущIэмыупщIэ.

* Испы – нарт эposым узыщрихьэлIэ цIыху цIыкIужьейхэм я лъэпкъыцIэ; а лъэпкъым щыщ цIыху.

ЩIалэ цIыкIухэм я тхьэкIумэр тегъэхуауэ едаIуэрт нэхъыжьхэм, къыхуаIуатэр пэжми лIыжьхэм зэхалъхьа шыпсэми я зэхуэдэу.

Зы махуэ гуэрым Жанхъуэт лIыжьым чэзу къылъысат хъыбар иIуэтэнуи, кърегъажьэ:

– Нэхъыжьхэм жаIэжу зэхэсхащ мыр, къуажэ жыжьэ гуэрым къыщыхъуауэ. Зы щIалэ къуейщIей цIыкIу щыпсэурт, жи, абы, КъасымкIэ еджэу. Зэранытъэу имыщIэ щыIэтэкъым. Iэщым мывэкIэ яхэуэрт, бзу абгъуэхэр икъутэрт, хъыджэбз цIыкIухэм дзы яфIищырт. Апхуэдэр пэшэгъу зыщIыну хэтыт хуейр? Зыми зыдигъэджэгуртэкъым Къасым. И закъуэпцIийуэ мэз лъапэм кIуэрти, жыгхэм дэпщей-къепщыхыу, псынэм деж Iусу, и щхьэ тригъэужырт.

Зэгуэрым, дыгъэм зригъэууэ удзыпцIэм здыхэлъым, абы и тхьэкIумэм цырхъ макъ къиIуащ. Хэту пIэрэ мы и гъэпщкIупIэ щэхум къэсар? ЩIалэ цIыкIум зиудыгъури, зэщIэдэIукIащ. Ежьащ Iэуэлъауэр къыздиIукIымкIэ. Плъэмэ, удз кIырым испы гуп кIуэцIрыкIырт, езыхэм нэхърэ нэхъ ину къэпышхуэхэр ялъэфу. Ди зэраншум апхуэдизкIэ дыхьэшхэн къыщыхъуат илъагъури, зэрылъэлъу ящыдыхьэшхыу хуежьащ. Испыхэр къэшынауэ заплъыхьырт, къэхъуар къахуэмыщIэу. Къасым жыг къуагъым къыкъуэкIащ, абыхэм къащыдыхьэшхыу:

– Сыту фыцIыкIужьей, сытуи фылъагъугъуей! Мы къэпышхуэ флъэфхэр а фи Iэ цIыкIухэмкIэ жыжьэ фхуэхьын фи гугъэ? Сыт а фи къэпхэм ярылъыр?

Къэпыр къаIэщIихыу илъым еплъыну и Iэр щишийм, испыхэм ящыщ зы къэкIиящ:

– УемыIусэ, ущIегъуэжынщ!

НтIэ, едэIуэнти ар! Къепсэлъа испы щхьэ плъыжьым щыдыхьэшхыурэ щыбгъэдыхьэм... Сыт мы къэхъуар?! Къасым напIэзыпIэм цIыкIу хъууэ хуежьащ, хэщIым-хэщIурэ испыхэм яхуэдизыпс хъуащ. КъыщыщIар занщIэу къыгурыIуакъым щIалэ цIыкIум. Къэпым бгъэдыхьэмэ – езым нэхърэ нэхъ инт. И Iэ-и лъэм еплъыжри – цIыкIунитIэт. Къасым псынэм бгъэдэлъэдауэ хоплъэ, и сурэт къищыр зэрыщытауэ илъагъун и гугъэу. Ауэ хилъагъуэр жьакIэ цIырхъ тIэкIу зытет лIыжь цIыкIут.

Сыт иджы ищIэжынур?! Къасым цIыкIужьей ябгэхэр щилъэгъуа щIыпIэм деж гужьеяуэ жащ, зэрыщыта ягъэхъужыну елъэIуну. Ауэ испыхэри я къэпхэри бгъуэтмэ къащтэ, бзэхат.

Къасым псей жыгышхуэм кIэщIэтIысхьэри, гъуэгыу щIидзащ. Абдежым макъ гуэр къызэхихащ:

– Умыгъ, тIасэ, сэ сыбдэIэпыкъунщ. Сэ слъэгъуащ испыжьхэм къыуащIар.

Хэту пIэрэ къепсалъэр? Зыри илъагъуркъым. КъызэрыщIэкIымкIэ, псей жыгым тес кIэпхъ цIыкIурат ар. Къудамэ нэхъ лъахъшэ дыдэм къытетIысхьа пэтрэ, щIалэ цIыкIужьейр абы зэрынэсын щыIэтэкъым.

– КъызэдаIуэ мыдэ, – къригъэжьащ кIэпхъым. – Модэ бгы лъащIэм деж зы лIыжь Iэзэ щопсэу, абы къуейщIейхэр и псэм те-

хуэркъым. КIуэи, къыпщыщIар жеIэ. КъыбдэIэпыкъуфынущ ар, хуеймэ. Ауэ сакъ, абы пэмыжыжьэу нэгъуэщI зы Iэзи щопсэу, ар цIыхуфIкъым, ябгэщ. Испыхэр аращ зыхуэлажьэр. Абы упэщIэхуэмэ, игъащIэкIэ укъыIэщIэкIыжыфынукъым.

Къасым, и гур къызэрыгъуэтыжауэ, щIэпхъуащ кIэпхъым жыхуиIа бгы лъапэмкIэ. Ауэ езыр иджы лIыжь кхъахэти, куэдрэ къэувыIэурэ зигъэпсэхун хуей хъурт. И лъакъуэ кIэщI цIыкIухэмкIи жыжьэ нэсыфынт?! Сытми, щIалэ цIыкIум зы сыхьэтым ижыну щыта гъуэгум махуэ псо фIихьащ абы. АпхуэдизкIэ езэшати, бгы лъащIэми нэмысауэ, удз щабэм хэгъуэлъхьащ. Тхьэрыкъуэф зытрипIэри, Iурихащ, нэху щыхуи къэхъеякъым.

Пщэдджыжьым къызэщыури, зишэщIурэ и анэм еджащ:

– Нанэ, сомэжалIэ, си хьэлывэр хьэзыр?

И гугъа хъунт къыщыщIар пщIыхьэпIэу, езыри унэм щыIэжу, и анэри пщэфIапIэм щIэту, и къуэ цIыкIум фIэфI хьэлывэ IэфIхэр хуигъажьэу, шэ къэшагъащIэр трифыхьыжыну къыхуигъэхьэзырауэ. Ауэ зыри къыпэджэжакъым Къасым. КъызэфIэтIысхьэщ, зыкъиплъыхьри, къищIэжащ къыщыщIар. Къасым зэуэ къыщылъэтри щIэпхъуащ, кIэпхъым жыхуиIа бгым хуэжэу. И мурадыр къехъулIэу, и адэ-анэм деж нэсыжащэрэт зэ! КъэмыувыIэу жэурэ нэсащ бгы лъапэм. Плъэмэ – жыг хадэм хэту, пхъэ унэ дахэ цIыкIу щытщ. Сакъыпэурэ йокIуалIэ – адрей Iэзэ ябгэжьым зыпэщIимыгъэхуэну къыжриIатэкъэ кIэпхъ цIыкIум. Мы къыщыщIа къомыр мыхъуамэ, зыгуэрым едэIуэнт а щхьэзыфIэфIыр, занщIэу иунэтIынт а здэмыхъунумкIэ. Ауэ иджы шынати, щтэIэщтаблэу зекIуэрт. Зэрыщыта хъужыну фIэкIа зыри хуейтэкъым ар.

Унэбжэм хуэму еуIури, занщIэу бжэр зэIужащ. ЩIыхьэмэ – Iэнэм бгъэдэсщ лIыжьыр. Иныжьу къыщыхъуат ар Къасым, езыр зэрыцIыкIужьейр имыщIэжу. Мырат кIэпхъ цIыкIум жыхуиIа лIыжь Iэзэр. Удз хущхъуэхэр зэригъэзахуэу здэщысым, шэнтымкIэ и Iэр ищIри жиIащ:

– ТIыс, гъуэгу утета хуэдэщ уэ. ТIыс, умыукIытэ. ТIэкIу едзакъи, къыпщыщIар къызжеIэ.

Къасым ерагъкIэ шэнт щхьэгуэм дэпщеящ.

– Iэзэ дадэ, Iей дыдэщ къысщыщIар. Сэ сыиспыкъым, сыщIалэ цIыкIущ, Къасымщ си цIэр. Мис а цIыкIужьейхэм езыхэм ещхь сащIащ. КхъыIэ, къыздэIэпыкъу, дадэ. Сызэрыщытам хуэдэу сыхъужыну сыхуейщ.

– Къасым, испыхэр цIыхухэм зэран яхуэхъу хабзэкъым. ЗыгуэркIэ къыумыгъэгубжьауэ пIэрэ уэ ахэр?

ЩIалэ цIыкIур плъыжь къэхъуащ, зрилъэфыхьри жиIащ:

– Сащыдыхьэшхат... Я къэпри къатесхыну сыхэтат... Схуэфащэу къызащIащ. ЗэикI апхуэдэу сщIэжынтэкъым! КхъыIэ, дадэ, къыздэIэпыкъу.

– НтIэ, уэ моуэ щыс зэкIэ, едзакъэ, – гуапэу жиIащ лIыжь угъурлым, – сэ иджыпсту сыкъэкIуэжынщ. – Пхъэ шынакъ цIыкIур къыхуигъэкIуатэри, езыр щIэкIащ.

Къасым къэмэжэлIати, фIэфIыпсу шхэрт. Ауэрэ дадэм къигъэзэжащ, зы кхъужь IэщIэлъу. Кхъужьи кхъужь, ауэ Къасым дэнэ щищIэнт лIыжь Iэзэм и хадэм ит пхъэщхьэмыщхьэхэр адрей къызэрыгуэкIхэм зэремыщхьыр.

– Уи ныбэм ихуэжыну пIэрэ мы зы кхъужьыр? – къыдэгушыIащ дадэр.

Къасым ауэ сытми фIэфIт кхъужь!.. ФIэIэфIыпсу ишхащ. Шхын зэриухыуи, и Iэхэми, и лъакъуэхэми зашэщIыжу хуежьэри, Къасымыр зэрыщытауэ щIалэ цIыкIу хъужащ.

– Иплъэт иджы гъуджэм, – жиIащ дадэм.

Ауэ сытми къэгуфIа Къасым, гъуджэм зэриплъэу. Бгъэдэлъадэри, дадэ угъурлым IэплIэшхуэ хуищIащ, зэикI мызэранынуи къигъэгугъащ.

– ЗэгъащIэ дяпэкIэ, – жиIащ дадэм, – нэхъыжьым емыдаIуэмрэ зытекIуэм и жагъуэ зыщIымрэ зэикI къыхуэгъунукъым.

Абы и ужькIэ Къасым къыпхуэмыщIыхужыну зихъуэжащ. Iуэхуми хуэщхьэхыртэкъым, и хьэлкIи нэхъ щабэ хъуат. Абы къыщыщIар пэжрэ пцIырэ фи фIэщ хъунуми мыхъунуми фэ фи Iуэхужщ.

Апхуэдэу иухащ Жанхъуэт мэлыхъуэм и хъыбарыр.

Хъыбар Iэджи лIыжьхэм яIуатэу зэхахат щIалэ цIыкIухэм, ауэ мыр псом нэхърэ нэхъ ягу ирихьащ. Пщыкъан цIыкIурщи, и гум хыхьэпат зэхихар. А махуэм щыщIэдзауэ, ар нэхъ щIалэфI хъуащ: нэхъыжьхэм едаIуэу, и адэ-анэм ядэIэпыкъуу, жэщ хъухукIи уэрамым хьэулейуэ дэмыту.

# Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр

## Къу

**Къуэн** – Петрушка огородная, петрушка посевная.

ГъитIкIэ къэкI хадэхэкI къэкIыгъэщ. Япэ гъэм кууэ екIых лъабжьэ гъум, тхьэмпэ зэгуэбза куэд ещI, етIуанэм – *см* 70 – 150-рэ зи лъагагъ, къудамэу зэхэт пкъыхэр къыдедз. Абыхэм гъэмахуэпэм гъэгъа щхъуантIэ-гъуэжьыфэ цIыкIухэр, Iэрамэ хъурейуэ зэхэту, къапедзэ. Мэ дахэ къызыпих жылэ щхъуэ цIыкIухэр июлым–августым мэхъу, щIэхи полъэлъыж. КъэкIыгъэм эфир щIэтщ, и тхьэмпэми витамин, каротин куэду хэлъщ. Адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къагъэкI, шхыныгъуэхэм халъхьэ, нащэ, бэдрэжан, нэгъуэщI хадэхэкI щагъэфIэIукIэ къагъэсэбэп.

КъэкIыгъэм и къэхъупIэ-къежьапIэр Средиземнэ тенджызым пэгъунэгъу хэгъэгухэращ. Абдежхэм езыр-езыру къыщыкIыу урохьэлIэ.

**Къуэнгын** – Кинза, кориандр посевной.

Ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхум къагъэкI хадэхэкIщ. Ипкъ къудамэ куэду зызыгуэшым и лъагагъыр *см* 50 – 120-м нос. ИщIагъкIэ къыщыдидз тхьэмпэхэм лэдэхитI-щы яIэщ, адрейхэр хуабжьу зэгуэбзащ. Гъэгъа хужьыфэхэр е пшэплъыфэхэр, Iэрамэ хъурейуэ, удз щхьэкIэм къыпедз. Удзыпкъым, тхьэмпэхэм, гъэгъахэм мэ дахэ къакIэрех. Жылэхэр бжьыхьэм ирихьэлIэу мэхъу, абыхэм эфиру процент 1 – 1,4-рэ, дагъэу процент 16 – 28 ящIэтщ, дыху сабын щащIкIэ къагъэсэбэп. Жылэхэр Жылэхэр хъурей цIыкIухэщ, *мм* 3 – 4 я инагъыу, хъуа нэужь, псынщIэу полъэлъыж.

КъэкIыгъэр зы гъэщ къызэрыкIыр. ГъэмахуэкIэм тепсэрэ тхьэмпи 6 – 10 къищIамэ, щIыIэм щIагъуэу щышынэжыркъым. Къуэнгыныр Европэм, Африкэ Ищхъэрэм, Азием, Америкэ Ипщэм, Австралием къыщагъэкI. Адыгэхэм, абазэхэм, абхъазхэм, ермэлыхэм шхыныгъуэхэм халъхьэ.

**Къуэнтхъурей** – Укроп пахучий, укроп огородный.

Куэд щIауэ цIыхухэм къагъэкI хадэхэкIщ. Мэ дахэ къыкIэрех. И пкъыр занщIэу докIей, *см* 50 – 80-м нэс и лъагагъыу. И гъэгъахэр щхъуантIэ-гъуэжьыфэщ, удз щхьэкIэм, Iэрамэ хъурейуэ зэхэту, июлым къыпедзэ. И тхьэмпэхэм зэгуэбза куэд яIэщ, и лъабжьэр *см* 10 – 15-кIэ йокIых.

Зы гъэкIэ фIэкIа къэкIыркъым. Я жылэхэр бжьыхьэпэм мэхъу, хъурей-пIащIэ цIыкIущ, гъуабжафэщ. КъэкIыгъэм хэлъщ витамин зэмылIэужьыгъуэхэр. Адыгэхэм шхыныгъуэхэр ирагъэIэфI, нащэ, бэдрэжан щашыукIэ халъхьэ, ироIэзэ. Езыр-езыру къыщокI Европэ Ипщэм, Египетым, Эфиопием.

Мы хадэхэкIым осетинхэри къуэнтхъурейкIэ йоджэ.

**ХЬЭКЪУН Барэсбий**

## Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз






*ЕкIуэкIыу:* **5.** Хьэфизым и гур ... . **6.** ... техуэр жьэм жеIэр. **9.** Акъыл зиIэм ... щыIэкъым. **11.** ... Iувщ. **12.** ... пIэщIэкIмэ, шыкIэм укIэлъымыбэнэж. **15.** ... хьэху къыуитынкъым. **17.** Зы жьэм ... жьыщэм жьэдохьэ. **18.** ... и псалъэ епцIыжыркъым. **19.** Ди гъунэгъум сыкъыщышхи, ди унэ ... сынэсыж. **20.** ... хуэмыхьын тралъхьэ. **24.** ... щIалэрэ гукIэ лIыуэ. **25.** ... и щIэр, ныбжьэгъум и жьыр. **26.** ... псэумэ, пыIэ щыщIэркъым. **29.** ЩымыIэ умылъыхъуэ, ... умыгъэпуд. **30.** Мэзым щIэт кхъуэри ... . **31.** Уи тIуанэ ... , уи бын ущымытхъу. **33.** И ... залэ щIэхуэркъым. **34.** Уи жьэ зэсэмэ, уи ... мэкъутэ.

*Къехыу:* **1.** ... и бзэ токIуадэ. **2.** Псалъэм и пэр умыщIэмэ, и ... пщIэркъым. **3.** ... зиIэм уахътыи иIэщ. **4.** ... Iыхьэншэщ. **7.** ... и

шыр ишхыжынумэ, сабэм хекухь. **8.** ... щхьэнтэ илъагъумэ, и напIэр фIызэтохьэ. **10.** ЩIыху акъылыншэрэ мафIэншэ ... . **13.** ... пэбгъэтIылъа мывэм ущигъэлъэпэрэпэжи къохъу. **14.** ... щопщафIэ, гъуэгужьым щошхэ, зыщыукIуриймщожей. **16.** ПIэщхьагъ уимыIэу Iуэху ... . **18.** ТIум зэдащIэр щэхущ, щым зэдащIэр ... . **21.** Нэгум ... лъэгум кIуащ. **22.** ... ишхари имышхари тохуэ. **23.** ХьэщIапIэ укIуэн уфIэфIмэ, ... къыпхуэкIуэр гъафIэ. **27.** И ныбэрэ и ... . **28.** Фыгъуэнэдрэ ... гъуарэ. **31.** И Iэгу ... . **32.** ... уэмэ, мэлIэж.

*Зэхэзылъхьар* **МЫКЪУЭЖЬ Людмилэщ**

---

**ЕплIанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкIуэкIыу:* **5.** Набдзэ. **7.** Дзейуэ. **9.** Дэхуэхмэ. **11.** Ишыж. **12.** ХекIэ. **13.** Щынэ. **14.** Срехь. **18.** Щауэр. **22.** Зэвмэ. **24.** Пэлъытэщ. **25.** Уэс. **26.** Быдэ. **27.** Iэщэ. **28.** Гъуэгу. **32.** Губгъэным. **33.** Гурейр. **34.** ЗыщIэм. **39.** Джэду. **40.** Тхылъ. **42.** Къреш. **44.** Дамэ. **45.** Гъуэмылэр. **46.** Дэгурэ. **47.** Ахъшэр.

*Къехыу:* **1.** Сагъыз. **2.** Джэдгын. **3.** Бдзэжьей. **4.** Дуней. **6.** Къэб. **8.** УиIэщ. **10.** УэфIрэ. **15.** Пэжщ. **16.** Псым. **17.** Хъуэжэ. **19.** Аслъэныр. **20.** Фэндибгъу. **21.** МэкIуэдыж. **23.** МафIэсрэ. **29.** Бейм. **30.** Уэшх. **31.** Бжьын. **33.** Гудзакъэ. **35.** Мыщэм. **36.** Джэгугъуэм. **37.** МыхъуратI. **38.** Делэр. **41.** ЩIасэщ. **43.** Шыгъу.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№5**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Залина Истепанова (ответственный секретарь),
Астемир Татроков, Юрий Тхагазитов,
Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: П5891

Подписано к печати 03.10.25. Выход в свет 24.10.25
Формат 70х108 $^{1}/_{16}$ Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 14,7.Уч-изд. л. 12. Тираж 1980 экз. Заказ №2225
Подписная цена на 2 месяца 75р. 87к.
Подписная цена на 6 месяцев 227р. 61к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион»
357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыIэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркIэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэмэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Ставрополь щIыналъэ, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэм и уэрам, 5а, ООО «Издательство «Южный регион». Телефонхэр: 8-879-342-22-09; 8-879-346-87-66.

БЕМЫРЗЭ Мухьэдин
7.04.1948–11.01.2007

## АДЫГЭБЗЭ

Си гъатхэ дыгъэ къуэмыхьэж,
Си гукъыдэж, си гурыфIыгъуэ,
Дунейр уэрыншэм ныбгъуэхьэшт,
УзиIэу зыми семыфыгъуэ.
УзиIэу зыми семыиж –
АбыкIи, си бзэ, уэрщ си щапхъэр:
Сэ уи беягъкIи сыбеижщ,
Адрейхэр сщIэнуи сыхуопабгъэр.
Уэрыншэм гъащIэр шхын мышыут,
И IэфIи фIэIуи зыхэзмыщIэу,
Мо дыгъэ къепсыр щхьэкIуэ шут,
Абдж къызэрыкIуэт вагъуэ мыщIэр…
Си адыгэбзэ, уэ улъэщщ,
Зи зэманыгъуэу угурыхуэщ,
ЦIыхугу дэтхэнэри къотIэщI,
Уэ ущагъабзэкIэ Iэрыхуэу.
Зэм, си бзэ, уохъури уэ жьгъыру,
Адыгэ пшынэу уобзэрабзэ,
Зэм къызыкъуохри уи къарур,
ХеящIэ джатэу ар уогъабзэ.
Анэ быдзышэу уэ уIэфIщ,
УщыщхьэщыскIэ сабий гущэм,
Гухэлъ уэрэди жыбоIэф,
Зригъэгъазэу пщащэ гущIэм.
Уэ уафIэжьгъейми, къэбгъэщIащ
Зэрыдунейуэ зэджэ «Нартхэр»,
Гъэ минхэр, си бзэ, уэ бгъэщIащ,
Иджыри мащIэкъым уи натIэр…
Си лъэпкъым щIэблэ къыщIэхъуам
Насып вагъуэбэу ужьэхэпсэу
Я нэхъ тхьэмыщкIэ ар щыхъуам
УреIэ уэ, си адыгэбзэ!